# ІУАЩХЬЭМАХУЭ


Адыгэ тхакІуэхэм я журнал

1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ

2010 гъэ

# 4

Июль – август

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакІуэхэм я союзымрэ КъБР-м Хъыбарегъащ1э ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ къыдагъэкІ



Редактор нэхъыщхьэм
и къалэнхэр зыгъэзащІэр
Елгъэр Кашифщ

*Редколлегием хэтхэр:*
Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэІуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкІуащэ Андрей



Налшык
2010

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Союз писателей КБР, Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР

**И. о. главного редактора
Кашиф Эльгаров**

*Редакционная коллегия:*
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев

**Технический редактор** – Мадина Гурижева
**Корректор** – Марина Жекамухова
**Компьютерный набор и верстка** – Залина Гетокова

Подписано к печати 11.08.10. Формат $70\times108^{1}/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,00. Уч-изд. л. 11,06. Тираж 2050 экз. Заказ № 120. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

*Адрес редакции:*
КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Отпечатано на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.» Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
**Заурбека Бгажнокова**

## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:

### Адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу

**ЩоджэнцIыкIу Алий.** Автобиографие . . . 3
**ХьэкIуащэ Андрей.** Адыгэ усыгъэм и дыгъэ . . . 6
**Либединский Юрий.** Ар къэпщIэгъауэ щытамэ . . . 22
**Шортэн Аскэрбий.** ЩоджэнцIыкIу Алий. . . . 25
**Алий хужаIахэм щыщхэр**. . . . 33
**ЩоджэнцIыкIу Алий.** Мадинэ. Поэмэ. . . . 36
**Щокъуий Къадир.** Къуэмыхьэж вагъуэ . . . 58

/----------------------------------------/

**НафIэдз Мухьэмэд.** Насып зэхэгъэкIыпIэ. Повестым щыщ Iыхьэ. . . . 65

ПШЫНАЛЪЭ

**Къагъырмэс Борис.** Усэхэр . . . 85
**Мыжей Мамыржан.** Усэхэр . . . 88

ЖЬАНТIЭ

**Къущхьэ СулътIан.** Анэ. Рассказ . . . 94
**Сабийм хуэдэу псэ къабзэт** . . . 106
**Елгъэр Кашиф.** Макъамэбзэ дахэм сыпэджэжу . . . 107
**Саут Хьэсэн.** Удз гъагъэхэм я макъамэ . . . 109
**Щхьэж хуэфащэр къылъысыж хабзэщи...** . . . 113
**IутIыж Борис.** Вындыпэзехьэ. . . . 114
**Вындыжь Марие.** Усэхэр . . . 114
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Лъэпкъым и батырыбжьэ къэзылэжьа. . . . 119

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**Елгъэр Кашиф.** ДэркIэ Махуэшхуэщ июлым и 22-р. . . . 126
**КIыщокъуэ Алим.** ГукъэкIыжхэм щыщ. . . . 128
**Уэрэзей Афлик.** Псэр мыгъуэщэн щхьэкIэ . . . 135
**НафIэдз Мухьэмэд.** Литературэр гъащIэм щыщ Iыхьэщ. Интервью . . . 143

**2010 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсщ**

**ПщыхьэщIэ Хьэбыж.** Унэм щамыгъэсам хасэм щищIэн щыIэкъым. Интервью. . . . 146

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**ЩоджэнцIыкIу Алий.** Къербэч и пщэдейхэр. Усэ. . . . 151
**Нало Заур.** Ныр Мызэ и хъыбарищ . . . 153
**КъуэщIысокъуэ Владимир.** ГушыIэ сурэт . . . 160

# Адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу



## *Автобиографие*

Сэ, ЩоджэнцIыкIу Алий Iэсхьэд и къуэр, Бахъсэн районым хыхьэ Старэ Крепость къуажэм щыпсэу мэкъумэшыщIэ тхьэмыщкIэ унагъуэм 1900 гъэм сыкъыщалъхуащ.

Си щIалэгъуэм нэблэгъэхункIэ си адэм и деж сыщагъэсащ.

Си адэр сытым щыгъуи мэкъумэшым елэжьу КъБАССР-м и Бахъсэн районым хыхьэ Старэ Крепость къуажэм дэсащ, и унагъуэм иIащ витIрэ зы жэмрэ.

Си унагъуэр зэрыхъур си адэр, абы и щхьэгъусэмрэ бын пщыкIузрэт. Си ныбжькIэ сэ сабийхэм ику ситт. Си адэр къулейсызыгъэшхуэ телъу

псэуащ, и унагъуэр ипIын щхьэкIэ ар зэм къуажэ гъавэхэр ихъумэу, адрейм къуажэ Iэхъуэу лэжьэн хуей хъурт.

Си къуэш нэхъыжьхэр къыдэкIуэтея нэужь, ахэр къулеижьхэм я деж щылIыщIэн хуей хъуащ. Февралымрэ Октябрымрэ екIуэкIа революцэхэм, Граждан зауэм я лъэхъэнэхэм ди адэр гъавэм елэжьу, хозяйствэ мыхьэнэншэ тIэкIу иIэу щытащ. Ар зыщыпсэуа Старэ Крепость къуажэм 1924 гъэм щылIащ. Си анэр 1936 гъэм дунейм ехыжащ. Си къуэшхэм я гъащIэр мыпхуэдэу хъуащ: ТIалиб Старэ Крепость къуажэм колхоз къыщызэрагъэпэща япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ шыхъуэу щолажьэ. Уэлий ар дыдэм и колхозникщ. А колхозым и щхьэлым щолажьэ. Зул, Данил Налшык къалэм дэт къэрал маслозаводыр зыхъумэ мылицэм хэтщ. Си шыпхъуитIыр лIы дэкIуахэщ, икIи ахэр колхозым щолажьэ: зыр Къэхъун къуажэм, адрейр Старэ Крепость къуажэм.

ИрагъэкIа е ягъэтIыса къуэши шыпхъуи, абы нэмыщIкIэ благъи сиIэкъым.

1908 гъэм, илъэсий си ныбжьу, си адэ къуэшыр си дэIэпыкъуэгъуу еджэныр урысыбзэрэ абы нэмыщIкIэ хьэрыпыбзэрэкIэ щекIуэкI къуажэ еджапIэм сыщIэтIысхьащ. А еджапIэр сэ ехъулIэныгъэ сиIэу 1914 гъэм къэзухащ.

А еджапIэр къэзуха нэужь, сэ сратащ кулак бейхэмрэ щIыпIэм ис пщыхэмрэ я унафэм щIэта икIи щIэуэ Бахъсэн къуажэм къыщызэIуахыжа, диным щыхурагъаджэ семинарием. Абы зэрыщрагъаджэу щытар урыс, хьэрып икIи къэбэрдеибзэхэрщ.

Хьэрыпыбзэ а еджапIэм щезыгъэдж молэхэм я унафэкIэ абы къыщIахуащ икIи егъэджакIуэ щылажьэхэм я бжыгъэм къыхагъэкIащ общеобразовательнэ предметхэмрэ адыгэбзэмкIэ езыгъаджэ Цагъуэ Нурий. Ар къыщIыщIахуари езым иригъаджэ предметымкIэ хьэрыпыбзэр джыным еджакIуэхэр къызэрытришырщ. Абы щыгъуэ а еджапIэм щIэсхэм я зэIущIэм сэ Цагъуэм и телъхьэу сыкъыщыпсэлъащ икIи дин Iуэхум хуэлажьэ хьэрыпыбзэр джыныр сымыдэу сыкъэуващ.

Абы сыкъызэрыщыпсэлъам къыхэкIкIэ, а 1914 гъэ дыдэм сэ а еджапIэм сыкъыщIадзыжащ. Абы щыгъуэ сэ лэжьапIэм къыIуагъэкIа егъэджакIуэ Цагъуэм и деж Къызбрун къуажэм сыкIуэу щIэздзащ икIи абы деж 1915 гъэм нэсыху сыщеджащ общеобразовательнэ предметхэм, хьэрыпыбзэм, адыгэбзэм.

1915 гъэм сентябрь мазэм Цагъуэр си дэIэпыкъуэгъуу сагъэкIуащ Севернэ Кавказым щхьэкIэ егъэджакIуэ щагъэхьэзыру Дагъыстаным и къалэ Темырхъан-Шурэ (Буйнакск) дэт мазибл курсхэм икIи абы сыщеджащ 1916 гъэм и мартым нэс. А курсхэр къэзуха нэужь, а курсхэм я директорым и фIыгъэкIэ, сэ сагъэкIуащ Кърымым щыIэ Бахъчий-Сэрай къалэм Гаспринскэм и цIэкIэ дэт, тэтэр егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм икIи абы сыщеджащ 1917 гъэм и декабрь мазэм нэсыху. Абы иужькIэ, а еджапIэр зэрызэхуащIам къыхэкIкIэ, студент 11-м сахэту си лъэIукIэ сагъакIуэ Константинополь дэт педагогическэ еджапIэм, ари 1919 гъэм къызоух. 1919 гъэм и кIэхэм си хэку къызогъэзэж икIи 1920 гъэм нэсыху си къуажэ Старэ Крепостым сыщопсэу. 1920 гъэм и май мазэм Налшык сраджэ «Налькавстрой» газетым сыщылэжьэну икIи абы августым и 15-м 1920 гъэм нэс сыщолажьэ. Абы иужькIэ еджакIуэ сокIуэ Баку щыIэ «Восточнэ политическэ ударнэ курсхэм» икIи абы сыщыIащ

зы илъэскIэ. А курсхэр къэзуха нэужь, сэ сокIуэ Дербент къалэм икIи абы ЧК-м и органхэм сыщолажьэ.

Дербент тиф къыщызоуалIэ икIи 1922 гъэм и пэщIэдзэхэм егъэлеяуэ сысымаджэ хьэлъэу Налшык сыкъашэж. Мазих дэкIыу зыкъэзужьыжа нэужь, «Красная Кабарда» газетым и корректору солажьэ.

1923 гъэм Бахъсэн районым щыщ Старэ Крепость къуажэм дэт еджапIэ №1-м анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэу сагъэув икIи абы 1927 гъэм нэсыху сыщолажьэ. 1925 гъэм зэреджэ тхылъхэм си усэ зыкъом къытехуащ.

1928–29 гъэхэм а къуажэ дыдэм дэт еджапIэ №2-м анэдэлъхубзэр щезгъэджащ икIи окружной мэкъумэш еджапIэм и унафэщI къулыкъур пIалъэкIэ згъэзэщIащ.

1925 гъэм Пятигорск къалэм къыщызэрагъэпэща егъэджакIуэ курсхэм мазитIкIэ сыщыIащ, ар къэзуха нэужь егъэджакIуэу сылэжьащ. 1931 гъэм къыщыщIэдзауэ 1933 гъэм нэсыху Бахъсэн район ОНО-м инструктор-методисту сыщылэжьащ.

1934 гъэм Псыхъурей къуажэм и колхоз университетым и директору икIи егъэджакIуэу, яужькIэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм курыт иримыкъу еджапIэм и директору сагъэуващ. КъБАССР-м и ССП-м (Советскэ тхакIуэхэм я союзым и правленэм) и отделым и унафэщIу сылэжьащ. «Стиххэмрэ поэмэхэмрэ» си тхылъыр 1938 гъэм къыдэкIащ икIи сэри пединститутым сыщеджэну сагъэкIуащ. Иджы сэ КъБАССР-м и ССП-м и правленэм сыхэтщ.

Усэ стхыуэ си щIалэгъуэ дыдэм щIэздзащ. 1917 гъэм Константинополь къалэм дэт, егъэджакIуэ щагъэхьэзыр еджапIэм сристуденту щыщытам, си япэ усэхэу «Анэм деж письмомрэ» «Илъносымрэ» сабий журналым традзауэ икIи саугъэт къысхуагъэфэщауэ щытащ. Абы сигъэгушхуащ икIи си фIэщу литературнэ лэжьыгъэм зестащ.

КъыкIэлъыкIуэ си усэхэр Налшык сабийхэм папщIэ къыщыдэкI тхылъхэмрэ газетхэмрэ традзащ. Си сабиигъуэм мэжэщIэлIа си унагъуэм шхын зэрыхуэсхьа Iуэхур 1928 гъэм сигу къэкIыжри, абы ипкъ иткIэ стхащ си япэ рассказ «Хьэжыгъэ пут закъуэр».

Си унагъуэм и гъащIэ блэкIам тещIыхьауэ сэ зэхэслъхьащ 1935 гъэм традза «Мадинэ» поэмэр. А илъэс дыдэм традзащ поэмэхэу «ЩIымахуэ жэщымрэ фызабэ тхьэмыщкIэмрэ», «Жамбот и дыгъуасэхэр» икIи революцэм теухуа усэ, уэрэд зыкъом.

Си усэхэмрэ «Къамботрэ Лацэрэ» поэмэмрэ зэрыт тхылъ щхьэхуэр 1938 гъэм дунейм къытехьащ. Граждан зауэм теухуа си поэмэ «НыбжьыщIэ хахуэр» 1939 гъэм газетым къытехуащ.

Иужьрей зэманым сэ солэжь Дзэлыкъуэ восстанэм теухуа повестымрэ «Къызбрун» музыкально-драматическэ поэмэмрэ.

*ЩоджэнцIыкIу Алий*

# Адыгэ усыгъэм и дыгъэ

Литературэм и къызэгъэпэщакIуэм лъэпкъ культурэм хуищI хэлъхьэныгъэр инщ, абы и зэфIэкIыр гъунапкъэншэщ. Псом нэхъыщхьэуи апхуэдэм и ехъулIэныгъэр зыщалъагъури и тхыгъэхэм абы ящIилъхьэ гупсысэхэм я пэжагъ, кууагъ, куэдагъырщ, и зэманыр, абы и щытыкIэ нэсыр къызэригъэлъэгъуэфырщ, къыдалъхуахэм ягу къызэришхыдыкIыфырщ, ахэр зыгъэпIейтей Iуэхухэр къызэрызэщIикъуэфырщ. Ауэ, абы нэмыщIкIи, апхуэдэ усакIуэшхуэм литературэм и жанрхэм пхужымыIэну зрегъэужь, анэдэлъхубзэр ирегъэфIакIуэ, лъэпкъ усэ гъэпсыкIэм хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуещI, лъэпкъ тхылъеджэр зэрегъэпэщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми ЩоджэнцIыкIу Алий и зэфIэкIымрэ и Iэзагъымрэ къыщигъэлъэгъуащ, абы и цIэ лъапIэр емыпхауэ ахэм зыри яхэткъым. Революцэм и пэкIэ лъэпкъ усыгъэм къыхыхьа усакIуэ нэхъыжьхэм я гугъу умыщIмэ, Октябрым и ужькIэ къэбэрдей литературэм щылажьэу щIэзыдза тхакIуэ, усакIуэ псоми ЩоджэнцIыкIум ижь къащIихуащ, ди лъэпкъ усыгъэм и тхьэмадэ махуэ, куэдым я егъэджакIуэ Iущ ар хъуащ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэм къэбэрдей литературэм пхужымыIэну зыужьыныгъэшхуэ иратащ, лъагапIэщIэхэм ар хуашащ. Абы и тхыгъэхэр ди цIыхухэм я гум, я псэм къыдохьэ, яхузэрымыгъэгъуэту ядж, фIым, пэжыгъэм, захуагъэм ахэр хураджэ, хуагъасэ, усакIуэм зэригъэпэща образ хьэлэмэтыщэ уахътыншэхэр къуэш пэж, ныбжьэгъу нэс ящIауэ сыт щыгъуи я гъусэщ. УсакIуэ гъуэзэджэм и цIэр зымыщIэ, фIыуэ зымылъагъу, и тхыгъэхэм щымыгъуазэ ди цIыхухэм зыри яхэткъым. Ар щыхьэт тохъуэ абы и тхыгъэхэм мылIэжыныпсэ зэраIутым, цIыхухэм я лъагъуныгъэр абыхэм къызэрахьам.

Къэбэрдей литературэм япэ лъэбакъуэхэр ичу, зиужьу щыщIидзар 20-нэ гъэхэрщ. Зи япэ тхыгъэхэр къызэзыгъэпэщ бгырыс лъэпкъхэр куэдым хущыщIэрт; абыхэм яIэтэкъым тхылъеджи, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыху куэди, тхылъ тедзапIи, убзыхуауэ щыттэкъым литературэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэри, абы икъукIэ щымащIэт нэгъуэщI лъэпкъхэм я художественнэ ехъулIэныгъэхэр екIурэ езэгъыу къэзыгъэсэбэпыфыни. Къапэщыт къалэнхэм я гугъуагъыр къагурымыIуэми, а зэманым къэбэрдей литературэр зэфIэгъэувэным нэхъыбэу телэжьар ди IуэрыIуатэм и гъукIэгъэсэн усакIуэ нэхъыжьхэу ПащIэ Бэчмырзэ, ШэджыхьэщIэ Пщыкъан, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Борыкъуей ТIутIэ, Сыжажэ КъылшыкъуэКIыщокъуэ Пщымахуэ сымэщ. IуэрыIуатэм и Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ, ахэрщ гъащIэ бзаджэ блэкIам япэу тетхыхьыжари, бгырыс мэкъумэшыщIэм щхьэхуитыныгъэ къиззэуар хъуэхъукIэ зыгъэлъэпIари, псэукIэщIэм къыдалъхуахэм хуаIэ гукъыдэжыр къэIуэтэным щIэзыдзари. Ауэ абыхэм я закъуэ къарукIи зэфIэкIын Iуэхутэкъым ар. Абыхэм я нэхъыбэм щIэныгъэшхуэ ябгъэдэлътэкъым, лъэпкъ IуэрыIуатэм и хъугъуэфIыгъуэхэм ахэр къызэрыбгъэдэкIыф щыIэтэкъым, нэгъуэщI лъэпкъхэм я литературэхэми щыгъуазэхэтэкъым.

Ди литературэм и зэфIэгъэувэныр зыхузэфIэкIынур, зи пщэ къыдэхуэр, ахэр куэд мыхъуми, а зэман гугъухэм адыгэ лъэпкъхэм къахэтэджыкIыу щIэзыдза усакIуэ, тхакIуэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэ зырызхэрщ. Зи лъэпкъ литературэр гъуэгуанэщIэ тезыгъэувэфыну, зыужьыныгъэ пэжым ар хуэзышэфыну усакIуэ нэхъыщIэхэм къахэкIар ЩоджэнцIыкIу Алийт.

Щхьэхуитыныгъэм и дыгъэм къыдэуша бгырыс лъэпкъхэм къа-

лэн нэхъыщхьэу а лъэхъэнэм япэу къахуэувар ахэр зыхэт кIыфIыгъэ хьэлъэм кIэ етыныр т. Зы лъэныкъуэкIэ, къыдалъхуахэм къапэщыт а лэжьыгъэ хьэлъэм пыухыкIауэ езым хузэфIэкI хилъхьэну арщ Щоджэн-цIыкIум егъэджакIуэу лажьэу щIыщIидзар, адрей лъэныкъуэкIи, езыр зытелажьэ, зи мыхьэнэр псэкIэ зыхищIа Iуэху инырщ абы и тхыгъэхэри нэхъыбэу зытриухуэр. Алий и усэхэр трищIыхьырт езыр махуэ къэс зыхэт лэжьыгъэм щилъагъухэм, игу къигъэкIхэм. Абы къыдэкIуэуи, а усэхэм я нэхъыбэр Iуэхугъуэ пыухыкIахэм егъэщIылIа щхьэкIэ, ахэм ящыщ дэтхэнэ зыми къызэщIэзыкъуэ къару хэлъщ, и зэманым мыхьэнэ ин зиIащ къаIуатэр, езыр кууэ зыщыгъуазэщ ахэр зытеухуар. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ усакIуэм и япэ тхыгъэхэм ящыщу «Къэбэрдей егъэджакIуэ курсантхэ!» усэр. Зэ еплъыгъуэкIэ, абы зи гугъу ищIар а лъэхъэнэм облоном и жэрдэмкIэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм зэхуашэсу щыта егъэджакIуэ курсхэрщ. ЩоджэнцIыкIур зэкIэлъыкIуэу илъэс зыбжанэкIэ а курсхэм щыIащ, шэчыншэуи къыгурыIуэрт абы и мыхьэнэри, илъагъурт и ныкъусаныгъэхэри. Ауэ усакIуэм ар итхын хуей щIэхъуар бгырыс лэжьакIуэбэр щIэныгъэм ешэлIэнымкIэ гъащIэщIэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэ инхэм зэран яхуэхъуну, яхузэфIэкIмэ, ар къызэтрагъэувыIэну, зэпаудыну зи мурада бийхэм егъэджакIуэр ягъэулъиину, мэкъумэшыщIэхэм гущыкI абы хурагъэщIыну яужь зэритарщ. ГъащIэщIэм къыпэува бийхэм я гурылъ фIейхэр къутэн щхьэкIэ къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэм гурыгъэIуэн хуейт лъэпкъ щIэныгъэм и лэжьакIуэ емышыжу егъэджакIуэр зэрыщытыр, ар абы ифI зэрылъыхъуэр, зэрытелажьэр, «цIэкIэ цIыкIуу, IуэхукIэ ину, егъэджакIуэ зыфIаща» а псэемыблэж лэжьакIуэр нэхугъэм, пэжыгъэм, щхьэхуитыныгъэм зэрибэнакIуэ ерыщыр. Аращ егъэджакIуэм и зэфIэкIыр, и лэжьыгъэр усакIуэм щIигъэлъапIэр, лъэпкъым пщэдей зыIэригъэхьэну ехъулIэныгъэри абы и лэжьыгъэм щIрипхыр.

Ди лъэпкъым и сабийхэм махуэ къэс ядригъэкIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу, ЩоджэнцIыкIур яужь итщ и тхыгъэхэмкIи абыхэм зэрадэIэпыкъуным, щIэныгъэ куу, хьэл-щэн дахэ зэрахилъхьэным. Арагъэнщ къызыхэкIар усакIуэм усэ куэд сабийхэм ятриухуэныр, ахэр хэкум и лэжьакIуэ псэемыблэж, гущIэгъу, цIыхугъэ лъагэ зыхэлъ ищIыным зыщIригъэлIалIэр, щIыхуриджэр. Гъэсэныгъэ щIагъыбзэр наIуэу къатещ пэтми, лъэпкъ щIэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр щич а зэман гугъухэм апхуэдэ усэхэм къалэн щхьэхуэхэр ягъэзэщIагъэнщ. Апхуэдэхэщ 20-нэ гъэхэм усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэу «Хьэсанш еджакIуэ», «Хьэсанш цIыкIу и гущIэгъу», «ФIэхъус апщий, «Сабий тхьэпэ» жыхуиIэхэр.

ГъащIэщIэм и телъхьэ, и бэнакIуэ нэс ЩоджэнцIыкIу Алий ди лъэпкъ щIэблэр щIэныгъэм и лъэныкъуэ зэрыхъуным къыхуриджэ къудейкIи зэфIэкIыркъым – ар япэщIэтщ хэкум щекIуэкI лэжьыгъэшхуэхэм къапэувхэм, абы зэран хуэхъуну яужь итхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэхэр а зэманым щымэщIакъым, ауэ абыхэм уегиеми уахуэшхыдэми къашэн щIагъуэ щыIэтэкъым. Нэхъыщхьэр абыхэм я лъабжьэм лэжьакIуэбэр щIэмыгъэхуэныртщ, мэкъумэшыщIэхэр гъащIэщIэм, щIэныгъэм и телъхьэ къэщIыныртщ. Апхуэдэ бэнэныгъэм и мыхьэнэр, Iэмал имыIэу ар егъэкIуэкIын зэрыхуейр къызэрыгурыIуаращ усакIуэм а илъэсхэм итхыу зыщIидза ауан усэхэм я хэкIыпIэ хъуар.

Революцэр текIуа, ди цIыхухэм я нэхъыбэм гъащIэщIэр жыджэру яухуэ щхьэкIэ, а лъэхъэнэхэм ЩоджэнцIыкIум гу лъимытэу къанэркъым, ухуэныгъэщIэхэм наIуэу пэмыувми, лэжьыгъэм зыщIезыгъэх, зи щхьэ Iуэху фIэкI зезымыхуэ, лэжьакIуэбэм псыдыуэу ящIэф щхьэ-

хуещэхэри зэрыщыIэр. УсакIуэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, ахэр зыкIи къащхьэщыкIыркъым гъэпщылIакIуэхэм, псэукIэщIэм и бийхэм, ахэр абы илъагъу хъуркъым, апхуэдэхэм зэрахьэ щIэпхъаджагъэхэр ехьэкI хэмылъу къыщIегъэщ.

20-нэ гъэхэм къэбэрдей усыгъэм нэхъыбэу къигъэсэбэпар усэ жанрырщ. Ар къызыхэкIар усыгъэм нэхъ тегушхуэгъуафIэу къазэрыщыхъурт, IуэрыIуатэм абы нэхъ зэрызыщиужьарт, гъащIэм къыщыхъу, щекIуэкI дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми нэхъ псынщIэу ар зэрыпэджэжыфырт. УсакIуэ нэхъыжьхэм гукъэкI ямыщIами, къэбэрдей литературэм а зэманым къыхохьэ усэм и закъуэ къэбгъэсэбэпыну зэрымытэмэмыр, къызэремызэгъыр къызыгурыIуэ усакIуэхэр. Апхуэдэ зэхэщIыкI абыхэм ягъуэтыныр зэпхар ахэр нэхъ акъылыфIэу аратэкъым, ар къызыхэкIагъэнур, ди IуэрыIуатэм и мызакъуэу, адрей лъэпкъ литературэхэми я художественнэ Iэмалхэм щIалэхэр щыгъуазэ зэрыхъуарат.

Поэмэ жанрым и мыхьэнэр нэхъ пасэу къызыгурыIуар, абы и зэгъэпэщыным япэуи ерыщу елэжьын щIэзыдзар ЩоджэнцIыкIу Алийщ. А илъэсхэм абы етх поэмищ. Пэжщ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ящыщу зым дэ иджыкIэ дыщыгъуазэкъым, ар ди деж къэсакъым. Ауэ гъэщIэгъуэнщ иужькIэ пщIэрэ щIыхьрэ усакIуэм къыхуэзыхьа а жанрым а лъэхъэнэм гулъытэ лей абы зэрыхуищIыр, ди лъэпкъ литературэм ар щызэригъэпэщыну яужь зэрихьэр. Апхуэдэ лэжьыгъэ ирихьэжьам лъабжьэ хуэхъуар нэгъуэщI лъэпкъхэм я литературэм абы щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэрщ, армыхъумэ хуэгъэфэщэгъуейщ 20-нэ гъэхэм я кIэухым ПащIэ Бэчмырзэ а жанрым щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм щыгъуазэ зищIу ар абы тегъэщIапIэ ищIауэ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и япэ поэмэр «Хамэ щIыпIэхэм» зыфIищаращ. Ар усакIуэм щитхар 1927 гъэрщ. Ди деж къэмысами, апхуэдэ тхыгъэ абы зэриIами, ар зытеухуами, абы и натIэ хъуами тепсэлъыхьыжар мызэмытIэу ар зи IэкIэ тезытхыкIыжа, усакIуэм и деж щеджа Мэлбахъуэрщ. Абы къызэриIуэтэжымкIэ, а тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуэжар зи хэку къэзыбгына адыгэхэм Тыркумрэ хьэрып къэралхэмрэ щателъа бэлыхьырщ, тхьэмыщкIагъэшхуэрщ, залымыгъэкIэ IэщIыб ирагъэщIа я щIылъэ-анэм абыхэм хуаIэ лъагъуныгъэрщ. Езыр зыщыгъуазэхэр, и нэгу щIэкIахэр, къыхуаIуэтахэр лъабжьэ хуэхъуами, а тхыгъэм усакIуэм щIилъхьэр езыр нэхъ зыгъэпIейтей гупсысэрщ: хамэ щIыпIэм насып зэрыщымыIэрщ, ар щызыIэрыбгъэхьэфынур уи лъахэрщ, абы уисыжмэщ.

Хэт и фIыгъэми нобэкIэ зэхэгъэкIыгъуейуэ щытми, ЩоджэнцIыкIу Алий а илъэсхэм къыгуроIуэ гъащIэ блэкIар къэгъэлъэгъуэжыныр поэмэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. Абы къикIыркъым и зэманыр усакIуэм къыхуэмыубыду, абы хищIыкI щIагъуэ щымыIэу, блэкIа жыжьэр гъэпщкIупIэ ищIауэ. Алий кууэ щыгъуазэщ тхыдэм, блэкIам, абы къыгуроIуэ а тIум яку зэпыщIэныгъэ бидэ зэрыдэлъыр, щыIар фIыуэ умыщIэу, ущымыгъуазэу нобэрей псэукIэр тыншу, щыуагъэншэу зэрыпхуэмыухуэнур, и мыхьэнэр нэсу зэрызыхыумыщIэнур.

ПщылIыпIэр траха нэужь, адыгэ гъащIэм и щытыкIэрщ усакIуэм и «Мадинэ» поэмэр зытриухуэр. А етIуанэ тхыгъэшхуэм лъабжьэ хуэхъуар усакIуэм и бынунагъуэм куэдкIэ епхащ. Абыхэм яку апхуэдэ зэпыщIэныгъэ зэрыдэлъым тепсэлъыхьыжурэ, ЩоджэнцIыкIум и гъащIэм и къэкIуэкIыкIам мыр щитхыжыгъащ: «Си унагъуэм и гъащIэ блэкIам тещIыхьауэ сэ зэхэслъхьащ 1935 гъэм традза «Мадинэ» поэмэр». А цIэр зыфIища и япэ тхылъыр усакIуэм къыщыдигъэкIар а илъэс ды-

дэрщ, ауэ а поэмэр тхын щыщӀидзар 1928 гъэрщ, тхылъ щхьэхуэм цӀэуэ фӀищыным и пэ къихуэу, ар зытӀущрэ нэгъуэщӀ тхылъхэм къытехуащ. Пэжщ, япэ къыдэкӀыгъуэхэм ехъулӀэныгъэ нэс а поэмэм игъуэтакъым, зи Ӏэдакъэщ ӀэкӀхэм хуэмыарэзыж усакӀуэр иужькӀэ абы куэдрэ хэлэжьыхьыжащ, куэдкӀи нэхъ иригъэфӀэкӀуащ.

БлэкӀа жыжьэм къыдэкӀуэу, ЩоджэнцӀыкӀум зэфӀигъэувэжыну яужь йохьэ езым и нэгу щӀэкӀа, зыкъомкӀэ зыщыгъуазэ лъэхъэнэ пыухыкӀари. Япэ дунейпсо зауэм бэлыхьу гугъуехьакӀуэм къыхуихьам усакӀуэр тепсэлъыхьыныр языныкъуэ щӀэныгъэлӀхэм ирапх Къырымым езым и нэгу щыщӀэкӀахэм. Шэчыншэуи, абы пэжыгъэ гуэрхэр хэлъщ, адыгэ гъащӀэм ехьэлӀэгъуейщ абы и ещанэ поэмэ «ЩӀымахуэ жэщ» зыфӀищар. Ар усакӀуэм щитхар 1929 гъэрщ, абы и цӀэри зытӀущрэ ихъуэжащ. Япэ щӀыкӀэ абы усакӀуэм фӀищат «Империалист зауэм и бэлыхьуэ фызабэ тхьэмыщкӀэм ишэчахэр», иужькӀэ «Империалист зауэмрэ фызабэ тхьэмыщкӀэмрэ» жиӀэу ар зэрихъуэкӀыжащ, иужь дыдэуи ар къызытеувыӀар а тхыгъэр ди тхылъеджэм зэрицӀыху «ЩӀымахуэ жэщырщ». ИджыкӀэ дызыщыгъуазэ вариантхэм зэщхьэщыкӀыныгъэ мащӀэхэр яӀэ щхьэкӀэ, япэ зэритхам нэхъ пэгъунэгъуу ди деж къэса тхыгъэхэм ящыщ зыщ мы поэмэр.

«ЩӀымахуэ жэщ» тхыгъэм усакӀуэм къыщигъэлъэгъуэжыр къэрал унафэщӀхэм, мылъкум игъэудэфахэм фейдэ хэкӀыпӀэу ирахьэжьа империалист зауэм ауэ къызэрыгуэкӀ бынунагъуэ тхьэмыщкӀэр бэлыхьрэ хьэзабу зыхидзэрщ, пхуэмыгъэзэкӀуэжын лей мыухыжу абы кърихырщ. Тепщэ гупхэм я зэранкӀэ къаӀэта а зауае бзаджэм зи щхьэгъусэр хэкӀуэда, зыпӀыжынкӀэ бащэу зыщыгугъ и къуэ закъуэр мэжэщӀалӀагъэм зыӀэщӀих цӀыхубз тхьэмыщкӀэм и образымкӀэ усакӀуэм къегъэлъагъуэ а зауэм и бэлыхьыр гугъуехьакӀуэхэм зэрагъэвыр, а лъыгъажэ гущӀэгъуншэр зылъэмыкӀхэм я гугъуехь-бэлыхькӀэ, ялъкӀэ, я псэкӀэ зэрырагъэкӀуэкӀыр.

«ЩӀымахуэ жэщым» зауи бани хэткъым, ауэ абы пэжу, гукъинэжу къыщыгъэлъэгъуэжащ зэрыпхъуакӀуэ зауэм лэжьакӀуэбэм къахуишэ гуауэ мыухыжыр.

20-нэ гъэхэм къэбэрдей литературэм бжьыпэр щызыӀыгъа усыгъэм нэмыщӀ, а зэманым нэхъ зыубгъуауэ къагъэсэбэп мэхъу драматургиери. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуагъэнур зэкӀэ щӀэныгъэм иджыкӀэ пэӀэщӀэ лъэпкъым дежкӀэ ар нэхъ зэхэщӀыкӀыгъуафӀэу, гугъуехьакӀуэр гъэсэнымкӀэ нэхъ Ӏэщэ шэрыуэу зэрыщытарауэ къыщӀэкӀынщ. ЕджапӀэ нэхъ инхэм, къуажэ клуб зырызхэм я деж япэ художественнэ самодеятельностхэр къыщызэрагъэпэщ, лъэпкъ драматургие зэрыщымыӀэм и зэранкӀэ езыхэм я Ӏэдакъэщ ӀэкӀ пьесэхэр ягъэув. Ди деж ехьэжьауэ зыужьыныгъэ щызыгъуэта а Ӏуэхум и мыхьэнэр ЩоджэнцӀыкӀум нэсу къыгуроӀуэ, езыри и къарум а жанрым щоплъыж. Бахъсэн мэкъумэш еджапӀэм и унафэщӀу щылэжьа илъэсхэм абы етх и япэ пьесэр, езым и унафэм щӀэту еджакӀуэхэм ар ягъэув, къуажэ гъунэгъухэм яшэурэ щагъэлъагъуэ. А пьесэр ди деж къэсакъым, ауэ абы щыгъуазэхэм, щыджэгуахэм зэрыжаӀэжымкӀэ, ар зытеухуауэ щытар хэкум щыув гъащӀэщӀэр зыӀууэ гугъуехьхэрщ, бэлыхьхэрщ. Апхуэдэ тхыгъэ ЩоджэнцӀыкӀум а лъэхъэнэм зэритхам щыхьэт тохъуэ КӀыщокъуэ Алими, абы и гугъу езы усакӀуэ дыдэми щещӀыж «Къэрэхьэлъкъ» газетым а илъэсхэм къытрыригъэдза и тхыгъэхэм ящыщ зым: «Апхуэдэ къабзэу театр хуэдэхэри адыгэбзэкӀэ тхауэ къыдогъэлъагъуэ».

Иджыблагъэ наӀуэ зэрыхъуамкӀэ, 30 гъэхэм я пэщӀэдзэ дыдэм Алий и къалэмыпэм къыщӀэкӀауэ зыхуагъэфащэу щыта абы и рассказ цӀэрыӀуэ «Хьэжыгъэ пут закъуэр» усакӀуэм щитхар 20-нэ гъэхэр щиухым дежщ. Ар щитхамрэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъуамрэ тепсэлъыхьыжу усакӀуэм и гъащӀэм и къекӀуэкӀыкӀам къыщигъэлъэгъуэжауэ щытащ: «Си унагъуэ мэжэщӀалӀэм телъа бэлыхьыр 1928 гъэм сигу къэкӀыжри, абы ипкъ иткӀэ сэ стхащ си япэ рассказ «Хьэжыгъэ пут закъуэр». А тхыгъэ хьэлэмэтым щӀэлъ купщӀэм и кууагъым, игъуэта художественнэ гъэпсыкӀэ гъуэзэджэм наӀуэ къыпщащӀ сыт хуэдэ зэфӀэкӀрэ Ӏэзагъэрэ усакӀуэм а илъэсхэм прозэми къыщигъэлъэгъуами.

Лъэпкъ щӀэныгъэм, литературэм и япэ лэжьакӀуэхэм сыт щыгъуи куэд ялэжьын хуейуэ я пщэ къыдохуэ. Абы къыхэкӀкӀэ ЩоджэнцӀыкӀум и зэманыр, цӀыхухэм я псэукӀэр и художественнэ тхыгъэхэм къыщигъэлъэгъуэным къыдэкӀуэу, нэгъуэщӀ Ӏуэху Ӏэджи илэжьын хуей мэхъу. ГъащӀэщӀэ зызыужьу щӀэзыдзар а илъэсхэм куэдым хуэныкъуэт, гугъуехьхэр гъунэжу къыпэщытт. Ауэ абы зыӀэригъэхьэфыну ехъулӀэныгъэхэр нэхъ зэтезыӀыгъэр ди лъэпкъыр зыхэт кӀыфӀыгъэрт. ЕгъэджакӀуэу лажьэ, щӀэныгъэм и мыхьэнэр кууэ къызыгурыӀуэ усакӀуэм къарууэ иӀэр зрихьэлӀар къыдалъхуахэр зыхэт кӀыфӀыгъэм къыхэшынырт, ахэр щӀэныгъэм и телъхьэ щӀынырт. Ар нэхъ псынщӀэу игъэзэщӀэн, абыхэм ятеухуауэ езыр зытет Ӏуэху еплъыкӀэхэр лъэпкъ цӀыхубэм я деж нэхъ щӀэхыу нигъэсын папщӀэ усакӀуэм а илъэсхэм тхыгъэ зыбжанэ къытрырегъадзэ анэдэлъхубзэкӀэ къыдэкӀыу щӀэзыдза «Къэрэхьэлъкъ» газетым. Абыхэм я нэхъыбэр зытеухуар ӀуэхугъуитӀщ: егъэджакӀуэм и пщӀэр, анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр цӀыхухэм къагурыгъэӀуэнымрэ литературэбзэ къулей абы хузэгъэпэщынымрэщ.

ГъащӀэщӀэм и бий псоми я бэнэныгъэр а зэманым нэхъыбэу зыхуэунэтӀауэ щытар псэукӀэщӀэм нэхъ ерыщу телажьэ егъэджакӀуэхэрт. Ахэр гъуанэдэууэ яукӀырт, пцӀы тралъхьэрт, сыт хуэдизкӀи зэрагъэулъииным яужь итт, анэ-адэхэр, сабийхэр абыхэм щагъэшынэрт. Абы къыхэкӀкӀэ, егъэджакӀуэм и мыхьэнэр, къалэн гъуэзэджэ игъэзащӀэр бгырыс мэкъумэшыщӀэхэм къагурыгъэӀуэныр мыхьэнэшхуэ зиӀэ Ӏуэхугъуэу щытащ.

«Зыщымыщ зыхэмылъ дыщэу» усакӀуэм къилъытэ егъэджакӀуэрщ лӀэщӀыгъуэ куэд лъандэрэ жылэхэм залымыгъэ къезых кӀыфӀыгъэм езэуар, «захуагъэм щӀэкъуу, тхьэмыщкӀэхэм я телъхьэу...» къэгъуэгурыкӀуар.

20-нэ гъэхэм зыужьыныгъэм лъэбакъуэщӀэхэр хуэзычу щӀэзыдза анэдэлъхубзэми гугъуехь мыухыжхэр и натӀэ хъуат. Тхыбзэ зимыӀэу лӀэщӀыгъуэ куэдкӀэ къэгъуэгурыкӀуа, хэкӀуэдэжыпэным залымыгъэкӀэ нахусыпауэ щыта адыгэбзэр хъумэным, зегъэужьыным, зэрахузэфӀэкӀкӀэ ар даӀыгъыным и пӀэкӀэ, ди цӀыхухэм яхэтт, псом хуэмыдэжу муслъымэн диным и лэжьакӀуэхэр, абы бий хуэхъухэр, ди бзэр еджапӀэм зэрыщрамыгъэджыным, абыкӀэ тхылъхэр къызэрыдамыгъэкӀыным ерыщу яужь итхэр. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкӀэ, абы и зыужьыныгъэр урысыбзэми хьэрыпыбзэми икъукӀэ зэран хуэхъунут. Зыкъомым яфӀэмыкъабылми, ЩоджэнцӀыкӀум пасэу къыгуроӀуэ анэдэлъхубзэм и къарур, и зэфӀэкӀыр, арыншауи лъэпкъ литературэр, зэрыщыту щэнхабзэр зэфӀэувэнкӀэ Ӏэмал зэримыӀэр. Адыгэбзэм, абы и зыужьыкӀэ хъунухэм теухуауэ лэжьыгъэ зыбжанэ усакӀуэм а илъэсхэм итхынур къызыхэкӀар аращ.

Зи анэдэлъхубзэр псэм пэзыщӀ, нэсу зыщӀэ усакӀуэм къелъытэ

адыгэбзэр бзэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщу, адрейхэм къащхьэщызыгъэкI щытыкIэ гъэщIэгъуэн куэд абы хэлъу, языныкъуэхэм пцIы тралъхьэ щхьэкIэ, ар мыкъулейсызу, зэраIуатэм хуэдэу мытхьэмыщкIэу, фIэщхъуныгъэ хэлъуи абы жеIэ, тхыгъэ игъуэтмэ, зэман кIэщIым абы зыужьыныгъэфIхэр зэрызыIэригъэхьэнур, адрейхэм зэращIыхьэжынур. И тхыгъэхэмкIэ усакIуэр зи ужь итыр, зы лъэныкъуэкIэ, анэдэлъхубзэм хуагъэIу пцIыхэр, хужаIэ псалъэ мышыухэр зэрымыпэжыр къыщIэгъэщынырщ, мыдрейуэ хэутэн ящI, апхуэдиз зыхущIатхъуэ бзэ телъыджэм и къулеягъым, и къабзагъым, нахуагъым къыдалъхуахэм гу лъаригъэтэнырщ, ар узэщIыным цIыхухэр хузэщIиIэтэнырщ, литературэбзэ нэс зэгъэпэщын папщIэ лэжьыпхъэхэр къихутэнырщ.

УсакIуэм къызэрилъытэмкIэ, «зи бзэр бзэ мыхъуну зы жылэ закъуи бгъуэтынкъым, фIэIуэхуу, хуэзэу игъэлажьэмэ». Бзэм «увыпIэ лъахъшэ» иIэныр зи зэраныр абы тхыбзэ зэримыIэрщ, ар зыIурылъ и цIыхухэм зыужьыныгъэ нэс зэрамыIэрщ, ар къекIуу къызэрамыгъэсэбэпырщ.

Ауэ лъэпкъыр зэрыпсалъэ бзэр езыр-езыруи къулей хъуркъым, зыужьыныгъэ нэс игъуэтыркъым. Ар къызыгурыIуэ усакIуэр ятеплъэ хъуркъым зи бзэр зэзымыпэсыжхэм, абы ирипсэлъэн зэзыусыгъуэджэхэм, абы нэмыплъ езытхэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, ди зэманым и мызакъуэу, а илъэсхэми щыIащ хамэбзэм ирипсэлъэфмэ, «цIыху нэс» хъуауэ, щIэныгъэ куу ябгъэдэлъу къызыфIэщIхэр, я анэдэлъхубзэм ирипсэлъэныр емыкIу къызыщыхъухэр. И тхыгъэхэм ящыщ зым усакIуэм щапхъэу къыщехь партым хэт апхуэдэ «унафэщI» зыкъызыфIэщIыжам мыукIытэу и щхьэ ирипэс мыпхуэдэ псалъэхэр: «Гъымсым жысIэу сэ адыгэбзэ сыхуейкъым, сызыхуейр урысыбзэщ». Ауэ а лъэхъэнэм партым хэмыта усакIуэр а Iуэхум нэгъуэщIу йогупсыс, пэжуи къыгуроIуэ апхуэдэ къуликъущIэ щIэныгъэншэ къэунэхуахэм лей мыухыжыр лажьи–хъати зимыIэ анэдэлъхубзэм зэрырахыр. УсакIуэм апхуэдэхэм жэуапуи яритыр мыращ: «Апхуэдэу зи бзэрэ зи лъэпкърэ зымыдэжыр дауэ цIыху хъун? Мыбы хуэдэ насыпыншэм адрей зи къэхъугъуэхэр дремыплъей!».

Языныкъуэ адыгэхэм ди зэманми е къагурымыIуэу, е яфIэфIу зэхагъэзэрыхь нэгъуэщI зы Iуэху гъэщIэгъуэнми и тхыгъэхэм щытепсэлъыхьауэ щытащ ЩоджэнцIыкIу Алий. Абы къызэрилъытэмкIэ, сабийм щIэныгъэ зэретын хуейр езым ищIэ, зэрыпсалъэ, къыгурыIуэ анэдэлъхубзэрщ. ХамэбзэкIэ ар занщIэу ебгъэджэну яужь уихьэмэ, а бзэ зыщымыгъуазэм и зэгъэщIэн къудейм пщIэншэу абы илъэс Iэджэ тригъэкIуэдэнущ, нэсу къызэрыгурымыIуэм и зэранкIи еджапIэм щIэныгъэ щIагъуэ къыщIихыфынукъым. Абы и лъэныкъуэкIэ усакIуэр зытета Iуэху еплъыкIэр и тхыгъэхэм ящыщ зым мыпхуэдэу щитхыжыгъащ: «Зы щIалэ къэувынщи, «сэ адыгэбзэкIэ седжэнукъым» жиIэнщ. Ар икъукIэ щыуагъэшхуэщ. Нобэ а балигъ хъуа цIыхум хамэбзэкIэ зригъэщIэжыну щIэныгъэмкIэ гъунэгъу джэдэщым щыулъэпхъэщэныр хинэн хуэдэ щIэныгъэ къигъуэтыжыфынкъым, ар зэригъуэтынур и анэм къыдалъхуа бзэм еджэкIэрэщ... Ар къуигъэщIэни нэгъабэ мазэ тIущкIэ еджапIэм къекIуэлIахэм (адыгэбзэкIэ еджахэм) иджы я гукъеуэхэр «Къэрэхьэлъкъ» газетым хуиту щаIуэтэжу ежьэжахэщ. Мазэ тIущ дэнэ къэна, илъэс тIощIкIэ а хамэбзэкIэ еджахэм иджыри «слIо газетым хъыбару жиIэхэр» жаIэу хэт хуэдэщ».

20-нэ гъэхэм къэбэрдей литературэм и пащхьэ къиува къалэн нэхъ инхэм ящыщ зыуэ щытащ литературэбзэр зэгъэпэщыныр. Абы зегъэужьыным икIэщIыпIэкIэ еувалIэр, и хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэр а зэманым

япэ къызыгурыIуар, зыубзыхуар ЩоджэнцIыкIу Алийщ. Абы елэжьыным пасэу зэрыщIидзарщ, япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ еплъыкIэ тэмэмхэм зэрытетарщ лъэпкъыбзэм и зыужьыныгъэм усакIуэм хэлъхьэныгъэфIхэр щIыхуищIыфар, пхужымыIэну и лъэпкъыбзэр иригъэфIэкIуэныр къыщIехъулIар. А илъэсхэм абы къыжиIа гупсысэ гъэщIэгъуэнхэм я пщIэр ноби зыкIи къэлъэхъшакъым, абы къигъэувахэр язынықъуэхэм иджыри къагурыIуэркъым, яфIэкъабылкъым, мыгъэзэщIауи къонэ.

УсакIуэм и тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, абы фIэтэмэмкъым бзэхэр къулейрэ къулейсызу зэрызэщхьэщадзыр. Дэтхэнэ зы лъэпкъыбзэми зезыгъэужьыр абы и щIэныгъэлIхэрщ, тхакIуэхэрщ, усакIуэхэрщ. Бзэм нэхъ дахэу, шэрыуэу, къабзэу хэлъ псалъэхэр абыхэм я тхылъхэм хагъэхьэ, лъэпкъым и цIыхухэр абыхэм йоджэ, а псалъэхэр зрагъащIэ, а щIыкIэм тетуи я бзэр, псэлъэкIэр йофIакIуэ. Нэхъ пасэIуэу апхуэдэ гупсысэ, Iуэху еплъыкIэ дыдэхэм тетащ М. Горькэр, ауэ ар урыс тхакIуэм и тхыгъэхэм кърихарэ езым и гупсысэм къигъэщIарэ иджыкIэ зэхэгъэкIыжыгъуафIэкъым.

Абы къыдэкIуэуи, дэтхэнэ зы лъэпкъыбзэми и къулеягъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэу увыр лъэпкъ IуэрыIуатэрщ, анэдэлъхубзэм я дахагъымрэ къабзагъэмрэ зыхъумарщ, зыхэпщарщ. Художественнэ зэфIэкI зиIэ лъэпкъ усакIуэ-уэрэджыIакIуэхэр лIэщIыгъуэкIэрэ зытелэжьа, зэрахузэфIэкIкIэ япсыхьа, хабзэ гуэрхэм ирагъэува а бзэр IэщIыб пщIыуэ литературэбзэ зэрыпхузэмыгъэпэщынур а илъэсхэм абы хьэкъыу псэкIэ къыгурыIуащ. IуэрыIуатэр хъумэн, зэхуэхьэсын, джын, абы и бзэм и къулеягъыр къекIуу къэгъэсэбэпын зэрыхуейм тепсэлъыхьурэ, и тхыгъэхэм ящыщ зым абы мыр щитхыгъащ: «Дэ ди бзэри бей хъун папщIэкIэ къэрэхьэлъкъ лэжьакIуэм я гъэсэныгъэр утыкум къизыхьауэ щыт егъэджакIуэхэм гугъу зрагъэхьын хуейщ: псалъэм щхьэкIэ, абыхэм дахэ-дахэу таурыхъ, уэрэд, шыпсэ хуэдэхэу IуэрыIуатэ Iэджэхэр, хъуэхъу, гъыбзэ хуэдэхэри хуэсакъыу яхъумэн хуейщ». Абы къыдэкIуэуи усакIуэм къегъэув «ди бзэм хэдгъэхъуэн папщIэкIэ дэтхэнэ къуажэми IуэрыIуатэу къахэна уэрэдыжь, шыпсэжь, хъуэхъухэр зэхуэхьэсыжын ... псалъэжьхэр» тхылъым игъэхуэн хуейуэ.

Къэбэрдеибзэм и къулеягъым и зы хэкIыпIэ хъунухэм ящыщу усакIуэм къелъытэ ди къуэш адрей адыгэхэм, ди лъэпкъэгъухэм я бзэри. Абыхэм къэбэрдеибзэм хэмытыж псалъэ куэд къыхэнауэ къыщагъэсэбэп. НэгъуэщIыбзэм къыхэпх нэхърэ ахэр лъэпкъыбзэм и псалъалъэм хэгъэхьамэ абы нэхъ фIэтэмэмщ, езым и тхыгъэхэми апхуэдэ псалъэхэр къыщегъэсэбэп.

ЩоджэнцIыкIум а илъэсхэм пэжу къыгуроIуэ бзэ къулейм и мыхьэнэри, дэтхэнэ зы цIыхур абы щIыхуейри. Абы къызэрилъытэмкIэ, щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр къыщыбгъуэтынур тхылъырщ, къызэрыпщIэр бзэрщ, абы и фIыгъэкIи бзэр сыт хуэдизкIи нэхъ къулеихукIэ щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэщIэхэр нэхъ щIэхыу, тыншу зыбогъащIэ, лъэпкъым и зэхэщIыкIыр, щIэныгъэр, Iэзагъыр нэхъ лъагэ ящI.

Къэбэрдей литературэм 20-нэ гъэхэм нэхъыбэу щылэжьар усакIуэ нэхъыжьхэрщ, лъэпкъ IуэрыIуатэм и гъукIэгъэсэнхэрщ. Ауэ а зэман дыдэми абы къыхохьэ лъэпкъ усыгъэм псалъэщIэ щыжызыIэ усакIуэ ныбжьыщIэ – ЩоджэнцIыкIу Алий. Абы и усэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ди литературэм а илъэсхэм лъэбакъуэщIэ ичри, иужькIэ зыужьыныгъэ хьэлэмэт зыIэригъэхьэри. УсакIуэм абы хуищIа хэлъхьэныгъэр зыщы-

лъагъупхъэри литературэм жанр куэдыр абы зэрыщцызэригъэпэщыфарщ, псэукIэщIэ зэфIэувэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щыуагъэншэу къызэрихутэфарщ, и лъэпкъ усыгъэм художественнэ гъэпсыкIэ, ухуэкIэ я лъэныкъуэкIэ Iэмалыщlэхэр къызэрыщцызэIуихыфарщ. А зэманым къыщожьэ усакIуэм зэхилъхьэ усэ гъэпсыкIэщIэр, къигъэсэбэпу зыщIидзэ кIэух рифмэр, лъэпкъ усыгъэр пасэхэм зыщцымыгъуазэу щыта строфа зэмылIэужьыгъуэхэр.

ЕгъэджакIуэм игъэзащIэ къалэныр зэрыхьэлъэм, тхыгъэ къыдэгъэкIыныр, тедзэныр зэрыгугъум, дэIэпыкъуэгъу лъэпкъ зэримыIэм я зэранкIэ ЩоджэнцIыкIум 20-нэ гъэхэм хузэфIэкIын псори хуэмыщIами, ар лIыпIэ иуващ, абы нэсу къыгурыIуащ художественнэ псалъэм и мыхьэнэр, и къарур икIи ар абы Iэщэ мыубзэщхъу ищIащ. Творческэ лэжьыгъэфI иригъэкIуэкIам, и тхыгъэ къыдэкIахэм тепщIыхьмэ, укъытекIмэ, а усакIуэр а лъэхъэнэм лъэпкъ литературэм тхьэмадэ махуэ хуэхъуащ, зыми абы гу лъимыта щхьэкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 30 гъэхэм, хэкум адрей и щIыпIэхэми хуэдэу, зыужьыныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ. Зэман кIэщIым къриубыдэу абы колхоз, совхоз, завод, фабрикэ инхэр щаухуащ, цIыхухэм я псэукIэр, залымыгъэ инхэр щызекIуэ пэтми, ефIэкIуащ. Псом нэхърэ нэхъ щIэгъэпсынщIауэ ехъулIэныгъэщIэхэр къазэуащ лъэпкъ щIэныгъэм, щэнхабзэм, литературэм. Ахэр куэдкIэ нэхъ иныжи хъуну къыщIэкIынт, творческэ лэжьакIуэ нэхъыфIхэр щхьэ закъуэ унафэм и хабзэ ткIийхэм, гущIэгъуншэхэм я зэранкIэ хьэкъыншэу мин бжыгъэкIэрэ ямыгъэкIуэдамэ, зэтрамыукIамэ. А зэманым ирихьэлIэу лъэпкъым и цIыхухэм я щIэныгъэншагъэр ягъэкIуэдащ, еджапIэ, техникум, институт зыщцымыгъуазэхэр къызэIуахащ, лъэпкъ театр, тхылъ тедзапIэхэр зэрагъэпэщащ, анэдэлъхубзэкIэ газет, альманах, тхылъхэр къыдэкIхэу хуежьащ. Псом нэхъри нэхъыщхьэжыращи, зи анэдэлъхубзэм, зи литературэм зи нэ къыхуикI лъэпкъ тхылъеджэ хэкум щызэфIэуващ, ТхакIуэхэм я союзи къызэрагъэпэщащ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэм зыщиужьыр, ехъулIэныгъэ хьэлэмэтхэр абы щызыIэригъэхьэр 30–40 гъэхэрщ. А илъэсхэм ар егъэджакIуэуи, районом и инспектор-методистуи, еджапIэ щхьэхуэхэм я унафэщIуи лэжьащ. Ауэ 1936 гъэм Налшык къэIэпхъуэжа нэужьщ куэд щIауэ и нэ къызыхуикI творческэ лэжьыгъэ нэсым абы зыщритыфыр. Абы и творческэ ехъулIэныгъэхэри къыгуэхыпIэ имыIэу епхауэ къыщIэкIагъэнущ псэуэ илъагъу и хэкум и текIуэныгъэ инхэм, абы щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ гъэщIэгъуэнхэм, творческэ лэжьакIуэхэм махуэ къэс яхэт, яIущIэ, епсэлъылIэ зэрыхъуам. Зэман кIэщIым къриубыдэу апхуэдиз зыужьыныгъэ сыт и лъэныкъуэкIи усакIуэм къиззуныр къызыхэкIар фIыуэ илъагъу и IэщIагъэм ар икIэм-икIэжым щхьэхуит зэрыхуэхъуарщ, и гугъуехь къимылъытэу, и псэ емыблэжу ар зэрылэжьарщ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и фIыгъэкIэ лъэпкъ усэхэм зыIэрагъэхьа я ехъулIэныгъэхэм ящцыщ зыуэ жыпIэ хъунущ хъуэхъу, псалъэ лъагэ дыгъэлхэр къебжэкIыным къытекIыу, абы ауэ къызэрыгуэкI цIыхум и образыр зэфIэгъэувэныр къалэн зэрыщцыхъуар. 20 гъэхэм усакIуэм ар нэсу хуэмылэжьамэ, хузэфIэмыкIамэ, иужькIэ а Iуэхум абы нэхъ зрегъэужь, и зэманым и цIыху зэхуэмыдэ куэдым я образ уардэхэр и усэхэм щызэфIегъэувэ. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ «КхъыIэ, хуиту сегъэгугъу» усэм хэт пионер цIыкIум и образыр, е «Линэ трактористкэщ» усэм щызэфIэгъэува къэбэрдей пщащэр, хьэмэрэ «Псэемыблэж пща-

щэм» хэт адыгэ цIыхубзыщIэ гъащIэщIэм зи псэр щхьэузыхь хуэзыщIыр. Я кууагъкIэ, пэжагъкIэ, гъэпсыкIэ ягъуэтакIэ нэхъ цIэрыIуэщ усакIуэм и тхыгъэхэу «Сэтэней», «Сэтэней дахэ» жыхуиIэхэр, нобэрей адыгэ цIыхубзым и зыужьыныгъэр, щхьэхуитыныгъэ нэс зыIэригъэхьар, ехъулIэныгъэ къизэуахэр къыщыгъэлъэгъуахэр. Сэтэней хуэдэхэр усакIуэм щIигъэлъапIэр гъащIэщIэм и лъэныкъуэ, и телъхьэ ахэр зэрыхъуам и закъуэкъым, атIэ пасэхэм ягу иудауэ, щхьэцпэщтэу, псоми ящыукIытэу, яфIэлIыкIыу къэгъуэгурыкIуа бгырыс цIыхубзыр бэнакIуэ ерыщ зэрыхъуарщ, псэукIэщIэм и ухуакIуэ псэемыблэж абыхэм къазэрищIыкIарщ.

Къэбэрдей усыгъэм мыхьэнэ мащIэ щиубыдыркъым ЩоджэнцIыкIу Алий и политическэ лирикэми. Пасэхэм ар адыгэ литературэм иIакъым, абы и лъабжьэр зыгъэтIылъари зыужьыныгъэ нэс езытыфари а усакIуэ гъуэзэджэрщ. Ди цIыхухэр нобэми ятхьэкъу, гукIэ ящIэ абы и усэ хьэлэмэтхэу «Октябрь», «Ленин», «Верховнэ Советым» нэгъуэщIхэри.

Языныкъуэхэм яфIэмыкъабыл щхьэкIэ, ЩоджэнцIыкIур къэбэрдей лирикэм и къызэгъэпэщакIуэщ, ар абы и щIэдзапIэщ. Лирикэ нэс абы и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар нэрылъагъу пщызыщIыр усакIуэм езым и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщиIуатэ, дунейр, природэр къыщигъэлъагъуэ и усэхэрщ. Къызыхэкlар нобэкIэ зэхэгъэкIыгъуейми, IуэрыIуатэмрэ усакIуэ-уэрэджыIакIуэхэмрэ пейзажнэ лирикэм щыгъуазэу щытакъым, апхуэдэ тхыгъи абыхэм къащIэнакъым. Хэбгъэзыхьмэ, 20-нэ гъэхэм гукъэкI ищIу лъэпкъ усакIуэхэм ящыщ гуэри абы тетхыхьакъым. А жанрыр япэ дыдэу къэзыгъэсэбэпу щIэзыдзар, ехъулIэныгъэ хьэлэмэтхэри зыIэрызыгъэхьэфар ЩоджэнцIыкIурщ – абыхэм япэ къиувэн лъэпкъ усыгъэм иужькIи къыхыхьакъым. Абыхэм я закъуэ фIэкI имытхами, къезэгъыркъым языныкъуэхэм зэращIым хуэдэу, усакIуэр лъэпкъ лирикэм хэбгъэкIыныр, пэIэщIэу щыбгъэтыныр.

Пейзажнэ усэ куэд усакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIащ, зэман зэхуэмыдэхэм ахэр зэрызэхилъхьам къыхэкIкIи абыхэм хэкум и теплъэр, дунейм и щытыкIэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуар зэтехуэркъым. Япэ илъэсхэм, псалъэм папщIэ, щIыпIэ, зэман пыухыкIахэм я щытыкIэ нэсыр къэгъэлъэгъуэн къудейм усакIуэр фIэмыкIыфу щытамэ, иужькIэ абы и щIыналъэм и къетхэкIынри, и зэманым и нэпкъыжьэ нэхъыщхьэхэр къэхутэнри, езыр а псом зэрыхущытри апхуэдэ усэхэм иригъэзэгъэф мэхъу.

УсакIуэм и щхьэгъусэм мызэ-мытIэу къызэриIуэтэжыгъамкIэ, усэ куэд абы игъэтIылъауэ ихъумэу иIащ, дунейм ехыжмэ къыдагъэкIыну унафэ быдэ трищIыхьауэ. Ахэр Хэку зауэшхуэм и зэманым, ди жагъуэ зэрыхъущи, кIуэдащ. Ауэ апхуэдэ усэхэм усакIуэр ежалIэу, Iэзагъ хэлъуи къигъэсэбэпыфу зэрыщытам и щыхьэту тхыгъэ зыкъом, ахэр куэд мыхъуми, ди деж къэсащ. Абыхэм ящыщщ къэбэрдей лирикэм и пэщIэдзэ, и къежьапIэ, и усэ нэхъыфI дыдэ «Нанэр», иужькIэ итхахэу «Iэдиихур», «Жэуап», «Си нитIыр ныхоплъэ», «Гурышэ дыдж», «ЛIыкIуэ» жыхуиIэхэр.

Усэр усэ зыщIыр абы къыщыIуэта гупсысэм и закъуэкъым. Абы и фIагъыр, и мыхьэнэр, и зыузэщIыныгъэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ абы и гъэпсыкIэми. Абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэми, ЩоджэнцIыкIум и усэхэр езым и пэ ита усакIуэ нэхъыжьхэм я тхыгъэхэм ещхьыжкъым, куэдкIэ нэхъ лъагэщ, йофIэкI. УсакIуэ-уэрэджыIакIуэхэр зыщымыгъуазэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къигъэсэбэпащ. Абыхэм я ехъулIэныгъэр къыхэкIащ япэ щIыкIэ куэдым къамыщта, яфIэмыкъабыла щхьэкIэ,

лъэпкъ усыгъэм абы япэ дыдэ силлабо-тоническэ усэ гъэпсыкIэр къыщигъэсэбэпу зэрыщIидзэм. Абы и фIыгъэкIэ ЩоджэнцIыкIум и усэхэр жыпхъэ пыухыкIам иуващ, абы пхужымыIэну иригъэфIэкIуащ тхыгъэм щIэлъ макъамэр, усакIуэм хуитыныгъэ иIэ хъуащ строфа зэмылъэпкъэгъу куэд, кIэух рифмэр къигъэсэбэпынымкIэ. IуэрыIуатэм и тхыгъэхэр, Iэмал имыIэу зэжалIэу щыта жьы хъуа псалъэ, жыIэгъуэхэр IэщIыб ищIу нобэрей анэдэлъхубзэмкIэ зэритхам ахэр гурыIуэгъуэ, нэху, шэрыуэ ящIащ.

40 гъэхэм я пэщIэдзэхэм и усэхэм нэмыщI, ЩоджэнцIыкIу Алий етх поэмэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщу я цIэ къиIуапхъэщ «Тембот и дыгъуасэхэр», «Партизан Жамбот», «Дыщэ нэпсейхэр», «Сохъуэхъур» жыхуиIэхэр. Абыхэм язынықъуэхэр усакIуэм езыр псэу щIыкIэ къыхудэгъэкIакъым, ахэр иухауи къэплъытэ хъунукъым, адрейхэр щитха илъэсхэм дунейм къытехьащ, и зэманми апхуэдэ тхыгъэхэр зи щыпэлъагъу лъэпкъ тхылъеджэхэм ахэр гунэс ящыхъугъащ.

А илъэсхэм ЩоджэнцIыкIум итха и поэмэхэм ящыщу нэхъ хэIущIыIу хъуар япитIырщ.

Ехьэжьауэ мыинми, ауэ къызэрыгуэкI бгырыс мэкъумэшыщIэм хуитыныгъэм, насыпым папщIэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм пхужымыIэну зэман кIэщIым зэрызыщиужьыр усакIуэм къыщигъэлъэгъуащ «Партизан Жамботми». Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэм и пщIэр, и мыхьэнэр зыIэтыр ар революцэм и телъхьэ зэрыхъуркъым – бгырыс мэкъумэшыщIэхэм я нэхъыбэр абы и лъэныкъуэу уващ, атIэ абы зэхэщIыкI нэс зэригъуэтырщ, гугъуехьакIуэм и щхьэхуитыныгъэм фIэхьэлэлу и щхьэр щхьэузыхь зэрыхуищIырщ, гъащIэщIэм, къэхъу щIэблэм я насыпым и псэр зэрыщIитырщ.

ТIэкIу нэхъ зэман жыжьэ къыщригъэжьами, Жамбот хуэдэ бэнакIуэ псэемыблэжым и образ щызэфIигъэувэну яужь итащ ЩоджэнцIыкIур «Дыщэ нэпсейхэми». УсакIуэм ар зытриухуэр, нитхысын хузэфIэмыкIами, куэд щIауэ зыIэпызышэ темэрщ – 1913 гъэм бгырыс мэкъумэшыщIэхэм ДзэлыкъуэмщрагъэкIуэкIа бэнэныгъэрщ, абы и щхьэусыгъуэхэрщ, лъэпкъым и цIыхухэм я лIыгъэр абы зэрипсыхьарщ, я зэхэщIыкIыр, Iуэху еплъыкIэр зэриIэтарщ.

КъыдэкIа и тхыгъэхэм зэрыхэмыхуам папщIэ «Сохъуэхъур» поэмэр усакIуэм щитхар зэфIэгъэувэжыгъуейщ, ауэ шэч хэлъкъым ар хэкум и гуфIэгъуэ гуэрым зэрытеухуам – абы къыщыгъэлъэгъуэжар гъащIэщIэм и лъэхъэнэм советскэ къэралыгъуэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэфIхэрщ.

Къэбэрдей тхыдэм щIыпIэ ин дыдэ щызыубыд, езы усакIуэми куэд щIауэ фIэгъэщIэгъуэну щыгъуазэ зызыхуищI Дзэлыкъуэ восстанэм зыкъомкIэ епхащ абы и етIуанэ рассказыр – «Кхъужьей щIагъым» зыфIищар – зытепсэлъыхьри. Абы и лIыхъужь Боти гъащIэ гъуэгуанэ хьэлъэ къикIуащ, ауэ зи щIыхьыр, зи щхьэхуитыныгъэр лIыгъэ хэлъу зыхъумэж мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIыр гъащIэм щызекIуэ залымыгъэм Iэмалыншагъэкiэ бэнэныгъэм хуешэ – аращ иужькIи ар революцэм и бэракъым езым фIэкъабылу щIыщIэувэр, бэнакIуэ ерыщ къыщIищIыкIыр.

А илъэсхэм ЩоджэнцIыкIу Алий и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр зэхуэдэкъым къыщыIэта гупсысэкIи, ягъуэта гъэпсыкIэкIи, ауэ абыхэм пхужымыIэну мыхьэнэ ин яIэщ – я щхьэ зэрыхущытым, лъэпкъ усыгъэм лъэхъэнэ пыухыкIам зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм я нагъыщэу

зэрыщытым къыдэкIуэу, ахэр абы еджапIэ, и художественнэ Iэзагъым хэкIыпIэ хуэхъуащ.

Налшык къызэрыIэпхъуэжу, ТхакIуэхэм я союзым и правленэм щылажьэу зэрыщIидзэу ЩоджэнцIыкIум и къару псори хуиту ирихьэлIэн хузэфIокI творческэ лэжьыгъэм, абы къыдэкIуэуи ар и зэман емыблэжу ядоIэпыкъу усакIуэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми, лъэпкъ IуэрыIуатэр зэхуехьэс, ахэр тхылъу къыдегъэкI, литературэмкIэ кружокхэр къызэрегъэпэщ, усэ зытх, сурэт зыщI еджакIуэхэм я олимпиадэ ирегъэкIуэкI, абыхэм ядолажьэ, урыс тхакIуэшхуэхэм я тхыгъэхэр зэредзэкI, абыхэм я махуэшхуэ ирагъэкIуэкIхэм жыджэру хэтщ. Псом хуэмыдэу хэлъхьэныгъэ нэхъыфIхэр абы зыхуищIыр а зэман дыдэхэм къызэрагъэпэща Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драматическэ театрымрэ лъэпкъ уэрэджыIакIуэ гупымрэщ. Театрым игъэув дэтхэнэ зы спектаклми ар фIэгъэщIэгъуэну йоплъ, пьесэхэр къэзыщтэхэм яхэтщ, хорыр зыхуей-зыхуэныкъуэ урыс уэрэдхэр, ариехэр зэредзэкI. А зэманым къэбэрдей усакIуэр нэIуасэ, ныбжьэгъу яхуохъу, и гуапэу ядэлажьэу щIедзэ совет тхакIуэ куэдым. Абыхэм ящыщщ Н. Столяровыр, Н. Корнеевыр, А. Шпирт, М. Киреевыр, Ю. Либединскэр, С. Липкин икIи нэгъуэщIхэри.

Зи Iэзагъым зыужьыныгъэ нэс игъуэта, зи IэщIагъэм и щэхухэр кууу къэзыхутэфа, къекIуу къэзыгъэсэбэпыф хъуа ЩоджэнцIыкIум а илъэсхэм нэхъыби хуэлэжьыну къыщIэкIынт, зыхуей псори абы хузэрагъэпэщамэ, къыпэрыуэ, зэран къыхуэхъу щымыIэу ягъэтхамэ.

Пшагъуэ шынагъуэхэр а илъэсхэм усакIуэм зэрыщхьэщытыр, ар абыхэм ящыхъумэн, къегъэлын зэрыхуейр къызыгурыIуэ ныбжьэгъу пэжхэр иIэщ Алий. Абыхэм ящыщ Нало Жансэхъу усакIуэм и къэкIуэным, и пщэдейм тешыныхьу, къуэш дэIэпыкъуныгъэ гуапэ ар Iэмал имыIэу зэрыхуейр, зэрыхуэныкъуэр къыхигъэщу, а лъэхъэнэ шынагъуэхэм итхыгъащ: «Я усэхэм тепщIыхьмэ, а ныбжьэгъу псоми гулъытэ яхуэфащэщ. Ауэ егъэлеяуэ пщIэшхуэ нэхъ зыхуэщIыпхъэр зи усэхэм я бзий нур гуапэм тхылъеджэр итхьэкъу, Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ налкъутыщIэ ЩоджэнцIыкIурщ. Нобэ къэхутэгъуейщ а усакIуэм и зыужьыкIэ хъунур, ауэ ар Iэмал имыIэу гъэгушхуэн икIи ныбжьэгъу лъагъуныгъэ къабзэкIэ къэухъуреихьын хуейщ…»

Щхьэ закъуэ унафэм и гуащIэгъуэм къалэм къэIэпхъуэжа усакIуэр фэтэр имыIэу илъэсищ енкIэ гугъу йохь, зэхэзехуэ ящI, хуиту ягъэлажьэркъым. И Iыхьлыхэм къызэраIуэтэжымкIэ, «нобэ-пщэдей уагъэтIыс» жаIэурэ хъыбарыпцIхэр къыхуаIуатэурэ абы и Iэрытххэр зытIущрэ игъэсыжащ, хамэ къэрал зэрыщеджам къыхэкIкIэ дзыхь къыхуамыщIу, партым хамыгъэхьэу куэдрэ гугъу ирагъэхьащ. Хэкум щызэрахьэ лей мыухыжми ар хуэарэзыкъым, къегъэгубжь, поув, абыхэм кърикIуэныр зыщIэ усакIуэм хэIущIыIущэ ар имыщI щхьэкIэ, абы щызекIуэ залымыгъэхэм ар яхуэшхыдэрт, яхущIэджэрт, дзыхь зыхуищIу апхуэдэ псалъэмакъхэр абы зриIуэтылIэ и «ныбжьэгъу» зырызхэм ахэр псынщIэу здынэсыпхъэм нагъэсырт. УсакIуэм и Iуэхур зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм абыхэм нэхъ ткIий, шынагъуэ ящIырт. Щымыхъужыххэм, щыхуэмыхьыжыпэм, ар езы Къалмыкъ БетIал деж кIуауэ жаIэж, и Iуэху зытет, абы и пэжыпIэ зэхигъэкIыну.

Къэрал, парт унафэщIхэм зэрахьэ щIэпхъаджагъэхэм ягъэгубжьу, шынэ имыщIэу абыхэм япэуву зэрыщытам щыхьэт техъуэ куэд ди дежи къэсащ. Абыхэм ящыщу къэгъэлъэгъуапхъэщ Елмэс МатIу и деж щатхыжа мы усэ цIыкIур:

*Ди Iуащхьэмахуэ и джабэ нэпкъхэм*
*Нэсрэн ЖьакIэкъым бгъэжьхэм щачатхъэр,*
*Бжьыпэм ерагъыу къыщIэкIа лъэпкъхэм*
*Нобэ фIатхьэлэ я бын къэжэпхъхэр.*

Мы сатырхэм фIэкIа дыщымыгъуазэми, ди деж къэмысыжами, апхуэдэ гупсысэ шынагъуэхэм усакIуэр зэрыхэтар, ахэр иму жиIэфу зэрыщытар ди фIэщ мыхъункIэ, шэч къытетхьэнкIэ хъунт. Ауэ парт унафэщIхэм махуэ къэс ялэжь фейцеягъхэм я бийуэ ар зэрыувар, къулыкъушхуэм игъэжэкъуахэм къэралыр зэрыщыту гъуэгу мыгъуэм зэрыхуашэр, хэкум ис лъэпкъхэр, цIыхухэр бащэу зыщыгугъа щхьэхуитыныгъэхэр абыхэм зэрырамытыр архивым къыщIэна тхыгъэхэм наIуэ къыпщащI, абы пылъ шынагъуэр пасэу къызэрихутэфам, ерыщу ебэну зэрыщытам щыхьэт тохъуэ.

Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зезыхьэхэр хэку щIалэгъуалэм нэхъ зэрыхуэлъэм, гущIэгъу ямыIэу зэрагъэкIуэдым, зэрызэтраукIэм ЩоджэнцIыкIур игу хутемыгъахуэу къигъэIэлу, шынэ зымыщIэ цIыху жьэнахуэр нэхъыбэрэ абы тепсэлъыхьу щытащ. УсакIуэр абы зэрыхущытым теухуауэ архив тхыгъэхэм ящыщ зым мыр щыжыIащ: «1937–38 гъэхэм народым и бийхэр зэрагъэтIысар нэхъ пашэхэр зэтраукIэу абы къилъытэу щытащ». А зэман псээпылъхьэпIэхэм усакIуэм щыуагъэншэу къихутауэ щытащ революцэ текIуам и Iуэху пэжым, иным къэрал унафэщIхэр зэрепцIыжар, гъащIэщIэр абыхэм зэраухуэ шынагъэмрэ лъыгъажэмрэ пщIэшхуэрэ щIыхь щIагъуэрэ хэкуми ар зи IэдакъэщIэкIхэми къазэрыхуимыхьынур. Апхуэдэ гупсысэхэм ар зэрытетар наIуэ къыпщащIыжу архивым хэлъ тхыгъэхэм къыщыхьащ усакIуэм мыпхуэдэ и псалъэхэр: «Совет властым и унафэщIхэм я гугъэу пIэрэ шынагъэкIэ дэтхэнэ зы гупсысэ нэсри щысхьырабгъу хэмылъу дакъузэкIэрэ Урысейм и сэбэп зыхэлъ зыгуэр яхуэлэжьыну».

Зэдэарэзыуэ псоми зэрыжаIэщи, ЩоджэнцIыкIу Алий и гупсысэм и кууагъыр, и художественнэ Iэзагъыр, зэфIэкI ин зэрыбгъэдэлъыр, лъэпкъ тхыдэм, цIыху гуащIэм нэсу зэрыщыгъуазэр къыщигъэлъэгъуар абы и эпикэрщ. Къэбэрдей литературэм аращ лъабжьэ, тегъэщIапIэ хуэхъуар, лъэпкъым и лIакъуэ зэкIэлъыкIуэ зыкъомыр зыгъэсар, зыщIапIыкIар, анэдэлъхубзэм и зэфIэкIыр, къулеягъыр, дахагъэр зыхезыгъэщIар, ар фIыуэ езыгъэлъэгъуар, ди лъэхъэнэми, лъэпкъ культурэм и дыщэ фонду къанэр, псоми щапхъэ зытрахыу яIэр. 40 гъэхэм я етIуанэ Iыхьэм ар холэжьыхьыж, нэхъри нэхъ ирегъэфIакIуэ и тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэу «Мадинэ», «Къамботрэ Лацэрэ», щIэуэ етх «Ныбжьыщlэ хахуэ», «Къызбрун» поэмэхэр, елэжьу щIедзэ Дзэлыкъуэ восстанэм теухуа повестымрэ «Къызбрун» оперэм и либреттэмрэ. Зи тхыгъэхэмкIэ зэикI мыарэзыж усакIуэр абыхэм иужькIи увыIэгъуэ имыIэу йолэжьыж, ахэр зэрыригъэфIэкIуэным зэпыч имыIэу яужь итщ. Абы и тхыгъэхэм вариант зытIущ зимыIэ щIагъуэ яхэткъым, языныкъуэхэм ар илъэс зыбжанэкIэ елIэлIащ. Нэхъыбэрэ зытелэжьа, гугъу зыздригъэхьахэм ящыщщ «Мадинэ» поэмэмрэ «Къызбрун» трагедиемрэ. УсакIуэм и архив къэна тIэкIухэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, иужьрей тхыгъэм и хэзыгъэгъуазэм абы вариант 25-рэ хуитхыгъауэ щытащ.

Адыгэ усыгъэм и тхыгъэ нэхъыфI, нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщщ «Мадинэ» поэмэр. Ди тхылъеджэхэм ар ягу, я псэ зэрыдыхьам, занщIэуи гунэс зэращыхъуам и щыхьэт наIуэщ народым абы макъамэ хузэхилъхьэу

лирическэ уэрэду ар ягъэзащІэу зэрыщІадзам. Апхуэдэ щІыхь поэмэм и натІэ щыхъур зэзэмызэххэщ, ар лъэпкъым и цІыхухэм «Мадинэ» къызэрыхуагъэфэщами наІуэ ещІ а тхыгъэ хьэлэмэтыщэм абыхэм хуаІэ лъагъуныгъэм и инагъыр.

«Мадинэр» мыин щхьэкІэ, усакІуэр илъэс пщыкІущ енкІэ абы елэжьащ, а зэманми къриубыдэу къыдэкІа къудейхэм вариант зыбжанэ яІэщ, абыхэм зэщхьэщыкІыныгъэшхуэхэр яку дэлъщ. Дунейм къытехьахэм ящыщу зыузэщІыныгъэ нэс нэхъ зыгъуэтар, нэхъыфІу зэгъэпэща хъуар 1938 гъэмрэ 1941 гъэмрэ къыдэкІахэрщ.

Апхуэдиз зэманкІи ЩоджэнцІыкІур абы елІэлІэныр, егъэлеяуэ и нэІэ тригъэтыныр нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэми епхащ – а тхыгъэр зытещІыхьар езым и шыпхъухэм ящыщ зым и натІэ хъуарщ, и тхыдэрщ. Абы и гъащІэр зэрекІуэкІа дыдэм хуэдэуи усакІуэм Іуэхур къритхэкІыжыркъым, зэхъуэкІыныгъэ куэд хелъхьэж, абыхэми ар нэхъ куу, пэж, гукъинэж ящІ.

«Мадинэ» поэмэм къыщыгъэлъэгъуэжар революцэм и пэ лъэхъэнэм бгырыс цІыхубзыр зыдэта дэкъузэныгъэрщ, и мурад, и гурылъ-гурыщІэхэр игъэзэщІэну, и насып игъэувыну хуитыныгъэ лъэпкъ абы зэримыІарщ, бэнэныгъэ абы иригъэкІуэкІырщ. Мадинэ пщылІыпІэ итыжкъым, ар щхьэхуитщ, зыми Іэщ Іэлъыжкъым, ауэ и щхьэхуитыныгъэм мыхьэнэ щІагъуэ къикІыркъым, япэми ещхьу, ар иджыри хьэпшып щІыкІэу ящэ, къащэху, езым фІэфІымкІэ, фІыуэ илъагъумкІэ, фІэкъабылымкІэ зыри къеупщІыркъым, ар зыми къридзэркъым. ХьэуазэпІэм хапІыкІами, а адыгэ пщащэм дахагъ нэс, лъагъуныгъэ къабзэ, къару ин бгъэдэлъщ, хьэл-щэн хьэлэмэтхэр иІэщ, ауэ а фІыгъуэ къомым абы къыхуахьыр гуІэщ, нэпсщ, тхьэмыщкІагъэщ, мыгъуагъэ мыухыжщ. ГъащІэ дэрэжэгъуэ, насып телъыджэхэр хуэфащэ, къилэжь щхьэкІэ, зыхэт гъащІэ шэчыгъуейм, тхьэмыщкІэм хуэлъэм, абы и хабзэ мыхъумыщІэхэм цІыху къызэрыгуэкІым ахэр зэикІ хузэригъэпэщынукъым, гъэпщылІакІуэ обществэр абы и бийщ, хуищІэфын щыІэкъым.

Поэмэм и пщІэр, Мадинэ и образым и мыхьэнэр зыІэтыр къызэрыгуэкІ цІыхум буржуазнэ обществэм зыри зэрыхуимыщІэр къызэригъэлъагъуэм и закъуэкъым, нэхъыщхьэр абы зэрихьэ залымыгъэм и бийуэ бгырыс цІыхубзхэм бэнэныгъэ ин зэрырагъэкІуэкІар къызэриІуатэрщ. Іэщэ къиштэу лейзехьэхэм занщІэу япэмыувыфми, поэмэм къызэрыхэщымкІэ, Мадинэ хуэшэчкъым, игу худэгъахуэкъым кърах залымыгъэр, абы и бийуэ ар ерыщу мэув, хузэфІэкІ псори елэжь и насыпыр, и лъагъуныгъэр ихъумэн папщІэ, ауэ къыпэщыт лейзехьэхэм щхьэ закъуэ къарукІэ хуещІэшхуэ щыІэкъым, и насыпыр хуэгъэувыркъым. Абы къикІыркъым а цІыхубз лІыхъужьым псалъэмакъыншэуи зитауэ, жыІэдаІуэ хуэхъуауэ, а псэукІэ угъурсызым екІужауэ. Гузэвэгъуэ къытепсыхахэм, кърапэсахэм ар зэрыригубжьым, зэригъэбампІэм, зэрыхуэмышэчыжым и щыхьэтщ къеуалІэ узыр, абы и лІэныгъэр, а тхьэмыщкІагъэшхуэ мыухыжри зи лажьэр, къызыпкърыкІыр щыІэ зэхэтыкІэ мыхъумыщІэрщ.

Гупсысэ нэхъыщхьэу поэмэм щІэлъыр зэпхари Мадинэ и образырщ. Абы къыхэкІауи къыщІэкІынущ абы хэт адрей лІыхъужьхэм я мащІэныгъэри, зыубгъуауэ къэгъэлъэгъуауэ щымытынри. Ауэ абы къикІыркъым ахэр куу, гукъинэж мыхъуауэ, и зэманым я нэпкъыжьэ нэс ятемылъуи. Поэмэм и лІыхъужьхэу Умар, Дадусэ, Заур, Къасым, Джэрий, молэм сымэ мащІэ яхужыІа щхьэкІэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри и щхьэ хущытщ, къалэн пыухыкІаи тхыгъэм щегъэзащІэ.

«Мадинэ» поэмэм кууагърэ пэжагъ нэсрэ хэлъу къыщыгъэлъэгъуэжащ Октябрым и пэ къихуэ зэманым бгырыс цIыхубзыр зыхэта бэлыхь мыухыжыр, гъащIэм щызекIуэ залымыгъэм игъуэ нэмысу ар итхьэлэу, бэнэныгъэ ерыщи дригъэкIуэкIыу къызэрыгъуэгурыкIуар. А тхыгъэр гущIыхьэщ, гуIэрэ нэпскIэ гъэнщIащ, абы наIуэу къыщыжыIащ цIыху къызэрыгуэкIым апхуэдэ лейрэ бэлыхьрэ къезыпэс, тезылъхьэ социальнэ ухуэкIэ мыхъумыщIэм гъащIэшхуэ зэримыIэжынур. Аращ Мадинэ и къуэ закъуэ къэнар усакIуэм къыщIыхуриджэр «И анэм и тхыдэр и гъуазэу цIыхубэ уэчыл хъуну», абыхэм къраха лейр имыгъэгъуну, игъэзэкIуэжыну.

Художественнэ гъэпсыкIэ хьэлэмэт игъуэтащ «Мадинэ» тхыгъэм. Абы къыщыIуэта Iуэхур шэщIащ, макъамэ гъуэзэджэ абы щIэлъщ, и бзэр нэхущ, къабзэщ, шэрыуэщ, метафорэ, эпитет, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн куэд абы къыщыгъэсэбэпащ.

Къэбэрдей усыгъэм зауэм и пэ къихуэ илъэсхэм зэрыщыту зыIэригъэхьа и ехъулIэныгъэ нэхъ телъыджэхэм ящыщщ «Къамботрэ Лацэрэ» романыр. Абы наIуэ къыпщещI усакIуэм и гупсысэм и кууагъри, художественнэ Iэзагъ нэс зэрызыIэригъэхьари, лъэпкъ тхыдэр, гъащIэжь щыIар нэгъэсауэ зэрищIэри. Пэжагъ, кууагъ, зыузэщIыныгъэ егъэлея игъуэтар арагъэнущ лъэпкъ усыгъэм и япэ социальнэ роману, адыгэ гъащIэм и энциклопедиеу, лъэпкъ щэнгъуазэм и хэлъхьэныгъэ нэхъ ин дыдэу ар щIагъэувыр, къыщIалъытэр. Революцэм и ужькIэ зи литературэр зэфIэувэу щIэзыдза лъэпкъхэм я тхыдэм апхуэдэ тхыгъэхэм щаубыд щIыпIэр къилъытэурэ, япэ къэбэрдей романым теухуауэ «Коммунист» журналым мыр итхыгъащ: «Къамботрэ Лацэрэ» хуэдэ романхэр IуэрыIуатэм фIэкI пасэм щыгъуазэу щымыта СССР-м и лъэпкъхэм я художественнэ литературэхэм зыужьыныгъэм хуача я лъэбакъуэщIэщ. А романхэр абыхэм я художественнэ культурэм шэчыншэу зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм я щыхьэтщ, абыкIи ехьэжьауэ абыхэм сэбэп къахуэхъуар художественнэ опыт ин зэзыгъэпэща урыс народым и литературэм и хъугъуэфIыгъуэхэр творческэу къызэрагъэсэбэпарщ».

ЩоджэнцIыкIур «Къамботрэ Лацэрэ» щыжиIэм илъэс зыбжанэкIэ елэжьащ. Абы и Iэрытхыр ди деж къэсакъым, ауэ зэщхьэщыкIыныгъэ инхэр яIэу иджыкIэ дызыщыгъуазэр 1938 гъэмрэ 1941 гъэмрэ къыдэкIахэрщ. Зи тхыгъэр зигу иримыхьыж усакIуэм апхуэдэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкIым и инагъыр, а вариантитIым яку дэлъ зэманми абы и гупсысэ, и Iуэху еплъыкIэхэм телъыджэлажьэу зэрызахъуэжам и щыхьэт наIуэщ иужьрей вариантым ирита зэхъуэкIыныгъэхэр.

«Къамботрэ Лацэрэ» романым къыщыгъэлъэгъуэжар лъэпкъ тхыдэм и лъэхъэнэ жыжьэхэрщ. Романым лъабжьэ хуэхъуар адыгэ IуэрыIуатэм и хъыбархэрщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIи, ахэр тIу мэхъу – зыр зытепсэлъыхьыр фIыуэ зэрылъагъуитIырщ, адрейр зытеухуар Тембот дадэщ. Ауэ жыпIэ хъунукъым а тхыгъэр зэрыщыт, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэ дыдэу усакIуэм IуэрыIуатэм къыщигъуэтауэ, зэпэщхьэхуэу щыта щхьэкIэ, усакIуэм ахэр зэкIуу зэпищIащ, къекIуу зэрипхащ. Композицэ и лъэныкъуэкIэ усакIуэм и тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа Iэзагъыр щыхьэт тохъуэ зэфIэкI ин абы зэрыбгъэдэлъам, поэмэм и тхыкIэм и щэхухэр Iэзэу абы къызэрихутам.

Япэ еплъыгъуэкIэ къэхутэгъуей пэтми, «Къамботрэ Лацэрэ» нэхъыщхьэу зытеухуар фIыуэ зэрылъагъуитIым къалъыс тхьэмыщкIагъэшхуэркъым, я лъагъуныгъэм и гъэувыным я псэр зэрыщIатыркъым.

Iуэхугъуэ нэхъ ину абы къыщыIуэтар пщылIыпIэм и зэман ткIийхэм бгырыс мэкъумэшыщIэхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэрщ, лIыгъэ, хахуагъэ, цIыхугъэ, ныбжьэгъугъэ, зэхэщIыкI лъагэ абыхэм къагъэлъэгъуарщ, а бэнэныгъэр къызыхэкIар, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар, къалэн нэхъыщхьэ ипэ итахэр къэхутэнырщ. ЯгъэпщылIымрэ зыгъэпщылIымрэ яку къыдэхъуэ бэнэныгъэр феодализмэм и хьэл нэхъыщхьэу щытащ. Ар къызыхэкIари хабзэншагъэрэ бзаджэнаджагъэу цIыху къызэрыгуэкIым кърапэсыр, къытралъхьэр зэрыхуэмыхьыжырщ. Ауэ бэнэныгъэм хыхьэ унэIутхэми занщIэу щхьэхуитыныгъэм хуэзышэ гъуэгур къахуэхутэркъым, усакIуэми пэжу гу лъетэри, япэ лъэхъэнэхэм зыкъэзыIэтахэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжыр пщылIыпIэр къутэныркъым, атIэ мыгъуэу ягъэпсэухэм псэуэгъу къадэхъун пщыфI къагъуэтынырщ. Бэнэныгъэм щIэзыдза мэкъумэшыщIэхэм я унафэщI усакIуэ лIыжьым аращ абыхэм япэу ящIэн хуейуэ яхуигъэуври: лIэщIыгъуэ жыжьэхэм адыгэ мэкъумэшыщIэм хъуэпсапIэрэ гугъапIэу иIар, лIыгъэрэ цIыхугъэ лъагэу, пэжагъэрэ хьэл-щэн хьэлэмэту хэлъахэр ЩоджэнцIыкIум хипщащ «Къамботрэ Лацэрэ» щызэригъэпэща и лIыхъужь гугъуехьакIуэм я лIыкIуэхэм. Апхуэдэхэщ зи щIыхьым, хуитыныгъэм, лъагъуныгъэм зи псэр щхьэузыхь хуэзыщI Къамбот хахуэр, шынагъэ жыхуаIэр зымыщIэ, и ныбжьэгъум и гузэвэгъуи и гуфIэгъуи дэзыIыгъыф Хьэсанш хъыжьэр, зи ныбжьэгъум зи псэр хуэзыт Аслъэнышхуэ, зи щIыхьыр хэутэн езымыгъэщI, яукIа и къуищым ялъ зыщIэж Тембот дадэр, хэкур хъумэныр, къыдалъхуахэм къулыкъу яхуэщIыныр, пэжыгъэм, захуагъэм, цIыхугъэм щIэбэныныр, цIыхубэр абы щIэпIыкIыныр гъащIэ къалэн зыщызыщIыжа усакIуэ лIыжь гъуэзэджэр.

Псом хуэмыдэжу усакIуэм и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ Лацэ и образыр. Лъэпкъ усыгъэм и цIыхубз лIыхъужь нэхъыфI дыдэм кууэ къегъэлъэгъуэж пасэм ар зыхэта дэкъузэныгъэ хьэлъэри, бэлыхьищэу ирагъэшэчари, и дахагъи, и щабагъи, и къабзагъи, лIыгъэ хэлъу и щIыхьымрэ и лъагъуныгъэмрэ ихъумэжу къызэрыгъуэгурыкIуари. А романым хэт дэтхэнэ лIыхъужьри зи теплъэ, шыфэлIыфэ, дуней еплъыкIэ, хьэл-щэн, псэлъэкIэ, гъащIэ гъуэгуанэ пыухыкIа зиIэж цIыху щхьэхуэу тхылъеджэм и пащхьэ къоувэ, игу къонэж. Ар къызыхэкIри абыхэм хъуэхъу яхуиIэт, псалъэ дыгъэл яхуигъэш мыхъуу, атIэ ахэр я IуэхущIафэхэмкIэ зэрыдигъэлъагъурщ.

1939 гъэм ЩоджэнцIыкIу Алий горсоветым и депутату хах, а гъэ дыдэм и ноябрым абы Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр къыфIащ, иужьыIуэкIэ кандидату партым хагъэхьэ. Зи лъэпкъ щэнгъуазэм и зыужьыныгъэр зи нэ, зи псэ усакIуэм абы куэд хуелэжь. А. Авраамовымрэ абырэ зэдатх япэ къэбэрдей оперэ «Къызбруныр», ахэр елэжьу щIадзауэ щытащ нэгъуэщI музыкальнэ драмэми, КIыщокъуэ Алим щIыгъуу абы къетIэщI ПащIэ Бэчмырзэ и дыщэ пхъуантэр, а усакIуэ гъуэзэджитIыр зэгъусэу анэдэлъхубзэкIэ япэ дыдэ къыдагъэкI адыгэ нарт эпосыр, езым и закъуэ къыдегъэкI усакIуэ нэхъыжьхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ я тхылъхэр, къэбэрдей уэрэдхэр. Ар мызэ-мытIэу къыщопсалъэ хэку тхакIуэхэм я зэIущIэхэм, Пушкин, Лермонтов, Шевченкэ, Хетагуров сымэ ятеухуауэ ягъэхьэзыр тхылъхэр зэдзэкIыным, къыдэгъэкIыным жыджэру холэжьыхь, абыхэм ятеухуа лэжьыгъэхэр етх. Къалэн ин а илъэсхэм къыпэщытхэм тепсэлъыхьурэ, усакIуэм мыр итхыгъат: «Сэ сыкъапщтэмэ, куэд щIауэ темитIым сагъэпIейтей – Дзэлыкъуэ восстанэмрэ Къызбрун теухуауэ

щыӀэ хъыбар гуузымрэ, музыкальнэ драмэм папщӀэ темэ хьэлэмэтымрэ. Ар композиторымрэ усакӀуэмрэ я дежкӀэ икъукӀэ узыӀэпызызышэщ. Дзэлыкъуэ восстанэм теухуауэ сэ повесть сотх, си мурадщ ар илъэсыщӀэм ирихьэлӀэу сыухыну».

Хэку зауэшхуэр къэхъеиным и пэ къихуэу ЩоджэнцӀыкӀур зэлэжьар «Къызбрун» трагедиерщ. Тхыгъэм лъабжьэ усакӀуэм хуищӀар адыгэ ӀуэрыӀуатэм щызекӀуэ хъыбар цӀэрыӀуэрщ, шэч хэмылъуи, езым и щхьэкӀэ ар мызэ-мытӀэу зэхихагъэнущ. Ауэ профессор Турчанинов Г. Ф. къыжиӀэжу зэрыщытамкӀэ, а тхыгъэм елэжьыным щӀидзэным и пэ къихуэу усакӀуэр езым щӀигъэджыкӀауэ, нэӀуасэ хуищӀауэ жеӀэж М. Радожицкэм 1827 гъэм къыдигъэкӀауэ щыта тхыгъэм – «Къызбрун» шэрджэс повестым. Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, ар зытеухуар адыгэ цӀыхубзым пасэхэм телъа бэлыхьырщ, зыхагъэта дэкъузэныгъэ ткӀийрщ. УсакӀуэм и Ӏыхьлыхэм, и ныбжьэгъухэм зэрыжаӀэжымкӀэ, ар «Къамботрэ Лацэрэ» нэхърэ куэдкӀэ нэхъыфӀ хъуауэ, абы япэ иригъэувэу щытащ. Ӏэрытх иухар тедзэжауэ езыр дзэм щыдэкӀым и щхьэгъусэм къыхуигъэнэгъащ, адрейхэр кӀуэдми, а зыр нэхъ хуэсакъыу ихъумэну къелъэӀури, ауэ ар зауэ лъэхъэнэм и унагъуэм фӀэкӀуэдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащӀэрыпсэухэм ехьэжьауэ ягъэмахуэшхуэну я мурадащ республикэр щхьэхуэ зэращӀрэ илъэс 20 щрикъу 1941 гъэр. Хэкум и дэтхэнэ зы цӀыхуми абы тыгъэ гъэщӀэгъуэн зэрыхуигъэхьэзырыным яужь итащ, ЩоджэнцӀыкӀуми абы теухуауэ итхыну мурад ещӀ «Нырес си псалъэр уи дей» поэмэр. УсакӀуэм абы щызэфӀигъэувэжыр псэуэ илъагъу и хэкум къикӀуа гъуэгуанэ хьэлъэрщ, Октябрым и ужькӀэ абы зыӀеригъэхьа ехъулӀэныгъэфӀхэрщ. А тхыгъэм щелэжьым зыщӀидза Хэку зауэшхуэми абы щӀыпӀэшхуэ щеубыд, зэрыпхъуакӀуэхэм къыдащӀылӀа зауаем триухуа адрей и усэхэми ещхьу, абыи ехьэкӀ хэмылъу, шэч лъэпкъ къытримыхьэжу щыжеӀэ фашистхэм я мурад фӀейхэр къазэремыхъулӀэнур, совет лъэпкъ щхьэхуитхэр лъэгущӀэтын абыхэм зэрахуэмыщӀынур, нэгъуэщӀхэм хуатӀ мащэм езыхэр зэрихуэжынур.

И хэкум къращӀылӀа зауэ емынэр зэрышынагъуэр къызыгурыӀуэ усакӀуэм и къару псори ирехьэлӀэ къыдалъхуахэр абы хузэщӀэӀэтэным, ахэр гъэгушхуэным, хьэщэхурыпхъуэу а мафӀэм дыхэзыдза бийм лъагъумыхъуныгъэ хуегъэщӀыным. Езым и тхыгъэ куэд абы зауэм треухуэ, урыс усакӀуэхэм я тхыгъэхэр адыгэбзэкӀэ зэредзэкӀ, радиокӀэ къопсалъэ, зауэлӀхэм яӀуощӀэ, ахэр егъэгушхуэ, къыдэкӀауэ езым имылъагъужами, хэку тхакӀуэхэм зауэм хуатха тхыгъэхэр иту тхылъ щхьэхуэ егъэхьэзыр. УсакӀуэр езыри дзэм хохьэ, ар сентябрым и 3-м йожьэ, ауэ здэкӀуэну къапэщыт щӀыпӀэм нэмыблэгъэпауи, Ӏэщэ-фащэ къраамытауи ар нэмыцэ хьэкӀэкхъуэкӀэхэм гъэр ящӀ икӀи 1941 гъэм и кӀэм Бобруйск къалэм дэта нэмыцэӀуэм къэбэрдей усакӀуэ гъуэзэджэр игъуэ нэмысу йокӀуадэ. ЩоджэнцӀыкӀу Алий Ӏуэ емынэм щытелъа, щишэча тхьэмыщкӀагъэмкӀи къулейсызыгъэмкӀи, хьэзабищэр телъу и хэкум щхьэузыхь хуищӀа и псэмкӀи зэфӀэкӀыркъым абы и бэлыхьыр. Къэралым а лъэхъэнэм щызекӀуэ хабзэ гущӀэгъуншэхэм я зэранкӀэ ар, зи адэ щӀыналъэм и къуэ пэжыр, абы и щхьэхуитыныгъэм къэмыскӀэу, къимыкӀуэту зи псэр щӀэзытар, ягъэпуд, псори зыщыщтэ «хэку епцӀыжакӀуэ» цӀэ мыгъуэжьыр къытоӀуэ, хуэмыфащэу лъэпкъ бий ящӀ, и тхылъхэр еджапӀэхэм къыщӀах, адыгэбзэкӀэ ирагъэджыжыркъым, ахэр илъэс зыбжанэкӀи къыдагъэкӀыжыркъым. Зи къалэныр нэсу зыгъэзэщӀэфу, къыхэжаныкӀыу гу зылъезыгъэтэну зи мурад язынықъуэ лэжьакӀуэхэр абыи къыщызэтеувыӀэркъым. Къэралым

и бий фIащу ягъэтIыса цIыху щхьэхуэхэм шынагъэкIэ, удынкIэ къыжрагъэIа, къирагъэIуэта псалъэмакъ мышыухэр тегъэщIапIэ ящIри, куэд щIауэ мыпсэуж пэтми, лажьэ лъэпкъ зыбгъэдэмылъ къэбэрдей усакIуэм пцIы хьэдэгъуэдахэ куэд тралъхьэ, кIэрацIэлъ. 1943 гъэм ятхауэ архивым щIэлъ тхылъымпIэхэм зэрыщыжыIамкIэ, ар колхозми и бийуэ щытащ, Нало Жансэхъу къызэригъэпэща гупми хэтащ, Къэбэрдейр Урысейм къыгуигъэкIыу нэмыцэхэм я жьауэм щIэт, щхьэхуэу псэуж къэралыгъуэ къызэригъэпэщыну и мурадащ. А псом пэж лъэпкъ зэрыхэмылъыр нобэ хэти къыгуроIуэ, ауэ адыгэ лъэпкъым и къуэ нэхъыфI дыдэм, лъэпкъ литературэм и къызэгъэпэщакIуэм, къыдалъхуахэм къулыкъу нэс яхуэзыщIам, абыхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ зыуи къыщымыхъуу зи псэр щIэзытам апхуэдэпцI теплъхьэ, напэтех хужыпIэ зэрымыхъунур къызыгурымыIуахэр усакIуэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ насыпыншэщ. Адыгэ усыгъэм и дыгъэр зэрыкъухьэрэ илъэс блыщIым нэблэгъащ. Алий и тхыгъэ телъыджэхэрщ къэбэрдей литературэм дамэ яхуэхъуар, а усакIуэ гъуэзэджэм и щIакIуэ щIагъырщ лъэпкъ усакIуэхэр къызыщIэлъэтыкIар. Абы и тхыгъэ налкъутхэр дунейм къызэрытехьэрэ зэманыфI дэкIа щхьэкIэ, я пщIэр, я мыхьэнэр, лъэпкъ тхылъеджэм хуиIэ лъагъуныгъэр нэхъ лъагэ хъуа фIэкIа, зыкIи нэхъ къэлъэхъшакъым. Абыхэм я жьы къабзэм, я бзий нэхум ноби добжьыфIэ, догъагъэ къэбэрдей литературэр, абы и дэтхэнэ зы ехъулIэныгъэми наIуэу хыболъагъуэ а усакIуэ псэемыблэжым и Iэужь. Езы зэман дыдэр зыпэмылъэщ усакIуэм и тхыгъэ хьэлэмэтхэр псэунщ зы адыгэ дунейм тетыху.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*профессор*

ЛИБЕДИНСКИЙ Юрий

# Ар къэпщIэгъауэ щытамэ…

– Сэлам алейкум, Къэбэрдей! – жызоIэ сэ. – Мы зи чэзу си къэкIуэгъуэм сыткIэ укъысхуэупсэну?

НэуфIыцIщхьэрыуэу сыгугъауи къыщIэкIакъым – си нэгу щIэкIащ къысхуэщхьэпэн куэд, сахуэзащ, слъэгъуащ иужькIэ си тхыгъэм къыщысIуэтэжын, сызытепсэлъыхьыжын Iэджэ.

Иджы а тхыгъэр нэзгъэсакIэщ. Ар трилогие хъуащ. Абы хохьэ «Гъэхэмрэ цIыхухэмрэ», «Нэхулъэ», «Советхэм я пщэдджыжь» тхылъхэр. Ауэ сэ ноби схузэфIэкIынукъым мо тхыгъэхэр дунейм къытехьэн папщIэ зи фIыщIэ мыухыж стелъ адыгэ усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий фIыкIэ сигу къэзмыгъэкIыжыныр – абы къысхуиIа ныбжьэгъугъэр сэркIэ лъапIэщ. Дэтхэнэ ныбжьэгъу пэжми зэрихьэлу, абы къысхуиIуатэрт и гъащIэр къызэрекIуэкIам ехьэлIа хъыбархэр. Алий сызригъэдаIуэ хъыбархэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэнт, узыIэпашэрт, нэрылъагъути, адыгэ хьэл-щэным, дуней тетыкIэм теухуауэ абыхэм къахэпхыфынум хуэдиз тхыдэми хэгъуэтэгъуейт.

Хъыбархэм я закъуэтэкъым абы сызыщIигъэдэIур – гурыIуэгъуафIэу, удахьэхыу схутепсэлъыхьырт езы усакIуэм и IэдакъэщIэкIыу зэкIэ урысыбзэкIэ зэрамыдзэкIахэми. Ахэри къысхуэщхьэпащ адыгэхэм я

тхыдэ иным щыгъуазэ сыхъунымкIэ. Алий узригъэдаIуэхэм ущегупсыскIэ гурыIуэгъуэ къыпщыхъурт уи псэлъэгъур зэрыусакIуэшхуэр.

Хамэщlым къыщыхута щlалэщlэм и гур и лъахэм къыхуэгъээзат, и псэр абы къыхуэпхъэрт. А гурыщlэхэр нэхъыфlу къызэрыпхуэlуэтэну lэмалрэ хэкlыпlэу щыlэр – усыгъэр – къигъэсэбэпу щlидзащ Алий. Гурыщlэ къабзэр къэlуэтэнкlэ къыщlэзыдза усакlуэ щlалэр хэкум къохьэж. Икlи къызыхыхьэжа гъащlэ къэукъубеям декlун публицист тхыгъэхэм зарепщыт. Абы и lэдакъэм къыщlокl зэман блэкlами езы усакlуэм и нэгу щlэкl гъащlэми мыхъумыщlагъэу хилъагъуэхэм, лъэхъэнэщlэм и lэужь дахэхэм теухуа тхыгъэхэр.

Итlанэ Алий зарепщыт поэмэхэр тхыным. Апхуэдэщ абы и япэ поэмэ «Къамботрэ Лацэрэ». Мы тхыгъэ хьэлэмэтым усэбзэ дахэкlэ къыщыlуэтэжащ адыгэхэм я тхыдэм щыщ куэд, Къэбэрдейм тепщэгъуэр щызыlыгъахэм я дуней тетыкlэр, пщыжь-уэркъыжьхэмрэ мэкъумэшыщlэхэмрэ я зэхущытыкlар, зи щхьэм и пщlэр зыщlэж, лъагъуныгъэ къабзэр хъумэным ехьэлlауэ цlыху къызэрыгуэкlхэм ирагъэкlуэкlа бэнэныгъэ гуащlэр зыхуэдэр. Апхуэдэу Щоджэнцlыкlум и тхыгъэм къыхощыж Къэбэрдейм и гъунэгъу хэкухэм яхуиlа зэпыщlэныгъэхэри.

«Къамботрэ Лацэрэ» поэмэр адыгэ усыгъэм и лъэбакъуэщlэу къэлъытэн зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Мы тхыгъэ гъуэзэджэмкlэ Алий зыкъигъэлъэгъуащ ар зэфlэкlышхуэ зиlэ усакlуэ телъыджэу зэрыщытыр.

Щоджэнцlыкlум и етlуанэ поэмэ «Мадинэ» зыфlищар фlылъагъуныгъэм теухуа гъыбзэ гуузуи уэрэд дахэуи къэплъытэ хъунущ. Мыбы къыщыгъэлъэгъуащ адыгэ ныбжьыщlитlым зэхуаlа лъагъуныгъэри абы тхьэмыщкlагъэрэ насыпыншагъэу кърикlуахэри.

Алий куэдрэ и гугъу къысхуищlырт адыгэ щэнхабзэм, литературэм заужьын папщlэ урысыбзэр пщlэным, урыс, дунейпсо щэнхабзэм я ехъулlэныгъэхэм быдэу ущыгъуазэу щытыным мыхьэнэшхуэ зэриlэм. Езы усакlуэм абы и лъэныкъуэкlэ щхьэхрэ ешрэ ищlэртэкъым. Ауэ ар апхуэдизкlэ цlыху lэсэт, lэдэбт, щэныфlэти, щхьэщытхъугъэ лъэпкъ дэплъагъуртэкъым. Зэи зэхэпхынтэкъым мыр сощlэ, мор сщlащ жиlэу. Ауэ абы къикlыркъым ар цlыху зэкlуэцlылъу, псэлъэгъу пщlыну мыщlагъуэу щытауэ. Хьэуэ, абы зэ уригъуса нэужь, иджыри сыхуэзащэрэт жыпlэу и ныбжьэгъугъэм ущlэхъуэпсырт, узыlэпишэрт. Ар акъыл нэхурэ гуапагъэ инрэ зыдэплъагъу цlыху телъыджэт. Ищхьэкlэ зи гугъу сщlа си романхэр стхын папщlэ, абыхэм адыгэ хьэл-щэнхэр, адыгэхэм я дуней тетыкlэр, зэхэтыкlэр тэмэму къыщызгъэлъэгъуэфын щхьэкlэ Алий сызыщlигъэдэlу хъыбархэр, абы нэlуасэ сызыхуищl цlыхухэр икъукlэ къысхуэщхьэпэрт. Ауэ щыхъукlи абы зэи дэплъагъунутэкъым езыр сэбэп къызэрыпхуэхъур и напщlэм телъу хьэмэрэ зыкъыфlэщlыжу. Ар гу къабзэрэ псэ хьэлэлрэ зиlэ цlыхут.

Алий и хьэлыфlхэм ящыщт ар зэи япэ зэримылъадэр, адрейхэм закъыхэзгъэщащэрэт зэрыжимыlэр. Ар дэнэ къэна, Алий зыпылъыр нэгъуэщlт: нэгъуэщlыр япэ игъэщын, гъэлъэпlэн. А хьэлыр куэдрэ дэслъэгъуащ сэ абы.

Дэнэ дыкlуэми, хэт дыхуеблэгъами, Алий зэпымыууэ зи гугъу ищlыр сэрат. Сэ сакъригъэцlыхурт, тхъупсыр къызигъэжэхырт. Езым зыкlи зыкъыхигъэщыртэкъым. Ар сфlэмызахуэу, зэгуэрым соупщl дызихьэщlэ адыгэлl дадэ гуэрым:

– Щоджэнцlыкlу Алий жыхуаlэр пцlыхурэ?

– И цIэкIи хьэмэрэ и щхьэкIи? – къызоплъ дадэр. – И цIэкIэ ар зымыщIыху адыгэ щыIэу къыщIэкIынкъым, – жеIэри Iэхэр ищIурэ кIыхьу зыгуэрхэр кърегъэкIуэкI. Алий зыгуэрхэр хуеIуатэ. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, си ныбжьэгъур плъыжьыбзэ къохъу, и щхьэр ирехьэх. ИкIи, нэхъ гъэщIэгъуэныжращи, апхуэдэ зэи къэмыхъуауэ, дадэм жиIэхэр къысхузэридзэкIыжыркъым си тэрмэшым.

– Мис мыращ-тIэ ЩоджэнцIыкIу Алий жыхуаIэжыр, – си щхьэр усакIуэм и дежкIэ сощI.

Зи щхьэм и пщIэр зыщIэж дадэр къыщолъэт. Iыхьэлейм икIауэ гуапэу IэплIэ хуещI, иджыри зэ сэлам ирехыж. ИтIанэ я унэ ису хъуар къызэхуешэс – щIалэгъуалэр пэшым къызэрыщIохуэ, нэхъыжьхэр къыпыгуфIыкIыу, хэт жыхафэгум къохьэ, хэти бжэщхьэIум къытоувэ. Ар згъэщIагъуэу сыкъэтэджрэ щхьэгъубжэм сыдэплъмэ, пщIантIэм цIыхур дэзщ. КъызэмыхъулIэм и махуэ мыгъуэу, нэхъыжьхэм усакIуэшхуэм сэлам кърах, нэхъыщIэхэр абы и тхыгъэхэм гукIэ къоджэ. Сэри сащыгъупщэжауэ, псоми Iуэхуу яIэр я Алийщ. КIуэаракъэ, драхьеймэ – мэгъущIэ, кърахьэхмэ – мэщIытэ.

ДагъэхьэщIэныр, дагъэлъэпIэныр зэфIэкIыу бысымхэм я деж дыкъыдэкIыжа нэужь, Алий гукъанэ тIэкIу къысхуещI:

– Апхуэдэу пщIын – сакъебгъэцIыхун хуеякъым. СыбгъэукIытащ. Ди лъэпкъыр апхуэдизкIэ хьэлэлщ, гуапэщи, зымащIэ тIэкIури фIыщIэ ин ящI. Армыхъу сыт сэ абыхэм яхуэсщIар? КхъыIэ, дяпэкIэ хэIущIыIу сыпщIу апхуэдэ укIытэгъуэ сумыгъахуэ...

...Хэку зауэшхуэм щIедзэ. Алий цIыхубэр къыхуреджэ: «Псоми Iэщэр къафщтэ!» Езыри Iэщэ къэзыщтахэм яхыхьэну 1941 гъэм и сентябрым докI. Ауэ Iэщэ къиищтэнуи хунэсакъым – гъуэгум тету здашэхэм, я мафIэгум бийм и кхъухьлъатэхэр къытоуэ. Езыр нэмыцэIуэм йохуэ...

Адыгэ усакIуэшхуэм и кIуэдыкIэ хъуам теухуауэ япэ хъыбар гуауэр къэзыхьар урыс сэлэтщ. Зауэм къикIыж сэлэт увыIар адыгэхэм къахуозэри къажреIэ:

– Фашистхэм фи зы щIалэ Iуэм хьэзабышхуэ щрагъэшэчащ. И цIэр Алийт. И унэцIэр зы гъэщIэгъуэн гуэрти сщыгъупщэжащ. Фашистхэм ящытхъуу усэ ирагъэтхыну щыхагъэзыхьым, ар яхуидакъым. ИтIанэ хьэпс щIыIэм щIадзащ. ИкIи ягъэшхакъым. Фэмрэ къупщхьэмрэ хуэкIуауэ, мэжэщIалIагъымрэ щIыIэмрэ яукIауэ хьэпсым къыщIахыжащ зауэлI хьэдэ пцIанабзэр. Апхуэдэу дауэ щIебгъэлъхьэнт? Си урыс цей лэжьа тIэкIур тезубгъуэри...

А хъыбар гуауэм, – иужькIэ къызэрыщIэкIыжамкIи, Алий и кIуэдыкIэ хъуар апхуэдэут, – сыщедаIуэкIэ, си нэгу къыщIыхьэжырт си ныбжьэгъум дезгъэкIуэкIа ззIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, абы дэслъэгъуа цIыхугъэшхуэр. Си тхьэкIумэм ит хуэдэт и псэлъэкIэ щабэр, гуапэр. Зэхэсхыу къысщыхъурт ЩоджэнцIыкIумрэ сэрэ иужь дыдэу дыщызэхуэзэжам ар урыс усакIуэшхуэ Пушкиным, Лермонтовым я усэхэм гукIэ къызэрысхуеджар – урысыбзэкIи езы Алий и анэдэлъхубзэмкIи.

Си ныбжьэгъуу щыта Алий, уи иужьрей гъуэгуанэ гуауэм ущытехьэжым фи насыпыншагъэр зыуэ къуэш пхуэхъуа урыс щIалэм и сэлэт цейр джэбын зэрыпхуищIыгъар къэпщIэгъауэ щытамэ, уи псэр абы арэзы ирихъунт.

ШОРТЭН Аскэрбий

# Щоджэнцlыкlу Алий

Алий и щхьэкlэ сымыцlыху щlыкlэ и цlэкlэ къэсцlыхуауэ щытащ. Япэ дыдэу абы сыщыхуэзар граждан зауэм теухуауэ Борыкъуей Тlутlэ итха поэмэшхуэм комиссэр щыхэплъам щыгъуэщ. Тlутlэ мыпlащlэурэ, псалъэхэр зэпишурэ къеджэрт поэмэм. Къеджэн иуха нэужь, Уэдыхь Аслъэнбэч – арат комиссэм и председателри – щlэупщlащ:

– Хэт сыт жиlэну?

Абы щlэсхэм фlыуэ ящlэрт Тlутlэ и хьэлри, тэлайкlэ псоми заущэхуащ, япэ къыхэзыдзэн ямыгъуэту. Фlэлlыкlышхуэ зэриlэм нэмыщlкlи, ар лlы хъыжьэт, гуащlэт, мафlэу къызэщlэнэрт, уеблэмэ кlэрахъуэ кlэрылъым щыхуэlэбэ къэхъурт. Ар псоми ящlэрти – я жьэр «хьэпэщыпхэ» хъуауэ, зэплъыжу щыст.

– Сэ псалъитl жысlэнт, – жиlэри къэтэджащ ныбжь ихьа щlалэ гъур фlыцlэ, «лlыкъуапцlафэу, гъущl lунэ» жыхуаlэм хуэдэ.

– Иlэт, Алий, къыхэдзэт, – хуэгуфlащ абы Уэдыхьыр. Арщхьэкlэ, абы и гуфlэгъуэр зэтрикъутэу, Тlутlэ и нэ жанитlыр сакъыу, дзыхьмыщlу щlалэм жьэхэлыдащ. Абы щхьэкlи мыдзыхэу къригъэжьащ Алий.

– Сэ, – жиlащ абы, – хуабжьу сохъуапсэ Тlутlэ и бзэм. Бзэ бэлыхь иlэщ. Тlутlэ усакlуэшхуэу зэрыщытыр къэпщlэнущ, ар зыхэта дикэ дивизэм щхьэкlэ абы иуса уэрэдым уедаlуэмэ. Мы нобэ ар къызэджа поэмэри щыхьэт тохъуэ Борыкъуейр зэрымыхуэмыхум, псом хуэмыдэжу, къытезгъэзэжынщи, бзэфl зэриlэм. Ауэ...

Абдежым Алий и псалъэр зэпигъэуащ, жиlэнум щlэгупсысу. А «ауэр» тlэкlу тхьэкlумэжьажьэу щыт Тlутlи зэхимыхыу къэнатэкъыми, Алий жиlэнухэм зыхуищlу, и шэнтыр бгъэдигъэкlуэтащ.

– Ауэ, сэ къызэрызгурыlуэмкlэ, поэмэм хэт лlыхъужьхэм бегъымбарыфэ ятоуэ. Нарт псысэхэм яхэт лlыхъужьхэм ещхь мэхъу. Си гугъэщ ахэр псори къегъэтlысэхын хуейуэ, я лlыфэшыфэкlэ нэхъ белджылы щlауэ, псоми цlыхуфэ нэхъ тегъэуэн хуейуэ.

– Сыт «къегъэтlысэхыным» къыбгъэкlыр уэ? – и щхьэр псынщlэу Алий худридзеящ Тlутlэм.

– Къизгъэкlри? – жиlащ Алий хэгупсысыхьу, еплъыхыу, – Къизгъэкlыращ: властыр къэзыхьыжахэр къэрэхьэлъкъым къыхэкlа цlыху цlыкlухэрщ. Уи поэмэм лlыхъужь фlэкlа зыри хэткъым. Народыр плъагъуркъым. А узытепсэлъыхь лlыхъужьхэри, мыдрейуэ къыхэщ закъуэтlакъуэхэри уафэгум итщ. Къегъэтlысэхын хуейщ ахэр, щlылъэращ властыр къыщахьыжари. Аращ сэ жысlэнур.

Алий тlысыжащ.

Абы и ужькlэ адрейхэри нэхъ къэгушхуэри поэмэм тепсэлъыхьащ, абы хэлъ фlагъхэри, ныкъусаныгъэхэри къагъэлъагъуэу. Псоми къэпсэлъэн яуха нэужь, Тlутlэ иратащ псалъэ. Тlутlэ езыр lэзэу псалъэрт. Гугъут абы упеуэну. Езым иукъуэдиями тебгъэкlыныр нэхъ гугъужт.

– Къегъэтlысэх жоlэ уэ, – зиублэщlащ абы Алий дежкlэ, зыкъомрэ псэлъа нэужь, – адыгэ усэхэм а уэ жыхуэпlэр ядэркъым. Адыгэ усэр есащ «Индылыжь и нэр къыщопкl, зэпрокlри шыбэр къреху!» – жиlэу. Адыгэ усэхэр джэдкъурт быным теусыхьыркъым. Лlыгъэращ абы и бащэр!

– Пэжкъым а жыпIэр, ТIутIэ, – къыщылъэтащ Алий. – «Пхъэм и дауэм» еджэт. Абыи уафэгум къыщилъэтыхьрэт-тIэ?

Абдежым уэру къызэщIэуащ зэныкъуэкъу лъэныкъуитIыр.

А махуэ дыдэм нэгъуэщI зы хьэлэмэт гуэри сыхуэзащ сэ.

ТIутIэ и поэмэр къызатщ, «къыкъ сымыхъун папщIэ», махуитI-щыкIэ срагъаджэри сашащ Къалмыкъ БетIал деж. ПщыхьэщхьитIкIэ абы сыкъыхуеджащ поэмэм. Япэ едзыгъуэм сыщIэджыкIа нэужь, БетIал сыIуплъэри – ар нэщхъыдзэт. IупщIт: поэмэр игу ирихьтэкъым. ЩIримыхьырат: дэнэ дежи БетIал къыхэщт.

Иджы, комиссэр щыхэплъэм, зэныкъуэкъум и гуащIэгъуэ дыдэм БетIал къыщIыхьащ. ЕтIысэхри зыкъомрэ щысащ, зыри жимыIэу.

ИтIанэ, Борыкъуей ТIутIэ дежкIэ зриIуэнтIэкIри, жриIащ:

– ТIутIэ, революцэр зыщIар къэрэхьэлъкъыбэрщ, къэрэхьэлъкъыбэр... Утхэнумэ – мис абы тетхыхь...

Ар жиIэри къыщIэкIыжащ БетIал. Абы яужькIи зэрегъэшыхукIи зэныкъуэкъуащ абы къыщIэнахэр, ауэ Алий зэи псэлъэжакъым.

ИужькIэ, нэхъ дызэрыцIыхуа нэужь, ар абы и хьэлу гу лъыстащ: зэ жиIам тригъэзэжыртэкъым, ар лейуэ къилъытэрт.

Куэд дэмыкIыу, ЩоджэнцIыкIу Алий къалэм къашащ, ТхакIуэхэм я союзым щагъэлэжьэну. Къаша щхьэкIэ, унэ иратакъым. А зэманым Алий нэхъ цIэрыIуэ ди усакIуэхэм яхэттэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, ар зыщIагъэтIысхьэн унэ къалэм щагъуэтакъым. Абы къыхэкIкIэ Алий, и быныр и гъусэу, Вольнэ Аул кIуэри дэтIысхьащ, фэтэр къищтэри. Сэри абы щыгъуэ Вольнэ Аул сыдэсти, зызумысыжынщи, си гуапэ хъуащ Алий си гъунэгъу дыдэу нызэрыдэтIысхьар.

Алий апхуэдизу сэ гъунэгъу сыхуэхъуну къыщIэкIынтэкъым, а къуажэр мыхъуатэмэ. Махуэ щIагъуэ дэкIтэкъым Вольнэ Аул лъэмыжыжьым деж дэ тIур дыщызэримыхьэлIэу, е ар къалэм никIыжу, е сэ къуажэм сикIыу. Аурэ, апхуэдиз зэхуэзэм гъунэгъу дызэхуащIащ. Мис абы щыгъуэщ Алий сэ фIы дыдэу щысцIыхуар.

Ар фIыуэ зымыцIыхум къыфIэщIынкIи хъунут Алий цIыху щэхуу, щIагъыбзэу, «кIуэцIрыкъуэжь» жыхуаIэм хуэдэу зэкIуэцIылъу. Пэжщ, Алий япэ къеуалIэм зыхуитIатэу щытакъым. Ауэ ар хыхьэхэкI зиIэ цIыхут, гу къабзэ кIуэцIылът, хьэрэмыгъэншэт. Псом хуэмыдэжу, абы фIыуэ илъагъур лIыжьхэрат. Вольнэ Аул дэсауэ къыщIэкIынкъым зы лIыжьи и унагъуэкIэ, и цIэкIэ Алий имыцIыхуу. Ар зы илъэсым и кIуэцIкIэ. Сэ ар згъэщIагъуэт, сыту жыпIэмэ Алий япэ илъэс ныкъуэкIэ а къуажэм сыдэтIысхьати, ди гъунэгъу дыдэхэм фIэкIа сцIыху щIагъуэ щыIэтэкъым.

Сэ IуэрыIуатэм сезышэлIар зыкъомкIэ аращ. Алий мызэ-мытIэу сигъэIущу, сиущийуэ къызжиIэт:

– ЗэгъащIэ, бзэм и лъапсэр IуэрыIуатэрщ, абы къыщылъыхъуэ псалъэхэм я нэхъ лъэщыр.

Алий цIыху уэр хэтын папщIэ Iэджэ ищIэрт. ДыуэщIхэм яхэст, бэзэракIуэхэм епсэлъылIэрт. СощIэж, зэгуэрым къалэ члисэм дыблэкI пэтрэ, тхьэмахуэ махуэти, цIыху уэр щилъагъум къызжиIэгъащ:

– ДыщIэгъыхьи дегъэплъ.

– Iау, ар дауэ?

– Дауэ хэлъ абы! ТхакIуэм псори и нэкIэ илъагъун хуейщ. Сэ игъащIэм члисэ кIуэцI сыщIэтакъым. НакIуэ.

Члисэм дыкъыщIэкIыжа нэужь, Алий зэуэ зыкъызэкъуихащ:

– Гу лъыптакъэ уэ, – жиIэрт абы, – адыгэхэм тхьэхэу яIам? Мажусий

диным адыгэхэр щитам щыгъуэ тхьэуэ зыбгъупщI яIэу щытащ: Мэзытхьэ, Тхьэгъэлэдж, Лъэпщ, Псыхъуэ Гуащэ, нэгъуэщIхэри. Ауэ хьэлэмэтыращ: а тхьэхэр цIыху цIыкIухэм япэгъунэгъуу щытащ, уеблэмэ ахэр цIыхухэм къазэрыгуэкI щыIэтэкъым. Амыщ Iэщыхъуэт. Лъэпщ гъукIэт. Тхьэгъэлэдж мэкъумэшыщIэт. Мэзытхьэ щакIуэт. Ахэри цIыхухэм хуэдэу лажьэт, псэут, фыз къашэт, лIэжхэт. Ауэ аракъым гу зылъыптэнур. Гу зылъыптэнур нэгъуэщIщ. А тхьэ къомыр гуащIэдэкIым, лэжьыгъэм быдэу зэрепхаращ.

Алий диным тепсэлъыхьурэ, дикIыжащ Вольнэ Аул. Дынэсыжмэ, – Юрий Николаевич Либединскэр Алий деж щIэст. А урыс тхакIуэр куэд щIауэ ди хэкум къакIуэу, къыкIэлъыгъуазэу, ди тхакIуэхэм къадэIэпыкъуу щытти – ар къызэрыкIуам Алий хуабжьу щыгуфIыкIащ. А зэманым Юрий Николаевич ди къэралым ис тхакIуэхэм я нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщт.

Алийрэ Либединскэмрэ япэми Iэджэрэ зэхуэзауэ фIыуэ зэрыцIыхути, я зэхущытыкIэхэр шэщIауэ щыттэкъым, зэгуэгъу-зэдарэгъу жыхуаIэм хуэдэу, замыбзыщIу, нахуэу, ягу зэIухауэ зэхущытт. Алий фIыуэ илъагъут Либединскэр. Ар илъагъуну абы къыхуищIаIаи щыIэтэкъым, ауэ Алий хуабжьу гуапэ щыхъурт а урыс тхакIуэм бгырысхэр зэриIуэхур. Абы нэмыщIыжу, Юрий Николаевич фIыуэ умылъагъункIэ Iэмал имыIэу зы хьэл гъуэзэджэ хэлът: ар хуабжьу щэныфIэт. А и щэныфIагъыр езым ищIэжтэкъыми, абыи нэхъ узыIэпишэт.

ЩыIэщ цIыху фIыгъуэу пкърылъыр зыщIэж, а фIыгъуэр игъэлъагъуэкIэрэ цIыхупсэм дыхьэ, зыкъыфIимыгъэщI хуэдэурэ, а зэрылъэщ лъэныкъуэр зыгъэпIий. Юрий Николаевич апхуэдэлIтэкъым. Сыт и лъэныкъуэкIи ар гу пцIанэт, цIыху зэIухат, хьэрэмыгъэншэт. Кавказым исакъым лъэпкъ абы фIыуэ имылъагъурэ ар фIыуэ зымылъагъурэ. Арауэ къыщIэкIынт Юрий Николаевич ЩоджэнцIыкIу Алий жагъуэу щIимылъагъур. СщIэркъым, ауэ сэ а зэманым къысфIэщIащ а тхакIуитIым я щэныр зыкъомкIэ зэтехуэу. Пэжщ, Либединскэм хуэдэу, Алий мащIэу щIэункIыфIыжауэ щыттэкъым. Алий гу пцIанэт, зэIухат, хьэрэмыгъэншэт, ауэ ар къэлыдыгъуафIэт. Алий гу жан иIащ. Абы щыхьэт тохъуэ езым и усэхэри. Щхьэм «кърихауэ», философыгъэм къыщIиуIукIауэ зы усэ гуэри Алий иIэу сэ сщIэркъым. Абы иIэр и гущIэм къыщIиIуэнтIыкIащ. Аращ ар усакIуэшхуэ зыщIыр. Псом хуэмыдэжу, ар нахуэ щохъу «Къамботрэ Лацэрэ» и деж.

– Роман стхыну си мурадщи, материал зэхуэсхьэсыну сыкъежьащ, – жиIащ Юрий Николаевич.

– Дэ къыттеухуауи? – фIэхьэлэмэту щIэупщIащ Алий.

– Кавказым ис лъэпкъхэм, ауэ нэхъ зытеухуар – адыгэхэрщ.

– Ар гъуэзэджэщ… (а псалъэр Алий фIыуэ илъагъуу щытащ).

Алий адэкIи зыкъомым щIэупщIэну къыщIэкIынт, Юрий Николаевич япэ зыкъримыгъэщамэ:

– Алий, урыс усакIуэхэм хэт нэхъыфI дыдэу плъагъур?

– Лермонтовырщ, – занщIэу, куэд щIауэ а жэуапыр игъэхьэзыра хуэдэ, жиIащ Алий.

– Пушкиныр-щэ?

– Ари си жагъуэкъым, ауэ Лермонтовым пэсщIын щыIэкъым.

– Ар сыту?

– Абы хуэдэу бгырысхэр фIыуэ зыцIыху тхакIуэ дунейм тетакъым. Бгырысхэр дуней псом къытезышар, ахэр псоми езыгъэцIыхупар Лермонтовырщ. Бгырысым, адыгэхэм я гурыщIэри, я хьэлхэри, я хабзэхэри

абы хуэдэу тэмэму зыщIэ усакIуэ щыIакъым икIи щыIэкъым. Дэр дыдэм зытцIыхужыркъым Лермонтовым дыкъызэрицIыхуу щытам хуэдэу. Дэ абы къытхуищIам хуэдизи зыми къытхуищIакъым. Зы гъэ къэмынэу абы и хьэдэлъапэ диувэн хуейщ бгырысхэр, щхьэщэ хуэтщIу.

* * *

Гъэмахуэ шылэт. Алий сэрэ псым дыдэст зыдгъэпскIыу. Абы щыгъуэ Алий «Къамботрэ Лацэрэ» иухри игъэтIылъыжат. Абы ар и хьэлу щытащ: зыгуэр итха нэужь щигъэлът. Зыкъомрэ щигъэлъа нэужь, итхар къищтэжти, фIыуэ хэухьу, зэ быдэу щIэджыкIыжти итIанэ дунейм къытриутIыпщхьэт. «Къамботрэ Лацэрэ» иухауэ мис апхуэдэу игъэтIылъат.

Алий тхьэусыхэрт:

– СщIэркъым, зыгуэр поэмэм хуэныкъуэ хуэдэу си гум къызжеIэ.

– Сыт? – жытIэу деупщIа нэужь:

– СщIэркъым,– жиIэт.

А псыхъуэм дыщыдэса махуэми «Къамботрэ Лацэрэ» фIэкIа Iуэху диIакъым. Сэ жесIащ Алий:

– Уи лIыхъужьхэм я цIэхэр зэщхьщ – Махъэшокъуэ, Аслъэнокъуэ, Ашэжьокъуэ, Аслъэнышхуэ – абыхэм ущагъауэ, поэмэм ущеджэкIэ.

– Ар пэжщ, Iэмал имыIэу зэсхъуэкIынщ.

– ЗэпхъуэкIмэ нэхъыфIщ.

Ар жысIа къудейуэ, кхъухьлъатэ макъ зэхэтхащ. Алий псым хэлът, кхъухьлъатэм худэплъейуэ. Тэлай дэкIа нэужь, ар къыщылъэтри къэкIиящ:

– Къэзгъуэтащ, Къамбот пыIэ къыхуэзгъуэтащ...

Псым къыхэжри и кIэстумыр къипхъуэтащ, зыгуэр къилъыхъуэу. Къилъыхъуэр щимыгъуэтым:

– Къэрэндащ пIыгъ? – жиIэри къызэупщIащ.

Сэри къэрэндащ сIыгътэкъым.

– Къэрэндащрэ блокнотрэ умыIыгъыу тхакIуэ ухъун? Сысейр адрей кIэстумым къизнащ, - жиIащ Алий, абдеж дыдэм пшахъуэм тритхащ:

Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр.

Пшэм щыщакIуэу щытыгъакъым…

Сэ сыщIэпхъуэри ди ищхъэрэкIэ къыщыс артист ди цIыхугъэм къэрэндащрэ тхылъымпIэрэ къеIысхри Алий къыхуэсхьащ. Алий мывэ пIащIэшхуэ къищтэщ, абы тхылъымпIэр триубыдэри, хьэрф пIащэкIэ итхыу щIидзащ:

*Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр*
*Пшэм щыщакIуэу щытыгъакъым...*

Апхуэдэ щIыкIэу абы къигъуэтыгъащ «Къамботрэ Лацэрэ» хэзыгъэгъуазэ едзыгъуэр. Алий сыт щыгъуи, дэнэ дежи – усакIуэт, нэсауэ усакIуэшхуэт.

* * *

ЩыIэщ макъамэ, къыбдалъхуа хуэдэу, уигу имыхужу сыт щыгъуи уи гъусэу, уигъэбжьыфIэу, уигъэдахэу уи ныбжь псом къыдэкIуатэ. Апхуэдэщ Арсений Михайлович Авраамовым итхыжа адыгэ пшыналъэхэр, уэрэдхэр, къафэхэр.

ЩоджэнцIыкIу Алий сэрэ япэу Арсений Авраамовым дыщыхуэзар минрэ щибгъурэ щэщI гъэхэрщ. Дэ абы и цIэри и унэцIэри тщIэртэкъым,

псори абы зэреджэр «профессорт». Пэжт, Арсений Михайлович профессорым ещхьт. Ар езыр лIышхуэт, натIабгъуэт, хужь хъужауэ жьакIэ кIыхьышхуэ тетт, и щхьэцри кIыхьт, щIэныгъэлIхэм я щхьэцым хуэдэу и дамэм къытегъуалъхьэу.

ЖаIэт Авраамовыр профессорышхуэу, уеблэмэ Берлин дэт консерваторэм щригъэджауэ, къулыкъушхуэ IэщIэлъу Мэзкууи дэсауэ, езыри щалъхуар ди гъунэгъуу – Дон Iуфэ пэмыжыжьэу.

Арат дэ ар зэрытцIыхур. Ауэ куэдрэ уэрамхэм, бэзэрым, шхапIэхэм дыщыхуэзэрт, зи фэ теукъуеикIа хъумпIырэм илъ скрипкэр иIыгъыу, ипхъу цIыкIур и гъусэу.

Зэгуэрым, Алий дэрэ бэзэрым дытету, мыпхуэдэ хьэлэмэт дрихьэлIащ. Бэзэр гъунэм деж, выгу-шыгухэр зэхэтти, а лъэныкъуэмкIэ къиIукIащ адыгэ пшыналъэ гъуэзэджэ гуэр. Пшыналъэм зэреуэр скрипкэт. Ар гъэщIэгъуэн тщыхъури дунэтIащ абыкIэ. Дынэсмэ – адыгэ лIыжьхэм къаухъуреихьауэ езыр шыгукъум тесу, Авраамовыр щыст, скрипкэ еуэу, зэуэр нотэм иритхэжу.

Абдеж Арсений Михайлович зригъэщIащ адыгэ уэрэдищрэ къафитIрэ. ЛIыжьхэм къыжраIэ уэрэд-къафэхэр тIэу, я нэхъыбэу щэ фIэкIа емыдаIуэу скрипкэм кърищъэкIти, абы и ужькIэ итхыжт. ИгъащIэм дыхуэзатэкъым апхуэдизу псынщIэу икIи тэмэму адыгэ макъамэхэр зыубыдыф, а макъамэхэм я купщIэм апхуэдэу пкърыхьэф.

ЩоджэнцIыIкIу Алий хуабжьу фIыуэ илъагъут адыгэ уэрэдыжьхэр. Пэжщ, езы Алий уэрэд дахэу хужыIэу щытакъым, ауэ уэрэдыжь щIагъуэ щыIэтэкъым абы хэт едзыгъуэхэр имыщIэу, уэрэдыр къызытехъукIа Iуэхугъуэхэр къимыIуэтэжыфу. Абы къыхэкIкIэ дауэ хъунт ди усакIуэшхуэр Авраамовым ныбжьэгъу дыдэ хуэмыхъуу!

Алийрэ Авраамовымрэ икIэщIыпIэкIэ ныбжьэгъу зэхуэхъуащ. Авраамовым макъамэхэр, пшыналъэхэр гупсэхуу итхыф щхьэкIэ, а уэрэдпшыналъэхэм я мыхьэнэр, ахэр щIызэхалъхьар къыгурыIуэртэкъыми, Алий абы гуэдзэ гъуэзэджэ хуэхъуащ. Авраамовым макъамэхэр итхыу, Алий псалъэхэр щIитхэжу а тIур зэдэлэжьащ гъащIэм зэIэпихыхункIэ.

Арсений Авраамовыр цIыху гъуэзэджэт. Ди лъэпкъым и музыкэр дунейм къытехьэнымкIэ, абы зиужьынымкIэ лъэкI къигъэнакъым а лIым. ГъэщIэгъуэнырат, и гъащIэр адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэзакъхэм яхэту а лIыжьым ихьауэ къыпфIэщIт, апхуэдизкIэ ди пшыналъэхэм хуэшэрыуэти. Макъамэм и купщIэр дэнэ къэна, ежьум зэрызихъуэжри, тхьэкIумэм къыхуэмыубыду езы макъамэ дыдэм зэрызигъазэри къыхуэщIэрт Авраамовым.

Арсений Михайлович езыр дунейм зыхуей щыIэтэкъым зы унэ цIыкIурэ зы пианинэрэ, а и блэгущIэм щIэмыкIыу иIыгъ скрипкэм фIэкIа. Мылъку хущIэкъуу, ахъшэ къилэжьын папщIэ игу зыхуэмыкъабзэ пхуитхынутэкъым.

СощIэж, Къалмыкъ БетIал и унафэм ипкъ иткIэ, Авраамовым кърatащ унэшхуэ, пэшищу зэгуэту. Ар абы зы илъэс някъуи щIэсакъым, кърaтар игуэшыжащ. Зы пэшыр пшынауэ Къэжэр Индрис иритащ, адрейм уэрэджыIакIуэ Уэрэзей ТIалибрэ ТхьэицIыху НартщаIуэрэ щIигъэтIысхьащ, ещанэр и къуэм къыхуигъанэри, езыр Городокым дэт зы пэш цIыкIу дыдэм щIэтIысхьащ. А зыщIэтIысхьам зы гъуэлъыпIэрэ зы пианинэрэ фIэкIа щIэхуэтэкъым, зыгъэзапIэ хуиту щумыгъуэту зэвт.

Мис а пэш цIыкIум Алий кIуэрей хъуащ.

Зэгуэрым Алий къыжжеIэ:

– НакӀуэ ЛӀыжьым деж.

– Сыт щытщӀэн? – жысӀэу сыщеупщӀым:

– «Къызбрун» оперэ дыгъэщӀ жеӀэри сигъэпсэуркъым ЛӀыжьым, – къызжиӀэжащ.

Сэ ар тӀэкӀуи згъэщӀагъуэу, пцӀы хэмылъу, тӀэкӀуи ауан сщӀыуэ жысӀащ:

– Оперэ жыпӀа? ФыхущӀохьэ фэ! Хэт а оперэр зэвгъэгъэувынур? Япэ щӀыкӀэ шы къэщэхуи итӀанэ уанэм яужь ихьэ. Япэу театр зэвгъэпэщи, итӀанэ оперэ жыфӀэнщ.

Алий ар игу ирихьакъым.

– Дэ уанэкӀэ къыщӀыдодзэ. Уанэ диӀэ хъумэ, зытетлъхьэни къытхуагъуэтынщ. Тхьэ имыӀуамэ, ди дунейр цӀахуцӀэу къыдагъэкӀухьын? – къэгушыӀэ щӀыкӀэу, ауэ и фӀэщу къызжиӀащ Алий.

Алий зыгуэр мурад ищӀамэ, ар къемыхъулӀауэ увыӀэнутэкъыми, сэри зыри жысӀэжакъым, а зэманым оперэ зыгъэувыфын театр дэ зэрытхуэмыщӀынур сщӀэ пэтми. Ауэ Алий къызэрилъытэмкӀэ, театрыр зэфӀэгъэувэныратэкъым нэхъ Ӏуэху гугъур, атӀэ оперэ тхынырат. Абы мызэ-мытӀэу къызжиӀэу щытащ дэ ди театрыр лӀэужьыгъуэ куэду зэгуэтын хуейуэ, дэркӀэ драматическэ театрым нэхърэ музыкально-драматическэр нэхъыфӀу, сыту жыпӀэмэ, апхуэдэ театрым зэуэ зэщӀеӀэтэ лъэпкъым и музыкэри и драматургиери. Иджы абы согупсысыжри – Алий захуэу щытауэ къызолъытэ. Абы щыхьэт тохъуэ адрей лъэпкъхэу дэ тхуэдэу цӀыкӀухэм зэрагъэпэща музыкально-драматическэ театрхэм я музыкэмрэ я драматургиемрэ икъукӀэ къызэраӀэтар.

Авраамовым деж дыщӀыхьащ. ЛӀыжьыр пианинэм бгъэдэст, зыгуэрхэм еуэу, ар итхыжу. Нотэ итхахэр пианинэми, щхьэгъубжащхьэми, стӀолми тезт, унэ лъэгуми илът. Шейкъарэ дыдэ, упщӀыӀужауэ, щӀакхъуэ фӀыцӀэ Ӏыхьи и гъусэжу, шэнт щхьэгуэм тетт.

Авраамовым дыкъызэрилъагъуу къригъэжьащ.

– Андемыркъан щӀэт уэрэдым и макъамэм къикӀыр фщӀэрэ фэ? Зыкъом щӀащи сэ абы согупсыс. Дэнэ къыздикӀар жызоӀэ апхуэдизу шэщӀауэ, къарууфӀэу, зиукъуэдияуэ, лӀыгъэм хуэузэщӀауэ а макъамэ лъэщыр? ФщӀэрэ ар къыздикӀар?

ЛӀыжьыр къыщылъэтри и Ӏэшхуэр щӀихулыкӀащ, сэшхуэ иӀыгъыу атакэ кӀуэ хуэдэ.

– Мис мыращ! – жиӀащ абы гуфӀэжу. – Уэрэдым щӀэт макъыр шы кӀуэкӀэмрэ джатэ уэкӀэмрэ къытехъукӀыжащ. Макъамэм щӀэлъхьэжа ритмэм нахуэу уи нэгу къыщӀегъэувэ Андемыркъан и шы тесыкӀэр, абы и джатэуэкӀэр. Хьэлэмэткъэ ар?!

Зызумысыжынщи, Андемыркъан и уэрэдыр Ӏэджэрэ зэхэсхами, зэи си щхьэ къихьакъым Авраамовым жиӀэр. Си гугъэщ Алии апхуэдэ гукъэкӀ имыщӀауэ. Арауэ къыщӀэкӀынт Арсений Михайлович жиӀар хьэлэмэт щӀытщыхъуар.

– Сэ си мурадщ, – жиӀэрт адэкӀэ Арсений Михайлович, жьыфэ къытезыгъауэ нэбжьыц сырыхухэр хишурэ, – пщылӀхэм восстанэ къыщаӀэтым деж Андемыркъан и уэрэдыр къыхэздзэну, пщылӀ псоми жаӀэу. Ар оркестрымкӀэ щӀэпӀэтэжмэ, уи щхьэфэцыр зэщӀэтэджэнущ. Ауэ иджыпстукӀэ ди хорым жаӀэну уэрэдым зымащӀэкӀэ секӀэпэуащ, тӀэкӀу сыхэлэжьыхьыжащ. ФыкъедаӀуэт.

Авраамовым итхыжа уэрэдым сыщедаӀуэм, си нэгу къыщӀэуващ Андемыркъан, къыщӀэуващ нарту, щхьэмыгъазэу, бийм гъэзэгъуи яри-

мыту, итми щIэмыфыгъужу, уардэрэ щэджащэу, нэсауи адыгэлIу. Абы и теплъэри си нэгу щIэтт. Абы и щэнри слъагъу хуэдэт. СщIэркъым, ауэ абдежым къысфIэщIащ лIыгъэу ижьырейхэм яхэлъар Андемыркъан кIэралъхьауэ, абы «и шыфэлIыфэр» адыгэлIым щапхъэ хуэхъуауэ.

Сэ сщIэрт Андемыркъан дунейм зэрытетрэ илъэс щиплIым нэблэгъауи, къэнакъым абыи семыгупсысу. Зы илъэс закъуи тыншыгъуэ зимыIа лъэпкъым, зи дунейр Iэпщэрыбанэу, къэсыр къебгъэрыкIуэу, бэлыхьхэмыкIыу къезыхьэкIа лъэпкъым, и лIыхъужьым и уэрэдыр илъэсищэ бжыгъэкIэ имыгъэкIуэду, лъэхъэнэ бзаджэхэм химыгъэгъуащэу къыщихьэсыфакIэ – ар лъэпкъ узыншэщ, абы и лIыхъужьми, дауи, хуэфащэщ уэрэди, опери, пьеси, романи – жысIэт сигукIэ.

Сэ сеплъэкIащ Алий и дежкIэ.

Абы и Iупэхэр кIэзызт. И нэ гъуабжитIыр псыIэ къэхъуауэ, гупсысэшхуэм зэман жыжьэм хахьауэ щыст ар, зы нэщхъеягъуэ блэкIа гуэрым къагъэIэгъуауэ, а нэщхъеягъуэм пхрыплъу, абыкIэ мыарэзыуэ, дэуэн хьэзыру. Ауэ уеплъыпэмэ, – Алий и гущIэр зэзэмызэкIи зэщIэнэрти, – абы щыгъуэ и лъэпкъым и тхыдэм иригушхуэу, абы ирипагэу мащIэу нэIукIэ зыщIэхъуэпсыкIт. Апхуэдэ гурыщIэр абы къыщыпкърыуэм деж и Iупэ пIащIэхэр нэхъри нэхъ быдэжу зэтрикъузэрт, ауэ и нэкIу зэпэпсыгъуэм къуигъащIэт Алий и гущхьэр нэхъ нэху зэрыхъур, ар нэхъ жыджэру блэкIа зэманым и ужь зэриплъэр.

А зэман жыжьэм и макъыр къыхэIукI хуэдэ, Алий къыжиIащ, щIэгупсысыжу:

– Щхьэ умытхрэ Андемыркъан пьесэу?

Абы и гупсысэ хьэлъэхэр щхьэщысхын папщIэ:

– КуэдыIуэрэ мэзауэри, сценэм схуимыгъэзэгъэнкIэ сошынэ, – жысIащ.

– ЩIэдзэ уэ.

– Сеплъынкъэ.

Дэ дызытепсэлъыхьыр къищIа хуэдэ, Арсений Михайлович къыхидзащ:

– Iуэху гъуэзэджэщ. Ей, Андемыркъани! ЗанщIэу сценэм хуолъаIуэ. Оперэ гъуэзэджи драми хъунущ. Сэ алъандэрэ вжезмыIа щхьэкIэ, си лъакъуитI щIэзгъэхуауэ сыщыскъым, Андемыркъан и пшыналъэм сызэщIиубыдэпащи, жей сиIэжкъым, – жиIэт ЛIыжьым, – и гурыщIэр къызэщIэнауэ, къыщылъэтауэ и Iэхэр ину ищIурэ.

Абы и ужькIэ мазитI хуэдиз дэкIауэ музей бжэIупэм деж къыщытхуэзащ ЛIыжьыр. АдэкIи-мыдэкIи дигъэкIуакъым.

– ФынакIуэт, – епхъуащ ар Алий и кIэстум пщампIэм, – сэ зыгуэр зэхэзуцIырхъащи девгъэдаIуэт.

ДыкIуащ. ЛIыжьыр апхуэдизкIэ пIащIэрти, бжэм нэсатэкъым и плащыр щызыщидзам. ПсынщIэу пианинэм зритащ. И IэпкълъэпкъышхуэрIабы тегуплIэщIауэ, аслъэн пщэцу зэщIэкIа и щхьэцыр зэщIэбэтауэ, пшыналъэр зэм гуIэу, зэми Iэсэу, макъыфIэу зиублэщIыжу, зэми губжьауэ илърэ дызыщIэс пэш цIыкIур зэщIигъэзджызджэу еуэу хуежьащ.

Пшыналъэр зэриухыхэу, ар къыщылъэтащ, темыпыIэжу.

– Сэ къызолъытэ, – жиIащ абы, – Андемыркъан, Гуащэгъагъ, Лашын сымэ оперэ гъуэзэджэ къыхэпщIыкI хъуну.

– Нартхэр-щэ! Сосрыкъуэ, Сэтэней, Iэдииху, Бэдынокъуэ – сыт и уасэ ахэр театрым къыщыбгъэлъэгъуэну. Къызбрун-щэ? – еупщIащ абы Алий.

– Къызбруни? Мис ар нэсауэ оперэ бэлыхь хъун хуейщ. Сэ зыкъом стхащ. Ахэр япэ едзыгъуэхэщ, иджыри абыхэм хэӀэзэщӀыхьын хуейщ. Мис, фыкъедаӀуэт пщылӀхэм я гъыбзэм.

СтӀолым щызэтелъ нотэхэм хэпэщэщыхьри зы напитӀ–щы, зыкъом итхъыкӀыжауэ, зыкъоми итхэжауэ къыхихри, пианинэм аргуэру зритащ Арсений Михайлович.

Мыр зыгуэркӀи техьэтэкъым Андемыркъан и пшыналъэм. Мыр гъыбзэ ябгэу гум къищэӀукӀт, я тхьэмыщкӀагъэмрэ я насыпыншагъэмрэ пщылӀхэм ягъеижу. Хьэдагъэ макъамэт. Ауэ быдэу ущӀэдэӀукӀа нэужь, Ӏэмал имыӀэу зыхэпщӀэнут а гъыбзэм и щӀагъым, гуӀэгъуэм нэмыщӀ, къару ин зэрыщӀэлъри, мы гъыбзэм зиӀэтмэ, гущӀэр хигъахъуэу, лъэрымыхьым лъэщыгъуэ яриту, псори игъэгушхуэу зэрызэщӀэбэгъуэнури. А макъамэм и къарур къиумэ, пщыжь-уэркъыжьхэм я псэр хихым хуэдэт.

Ар зыхищӀауэ арами армырами сщӀэркъым, ауэ Алий гъыбзэм щедаӀуэм зэи и нэкӀум гуфӀэгъуэр икӀакъым, сэри ар гъэщӀэгъуэн сщымыхъуу къэнакъым. СеупщӀащ: «СлӀожь ущӀэгуфӀэр?» – жесӀэри.

А зэрыгуфӀэм хигъахъуэурэ, жиӀащ Алий:

– Ӏэзэщ угъурлыжьыр, икъу-икъужкӀэ Ӏэзэщ, – къэтэджри ЛӀыжьым и натӀэм ба хуищӀащ.

Арсений Михайлович ар хуабжьу и гум щӀыхьащ. Къэгушхуауэ, къызэщӀэнауэ къеплъ ар Алий.

– Сэ, – жиӀащ абы, – зы гущэкъу уэрэд зы фызыжь гуэрым сигъэтхати, псалъэхэр сщӀэжыркъым. Сыбгъэунат, Алий, адыгэ гущэкъу уэрэдым ещхьу зы усэ цӀыкӀу схуэптхатэмэ.

– И макъамэм зэ сегъэдаӀуэт.

– Иджыпсту. Ар сэ гукӀэ сощӀэ.

Арсений Михайлович хуэму пианинэм еуэу щӀидзащ, езыр и макъкӀэ дежьуужу. Макъамэм щыгъуазэ зэрыхуэхъуххэу, Алий абдеж здэщысым, гущэкъу уэрэдыр итхыу щӀидзащ. А махуэр ихьащ а уэрэдым. Ар иджы псоми фӀыуэ ящӀэ «Лэу-лэу-лэу, си мазэ натӀэ» жыхуиӀэ уэрэдырщ.

Арсений Михайлович «Къызбрун» щелэжь гъэхэм сэ сухащ тхын «Батыр и къуажэ» пьесэр. Ар зытепсэлъыхьыр граждан зауэрат. Пьесэр театрым щагъэувым музыкэ щӀалъхьэну мурад ящӀащ. А лэжьыгъэм къетшэлӀащ Авраамовыр. ТхьэмахуитӀ нэхъыбэ елэжьакъым ар увертюрэм. Ауэ езы Арсений Михайлович и гур мызагъэу Алий сэрэ дриджащ увертюрэм дригъэдэӀуэну. Езы ЛӀыжьым увертюрэм щӀэт макъамэхэр жьэкӀэ жиӀэу, увертюрэм и хэшэгъуэхэм пианинэмкӀэ еуэу дригъэдэӀуащ.

Еуэн иуха нэужь, Арсений Михайлович Алий зыхуигъазэри еупщӀащ:

– Дауэ къыпщыхъурэ?

– Мы Аскэрбий итха пьесэм, адыгэхэм нэмыщӀ, балъкъэрхэри, осетинхэри, урыси, къэзакъи хэтщ, – къригъэжьащ Алий. – Уэ уи увертюрэм адыгэ макъамэ фӀэкӀа зыри хэткъым. Ар, си гугъэмкӀэ, тэмэмкъым. Кавказым ис лъэпкъхэр зэбын-зэкъуэш ищӀащ Октябрь революцэм. Аращ «Батыр и къуажэм» и лъапсэр. Уи музыкэми ар лъапсэ хуэхъун хуейщ. Кавказым ис лъэпкъхэм я макъамэхэр зэщӀэжьыуэу, зэщӀэбатэу, зэрыӀыгъыу, зэрыӀэту пщӀымэ, музыкэр нэхъ лъэщи, нэхъ дахи зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

Арсений Михайлович Алий едаӀуэрт гупсэхуу, усакӀуэм къыжриӀэмкӀэ зэрыарэзыр къапщӀэу.

– Апхуэдиз лъэпкъхэм я макъамэхэр схузэгъэзэгъыну пIэрэ? – щIэупщIащ ар.

– Революцэм щыгъуэ езы лъэпкъхэр щызэзэгъакIэ, я макъамэхэри зэзэгъын хуейщ, Арсений Михайлович, – жиIащ Алий щIэгуфIыкIыжу.

– Сеплъынщ.

– Еплъ.

Абы и ужькIэ мазэ псокIэ ЛIыжьыр увертюрэм елэжьащ. Авраамовым дишэу абы дригъэдэIуа нэужьи, Алий къызжиIэгъащ гушыIэ хэмылъу, и фIэщу:

– Уэлэхьи, Аскэрбий, уи пьесэр хъумэ, музыкэр хъуамэ!

*1962 гъэ*

# *Алий хужаIахэм щыщхэр*

**НАЛО Жансэхъу**

ГУЛЪЫТЭ ХЭХА ЗЫХУЭФАЩЭ

Гулъытэ хэха хуэфащэщ зи усыгъэр налкъутналмэсу зэщIэпщIыпщIэ, зи усэбзэр макъамэ дахэу зэхэлъ, талант къулей зыбгъэдэлъ усакIуэ щIалэ ЩоджэнцIыкIум. Абы и усэхэр яподжэж нобэрей зэманым къигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм. И таланткIи, зэфIэкIыу бгъэдэлъымкIи Алий къахощхьэхукI нобэрей адыгэ усакIуэ псоми. Абы адыгэбзэм и къулеигъэ, и дахагъэ псори къызэригъэIурыщIэфым хуэдэу а къалэныр къызэхъулIэ яхэткъым ди тхакIуэхэм.

Къэбэрдей литературэм нобэ бжьыпэр щызыIыгъыр ЩоджэнцIыкIу Алийуэ зэрыщытым шэч хэлъкъым. Апхуэдабзэу шэч хэлъкъым ар адыгэ лирикэм и зэхэублакIуэуи зэрыщытым. ДяпэкIэ усакIуэм къыпэщылъ гъуэгуанэм, абы и творчествэм зэрызиужьыну щIыкIэм дыщыгъуазэкъым, ауэ нобэкIэ хьэкъыр хьэкъщ – Алий ди нэIэ тетын, дыхуэсакъыу, ди гулъытэм щыдмыгъэащIэу къэдгъэхъун хуейщ, сыту жыпIэмэ абы щIэдзапIэ дахэ иIэщ, а щIэдзапIэм зегъэузэщIын, зегъэукъуэдиин хуейщ.

*1934 гъ.*

**ТИХОНОВ Николай**

АЖАЛЫР ЩЫМЫIАМЭ…

ЩоджэнцIыкIу Алий и усыгъэхэр езы усакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэ хьэлъэм, къызыхэкIа лъэпкъым, къыдалъхуахэм я къекIуэкIыкIам я гъуджэщ. Алий цIыху зэпIэзэрытт, лIыгъэшхуэ зыхэлът, хьилымкIэ Алыхьыр зыхуэупсат. Аращ япэ дыдэ зи къалэмыпэм къыщIэкIар адыгэхэм я тхыдэм пэджэж, усыгъэу зэхэлъ роман гъуэзэджэр – «Къамботрэ Лацэрэ» фIэщыгъэр зиIэр.

Революцэм и пэкIэ адыгэхэр зэрыпсэуа щIыкIэм, ныбжьыщIитIым я лъагъуныгъэм ехьэлIауэ ЩоджэнцIыкIум итха «Мадинэ» поэмэри адыгэ литературэм и пхъуантэдэлъ мыкIуэдыжынхэм ящыщщ.

Къэбэрдейм и дыгъуасэми и нобэми хуэусэу зи гъащIэ мащIэр езыхьэкIа ЩоджэнцIыкIу Алий ищIэфыну, абы и лъэпкъыр тхыгъэщIэхэмкIэ куэдрэ игъэгуфIэфыну зэрыщытам ущIэмыупщIэт, ажалыр щIэхыIуэу

къылъэмыIэсыгъамэ. Ауэ, усакIуэм бийхэм IэщIаха псэ къабзэм адэкIэ пащэу, лъэпкъым къыхуэнащ абы и усыгъэ гъуэззэджэхэр.

**КIЫЩОКЪУЭ Алим**

ЗИ ЛЪЭРЫГЪЫПС ТIЫГЪА

Япэ зыщIам тIу ищIащ, жызыIа усакIуэшхуэм а Iуэхум щымыгъуазэу жиIакъым. Лъагъуэ пхышыныр IэджэкIэ нэхъ гугъущ, ар гъуэгужь хъуа нэужь урикIуэным нэхърэ. ЩоджэнцIыкIу Алий хиша лъагъуэращ дэ гъуэгушхуэ тхуэхъуауэ дызытетыр. ФIы къыдэхъулIэми, ди гур щыхэщIа къэхъуами, ди япэ ищам дыкIэлъопIащIэ, нэхъ тегушхуауи докIуэ, сыту жыпIэмэ гъуэгур къуейщIейми, гъуэгу мытыншми дощIэ, щыхупIэ иIэми, пэрытым игъэунэхуащ.

Алий и поэтическэ вагъуэр уафэ къабзэкъым къыщыщIэкIар. Дунейр кIагъэпшагъэ къудей мыхъуу, уафэ лъащIэр къызэщIэуфIыцIа зэпыту, уафэхъуэпскIыр жэщкIи махуэкIи къыхэлъэтыкIмэ, дунейр зэIыхьэнущ, жыпIэу укъыхигъэщтыкIыу щытащ. Ардыдэм дунейр тет зэпытурэ ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэр иухащ. Иджы усакIуэр щыпсэуа лъэхъэнэмрэ и поэзиемрэ зэхуэпхьмэ, дэтхэнэ зы усэми зэман гуащIэм и нагъыщэ телъщ. Ауэ нэхъыфIт, Алий фIыкIэ хуэупсэу ятха къомым усакIуэр абы хуэдизу политизировать ямыщIу ятхыгъатэмэ. Езы Алий хузэфIэкIар мащIэкъым, зыхэмыта Iуэху хэтащ жыпIэу птхын хуэдэу, и Iэдакъэ щIэкIами уаситI хуэбгъэувын хуейщ, япэ къищри лъагъуэ ди културэм щыхишащи.

**КУЛИЕВ Къайсын**

УСАКIУЭР УАХЪТЫНШЭ ЗЭРЫХЪУР

Илъэс плIыщIым нэблагъэ блэкIащ зауэм и жьапщэшхуэм къызэрыхичрэ усакIуэм и гъащIэ жыгыр – къуэпсхэри зэрыпыту; ауэ абы и усыгъэ жыгыр нобэми щытщ – зэрыщхъуантIэ дахэу, и къуэпсхэми нэхъри задз зэпыту, щIым нэхъри быдэу хэкIэу. Ауэ щыхъукIэ, усыгъэм и жыгым кIуэд иIэкъым – ар лIэщIыгъуэхэм дэгъагъэу, дэщIэращIэу гъащIэм догъуэгурыкIуэ. Дэтхэнэ зы тхакIуэшхуэми и псэм е ерухэр нэхъ тыншу къобгъэрыкIуэф, абы и тхылъхэм я псэм нэхърэ. УсакIуэхэр малIэри йожьэж, ауэ абыхэм къагъэщIа усыгъэхэр псэууэ дунейм къытонэ. Мис апхуэдэхэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Алий.

Алий фIыуэ сцIыхуу щытащ икIи ар фIыуэ сощIэж. Ар цIыху къызэрыгуэкIт, и дуней тетыкIэри апхуэдэт – адрейхэм закъыхигъэщхьэхукIыну, закъыхигъэфIыкIыну пылътэкъым. Езым къуаншагъэ зэримылэжьынур, цIыхум лей зэрыримыхынур хьэкъыу пхыкIати, и щхьэм и пщIэр ищIэжт. Абы тегушхуэгъуафIэ зыуигъэщIынутэкъым, лей епхыуи къыпхуидэнутэкъым. Ар цIыхуитIу зэхэт хуэдэт: мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIрэ усакIуэшхуэу. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, аитIури дэгъуэу щызэзэгът а зы лIым и деж. КъыфIэбгъэкIмэ, зым зыр диIыгъ, аитIур зэкIэрыпч мыхъун хуэдэт. Шэч къытесхьэркъым, фIыуэ зэрытхэу щытам хуэдабзэу, ар пхъэIэщэжьыфIи лэгъупэжьыфIи хъуну зэрыщытам – гу къабзэрэ псэ къабзэрэ зиIэ цIыхур сыт хуэдэ IэнатIэми хьэлэлу бгъэдэтщ.

Алий усакIуэ зыщIар абы и лъахэмрэ и анэдэлъхубзэмрэ яхуиIа лъагъуныгъэшхуэращ. АитIум яхуиIэ лъагъуныгъэм кIэ имыгъуэту, аитIум гу ящимыхуэу езы усакIуэр дунейм ехыжащ. Фашистхэр ди хэкум къы-

щебгъэрыкӀуэм, ди унагъуэхэм, ди бынхэм шынагъуэр къащылъысым, усакӀуэр и пӀэм исыфакъым – ди лъахэ дахэм, и анэдэлъхубзэм яхуиӀэ лъагъуныгъэр ихъумэн, ар хэутэн яримыгъэщӀын папщӀэ усакӀуэр зауэм макӀуэ...

Щоджэнцӏыкӏу Алий ящыщщ ди щэнхабзэм куэд хуэзылэжьыфа тхакӀуэхэм. Адыгэ, балъкъэр усакӀуэхэм Алий куэд къытхуищӀащ – абы и деж дыщеджащ, ар ди ущиякӀуэу, гъэсакӀуэу диӀащ. Дригушхуэ хъунущ а цӀыхушхуэм, усакӀуэ гъуэзэджэм дигъэныбжьэгъуу, дигъэгушхуэу къызэрытхэтам. Усыгъэм щытча ди япэ лъэбакъуэхэр къыдэхъулӀауэ щытмэ, псом япэрауэ, абыкӀэ фӀыщӀэр зейр Щоджэнцӏыкӏу Алийщ. Аркъудейкъым – абы дыдэплъейрт, ар ди щапхъэт цӀыху хуэдэ цӀыхуу дунейм дытетын папщӀэ. Абы и хьэл-щэн дахэр и тхылъ телъыджэхэми къахэнащ.

УсакӀуэр зауэ щыблэм иукӀащ, ауэ абы и усыгъэр къэнащ – зэпымычу ежэх псы къабзэу. Ар нэхъ кӀащхъэ, нэхъ фӀей хъуркъым. А псы щхьэфэ къабзэм нуру къытощ ди къурш щхьэхухэм я ныбжьри, ди уафэ къащхъуэри, ди щӀылъэ щхъуантӀэри. Алий и творчествэр адыгэ усыгъэм и псынэ мыкӀуэщӀыжщ. И лъэпкъым абы хуиӀа лъагъуныгъэрщ усакӀуэшхуэр уахътыншэ зыщӀар.

*1983 гъ.*

**ИНБЕР Верэ**

## ЛЪЭПКЪЫМ И УСАКӀУЭШХУЭ

Абы къыщӀэна тхыгъэхэр зыбгъэдэлъыр усакӀуэр къэзылъхуа лъэпкъым и закъуэкъым – ахэр я зэдай хъуащ къэралыгъуэшхуэм ис псоми. Щоджэнцӏыкӏу Алий сыт щыгъуи жыжьаплъэт, абы и гупсысэхэм къэухьышхуэ яӀэт: урысхэм, дунейм тет лъэпкъ псоми я щэнхабзэм щыгъуазэ зищӀу, ар езым и творчествэми къыщигъэсэбэпу зэрыщытар холъагъуэ усакӀуэм и тхыгъэ нэхъыфӀхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщӀэ, ЩоджэнцӀыкӀум и «Къамботрэ Лацэрэ» поэмэр. Мыр, къыфӀэбгъэкӀмэ, поэмэкъым – усэу тха романщ. Литературэм и жанр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ усэу зэхэлъ роман нэсщ. Ар зытхам Ӏэзагъэ ин, зэфӀэкӀышхуэ зэрыбгъэдэлъар нэрылъагъущ. ЖыпӀэ хъунущ ар адыгэхэм я тхыдэм и гъуджэу. Апхуэдэ тхыгъэ гъуэзэджэ зи Ӏэдакъэ къыщӀэкӀынкӀэ хъунур зи лъэпкъым и дыгъуасэми и нобэми фӀыуэ щыгъуазэ, гууз, лыуз зиӀэ усакӀуэшхуэращ.

**ГОФФЕНШЕФЕР Вениамин**

## ЛЪАГЪУЭЩӀЭ ХЭЗЫША

ЕгъэджакӀуэ, газетым и лэжьакӀуэ, цӀыхубэр гъащӀэщӀэм къыхуэгъэушыным къыхуезыджэ усэ жыгъырухэм я автор – мис апхуэдэ гъуэгуанэр къызэпичащ Щоджэнцӏыкӏу Алий эпическэ поэмэшхуэхэм зарипщытыным и пэкӀэ. Ауэ а псори зэпыщӀат тхакӀуэр гъащӀэм жыджэру зэрыхэтымкӀэ, ар и лъэпкъым гурэ псэкӀэ зэрыхуэлажьэмкӀэ.

Абы и усыгъэм къигъэхъуапӀэ нэхъыщхьэ хуэхъуа езы гъащӀэм нэмыщӀ, Алий тегъэщӀапӀэ, хэкӀыпӀэ ищӀырт усакӀуэр къызыхэкӀа лъэпкъым и ӀуэрыӀуатэ телъыджэри, урыс, дунейпсо литературэхэм зыӀэрагъэхьа ехъулӀэныгъэхэри. КъимыдэкӀэ, Алий иӀэт узыдэплъеин, узыщеджэн

– адыгэ джэгуакIуэ Iущхэм я деж къыщыщIэдзауэ цIыхубэм я усакIуэшхуэ ПащIэ Бэчмырзэк Iэ иухыжу. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр хыболъагъуэ усыгъэу зэхэлъ абы и роман цIэрыIуэ «Къамботрэ Лацэрэ» щитхым бэм я лъэныкъуэу, я уэчылу джэгуакIуэм и образри зэрыхигъэхьами.

Зыужьыныгъэшхуэ зыгъуэта литературэхэм я ехъулIэныгъэхэм, псалъэм папщIэ, Лермонтовым и «Демоным», бзылъхугъэхэм ятеухуауэ Некрасовым итха поэмэхэм, Шевченкэ и «Катеринэ» поэмэм пэджэжу къыпщохъу Щоджэнц Iык Iу Алий и «Мадинэ» тхыгъэ цIэрыIуэр.

Щоджэнц Iык Iу Алий и творчествэм кууүэ щыгъуазэ зыпщIа нэужь, гурыIуэгъуэ къыпщохъу: аращ и зэхэублакIуэр нобэ лIыпIэ иува, зыужьыныгъэшхуэ зыгъуэта адыгэ литературэм. Аращ абы и пщIэр щIэмыкIуэдри.

**КАПИЕВЭ Наталье**

АР НЭСАУЭ ЦIЫХУБЭ ТХАКIУЭТ

Москва дэт тхылъ тедзапIэ «Советский писатель» жыхуиIэм нэгъабэ (1949 гъ.) къыщыдэкIащ Щоджэнц Iык Iу Алий и поэмищ, Липкин Семен зэридзэкIауэ, зэрыт тхылъ. Къэбэрдей литературэм и классик, нэсауэ цIыхубэ тхакIуэ, къыпхуэмылъытэным хуэдизу Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ Щоджэнц Iык Iум и творчествэм тхылъеджэ мелуан бжыгъэхэр щыгъуазэ хъун папщIэ иджыщ япэ дыдэу апхуэдэ тхылъ дунейм къыщытехьар. Абы итщ усакIуэм и тхыгъэ гъуэзэджэхэу «Къамботрэ Лацэрэ», «Мадинэ», «НыбжьыщIэ хахуэ» жыхуиIэхэр. Абыхэм къызэщIаубыдэ епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ етIощIанэри къыхиубыдэу Къэбэрдейм щекIуэкIа Iуэху куэд. Убж хъунущ ахэр адыгэ гъащIэм и тхыдэм щыщ Iыхьэ куэд къызэрыщыж гъуджэу.

Щоджэнц Iык Iум и творчествэр цIыхубэ гъащIэм и тхыдэу зэрыщытым щыхьэт тохъуэ усакIуэм бгъэдэлъа Iэзагъэшхуэри, и зэфIэкI инри, абы къищтэ темэхэм я зэпкърыхыкIэри, ахэр икъукIэ IэкIуэлъакIуэу къызэригъэсэбэпа щIыкIэри.

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий

# Мадинэ

*Поэмэ*

## I

**Жыгхэр гъэгъати, епэрхэр**
**Пщэдджыжь уэмым зэрихьэрт,**
**Жыгыщхьэ бзухэм я усэр**
**Махуэ щIэращIэм и пшынэт.**
**Унэм и гупэкIэ кIарц жьауэм,**
**Шэнт лъахъшэм тесу, Мадинэ**
**ДжанэщIэ схуиду, сыгуфIэу,**
**ЩIэст, си гухэхъуэр иIэту.**
**СощIэж - Мадинэ и набдзэр**
**МазэщIэм хуэдэу къурашэу,**

**Пшэкlухьым ещхьу щхьэц фlыцlэм
Напэхум жьауэ тырищlэу…
Сырымэ щlэлъу къыпфlэщlу
Нэ фlыцlэ пlащэхэр лыдыжырт,
Щыгъэхум ещхьу щынэдзэр
lупэ плъыжь пlащlэм къыlущырт.
Зекlуэу щыплъагъукlэ, а дахэм
Псы хуэм ес къазу уlуплъэт,
Къопсалъэ щыхъукlэ, и макъыр
Жэнэтбзу усэу уедаlуэт.
Бэвыкъуэ и адэу Умарым
Дунейуэ иlэр Мадинэт,
Бгъэныщхьэ унэм щlыхьэжмэ,
И пщащэ пажэм дэгуфlэрт.
Унэ лъэбышэу пкъы лъахъшэм
Бланэ шыр щlыфэр и вагъуэт,
И анэу Дадусэм гурыгъухэр,
И пщащэм еплъмэ, текlыжхэрт.
Дахэ сурэтыр арыххэу,
Тхьэмыщкlэ пщащэми, ягъафlэрт,
Зыхагъэфlыкlыр шеипсми,
Ар гугъэ гуэрым дэбжьыфlэрт:
Илъэс зыщыплlым ихьащи,
Заур Мадинэр и плъапlэщ,
Гъунэгъу-жэрэгъухэм къыдащlэу
А зэпсэгъуитlыр зэгуапэщ.
Мадинэ и анэр щыгъуазэу
Заур а дахэм къоубзэ,
Защиунэгъуэджэурэ а щlалэр
Гъатхэ пщыхьэщхьэхэм къахуокlуэ.
Ахэр насыпым хуэгуфlэу,
Фlыгъуэ къэкlуэнухэм хуэпlащlэу,
Пщlыхь илъэгъуахэр Мадинэ
Заур фlэфlыпсу хуеlуатэ.
Дахэ бжьо плъыфэу Мадинэр
Дуней lэфlыгъуэм ныпоплъэ,
Зыпылъ и псэгъур, lэрылъхьэу
И фlэщ хъупащи, мэгуфlэ.**

* * *

**Хеищэ цlыкlуу а пщащэр
Фlыгъуэр и пщlыхьу мэжей,**

Ауэ, къимыщІэурэ, тхьэмыщкІэр
И анэ Дадусэм къегъей.
Мадинэ ищІэркъым: анэшым
Абы и фІэфІыр екъутэ,
Шэнтжьей зэрысым и къуапэм
ІэштІымкІэ еуэу мэшхыдэ:
«Сыт факъырэкъуэм бэлыхьу
Фэ дэфлъэгъуахэр? КъызжефІэт!
Уасэ щІэвмыхыу мы фи пхъур
Ауэ ефтыну фыщІещэр?
Абы нэхъ къабзэ ди къуажэ
Зы цІыхубз закъуи щалъхуакъым,
Факъырэжь унэу Заурым
Фэ ар ефтыныр фхуэздэнкъым.
Сэ хуит сыкъэфщІмэ, пхъурылъхур
Хуэфащэ унэ естынщ.
Пылыжь Мудархэ я щІалэр —
Унагъуэ бейщи - нэхъ хъунщ».
Мадинэ и анэ Дадусэр
Къасым и псалъэм щедаІуэм,
Іулъхьэ щыгугъыу и дэлъхур
Пылхэ я телъхьэу къыщищІэм:
«Сыт, на-а... гуІэгъуэ, къыупсэлъыр?
ЩІалэ зыфІэпщыр си ныбжьи,
Дыкъыщамышэм джэгу хэту,
Дэ зэдмыпэсу къэсаи.
Апхуэдэ щІалэм Мадинэ
Нобэ ептынумэ, ирелІэ,
А плІэухуэжьым и мылъкум
КъысхуищІэжынми сыхулІэ».
Къасым, и шыпхъур щыпсалъэм,
Къыщолъэтыжри мэдалъэ,
Къалъимыхьэну щиІуэжу,
Мыхэр и шыпхъум жыреІэ:
«Сыт пхуэмыгъуэтыр, факъырэм,
Уи пхъум псэуфхэр къылъыхъумэ.
Хъыданыжь вакъэу къэсахэм
МэфІ фщызгъэуну сыхэтмэ?
Захуэщ, хъыджэбзыр уэ уипхъущ,
Уэ дэлъху унафи ухуейкъым,
Жылэм щІэмыхьэу Заури
Уэ малъхъэ пщІыкІи утхъэнкъым.

**Сощlэ уи lуэхур зыlутыр:**
**Лlыбэч Заурыр уэ зошэ,**
**Зеиншэ благъэ тхуэпщlыну,**
**Насыпыншагъэмкlэ зогъабэ!**
**Хъунщ… Уфlэфl дыдэр лэжьыж,**
**Къихьэ симылэу сокlыж,**
**Благъи жэрэгъуи уимылэу**
**Узэрыпсэуми еплъыж!»**
**Къигъэубзэну и анэшым**
**Зырилуэнтlыхьурэ зелэжьэ,**
**И адэр и щхьэфэм епlэстхъыу**
**Къыщылъэтащи мэлъаlуэ:**
**«Цlыхубз и псалъэм уедаlуэу,**
**Къасым, угусэмэ, емыкlущ,**
**Сэ ныбжеслэнум щlэдэlуи**
**lуэху дыухынщи нэхъыфlщ».**
**Лlы гъум турыкъыр зыхуейри**
**Арти, пащlагъуэр еlуантlэ,**
**Уасэ хуащlыну Мадинэм,**
**И адэм и жагъуэми, мэдаlуэ.**

* * *

**Губгъуэ тхьэрыкъуэм lуэху зекlуэр**
**Зэхимыщlыкlыурэ мэзежэ,**
**Жеймэ пщlыхьэплэу и нэгум**
**Щlэкlхэм дэгушхуэурэ мэгуфlэ.**
**Дахэ сурэту Мадинэ**
**Дунейм щыхуиту и гугъэщ,**
**Щlалэгъуэ хадэм щыгъагъэу**
**Гъатхэ епэруи щlэращlэщ.**
**Хеищэ цlыкlуу тхьэмыщкlэр**
**Фlыгъуэм егугъэурэ зегъафlэ,**
**Гуфlэгъуэ махуэм ныпэплъэу,**
**Заур лъыхъуным хуопlащlэ.**
**Гугъэм и пщlащэхэр лъэлъэну**
**А дахэ шырыр хуеякъым,**
**Фlылъагъуныгъэм и lэфlыр**
**Дыдж къыщащlынуи ищlакъым.**

**II**

**Пщэдджыжь дыгъэр уафэгум**
**Къимыхьэпауэ гъуэзыфэт,**
**Дыщафэм ещхьу уэсэпсыр**

**ПщIантIэ удз щхъуантIэм и щыгъэт.**
**Джэрий ныкъуэтхъур а махуэм**
**Гъунэгъу лэгъунэм щохьэщIэ,**
**ЩIалэ хъужауэ и гугъэу,**
**Мадинэ дахэм къыпоплъэ.**
**Зыри тхьэмыщкIэм имыщIэу**
**Къасым и псалъэкIэ зехуапэ,**
**Напэ мазэгъуэр лыдыжу**
**Псэлъыхъу щIалэжьым ныхуокIуэ.**
**Жьындуужь набдзэу щIалэжьыр**
**ХэщэтыкIыжурэ мэпсалъэ,**
**Чэсейр зи щIыфэу тхьэрыкъуэр**
**ЩыкъункIэ ишэным хуопIащIэ.**
**ЩIэ зищIыжыну псэлъыхъум**
**Напэ зэлъахэр еIуэт,**
**Уасэ щIитынухэр и куэдщи,**
**НапщIэ кIырыжьхэр холъэт,**
**Тхьэрыкъуэ пщэхуу дахащэр**
**Пылыжь Джэриймэ ищтащ,**
**Уасэр ебэкIыу щыриткIэ,**
**Ар и Iэрылъхьэуи гугъащ.**
**Напэ мазэгъуэм и жьауэу**
**Данагъуэ щхьэцым еплъащ,**
**Сурэт дахащэу Мадинэм**
**«Уасэ хуэфащи» хуищIащ.**
**Лэгъунэ хьэщIэр псэлъыхъуу**
**Мадинэ цIыкIум ищIакъым,**
**Апхуэдэ щIалэр тхьэмыщкIэм**
**Хуагъэфэщэнуи гугъакъым.**
**Щауэм и Iуэхур уващи,**
**Гъатхэ къэрабэр пичынущ,**
**Пщащэр а махуэм «хьэпшыпти»,**
**УасэфI къыратмэ IукIынущ.**
**Сыту тхьэмыщкIэт Мадинэ:**
**ФIыуэ илъагъум IэщIокI,**
**ЩIалэ набдзапцIэу Заурым**
**Хеищэ цIыкIур пагъэкI.**

* * *

**Гуэншэрыкъ гъурыр иIуэту**
**Умар гупсысэу здэщысым,**
**Дадусэ дыжэу жьэгу пащхьэм**

**Къыригъэгъыхыу здыдэсым, -**
**Бжьыхьэ жэп гуащІэм и розэу**
**Фагъуэу Мадинэ къыщІохьэ.**
**Зэрахьэ Іуэхур ищІащи,**
**Игу пІащІэ тІэкІур золъатэ.**
**А зы сыхьэтым Дадусэм**
**И хъыджэбз пажэр щилъагъум,**
**Удз гъэгъагъэщІэу а дахэу**
**Жьым фІыпихынум щеплъыжым,**
**Мыпсэлъэжыфу, хуимыту,**
**Іупэ гъущІахэр фІызолъэ,**
**И пщащэ цІыкІур зыпылъым**
**Зэрыхуэмызэм топыхьэ.**
**И анэр щІэпыхьэр Мадини**
**ІупщІу ищІапэркъым, нэщхъейщ,**
**Ар щІэупщІэнуми, щтэщащи...**
**Зэхихми фІэфІкъым... - мэшынэ.**

* * *

**Мис а пщыхьэщхьэм щэху дыдэу**
**Мадинэр и анэм ирёджэ,**
**И анэш Къэсыму бзаджэжьым**
**Къапиубыдахэри жыреІэ.**
**Іуэхур шынагъуэти, а дахэр**
**МыукІытэжыххэу мэпсалъэ,**
**НэкІуплъ фэяхэм нэпс хуабэр**
**Къыригъэжэхыурэ мыр жеІэ:**
**«Анэшхэм си адэм и ныбжьым**
**Щхьэ сыратыну жаІэххэт?**
**Псом хуэмыдэжу си адэр**
**Щхьэ а бзаджэжьхэм едаІуэт?..**
**«Динэ» къызжиІэурэ сигъафІэу**
**ФІыуэ силъагъуу щытати,**
**Сэ сыфІэмыфІым былымкІэ**
**Сыримытынуи жиІати.**
**Дисэ, уи бгъафэм сыщІэлъу**
**ЦІыкІуу супІакъэ... схуэдзыхэ,**
**Сэ хей тхьэмыщкІэр былымкІэ**
**Къэсым сищэнри хуумыдэ.**
**Пыл Джэрииижьым сыратмэ,**
**СымыпсэункІэ... си тобэщ,**
**Дыщэ лэгъунэ схуигъэжми,**

Сыщ1эмыхьэнк1э си псалъэщ.
Сымыук1ытэжу бжызо1э,
Дисэ, сэ си псэр Заурщ,
Си дуней гъащ1эм и к1уэц1к1э
Ар сэ си дежк1э пэрытщ».

* * *

Дахэ щ1эращ1эм и псалъэм
Дадусэу и анэр щеда1уэм,
А 1уэхур ящ1ами, Мадинэр
Ц1ыху дэмыхъуну къыщищ1эм:
«Захуэщ, си т1асэ, уф1эф1ым,
Щ1эк1и дэк1уасэ... сыгъусэщ,
Уи псэм щищ1асэк1э Заурым
1уэху епщ1ыл1эну си гуапэщ.
Сэ саук1ыжми, убынщи,
Уи псэуныгъэр си махуэщ,
Дыщэ упыхьэу къыпщ1ахыр
Сымылъагъунри гуф1эгъуэщ».
Ар щызэхихым, Мадинэм
И нэщхъеягъуэр ток1уэт,
Мазэ изыгъуэу нэк1ухум
Пшагъуэу техьахэр е1эт.
Жэщыр ф1ы дыдэу к1уэтауэ,
Щэхуу Дадусэр ныщ1ок1ыр,
Гъунэгъум мак1уэри Лалинэр
Мадинэ ц1ык1ум къыхуешэ.

* * *

Зэныбжьэгъуит1ым я закъуэщ,
Гукъеуэр нобэк1э зэхуэдэщ,
1уэху щэху зэрахьэр къадэхъумэ,
Лалинэ дежк1и гуф1эгъуэщ.
Мадинэ дахэр арыххэу
Хэщэтык1ыжу мэлъа1уэ,
Т1эк1у хуэп1эщ1э1уэу, Лалинэм
Заур хуеджэнуи жыре1э.
Ныбжьэгъу хьэлэлу Лалинэр
1уэхум хуэжану псэлъащ;
Нэхулъэ хъумэ, хъыбарыр
Иригъэщ1эну жи1ащ.

* * *

Ауэ Мадинэ зыхэтыр
Къасым къыщIащи йоплъакIуэ,
Iулъхьэ щыгугъыу анэшыр,
Бзаджэ хужиIэурэ, мэшхыдэ,
Шыпэрыт уасэм щIонэцIыр,
ПцIы мин иупсурэ лIы гъумыр
Пылыжь Джэрийхэ ныщотхъур.
Ауэ Дадусэм Мадинэр
ФIэмыфI етыныр имыдэ:
«И адэр тхьэмыщкIэми, къыхуэдэщ –
Заур дэкIуэныр нэхъ къэщтэ».
Ар Къасымыжьым ищIащи,
Iэмал бзаджэжьхэр зэхелъхьэ,
Iуэхур зэфIэкIыу щымытмэ,
Я щхьэр кIуэдынуи жыреIэ.

III

Гъэмахуэ жэщу мазэншэм
Заур жыг хадэм къоувэ,
Уардэ сурэту, щIыкIафIэу
Мадинэ цIыкIум щопсалъэ.
ФIылъагъуныгъэу чэф гуащIэм
А ныбжьыщIитIыр хыхьащ,
Ятелъ бэлыхьхэр тедзыным
Iэмал хуаухуэу щIадзащ.

* * *

Ауэ Къасымыр а жэщым
Пащтыхь жандармэу мэщакIуэ,
ЗэгуэкIуаитIым бзаджэжьым
Шэр яхидзэным хуолажьэ.
Жыгым здыщIэтхэм а цIыкIухэм
Iуэху щэху зэрахьэр къищIащ,
Унэм щIыхьэжри бзаджэжьыр
Ди адэ Умарым фIэнащ:
«Фэ бзаджэнаджэхэм бзылъхугъэм
Нэмыс иIыгъыу фхъумэнт?
Дунейм тетыфхэм я унэ
Фэ фипхъу естынуи екIунт?
Мес, фи Мадинэр жыг щIагъым
Щызэралъафэу яIыгъщ,

Благъэ къэфщIыну фи гугъэм
Ар нэмысыншэу дэщIыгъущ!» -
ЖиIэу Къасымым хеитIым
И жьэм къихь фIейхэр хужеIэ,
Ятемылъыххэхэр тырилъхьэу,
Бэлыхь хидзэнущи, мэубэ.
Умар къогубжьри арыххэу
Гурыщхъуэ бзаджэр нахуещI,
ЩIыбым ныщIожри Заурым
Жьэм къемыкIуэнхэмкIэ гу хуещI,
Заур укIытэри, жыг Iувым
ЗыхигъэкIуадэри кIуэжащ.
ПцIыкIэ жэкъуауэ Умарыр
Мадинэ цIыкIум хуилъащ:
«Хьэмэ къилъхуауэ щэныншэ,
Хэт си шыгъуэгум къипшар?
Игъуэ нэмысу кIуэдыным
Сыт напэншагъэ бублар?»
ЩхьэцкIэ иIыгъыу лажьэншэр
Унэм, пыхьэжу, къешэж,
Пэшыжь кIыфI зэвым ныщIедзэ,
Бжэр егъэбыдэри къокIуэж.

* * *

Си сабиигъуэм Мадинэ
И Iэплlэр гущэу сипIат,
И пIэм сыхэлъу шыпсэфIкIэ
Сыхигъэжаеу щытат.
ШкIэ псы езгъафэрэ къэсхужмэ,
Япэ Мадинэ къысщытхъут,
Гъунэгъум кIуарэ къэкIуэжмэ,
ГуфIэу сэ Iэплlэ къысхуищIт.
Сыт фIыуэ слъагъур пэш нэщIым
Гъыуэ и закъуэ щIыщIэсыр?
Сыныбгъэдыхьэурэ сеплъыхукIэ,
СызэщIиубыдэурэ щIэгъуэгыр?
Сымаджэ хъуауэ тхьэмыщкIэр
КъысхуэгумащIэу ара,
Е нанэ, дадэ къешхыдэу

**Игу хагъэщIауэ ара?**
**СхузэхэщIыкIкъым и лажьэр...**
**Нанэ Пылыжьхэ яхобгэ,**
**Дади нэщхъейуэ жыхафэм,**
**Шэнт лъахъшэм тесу, щощатэ.**

* * *

**Сэ а зэманым сщIэфакъым**
**Си шыпхъу Мадинэр щIэгъэрыр,**
**ЗылъэмыкI адэри хуимыту,**
**И щхьэр фIэхуауэ щIеплъыхыр.**
**Къасым, хъумакIуэщи, ди унэм**
**Iэщэ иIыгъыу щызокIуэ,**
**ПцIы къытыралъхьэри Заурыр**
**ЯгъэтIысакIэщ дыгъуасэ.**
**Къасым хэщтыкIи иIэжкъым;**
**ХьэщIэм япэплъэу уващ,**
**Ныш ягъэвэным хуэпIащIэу –**
**Унэр зэрихуэу хуежьащ.**

* * *

**Иджы ди пщIантIэм гупышхуэу**
**ХьэщIэ жьакIащхъуэхэр къыдохьэ,**
**Пщыхьэщхьэ уэму бэмпIэгъуэм**
**Пщащэ тхьэмыщкIэр етхьэлэ.**
**Къунажын щIыкIэу а пщащэм**
**Усэ хуащIыну зэхуос,**
**Молэ пэ кIыхьри нэпсейуэ**
**Нэчыхь итхыну къагъэс.**
**«Зи къурIэн лъапIэ седжауэ», -**
**ЖиIэу молэжьым къыщIедзэ,**
**Уэрэд едзыгъуэхэм емыщхьу,**
**Ежьу задищIурэ мэпIащIэ.**
**Ар, зэзэмызи дыхьэшхыу,**
**Лъапэм хуеплъыхыури зыкъещI,**
**И нэчыхь тхыпщIэр къамыщIэу**
**Зэрыкуэдыным зыхуещI.**
**«Си нэчыхь тхыпщIэр - алащэщ,**
**ИкIэ къихуауэ стхыфынкъым,**
**Пылыжь Мудархэ зы ныси**

Мадинэ хуэдэу къашэнкъым». –
Молэ пэ кIыхьыр гупсысэу
Къасым хуеплъэкIыурэ мэгуфIэ,
«ФIыгъуэкIэ» хъуахъуэурэ бзаджэжьыр
Iуэхур ухыным хуобанэ.
Мадинэ дахэу тхьэмыщкIэм
ДэIэпыкъуэгъухэр и мащIэщ,
Пасэрей хабзэм цIыхубзхэу
ЗыIэщIилъхьахэм нэхъ ящхьэщ.

* * *

Псэншэ хьэпшыпу анэшым
Иригъэхьынуи иIуащ.
«Хъункъым» - Мадинэр хьэрэмкIэ
ДэмыкIуэххэну уващ.
Шыжь, выжь сатухэр Мадинэм
КъемыупщIыххэу ныхуащIыр,
И гъащIэ тIэкIур хьэзабу...
ЛIэхун и пIалъэу, яухыр.
ЕмыкIугъакъым а махуэм
Пхъухэр былымкIэ ящэныр,
Куэду нэщхъыфIэу уэрамхэм
Шы пэрыт уасэкIэ дэтыныр!

* * *

Сэ сабий закъуэрт Мадинэ
Гъусэу иIэжыр а жэщым,
ЩIопщыр Къасымым щиIэткIэ,
Гъуэгыу зезыдзыр а пщащэм.

* * *

Къэрабэ плъыфэу щхьэцышхуэр
Мазэу и напэм и жьауэщ,
Уардэ сурэту Мадинэр
Унэ кIыфI зэвым и вагъуэщ.
Гъэмахуэ бзухэм я усэм
Ар щIэдэIуным пыкIащ,
Бжьыхьэ мэл бацэу и щхьэцыр
ЗэхэпцIэжауи къэнащ.

**ЛІы бей къапхъэным щыгъэрщи,**
**И хуитыныгъэр Іахащ,**
**ЩІалэгъуэ хадэм щитахэм**
**ЩиІа къыфІэщІхэри лІэжащ.**
**И нэ пІащэшхуэхэм щІэж нэпсхэр**
**Хуабэу и нэкІум къытохьэ,**
**Гупсысэ дыджым а дахэр**
**Хьэдэ сурэтым ирехьэ.**
**Мадинэ дежкІэ жьэн узыр**
**ИкъукІэ фІэтыншу хуоблагъэ,**
**Дыгъэри Мазэри фІэкІыфІщи,**
**Мащэр нэхъ нэхуу къелъытэ.**
**Уэгъу сэтэнейщи, и пщІащэр**
**ГъухукІэ пылъэлъурэ джэфащ,**
**НэкІу дыхьэрэнхэу телъахэр**
**Фэ тегъуэ къупщхьэм хуэкІуащ.**
**Мадинэ дахэр, лІэн пэплъэу,**
**Гуауэ уэншэкум тенащ,**
**Хьэуа бэмпІэгъуэм епэрхэр**
**Гъатхэ накъыгъэм хишащ.**

* * *

**Зы махуэ гуэрым лІыжь ябгэр**
**Дэпу... губжьауэ щІохьэж,**
**Хущхъуэ нэпцІыжьхэм щІитахэр**
**И Іэпэр щІишэурэ къебжыж.**
**А къипсэлъ гуауэмкІэ Мадинэ**
**И шхыІэн щІагъым щопыхьэ,**
**Щымысхьыжыххэу бзаджэжьыр**
**Нэхъри губжьауэ жьэхолъэ.**
**Пщэдей ажалыр фІэкІыхьщи,**
**Дунейр щинэным хуобанэ,**
**Нэгум щІэмыкІыу и псэгъур**
**ДэщІыгъу фІэщІыжурэ мэІэбэ.**
**Сымаджэ хьэлъэм лІы бзаджэр**
**Жьэхэуваци мэхъущІэ,**
**ЩІэхыІуэу мылІэмэ, емыжьэу,**
**ТІуанэ къишэнуи хуеІуатэ.**

* * *

**Узыр хьэлъащэу къытелъми,**
**Ар «тӀуанэ» псалъэмкӀэ къэщтащ,**
**НапӀэр къиӀэтри тхьэмыщкӀэр**
**И бгъафэ щӀэсым еплъащ.**
**Хабзэжь и нышу хеищэр**
**И сабий закъуэм жьэхоплъэ,**
**КъыфӀелъэлъэхыурэ и нэпсхэр**
**И бгъафэ щӀэсым тогъуагэ;**
**Ӏупэ гъущӀахэм и цӀыкӀур**
**ИрикъуэзылӀэурэ егъафӀэ,**
**АнэнэпӀэсым и щӀалэр**
**Къызэрыхуэнэми тогуӀэ.**

* * *

**Мадинэ дахэм и гъащӀэр**
**Хьэзабым хэту фӀэкӀащ,**
**Ӏыхьлы-лейзехьэхэм тхьэмыщкӀэр**
**Игъуэ нэмысуи ялӀащ.**
**И бгъафэ щӀэсу бын закъуэр**
**Анэ гущӀэгъуми пыкӀащ,**
**Къыщамыгъазэу щӀы фӀыцӀэм**
**Мадинэ мыгъуэр кӀуэжащ.**
**ТхьэмыщкӀэ цӀыкӀум и щӀалэм**
**И дуней гъащӀэр кӀыхь ухъу,**
**И анэм и тхыдэр и гъуазэу**
**ЦӀыхубз уэчыли ирехъу!**

*1928–1941 гъ.гъ.*



**СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: Къаздэхъу Мэжид, ЩоджэнцIыкIу Алий, ещанэр хэтми тхузэхэгъэкIакъым.**




**ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъым деж (Бахъсэн къалэ). ГупэмкIэ щытхэр: усакIуэ Щомахуэ Амырхъан, ЩоджэнцIыкIу Налжан, Шортэн Даниткэ, усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** *1957 гъэ*

4 Заказ № 120



**Уэлий (Алий и къуэшщ)**



**Зул (Алий и къуэшщ)**



**Данил (Алий и къуэшщ)**



**СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ *(щысхэр):* ЩоджэнцыкIу Алий ипхъу Налжан, Алий и пхъурылъху ХьэкIуащэ Аслъэн, Алий и щхьэгъусэ ШэIидэт, Алий и пхъурылъху ХьэкIуащэ Мадинэ, Алий и нысэ (ЩоджэнцIыкIу Лиуан и щхьэгъусэщ) Чегембаевэ Мэржан; *(щытхэр):* Алий и къуэхэр – Мухьэмэдрэ Лиуанрэ, Алий и малъхъэ (ЩоджэнцIыкIу Ленэ и щхьэгъусэщ) ХьэкIуащэ Андрей.**



**Махуэ Iэлисэхь, ЩоджэнцIыкIу Налжан, Жамборэ Суфян.**
*1945 гъэ*



**Лиц (Алий и шыпхъущ)**



**Махуэ Іэлисэхь, ЩоджэнцІыкІу Чытаун.**
*1949 гъэ*



**Сэмэгумкlэ къыщыщlэдзауэ: ЩоджэнцIыкIу Мурат (Лиуан и къуэщ), ХьэкIуащэ Аслъэн, Бэрсэдж Равидэ (Аслъэн и щхьэгъусэщ), ХьэкIуащэ Мадинэ, ЩоджэнцIыкIу Мадинэ (Мухьэмэд ипхъущ), Чегембаевэ Мэржан, ЩоджэнцIыкIу Мухьэмэд, ХьэкIуащэ Андрей, Хъурей Заирэ, ЩоджэнцIыкIу Заур (Мухьэмэд и къуэщ) Сабийхэр: Хъут Алия (ХьэкIуащэ Мадинэ ипхъущ), ХьэкIуащэ Инарэ (ХьэкIуащэ Аслъэн ипхъущ), ЩоджэнцIыкIу Ленэ (ЩоджэнцIыкIу Мурат ипхъущ).** *1997 гъэ*



**Алий и къуэ Мухьэмэд**



**Алий и къуэ Лиуан**



**Алий и щхьэгъусэ ШэIидэт**



**Алий ипхъу Чытаун**



**Алий ипхъу Налжан**



**СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: Алий и щхьэгъусэ ШэIидэт, Алий ипхъу Налжан, Алий и къуэ Лиуан, Алий и къуэ Мухьэмэд, ЩоджэнцIыкIу Алий, Алий ипхъу Чытаун.** *1941 гъэ*



**СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: ЗэкIурей Данэху, ЩоджэнцIыкIу Алий, Алий и шыпхъу Чамилэ.** *1921 гъэ*



**Композитор А. Авраамовымрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ**



**СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: Куржы Хьэмзэт Нахъуэ и къуэр, Цагъуэ Нурий Айтэч и къуэр, Куржы Гъузер Хьэцу и къуэр, ЩоджэнцIыкIу Алий Iэсхьэд и къуэр.** *1919 гъэ*



**ЩоджэнцIыкIу Алийрэ Емкъуж Црурэ (Абзуанхьэблэ щыщщ).**
**Сабийхэр: Алий ипхъу Налжан, Алий и къуэ Лиуан.** *1936 гъэ*



**СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: Цагъуэ Нурий, ЩоджэнцIыкIу Алий, Цагъуэ Мухьэмэд.** *1919 гъэ*

# Къуэмыхьэж вагъуэ

Литературэм хуэдэу зыми къыхэщыркъым лъэпкъым и духовнэ зэфIэкIыр, къыхэщ къудей мыхъуу, а зэфIэкIым нэхъри зрегъэузэщI. Абы и зы щапхъэщ гупсысэм, лъэпкъ зэхэщIыкIым я узэщIакIуэу ува ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэр.

УсакIуэшхуэм и творчествэм теухуауэ тхыгъэ куэд я Iэдакъэ къыщIэкIащ Теунэ Хьэчим, ХьэкIуащэ Андрей, Сокъур Мусэрбий сымэ, нэгъуэщIхэми. Псом хуэмыдэу усакIуэм и гъащIэр, и творчествэр нэсу, кууэ зэпкърыха хъун щхьэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ ХьэкIуащэ Андрей.

ЩоджэнцIыкIум теухуауэ куэд ятхащ критикхэми, ди тхакIуэ пажэхэми. Абыхэм ущIэмыарэзын хэлъу схужыIэнукъым. Ауэ усакIуэм къытхуигъэна тхыгъэхэр джыным, щIэныгъэм тету ахэр къэхутэным зэкIэ гъунэ итлъауэ фIэкIа къэслъытэркъым. Псалъэм папщIэ, къызэрыIэтын хуейрэ сыт щIа мыпхуэдэ Iуэхухэр: сыт хуэдэ ЩоджэнцIыкIу Алий и дуней еплъыкIэр, и философскэ, художественно-эстетическэ лъабжьэхэр, и нравственно-этическэ гупсысэкIэр? НэгъуэщIхэри.

Мы упщIэхэм нэхърэ зыкIи нэхъ тыншкъым усакIуэм и поэтическэ талантым и зэхэлъыкIэр хьэмэрэ ар цIыхум, цIыху гъащIэм зэреплъыр къэпIэту зэпкърыпхыну, ар зы концепцэу зэбгъэуIуну.

Зи гугъу сщIахэм адэкIи пыпщэ хъунущ. Ауэ а псоми мы тхыгъэм дыщытепсэлъыхьыну къалэну зыхуэдгъэувыжакъым. Зыхуэдгъэувыжами, къуаншагъэ хъунт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар икъукIэ лэжьыгъэшхуэщ. А псоми къыхэсхыу зи гугъу сщIыну сызыхуейр зы Iуэху еплъыкIэщ: сыт хуэдэ художественно-философскэ Iуэхугъуэ ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэм нэхъ убгъуауэ къуэцIрыкIыр, абы и творчествэм джэлэс хуэхъуу?

Дэ адыгэ философие, эстетикэ, этикэ, литературэм и теорие жыхуэтIэхэр зыдж щIэныгъэ лэжьыгъэхэр диIэкъым, кIуэ, литературэм теухуауэ щыIэ мащIэ тIэкIур къыумылъытэмэ. Мы зи гугъу тщIы щIэныгъэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр ди бзэкIэ гъэпсакъым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, терминологие диIэкъым, ар къызыхэкIыр лъэпкъ гупсысэкIэм къыпкърыкIауэ щыIэ тхыгъэхэм культурэр я лъабжьэу зэрызамыужьарщ.

А Iуэхум ехьэлIа теорием ди деж зэрыщызимыужьам, щIэныгъэ терминхэр зэрыщызэфIэмыувам гугъу къыпщещI мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр адыгэбзэкIэ къэптIэщIыну. Ауэ, сыт хуэдэу гугъуу щымытми, а Iуэхугъуэм щIэдзэн хуейщ, ди бзэкIэ (зэрыхъукIэ) щIэныгъэ IэнатIэхэм дыщылажьэмэ, терминхэри зэфIэувэнщ, адрей лъэпкъхэм яйм хуэдэу. «Iуэху мыублэ блэ хэсщ», жиIащ пасэрейм.

Совет власть зэхагъэщэхэжам и сахуэм хэту зыкъомым блэкIа псори хьэIупс ящI. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ хуаIэщ духовнэ культурэми, къапщтэмэ, литературэми. Языныкъуэ тхакIуэхэр щагъэкъуаншэ къохъу ахэр советскэ властым и идеологием тету зэрытхам щхьэкIэ. Хэт зи зэманым хуэмытхар? АбыкIэ тхакIуэр зэи бгъэкъуаншэ хъунукъым. Апхуэдэ пщалъэкIэ Iуэхум дыбгъэдыхьэмэ, къанэ щIагъуэ щымыIэу, псори къуаншэ зэфэзэщу къыщIидзынущ, ЩоджэнцIыкIу Алии яхэту. Къапщтэмэ, ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэм зэреплъу щытар класс зэныкъуэкъуныгъэм и идеологием и мардэхэм тетущ. Абы къытекIауэ ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэм цIыхугъэр, напэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр,

лъэпкъ хабзэр, нэмысыр, цIыхухэр зэрызэхэтыр, зэзышалIэр, абыхэм я кум дэлъын хуей псэ къабзагъэр, лъагъуныгъэр, ныбжьэгъугъэр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къадекIуэкI зэхэтыкIэр, цIыхугъэ лъагэм и щапхъэ узытекI мыхъунухэр къызэригъэлъагъуэр, ахэр къызэрехъулIэр къэхутэн хуейщ. Ар нобэ тхакIуэм и тхыгъэхэм зэрыбгъэдыхьэн хуей Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэу сэ къызолъытэ. Ахэр Алий и тхыгъэ нэхъыфIхэм, нэхъ пIащэхэм къуэпс куукIэ зэпыщIауэ хэлъщ.

ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэм нэхъ фIыгъуэ дыдэу хэтлъагъуэр ищхьэкIэ зи гугъу сщIа Iуэхугъуэхэращ, армыхъумэ абы класс бэнэныгъэр, зэпэщIэтыныгъэр къызэригъэлъагъуэракъым. КлассыкIэрэ зэкъуэуда зэхэтыкIэр тхакIуэм иIауэ аращ, социальнэ фон жыхуаIэм хуэдэу, зи гугъу ищI лъэхъэнэхэм обществэм и зэхэтыкIар къигъэлъэгъуэн папщIэ.

Алий ди лъэпкъым и тхакIуэшхуэщ. Зы тхакIуэшхуи щыIэкъым и худо-жественнэ гупсысэкIэм философскэ лъабжьэ гуэр имыIэу. Художественнэ тхыгъэ нэсымрэ философиемрэ зэгуэхыпIэ яIэкъым.

Нэхъыщхьэ дыдэу сыт хуэдэ философскэ еплъыкIэ ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэм псырылъэу пхышар? А упщIэм зэпкърыхауэ жэуап тхуетмэ, наIуэ хъунущ Алий и творчествэм и мыхьэнэр, лъэпкъ культурэм абы хуищIа хэлъхьэныгъэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ.

Алий сыт щыгъуи щIэныгъэм хуэпабгъэу щытащ. Абы еш, щхьэх имыIэу бзэхэр зригъащIэрт, нэгъуэщI лъэпкъхэм я тхыдэр, я культурэр иджын папщIэ.

Профессор ХьэкIуащэ Андрей етх: «Хамэ къэрал зэрыщыIа илъэситIым Алий тыркубзэр уэрсэру, и анэдэлъхубзэм хуэдэу, зрегъащIэ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, абы къыдэкIуэуи хьэрыпыбзэм, французыбзэм, эсперантэм фIыуэ щыгъуазэ зещI. Абы нэмыщIкIи, шэч хэлъкъым а лъэпкъхэм я литературэхэри абы зэрызригъэщIам».

Псоми дощIэ Алий и духовнэ зыужьыныгъэм Цагъуэ Нурий джэлэс зэрыхуэхъуар. АтIэ, зыщыгъэгъупщэн хуейкъым щыпсэуа зэманым елъытауэ, Цагъуэр еджагъэшхуэу, щIэныгъэлIу зэрыщытар, Истамбыл дэт университетыр къызэриухар. Абы къыхэкIыу, Нурий Европей культурэм, философием, литературэм фIыуэ хищIыкIыу щытауэ къэплъытэ хъунущ.

Нурий абыхэм псоми хущIигъэджыкIащ, хуиущиящ тхакIуэ хъуну щIалэр. Шэч хэлъкъым, езы Алий Къырымми Тыркуми щыщыIа гъэхэм лъэкI къызэримыгъэнар, и щIэныгъэм нэхъри хигъэхъуэн папщIэ. Армырамэ, апхуэдиз гугъуехьрэ хьэзабрэ щхьэ ишэчын хуейт?!.

А лъэхъэнэм Европэм и культурэм, литературэм къыщыунэхуауэ щытащ къэхутэныгъэ лъагъуэщIэхэр - гущIэм и философиер, экзистенциализмэр, символизмэр, нэгъуэщI гупсысэкIэхэри.

Экзистенциализмэм зи гугъу нэхъ ищIыр кIуапIэ зимыIэ Iуэху гугъусыгъум, щытыкIэ ткIий Iэмалыншагъэм щыпэщIэувам деж цIыхур зэрыхъум, зэрызищIым, къылъыкъуэкIа Iуэхугъуэхэр абы зэрызэфIих щIыкIэхэращ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм я нэхъ гуащIэ дыдэу абы къелъытэ ажалыр, гъащIэм шынагъуэ къезыт нэгъуэщI лъэпощхьэпохэр.

ЦIыху гъащIэм мыхьэнэ гуэр иIэ? Сыт езы цIыхур зищIысыр? Сытым щыгъуэ цIыхум зыкъыщыгурыIуэжыр? ГъащIэмрэ лIэныгъэмрэ ар хуей щхьэ хъурэ? ЛIэныгъэр къыхихыну апхуэдэ щытыкIэ щIихуэр сыт? А упщIэхэм жэуап ярет экзистенциализмэм.

ЦӀыхур зищӀысыр нэхъыбэу наӀуэ къыщыхъур ар псэзэпылъхьэпӀэ щихуам дежщ. Адрей къызэрыгуэкӀхэм деж цӀыхур нэхъ къэщӀэгъуейщ.

Иджы Алий дежкӀэ дгъэзэжынщ. Абы и тхыгъэхэм хэухуэнауэ данагъэу пхрымыкӀыу пӀэрэ зи гугъу тщӀы упщӀэ Ӏэубыдыпӏэншэхэмрэ абыхэм я жэуапхэмрэ? Ахэр псори езы Алий и гъащӀэ гугъум къыхуигъэуvауэ щытащ.

Къэтщтэнщ усакӀуэм и ӀэдакъэщӀэкӀ нэхъ гъуэзэджэ дыдэхэм ящыщ «Нанэ» усэр.

*Нанэ, фӀыти сыкъыумылъхуамэ,*
*Бэлыхьхэми ухэзмыдзамэ,*
*Зедзэну уи щӀалэ цӀыкӀур*
*Къэмыхъуу е лӀэжыгъамэ.*

*Сыт къуаншагъэу, Тхьэ, уэзлэжьауэ*
*Дунейм пцӀанэу сыщӀытебдзар?*
*Дзы имыӀэу нанэ тхьэмыщкӀэми*
*Нэпс щӀигъэжу къыщӀэбгъэнар?*

«… ФӀыти сыкъыумылъхуамэ…». Апхуэдэу жозыгъэӀэнур гъащӀэм щхьэлажьэ уищӀамэщ. Ауэ ЩоджэнцӀыкӀум и усэм хэтлъагъуэ лӀыхъужьыр гугъуехь зыхэтхэм щхьэкӀэ тхьэусыхэ къудейуэ аракъым, атӀэ цӀыхумрэ абы и гъащӀэмрэ дунейм щаӀэ мыхьэнэм и философскэ купщӀэр къызэритӀэщӀыж жэуап къилъыхъуэуаращ. Псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу щохъу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым, «Мадинэ», «ЩӀымахуэ жэщ» тхыгъэхэм, «Хьэжыгъэ пут закъуэ» рассказым. «Нанэ» усэм а Ӏуэхугъуэм нэхъ зыщешэщӀ, зыщеубгъу, упщӀэхэр тхьэусыхэмрэ гъынанэмрэ хошыпсыхьри, нэпс шыугъэхэр зыщӀэт гъым хуокӀуэ.

Гу лъытапхъэщ тхакӀуэм зи теплъэр дигъэлъагъу лӀыхъужьхэм – ахэр ныбжькӀэ я щӀалэгъуэ дахэу зэрыщытым, гъащӀэм хыхьэ къудейуэ зэрыарам. ИкӀи, апхуэдиз я щӀалагъэу, гъащӀэр гуӀэгъуэкӀэ яух. ЦӀыхур цӀыху нэсу зэфӀэувэну хунэмысу зэфӀощахэ, гъащӀэм и удын гущӀэгъуншэм пэлъэщыркъым. Ауэ ар зэ ӀуплъэгъуэкӀэщ. Абыхэм ябгъэдэлъщ псэр зыхьэху дахагъэ, хабзэ, цӀыхугъэ ин, нэмыс лъагэ. Ахэращ ЩоджэнцӀыкӀум и лӀыхъужьхэр гуимыхуж зыщӀыр, зыгъэбжьыфӀэр. ЦӀыхум и гъащӀэр, и щхьэхуитыныгъэр, и лъагъуныгъэр, и насыпыр, и нэмысыр, кӀэщӀу жыпӀэмэ, ар цӀыху зыщӀ нэрыгъ псори (принципхэр) Алий къегъэлъагъуэ зы цӀыхум и гъащӀэм ехьэлӀауи, унагъуэмрэ обществэмрэ яхуэгъэзауи.

Сыт хуэдэ Ӏуэхугъуэхэр игъэуврэ икӀи ахэр дауэ зэфӀихрэ усакӀуэм, а упщӀэхэм жэуап нэс яритын папщӀэ?

Ар гурыӀуэгъуэ хъун щхьэкӀэ, езы тхакӀуэм зэрищӀым хуэдэу, лъэныкъуищымкӀи еплъын хуейщ (цӀыху щхьэхуэм – унагъуэм – обществэм). Еплъын хуейщ тхакӀуэм ахэр зэригъэувым, и бгъэдыхьэкӀэм тету.

Алий и тхыгъэхэр класс бэнэныгъэм къигъэув нэрыгъхэм емыбэкъуэфу, абы фӀэмыкӀыфу къалъытэу щытащ зэгуэр, ауэ ЩоджэнцӀыкӀум и ӀэдакъэщӀэкӀхэр гум къинэж зыщӀар аракъым. УсакӀуэм и тхыгъэхэр зэи мыкӀуэдыжын щӀэхъуар цӀыхугъэ иным и мардэхэм уебакъуэ зэрымыхъунур, арыншамэ гъащӀэм мыхьэнэ лъэпкъ зэримыӀэр зыхэпщӀэу, уи фӀэщ хъууэ къызэригъэлъэгъуарщ.

Дэтхэнэ тхакӀуэ инми и тхыгъэхэм куэд къибджыкӀыну, куэдым

уригъэгупсысу, гъащӀэм теплъэгъуэ зэмыщхь, зэмыфэгъу куэд зэриӀэр къыбгурагъэӀуэфу щытын хуейщ. ЩоджэнцӀыкӀу Алий и тхыгъэхэм я нэхъыбэр апхуэдэщ.

Зэманыр макӀуэ. ГъащӀэр шыӀэдэжым ещхьу и гъусэу ешэ. ЩӀэблэхэм захъуэж. Шэч хэлъкъым щӀэблэ къэсыхункӀэ езым и гупсысэ, и гурыщӀэ, и гукъеуэ Алий и тхыгъэхэм къызэрыхихынум. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ тхакӀуэр зытепсэлъыхь Ӏуэхухэр цӀыхум и акъылыр зэрызэфӀэувэ лъандэрэ абы къыдекӀуэкӀ гурыгъухэмрэ гурыщӀэхэмрэщ. Абыхэм ужьых яӀэкъым. Апхуэдэу щыщыткӀэ, цӀыхухэм ЩоджэнцӀыкӀум ярит жэуапхэр лъэпкъым и духовнэ гъащӀэм дежкӀэ дерсщ. Аращ Алий философ щыпкъэу и тхыгъэ налкъутналмэсхэм щӀыдагъэлъагъур.

ЦӀыхур дунейм «пцӀанэу тедзащ», и закъуэщ («Сыт къуаншагъэу, Тхьэ, уэзлэжьауэ «Дунейм пцӀанэу сыщӀытебдзар?». ЦӀыхумрэ абы и гъащӀэмрэ зэпэщӀэувэжын хуей мэхъу, уеблэмэ икӀи щызэпэщӀэтщ. Хэт къуаншэр? Къуаншэр къэплъыхъуэныракъым Ӏуэхур здэщыӀэр – Ӏуэхур гъащӀэр апхуэдэу зэрыщытырщ, ар зэрызэхэухуэнар къэхутэнырщ. ЦӀыхур гъащӀэм и философиещ. Шэч къытесхьэркъым ЩоджэнцӀыкӀу Алий и лъэхъэнэм Европэм щыӀа философие зэхэлъыкӀэхэм щыгъуазэу зэрыщытам, апхуэдизкӀэ усакӀуэм кууэ къегъэув икӀи художественнэ къару лъэщ хэлъу зэпкърех гъащӀэм, лӀэныгъэм, лъагъуныгъэм, щхьэхуитыныгъэм уезыгъэгупсыс Ӏуэхугъуэхэри.

Мы сэ си Ӏуэху еплъыкӀэр зымыдэн щыӀэнкӀэ хъунщ. Ар дауэ-тӀэ: Алий и гугъэр гъащӀэм хихыжауэ (пессимисту) псэуауэ ара абы къикӀыр? Сэ къызолъытэ пессимистти-оптимистти жыхуэтӀэ Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэхэр тхакӀуэм и творчествэм дыщытепсэлъыхьхэм, ар щызэпкърытххэм деж куэдрэ къыдэгъэжеин хуэмейуэ. Дэтхэнэ тхакӀуэми езым и еплъыкӀэ гъащӀэм хуиӀэжщ, езым и философие зэтреублэ. «Оптимист-пессимист» Ӏуэху зэрихуэркъым абы, ар гъащӀэм и къэхутакӀуэу аращ. Тхылъеджэм и къалэныр тхакӀуэм и ӀэдакъэщӀэкӀхэм ящӀэлъ гупсысэр, и щхьэзыфӀэфӀагъкӀэ зэблимышу, къызэрыгурыӀуэным иужь итынырщ. ДыарэзынкӀи, дымыарэзынкӀи хъунщ абы жиӀэмкӀэ. Ар щхьэж и Ӏуэхужщ, ауэ тхакӀуэм и гупсысэр зэмыхьэкӀауэ, и тхыгъэр тегъэщӀапӀэ щӀауэщ къызэрыхутапхъэр. Арыншамэ тхакӀуэм кӀэрымылъ кӀэрыплъхьэныр бетэмалщ.

ИщхьэкӀэ зи гугъу тщӀа философие упщӀэхэм хыхьэу ЩоджэнцӀыкӀу Алий нэгъуэщӀ зы Ӏуэхугъуи къеӀэт: ар цӀыхум и дуней тетыкӀэр, и Ӏуэху зехьэкӀэр, гъащӀэм зэреплъыр лӀэщӀыгъуэ ӀэджэкӀэрэ лъэпкъым зэхилъхьа, мардэ гуэрхэм тету зэтриухуауэ зэрыпсэу хабзэхэм зэрезэгъырщ. Лъэпкъым и хабзэмрэ цӀыху щхьэхуэм илэжь Ӏуэхухэмрэ зэхьэлӀа зэрыхъурщ.

ДызэреплъымкӀэ, мы Ӏуэхур ЩоджэнцӀыкӀум дежкӀэ тыншу щытакъым. Арауэ къыщӀэкӀынущ ар зэм зы лъэныкъуэкӀэ, зэми нэгъуэщӀ лъэныкъуэкӀэ бгъэдыхьэурэ щӀызэпкърихар.

ЗэрыжаӀэщи, дунеижьыр къызэриухуэрэ цӀыху акъылыр зыгъэзэджыздж Ӏуэхущ мыр. Лъэпкъым тхыдэм и гъуэгуанэ кӀыхьым щызэригъэпэща хабзэмрэ нэмысымрэ я лъапӀэныгъэм цӀыхур щебэкъуэн къэхъункӀэ хъуну? Ебакъуи хъуну? Къыхуэгъунуи пӀэрэ? Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ цӀыхум иӀэн хуейр апхуэдэ Ӏуэху илэжьын щхьэкӀэ?.. ЦӀыхум илэжьахэм щхьэкӀэ жэуап гуэр ихьын хуэмейуэ пӀэрэ? СыткӀэ хуэпшыныжыну ар абы?..

ЗыщӀэупщӀэнухэр куэд мэхъу. Хьэлъэхэщ. Къару шынагъуэ яхэлъщ, уагъэгужьей.

Сэ сызэреплъымкӀэ, щапхъэ гъуэзэджэщ «ЩӀымахуэ жэщ» поэмэр. Шэч къытесхьэркъым тхылъеджэр а поэмэм зэрыщыгъуазэм, ауэ дэ дызыхуей жэуапыр къэтлъыхъуэн щхьэкӀэ, ар зытеухуар кӀэщӀу ди гум къэдмыгъэкӀыжу хъунукъым.

… ЦӀыхубз тхьэмыщкӀэм и щхьэгъусэр пащтыхь зауэм пшэрыхь щӀыкӀэу хэкӀуэдащ. Сабий къыхуэнар мэжалӀэм ехь. Анэр мэгуӀэр. ЩӀымахуэ жэщым и нэхущ щӀыӀэщ, тӀэкӀу хилъэфа сабийр хьэуазэпӀэм къыхенэри, къалэм макӀуэ. Ар Ӏуохьэ ефапӀэ абджыпсым къакъэ-пщӀыпщӀу щӀэсхэм елъэӀуну. Ауэ абыхэм фыз тхьэмыщкӀэр зэхащӀыкӀакъым, гуӀэу унэм къегъэзэж «хьэлу!» жиӀэу щэӀу сабийм деж. Къигупсысынур имыщӀэу, и щхьэр ӀитӀкӀэ иубыдауэ здэщысым:

> *ЩӀакӀуэ хуэдэу щхьэц фӀыцӀэшхуэу*
> *И плӀэм телъым гу лъетэж:*
> *«Ситу мащӀэт си гупсысэр,*
> *Уасэ зиӀэр сэ сщӀэжакъым…»*

ЦӀыхубз тхьэмыщкӀэм, хэкӀыпӀэ къигъуэтауэ къелъытэри, «ЩӀакӀуэ хуэдэу щхьэц фӀыцӀэшхуэр» пегъэху, ар ещэри бэзэр шхын къыхуехь сабийм. Псалъэ ӀэфӀу сабийм жриӀэнухэр зэхилъхьэу, анэр пӀащӀэу къокӀуэж. Ауэ къызэмылын удыныр гъащӀэм кърeдз анэ тхьэмыщкӀэм:

> *И уэздыгъэрункӀыфӀарэ*
> *Къуэр дияуэ ныӀуощӀэж*.

Аращ зэрыхъур поэмэм и сюжетыр. ЦӀыхубзыр гузэвэгъуэм хэтщ, хьэлъэщ зыӀуува и ӀэнатӀэр; и гугъапӀэр и щхьэгъусэр узыншэу зауэм къикӀыжынырти, ари ӀэщӀихащ гъащӀэм. Сыт ищӀэнт, хэкӀыпӀэншэти, пэщӀоувэ гъащӀэм и хьэзаб хьэлъэм. ПэщӀэува щхьэкӀэ пэлъэщыркъым, къыхегъащӀэ…

«Уасэ зиӀэр сэ сщӀэжакъым» щыжиӀэм деж, ар къызэрыбгурыӀуэн хуейр щӀакӀуэм хуэдэ щхьэц фӀыцӀэм сом бжыгъэу е нэгъуэщӀ мылъкуу хуэзэракъым. Адыгэм дежкӀэ щхьэц кӀыхьыр цӀыхубзыр зэрыкъабзэм и дамыгъэу щытащ. УсакӀуэм фӀыуэ къыгуроӀуэ цӀыхубзыр зыхуэкӀуа гупсысэр зэрынасыпыншагъэр. Уеблэмэ, цӀыхубзым ар зэхищӀыкӀын щхьэкӀэу къыщӀэкӀынущ абы лъэпкъым и псэлъафэ псо къыщӀихьыр: «Былым лейуэ и гугъэжу» - жыхуиӀэр щхьэцыращ. Лъэпкъым и цӀэкӀэ жиӀэ хуэдэщ усакӀуэм мы псалъэхэр.

ТхакӀуэм цӀыхубзым гуригъаӀуэ хуэдэщ ар зэрымыӀуэху джэгур. «… лейуэ и гугъэжу…» щыжиӀэкӀэ а псалъэхэр хъуэрыбзэу мэӀу икӀи а хъуэрыбзэм къыхоӀукӀ цӀыхубзым и Ӏуэхур гуауэкӀэ зэриухынур.

ХэкӀыпӀэншэ гузэвэгъуэр, напэр, узэбакъуэ мыхъуну хабзэр зэблэкӀыпӀэ имыӀэу зэрызэпэщӀэувэращ поэмэм философие лъабжьэ хуэхъур.

Сыт цӀыхубзым ищӀэн хуейр? Сыт и хэкӀыпӀэр? Сытхэр и Ӏэмал?.. Хабзэмрэ нэмысымрэ зэребэкъуамкӀэ жэуап ихьын хуейкъэ?.. СыткӀэ ипшыныжа хъуну ар? ГущӀэгъуншэщ мы упщӀэхэр, пхуэмыгъэкъаруунуи хьэлъэщ абыхэм я жэуапыр.

Поэмэм и пэ дыдэм къыщыщӀэдзауэ абы къыщыӀэта Ӏуэхугъуэхэр нэхъ ӀупщӀ, нэхъ куу, гуащӀэ хъууэрэ, къыдэбыргъуейуэрэ макӀуэ. Гужье-

игъуэ гуэр зэрыщыIэнур псэкIэ зыхэпщIэу, а гузэвэгъуэм хуэшым хуэдэу узэщIиIулIэу зеужь поэмэм.

Ауэ итIани Iуэхур хъарзынэу иухыну къыпщохъу. Пэж дыдэу, сыт абы и кIэр фIыкIэ щIимыухынур? Хъарзынэу бэзэр шхыни сабий мэжалIэм къыхуищэхуауэ къокIуэж анэр. Сабийри зэIурыужынщ, езыми и гур зэгъэжынщ… Ауэ поэмэр, дызэрыщымыгугъауэ, уи щхьэфэцым зригъэIэту, тхакIуэм нэгъуэщI лъагъуэкIэ еукъуэдий, и гупсысэри мыпхуэдэу еух:

*И уэздыгъэр ункIыфIарэ*
*Къуэр дияуэ ныIуощIэж.*

Поэмэр гуIэгъуэкIэ зэриухыр къыщытщIэр иужь дыдэ сатырым дежщ. Ар тхакIуэм и художественнэ Iэзагъым щыщщ. ЗыщIыпIэ дежи усакIуэм поэмэр апхуэдэу иухыну къыщыхигъэщыркъым.

НэгъуэщI зы гупсыси. И щхьэц фIыцIэшхуэм гу щылъитэм, анэм «Уасэ зиIэр сэ сщIэжакъым», - жи. УсакIуэм цIыхубзым и щхьэцыр игъэпудыжауэ къелъытэ, ищэну зэрытегушхуа къудейр идэркъым. Ауэ бын гузэвэгъуэм уимыгъэщIэн зэрыщымыIэр абы и щIыбагъым къыдэтщ.

ИтIанэ, гу лъытапхъэщ поэмэм и кIэ дыдэм «кIыфI» псалъэри къызэрыхыхьэм. КIыфIыр фIыкъым, сыт хуэдэ лъэныкъуэ къапщтэрэ уеплъми.

«И уэздыгъэр ункIыфIауэ»… Нэху щыIэкъым, кIыфIыгъэщ… Уэздыгъэм и закъуэкъым ункIыфIар, анэм и дунейри къытеункIыфIащ… Закъуэныгъэщ къыхуэнар, къыпэщылъыр анэм. Едвгъэгъапщэт мыр «Нанэ» усэм хэт щIалэм цIыкIум «лIэжыгъамэ…» жыхуиIэм… Ахэр щызэбгъапщэкIэ мыпхуэдэу ущIэупщIэн хуей мэхъу: Алий апхуэдизу гущIэгъуншэу ара? Хьэуэ, хьэуэ! ТхакIуэр гу къабзэщ, псэ щабэщ, гу пцIанэщ, «гущIэгъуншэ» псалъэр абы гъунэгъуу дэнэ къэна, жыжьэу епхьэлIэ хъунукъым.

Сабийми зигъэнщIыжауэ, анэми и гур зэгъэжауэ поэмэр иухатэмэ, усакIуэр гупцIанэу, гущIэгъулыуэ къэплъытэ хъунут?..

Мыбдежым, зэрытлъагъущи, художественнэ творчествэм и Iуэхугъуэ нэхъ ин дыдэм ящыщ зы къыщоув: гъащIэм и пэжымрэ искусствэм, литературэм я пэжымрэ. Мыр эстетикэм и Iуэхугъуэ нэхъ гугъущ ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэм (къэбэрдей литературэм зэрыщытуи) ар гъэува икIи узэщIа зэрыщыхъур къэхутэн хуейщ, ауэ мы ди тхыгъэм дэ апхуэдэ Iэмал щыдиIэкъым, къалэну мыбдеж ари зыхуэдгъэувакъым. (Си псалъэмакъыр кIыхьу езмышажьэу мы къэсIэта Iуэхугъуэм теухуауэ мыри щIызгъунут. КIыщокъуэ Алим и «Нал къута» романыр хьэIупс ящIу лыгъэ щрадзам, а псалъэмакъыр къэзыIэтахэм хэтащ тхылъым еджаи, ауэ зымылъэгъуагъэххи. Ар псоми къагурымыIуами, псалъэмакъыр къызэрыкIар зыщ: художественнэ пэжымрэ тхыдэм и пэжымрэ зэрызэтемыхуэр, ар зыуэ зэрыщымытырщ. Езы Алими абы теухуауэ псалъэ щыжиIащ «Вид с белой горы» тхылъым).

ТекIуауэ пIэрэ-тIэ Алий гъащIэм и пэжым? ГъащIэм щекIуэкIыр ар зэрыщыт дыдэм хуэдэу къептхэкIыжмэ, ар куэд щIауэ IэщIыб ящIа фактографие жыхуаIэращ, къетхэкI-нетхэкIырщ. Абы фIэкIа уи художественнэ тхыгъэм хэмылъынумэ, умытхэми хъунущ, сыту жыпIэмэ, тхакIуэр хэмытми, езы тхылъеджэми елъагъур ар.

ГъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр, зэрыхабзэу, тхакIуэм езым и философием, эстетикэм ирегъэзагъэ. Аращ ЩоджэнцIыкIум и «ЩIыма-

хуэ жэщыр» анэри гуфIэжу сабийри тхъэжауэ щIимыухар, армыхъумэ тхакIуэр мыгущIэгъулыуэ аракъым.

УсакIуэр цIыхум къылъыс гуауэм, ишэч хьэзабым имыгъэгухэтэмэ, дэри абы и тхыгъэхэм дагъэгухэнутэкъым. Лев Толстой, зэраIуэтэжымкIэ, хуеятэкъым Аннэ Каренинэм мафIэгум зыщIидзэжыну…

ЦIыхур гъащIэм хэт къудейкъым, атIэ абы щекIуэкI Iуэхугъуэ псори – фIыри Iейри, къыжьэхоуэ, мыхъумыщIэхэм япэщIоувэ. А зэпэщIэувэныгъэм зы цIыху гъащIэм деж щызэридза мэхъу обществэм щекIуэкI зэхэтыкIэри, къэралым и хабзэхэри, лъэпкъым и дуней еплъыкIэри, диным къигъэув бзыпхъэхэри, щхьэ закъуэ Iуэхухэри… ЩылъэфыпIэ имыIэу щыгъэлъэдэжауэ апхуэдизу зэрыдза Iуэхугъуэ къомыр цIыхум и гъащIэм къриубыдэу зэрихын хуейщ. Ар тыншкъым – укъелыни-укъемылыни, пхузэфIэкIыни-пхузэфIэмыкIыни…

Сыт-тIэ цIыхум ищIэн хуейр?.. Сыт и къару?.. ЦIыхур и щхьэм и нэмысым, лъэпкъым и хабзэм щытекIым деж абы жэуаплыныгъэ ткIий ехь. Аращ Алий и творческэ гупсысэр нэхъыбэу зыхуэунэтIар.

Нэмысыр, лъэпкъым и хабзэм и къуэпсхэр щыкъутэкIэ, абы хуэфэщэн уасэкIэщ ар зэрызэкIуэжынур. Аращ уэздыгъэриункIыфIауэ, и сабий закъуэри диижауэ фыз тхьэмыщкIэр унэм кърихьэлIэжауэ поэмэр щIиухар.

Зэрыхуа щытыкIэм цIыхубзыр и закъуэу къонэ.

ЩоджэнцIыкIум и дуней еплъыкIэр епхащ адыгэ лъэпкъым и гупсысэкIэм. Мыри Алий и творчествэм ехьэлIауэ зэпкърыхын хуей Iуэхугъуэщ.

Мы тхыгъэм къыщытIэт Iуэхугъуэ псоми я нэщэнэхэр щыболъагъу ЩоджэнцIыкIум и «Мадинэ» поэмэми. ТхакIуэм къитIэщI-къихутэ Iуэхухэр щекIуэкIыр унагъуэрщ. Дытепсэлъыхьыжынкъым поэмэм, ауэ усакIуэм и нравственно-философие гупсысэхэр мыбдежым зэпхар гъащIэм и мыхьэнэр, лъэпкъым и хабзэр, и нэмысыр, лъагъуныгъэр, щIалэгъуэр, насыпыр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Мадинэ цIыхубз къабзэ цIыкIум и лъагъуныгъэр, и дахагъэр зэхэкъута мыхъун щхьэкIэ анэм имыщIэн зэрыщымыIэрщ. Армырауэ пIэрэ, зи адыгагъыр, зи нэмысыр, адыгэ хабзэ дахэр зыхъумэну яужь ит анэ зэпIэзэрытым зыми емыплъыжыххэу, и пхъум мыпхуэдэу щIыжриIэр:

*Захуэщ, си тIасэ, уфIэфIым,*
*ЩIэкIи дэкIуасэ… сыгъусэщ,*
*Уи псэм и щIасэ Заурым*
*Iуэху епщIылIэну си гуапэщ…*
*Сэ саукIыжми, убынщи,*
*Уи псэуныгъэр си махуэщ.*
*Дыщэ упыхьэу къыпщIахыр*
*СымылъагъунрИ гуфIэгъуэщ.*

Си гугъэмкIэ, аращ ЩоджэнцIыкIу Алий и гупсысэр зэрыщыту зытеухуар. Аращ абы и тхыгъэхэм я мыхьэнэр лъагэу зыIэтыр.

ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэр хуокIуэ дунейм хэIущIыIу щыхъуауэ щытепщэ философие зэхэлъыкIэхэм къагъэув мардэхэм. Абы и творчествэм къыщыIэтащ кууу узэгупсыс хъун Iуэхугъуэ куэд. Сэ абыхэм ящыщ язынықъуэхэм ауэ щхьэфэду срикIуауэ аращ.

**ЩОКЪУИЙ Къадир,** *критик*

НАФІЭДЗ Мухьэмэд



# Насып зэхэгъэкIыпIэ

*Повестым щыщ Іыхьэ*

Пэш кIыфIым щIэбэмпIыхьу щхьэгъубжэ Iухам бгъэдыхьа щIалэм зыгуэр къилъыхъуэ хуэдэщ. «Мор си вагъуэщ», – жиIэу, япэу и нэм уэгум щыхиубыдыкIар псоми къахолыдыкI. Ауэ, зримыпэсIа хуэдэ, абы зыри гъунэгъу иIэкъым.

– Ярэби, мо вагъуэм хуэдэу сэри си закъуэу есхьэкIыну пIэрэ-тIэ си гъащIэр? – и гур зыщIэгъужу зоупщIыж.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр икIрэ и ныбжьэгъухэр зэ къэкIуэжамэ, мы общежит нэщIыжьыр зэшыгъуэу щытыжынутэкъым, ауэ абы иджыри тхьэмахуитI иIэщ.

Пщэдджыжь жьыуэ къэтэджын зэрыхуейр игу къэкIыжу нэхъ пасэу гъуэлъыжами, хэлъщ, и напIэ зэтемыхьэу. Динэ игу къэкIащи, илъагъуну и нэ къыхуокI. ГъуэлъыпIэм и гъунэгъуу щыт шэнтым телъ жып телефоныр къещтэ. Сыхьэтыр пщыкIузым фIэкIащ. ФIыуэ илъэгъуам псэм къыбгъэдэкI псалъэ зытIущ хуригъэхьынщ. Ауэ сыт хуитхынур? Къигупсысащ:

«Уи жэщ фIы хъуну, нэхулъэфI дыдэ укъикI!» «Жеярэ, къэзгъэушыжмэ-щэ?» – йогупсыс, ауэ лъагъуныгъэр къытокIуэри, лъэмыкIыу тхыгъэр ирегъэхь. Езыри мыгувэу жейм хелъафэ.

Заур сабий унэм къыщыхъуат. И адэ-анэм я IэфIыгъэ-хуабагъэ зыхищIэн дэнэ къэна, дунейм къызэрытехьэрэ ахэр ауэ зэ нэхъ мыхъуми илъэгъуакъым. Ари щыгъэтауэ, езы къэзылъхуахэр и нэгум хуиту къиплъауэ пIэрэ хьэмэрэ мы щIылъэ хъуреижьым къытрадзэу, къэгъазэ ямыIэу, езыхэр ехыжа?!

Ар Заур дежкIэ жэуапыншэу къонэ.

МылIэр лIы мэхъу жыхуаIэращи, зеиншэу къэхъуами, гъащIэм хъарзынэу хэзэгъащ. И гум куэдрэ къокIыж: интернатым цIыхубз, лIы мыцIыху гуэрхэр къэкIуамэ, «Мор мамэу пIэрэ, мор си папэу, сишэжыну къэкIуауэ, ялыхь, къыщIэгъэкI!», – жиIэу лъаIуэрт. Ар егупсысыртэкъым здашэнуми. Дэни кIуэнт, зи хуабагъэ зыхимыщIа, игъащIэм нахуапIэу имылъэгъуа къэзылъхуахэр къигъуэтыжамэ, бгым зрадзыхыжми, якIэлъелъэнт! Ярэби, апхуэдизу гущIэгъуншэ дыдэу пIэрэт а сабийр мы дунейм къытезыдзэу зызыгъэпщкIужаитIыр. Езым жрамыIэжыфами, сабий унэм и лэжьакIуэхэм а тхьэмыщкIэр къызэрагъуэтар зэи ягу ихужыркъым.

Пшапэ зэхэуэгъуэ хъуауэ, щIыбымкIэ къиIукIыу гъы макъ зэхэзыха хъумакIуэр къыщIэкIмэ, елъагъу бжэIупэм щылъ хъыданжэрумэр. ЛIым и джэ макъым къызэхуигъэса цIыхухэм ар зэкIуэцIахри йоплъ, мо щIалэ цIынэм и Iэблэм ищIа тхылъымпIэм гу лъатэ. Абы тетт: «ЩакIуэ Заур Хъызыр и къуэ. 27.06.85 гъэ».

ГъащIэр кIуэ зэпытщ, ар и пIэм иткъым. Заури и хъуэпсапIэ гуэрхэр зригъэхъулIэфу хуежьащ. Ар хуоджэ зэрыцIыкIурэ зыхуэпабгъэу щыта дохутыр IэщIагъэм. Пэжщ, тыншкъым дэIэпыкъуэгъуншэу уеджэныр, ауэ

и Iуэху щыхуэхъухэм деж зыгуэрхэр къызэрилэжьыным хэтщ. Гугъуехьыр и натIэми, зыхещIэ, гува-щIэхами, щиIуэтэжыну зэманыр зэгуэр къызэрысынур. А псор зэригъэзахуэурэ, нобэрей лэжьыгъэм иригъэша щIалэр парк цIыкIумкIэ кIуэцIрокI. Мыпхуэдэ зэманхэм щIалэгъуалэр мыбы сыт щыгъуи къакъэ-пщIыпщIу исщ. Зиплъыхьурэ здэкIуэм, тIысыпIэ нэщI къилъэгъуам щетIысэхащ.

– Бетэмал, Динэ си гъусамэ, аратэкъэ? – къыжьэдоху абы. ИтIанэ и жып телефоныр игу къокIыжри, епсэлъэну мурад ещI.

– Уузыншэм, Динэ. Дауэ ущыт? ПхущIыхьэнумэ къыдэкI, паркым тIэкIу къыщыткIухьынщ.

– СщIэркъым мамэ сынылигъэкIынуми. СеупщIынщ. ТIэкIу дэкIмэ, къэпсэлъэж.

Пщащэм къыжриIэнум Заур пIейтейуэ поплъэ. А тIур зэрызэрыцIыхурэ щэ-плIэ зэхуэзами аращ. Ягухэм гухэлъ мафIэм щыщ хъуаскIэ гуэрхэр къыщыпIэнкIыу хуежьами, ахэр хунэсакъым псэм къыбгъэдэкI псалъэ хуабэкIэ зэхуэгуэпэну. Заур щизакъуэхэм быдэу мурад ещI хъыджэбзым епсэлъылIэну, ауэ ар гъунэгъу къызэрыхуэхъуу, псори щогъупщэж. ТелефонкIэ хуиту епсэлъэф щхьэкIэ, пщащэр щыдэщIыгъум укIытэр къытокIуэри, и бзэр еубыд. Заур апхуэдизу зытхьэкъуа хъыджэбзыр къызэрицIыхуар и ныбжьэгъу, и гъусэу пэшым къыдыщIэс Резуан и фIыгъэт. Абы и къэшэн хъыджэбзыр къыщалъхуа махуэу, Заур хъуэхъуакIуэ кIуат Резуан щIыгъуу. Iэнэм здыпэрысхэм, къыщIыхьат зи пщэр къиха плIэ фIыцIэрэ джинс гъуэншэджрэ зыщыгъ пщащэ зэкIуж, и бгы лантIэм фIэкIыу едзыха и щхьэц сырыху-фIыцIафэм нэхъри дахэ щIэхъукIыу. Езыр апхуэдизу хужьт, къабзэти, и къурмакъейм ежэх псыр уолъагъу жыхуаIэм хуэдэт. Ар икIи Iэдэбт, ауэ пагагъэ зэрыхэлъыр и нэгум иплъагъуэрт. Заур и нэхэр абы зэрытенам псоми гу щылъатэм, къэуцIыплъауэ и щхьэр хуэмурэ ирихьэхыжат.

Заур апхуэдизу пIейтейуэ зыпэплъа дакъикъэри къэсащ. Иджы ар Динэ бгъурыту парк ихьэпIэм хуокIуэ. Ауэрэ «Нарт» хьэщIэщым нэблэгъахэщ. Абдеж щыт нэчыхь тхыпIэм къыщIэкIыжахэм гу ялъызыта Заур гуфIэгъуэр зи нэгум къиищ зэрышагъитIым еплъурэ, кърригъэжьащ:

– Динэ, уэ уашэмэ, сытым хуэдэу нысащIэ дахэ ухъун уи гугъэ!

– Ар дауэ? Мыдахэхэм зэрыдэкIуэу захъуэжура?

– Уэра мыдахэр? УмыгушыIэ, зыгуэрхэм я фIэщ пщIынщ...

– Сызэримыгугъауэ гушыIэрейуэ укъыщIокIри!

– Дауэ сыгушыIэу? Сэ усакIуэу сыщытамэ, уи теплъэ дахащэр цIыхухэм усэбзэкIэ яхуэсIуэтэнт.

– Си насыпщи, уусакIуэкъым икIи ухудожниккъым.

– Сыхудожниками нэхъыфIыжт. Абы щыгъуэ уи сурэтыр псоми ялъагъуу, зэи хэмыгъуэщэжыну дыщэпскIэ уэгум исщIыхьынт.

– Сэ апхуэдэу сыхуэмеймэ-щэ?

– Ар сытым къыхэкIыу?

– Къысхузэгуэпхэм нэ къыстрагъэхуэнти.

– Апхуэдэу къэзгъанэу сежьэжынутэкъым, – Iэмал имыIэу нэтемыгъахуэ дыуэ пхуезгъэтхынут.

Псалъэмакъ иришэжьар мыужьыхыж щIыкIэ, Заур тогушхуэри хъыджэбзым зыхуегъазэ:

– Динэ, пщIэрэ?.. – Ауэ жиIэнур хунэмыгъэсу къоувыIэж.

– Сыт?

– Зыгуэр бжесIэнущи, уи жагъуэ умыщIыну псалъэ къызэт?

– Ар жыпIэнум елъытащ, – погуфIыкI пщащэр.
– НтIэ, сыкъэбгъэгугъэфынукъэ?
– Узот псалъэ!
– Быдэуи?
– Быдэ Iейуэ!
Ар жиIэри, хъыджэбзым и нитIыр щIалэм триубыдащ. Заур укIытэжри и щхьэр ирихьэхащ, ауэ, апхуэдэу куэдрэ щыт зэрымыхъунур къыщыгурыIуэм, къыдэплъеижащ.
– Сэ фIыуэ узолъагъу! – къыжьэдэIукIащ абы щэху дыдэу.
Пщащэр дыхьэрэну къызэщIэнарэ жиIэнур имыщIэу, тIэкIурэ щыта нэужь, щIэупщIащ:
– Заур, зэныбжьэгъу къудейуэ дызэхущытмэ, мынэхъыфIу пIэрэ? – ар жиIэри, мыдрейм къыпидзыжынум хунимыгъэсу, хуэмурэ къежьэжащ. Ауэ щIалэри и ужь къиуващ зыкъыкIэримыгъэхущэу.
Нобэ къыжраIам хуэдэ псалъэхэр Динэ и щыпэзэхэхтэкъым, уеблэмэ куэдыIуэм къраIуэкIырти, и жагъуэт. НэгъуэщIут езыр а Iуэхум зэреплъыр: «ФIыуэ дыкъэзылъагъуу жызыIэхэм ар псалъэ гъущэкIэ ди фIэщ ящIыну щхьэ хэт? Ар пэжмэ, щIыжаIэн щыIэкъым, псалъэншэу ди фIэщ, нэрылъагъу тщыращI».
Динэ иджыри къэс къыхуихуатэкъым и псэм дыхьэн цIыху хуэзэну. Иджы и гур зыгъэхуэбэфыну къыщыхъу мы Заур къыкъуэкIат, зэкIэ дзыхь хуищIын шынэми. Ауэ абы нэгъуэщI зыгуэру хущытт, къызыхэкIыр нэсу хужымыIэми. ЦIыхугъэ зэрызэхуэхъурэ дэкIа зэман мащIэм лъэмыкIыу есат, и гущIэм щызэщIэнэ мафIэ цIыкIур уилыпщIу зэщIэлыдэну хьэзыру.
Динэ къызэплъэкIкъым, Заури абы кIэлъыщIыхьэну хэткъым. Апхуэдэурэ, автобус къэувыIэпIэм щынэблагъэм, пщащэр къэувыIащ. ЩIалэри лъэщIыхьэри и нэгум имыплъэфу, и щхьэр зэрехьэхауэ хъыджэбзым зыхуигъэзащ:
–А уэ зэрыжыпIам хуэдэу нэхъ къапщтэу ара?
– НтIэ, – щэхуу къыжьэдэкIащ хъыджэбзым.
– Сэ апхуэдэу сыхуэмеймэ-щэ?
– Сэ щIалэ сиIэмэ-щэ? – къызыхихри имыщIэу, упщIэм упщIэ пидзыжащ. – Узыншэу! – ар жиIэри, щIалэм и жэуапми пэмыплъэу, къыIулъэда «Газелым» итIысхьащ.

* * *

Бгъууэ зэтет унэм пэмыжыжьэу щыт тетIысхьэпIэм зыгуэр зэрытесыр кърипщIэу, кIыфIыгъэм ныбжь мащIэ хыболъагъуэ. Махуэр хуабащэу щытами, иджыпсту абы зэрызитам гу лъыптэу, пщыхьэщхьэ акъужь щIыIэтыIэр къыкъуэуащ.
– Уху-ху-ху-ху! – кууэ хоцэтыкI кIыфIыгъэм къыхэщ фIыцIагъэр. Абы ирихьэлIэу ныбжь зиIэ лIы мыцIыху гуэр къыIуохьэри, сэлам кърех, тегушхуауи къыбгъуротIысхьэ. И жыпым тутын кърехри къыхуеший, ауэ, зэремыфэр къыщыгурыIуэм, щIегъанэри езым щIишу щIедзэ.
– Хэт уи цIэр, щIалэ?— къыфIэмыIуэхущэу щIэупщIащ лIыр.
– Заур.
– Заур, За-аур. Сэ си цIэр Уэсмэналийщ, ауэ псори къызэрызэджэр Уэлийщ.
ЩIалэр зэрыщэхущ, къыбгъэдэсым къыжриIэхэр къыфIэмыIуэху хуэдэщ, ауэ и щхьэ егухар зэуэ къыдрихьейри, цIыхугъэ къыхуэхъуар

зэпиплъыхьу щIидзащ: илъэс хыщIым щхьэдэбэкъуэхагъэн лIыр плIабгъуэт икIи Iэчлъэчт.

Зы зэман лIыгъэ хэлъу, лъэрызехьэу щытагъэнт.

– Удэнэ къуажэ? – аргуэру къеупщIащ лIыр.

– Бахъсэн, – жиIэнур имыщIэу заулкIэ гупсыса нэужь, пцIы иупсащ Заур.

– Иджыри зыгуэркIэ сыноупщIынут: сыт апхуэдизу ухэзыгъаплъэр?

– Ухэзыгъэплъэн мащIэ мы дэ дызыхэпсэукI зэман гущIэгъуншэм?

– Апхуэдэу жумыIэ, уэ иджыри плъэгъуа щыIэкъым, мы дунейр пфIэмыIэфIыжу ухъун хуэдэу. КъызгурыIуэркъым фэ зи щIалэгъуэхэр фызэрынасыпыфIэр щIызыхэвмыщIэр? Фи пIэм сыкъихутэжащэрэт, бетэмал!

– ЩIалэгъуэр апхуэдизу щыфIкIэ, сыт-тIэ уэри уи блэкIам апхуэдэу ущIыхуэмыарэзыр?

– Ар гъащIэм и хабзэщ: цIыхум и ныбжьыр хэкIуэтэху, къикIуа гъуэгуанэм ириплъэжрей хъууэ щIедзэ – Iеймрэ фIымрэ зэпилъытыжу, фIым щыгуфIыкIрэ кIэлъыхъуэпсэжу, щыуагъэу IэщIэкIам хущIегъуэжрэ зэманым къезгъэгъэзэжащэрэт, жиIэу. АрщхьэкIэ ар уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъыпщтэжым ещхьщ. УщищIалэгъуэм деж дуней узытетри нэхъ IэфI къыпщохъури, абы къыхэкIыу къыщIэкIынщ гъэхэр псынщIэу, защыдмыгъэнщIауэ зэрыблэлъэтри, дащIыкIэлъыхъуэпсэжри.

Заур зэрыщымщ, сыти жиIэн, и щхьэр и жагъуэщ.

– Уи гукъеуэр умыбзыщIу къысхуэIуатэ, сэбэп дыпхуэхъуфмэ, тлъэкI къэдгъэнэнкъым.

– Хьэуэ, упсэу, псори тэмэмщ.

– НтIэ, щIалэ, сэри сыкIуэжынщ, уэ зэзэмызэ къыкъуэкI, тIэкIу нэхъ дытеунщ, сэ мы псэупIэ унэм пэмыжыжьэу щыт еджапIэм сыщыхъумакIуэщ, си закъуэщи, созэш.

Заур щысщ, и гум къыхуидэркъым унэм щIыхьэжыну. Динэ щIэгупсысурэ и щхьэм хужеIэж: сыту гущIэгъуншэ мы дунейм хъыджэбзу тетыр, я гур мылым хуэдэу щIыIэщ.

Апхуэдэущ къызэрыфIэщIыр. НтIэ, ар мыпэжмэ, пщащэм къигъапцIэу апхуэдизрэ щхьэ къыхуэза? IупщIкъым. Ауэ и гум хуигъэхукъым пщащэр. ФэрыщIыншэу фIыуэ елъагъу, ауэ мывэм гухэлъ хуэпщIкIэ узыхищIэн. Сыт ищIэн, игъэвынщ и псэм къытегъуэлъхьа бампIэр, езым ещхь куэдым къахэжыжынкъым.

Заур икIэм-икIэжым къотэджыжри, хуэмурэ общежитым щIохьэж.

Гъуэлъыжами, жейм езэгъыркъым. Гупсысэ мыфэмыц къомыр зыщхьэщихуну хэтщ, – къикI щыIэкъым. Телефоныр къозу:

– Сэлам алейкум!

– Уалейкум сэлам, Резуан! Жэщтеуэр дэнэ укъипсэлъыкIрэ?

– Къех и лъабжьэм, щIыбым дыдэтщ.

– КъыдэкIуей, укъыщIагъэхьэжыркъэ?

– Гъусэ сиIэщ.

– Абы щыгъуэ сынох.

Щыгъахэр зыщедзэжри, пIащIэу къыщIокI.

– Уо, си къуэш, сыт бгъахъэхэр? – бжэ щIыхьэпIэм деж щыт Резуан зэуэ зыкъредз.

– Уэ къуэш ухуеиж, Тэрч укIуэжри удэтIысхьэжауэ удэсщ. Хьэмэрэ фи къуажэдэс хъыджэбзхэм уаубыдыжауэ ара? Арамэ, сэ ар Ася схужеIэжынщ.

– Дэ, фэ фхуэдэу, зыдгъэгородскойкъым, къуажэм тщIэн щыдогъуэт. Плъагъурэ си Iэгум и пхъашагъ хъуар?

– Хъунщ иджы, уи тхьэусыхэныр бухамэ, мы уи гъусэ щIалэр дыгъэцIыху.

– Мыри? Мыбы и цIэр Тимурщ. Си анэ шыпхъум и къуэщ, Шэджэм щыщщ.

– Сэ си цIэр Заурщ, ЩакIуэхэ сарейщ.

– Ди къуажи ЩакIуэхэ дэсщ. ЩакIуэ Хъызыр зы уэрамдэкIкIэ нэхъ тпэмыжыжьэу щопсэу.

– Хэт ар? – зэхихыр и фIэщ хуэмыщIу щIоупщIэ Заур.

– Школым ОБЖ-мкIэ дыщригъаджэу щытащ, езыр хьэлэлыжь гуэрщ, ауэ фадэм пищI щыIэкъым.

– Унагъуэ иIэкъэ?

– ИIэщ унагъуи. КъуитIрэ зыпхъурэ иIэти, хъыджэбзыр куэд щIакъым зэрашэрэ.

Заур хэгупсысыхьащ, «Арауэ пIэрэ-тIэ?» – зоупщIыж игукIэ. Ауэ шэчи къытрехьэ – Хъызыру а зыракъым тетыр мы дунейм.

– Уа, дебгъэблэгъэну? – Заур и гупсысэхэр зэпеуд Резуан, ауэ иригъэуvэха хъуржын хьэлъэр къиищтэжурэ.

ЩIалищыр жэщ ныкъуэм фIыуэ фIэкIауэ гъуэлъыжами, Заур и нэр унащхьэм тенауэ хэлъщ. НетIэ къыжраIахэр гукIэ зэрегъэзахуэ. Пэжу, и адэу пIэрэ? Арауэ къыщIэкIмэ, къилъыхъуапхъэ? Хуей ар абы?

ИтIани, фIэзахуэщ а лIыр къигъуэту епсэлъылIэну, нэгъуэщI мыхъуми, Iуэхур зытетыр къиищIэну. И гупсысэхэр хузэмыгъэзахуэурэ, жей IэфIым хелъафэ.

Пщэдджыжьым Заур къыщызэщыуам, и ныбжьэгъур къэтэджакIэт. Резуан сыт щыгъуи и гъусэхэм нэхърэ нэхъ жьырытэджт. Ар щIалэ лъагэ плIабгъуэ зэкIужт, нурыр зыщIэмыкI и нэ нащхъуитIыр сыт щыгъуи къигуфIыкIыу.

Заур зитхьэщIу къыщIыхьэжа нэужь, Резуан зыкъыбгъуригъахуэри къеупщIащ:

– Динэ уэрэ фи Iуэхур дэнэ нэса?

– Дэнэ нэсын? Сыкъыпригъэхащ.

– Ар дапхуэдэу?

– НэгъуэщI зыгуэр иIэу къызжиIащ.

– Уэри, арати, ар уи фIэщ хъури, укъэувыIэжащ, пэжкъэ? – къыхупогуфIыкI и ныбжьэгъур!

– НтIэ, сытыт сэ къысхуэнэжыр?

– УгъэщIэгъуэнщ уэ, щхьэ къыбгурымыIуэрэ абы занщIэу сыарэзыщ къызэрыбжимыIэнур? Сэ Ася къызжиIахэм тепщIыхьмэ, уэ ар къыпхуэIей хуэдэкъым, уи дейщ псори къыщынэр.

– СщIэркъым, сыт хуэдэу сэ абы нэгъуэщIу сызэребгъэпсэлъэнур, себгъэлъэIуну?

– Уи гухэлъыр зэрыхуэпIуэтар дапхуэдэу?

– ФIыуэ узолъагъу жесIащ.

– Апхуэдэ дыдэуи? – дыхьэшхыурэ щIоупщIэ Резуан, ифIэщрэ гушыIэрэ къыпхуэмыщIэу.

– Абы гъэщIэгъуэн лъэпкъ хэлъкъым.

– Ауэ сытми хэлъ, уэ езым къыбгурымыIуэж щхьэкIэ. Абы тIэу-щэ ухуэзами аращ, фIыуэ зэрыплъагъур IупщI щыпщIын папщIэ, апхуэдэ псалъэ гъущэхэр мащIэщ.

– Ар псалъэ гъущэкъым.

– Зэ моуэ дыгъэпсалъэ, укъытримычу. Уэ зыми щымыщу къызыкъуэппхъуэту хуэпIуэта уи гухэлъыр абы и фIэщ мыхъуагъэнкIи хъунщ. Япэрауэ, упIэщIэн хуеякъым, етIуанэу, уэ мы гъащIэр зэрызыхэпщIэр къэбгъэлъагъуэу, кууэ цIыхухэм я зэхущытыкIэхэм, лъагъуныгъэм ухутепсэлъыхьу тIэкIу философием ухуеуэу, зыгуэркIэ и гум узэрыдыхьэнум упылъын хуеящ. Уи псэм къыпкърыкI хуабагъэри зыхебгъащIэ хуэдэу, зы удз гъэгъа цIыкIукIэ е, нэгъуэщI мыхъуми, IэфIыкIэ хуэдэ гуэрхэр хуэпшийуэ, къэбгъэпцIэн хуеящ. Абыхэм ар хуэмынықъуащэми, гуапагъэу аращи, гукъэкI узэриIэм гу лъитэнт.

– НтIэ, сыт иджы сщIэнур?

– Iэмал иIэж абы? Уэ псори зэIыбгъэхьащ.

Заур и щхьэр ирехьэх. Мо и ныбжьэгъур нэщхъей къызэрыхъуам гу лъетэжри, Резуан пещэ:

– Дахэ цIыкIум хуэдэу нобэ зыхуэбгъэзэнщи, уи жагъуэ сщIамэ, къысхуэгъэгъу, дызэфIэкIуэдыну сыхуейкъым, аращ-моращ жыпIэурэ, нэхъ ифI къипшэжынщи, адэкIэ зэманым къигъэлъэгъуэнщ.

– Зыкъысхуигъэзэну ущыхьэт абы?

– Апхуэдэу хъуми, бзаджагъэм дыхуекIуэнщ, а уэ пщIэ Ася цIыкIур диIэу укъимыкIуэт, абы зыгуэр къедгъэгупсысынщ.

– Уэ бзаджэжьыр удимыIамэ, дэ дауэ дыхъунут!

– Хэт ищIэрэ, Диныэшэу укъэнэнкIи хъунт. Ауэ дэ дыпсэууэ, пщIэркъэ уэ ар зэрыпфIэмыкIынур?

– Хъунщ иджы, щыгъэт.

– Хъарзынэщ, ауэ мо жейнэдыр къэгъэушын хуейщ. Дыдей щыIауэ фIэкIа ящIэркъым, ар я къуажэмкIэ утIыпщыжын хуейщ, сэри нобэ згъэзэжынкъым.

* * *

Ещанэ къатым и балкон хужьышхуэм ит Динэ удз гъэгъахэм псы щIекIэ. Абыхэм я мэ гуакIуэр и Iум итми, защимыгъэнщIу, щIэх-щIэхыурэ ину хьэуар зыжьэдешэ. Гъэгъахэм я мэ гурыхьым нэхърэ нэхъ гуащIэжу и гум зы IэфIыгъэ гуэри щызщ, зищIысыр иджыри фIы дыдэу къыгурымыIуауэ.

«Сыт абы сыкъыщIыхихар, – йогупсыс Динэ. – Пэж дыдэу, фIыуэ сыкъилъагъуу пIэрэ? Си жьэм къысхуемыгъэкIуэн псалъэщ, ауэ сэри ар фIыщэу солъагъу. КъыщIэмыпсалъэр сыту пIэрэ? И жагъуэ хъуагъэнщ иужьрейуэ зэхезгъэха псалъэхэр. НтIэ, сытыт жесIэнур? Сэри си гум урохь, жысIэу сыбгъэдэувэнут?»

– Уи ныбжьэгъур къэкIуащ, Динэ, къех, – хъыджэбзым и гупсысэхэр зэпиудащ анэм и макъым.

– Ася хъунщ ар, къыдэгъэкIуей, мамэ.

Ася псынщIэ дыдэу Динэ и пащхьэм къихутащ.

– Къеблагъэ!

– Дыкъеблэгъакъэ, дауэ ущыт, уи закъуэу, узэшуи щхьэ мыбы утет?

– Си закъуэ сэ сытми, Алыхьыр си гъусэщ, мы гъэгъа цIыкIухэми си гур хагъахъуэ.

– Мыбдей зыщуплъыхьынуи уасэ иIэкъым, таурыхъым хуэдэщ. Ауэ дыщIэгъэкIи, къалэм дыдэгъэхьэ, тIэкIу ди нэгу зедгъэужьынщ.

– Сыхуеищэкъым зыщIыпIэ сыкIуэну, дыдей дыщIэгъэс.

– Мыпхуэдэ пщыхьэщхьэ дахэм дауэ унэм узэрыщIэсынур, сэ зытедгъэун жысIэри аращ сыкъыщIэкIуар.

Асярэ Динэрэ парк цIыкIум ит тетIысхьэпIэм здытесым, Резуан, блэкIрэ пэт зэрымыщIэкIэ къабгъэдыхьа хуэдэу, къыIухьащ.

– УэI, мы тIум еплъыт, фыузыншэм!

– Къеблагъэ, къеблагъэ, уэрат дызэжьэр, дэнэ укъикIа? – гушыIэурэ щIэупщIащ Ася.

– Сэ апхуэдэурэ сыкъыкъуохуу, ауэ Динэ уэрэ фызыпэплъэIарэ? ЩIалэжь гуэрхэр къыIухьэн хуеймэ, жыфIэ, зэран сыфхуэмыхъуу зыIуезгъэхыжынщ.

– Хьэуэ, къэтIыс уэри ди гъусэу, – зыхуигъэзащ абы Динэ.

– Уэлэхьи, ар сэ си мыжагъуэ, нэху щыхуи сывбгъэдэсыфынум, – ар жиIэри, Ася и лъэныкъуэмкIэ щетIысэхащ, ауэ, зэуэ къыщылъэтыжри, и гъусэхэм захуигъэзащ:

– ФынакIуэ, моуэ кафем. Е нэгъуэщI зыгуэрым дыщIэсынщ.

Динэ зрилъэфыхьу гу щылъитэм, Ася абы и Iэблэр иубыдри иришэжьащ.

УэрамымкIэ ирагъэзыха къудейуэ, Заур къазэрыхуэкIуэм гу лъатащ.

– Сэлам алейкум! – япэ зригъэщащ Резуан.

– Уалейкум сэлам. Хъыджэбзхэри фыузыншэ? Сэри сыздэфшэ фыздежьам.

– Япэ щIыкIэ щIэупщIэ, дэнэ фыздэкIуэр, жыIи, – зыкъыхуигъэзащ и ныбжьэгъум.

– Сэ дэнэми содэ, фэ сывигъусэмэ.

– Абы щыгъуэм, удощI гъусэ, кафем дыкIуэу аращ, накIуэ.

Заур Динэ и гъунэгъуу щысщ, щIэх-щIэхыурэ и нэгум иплъэми, пщащэм абы гу зэрылъримыгъэтэным хущIэкъу зэпытщ.

– Сэ иджыпсту къэзгъэзэжынщ, – къэтэджащ ар, мыгувэуи къыIухьэжащ, билетиплI иIыгъыу.

– Сыт мыхэр зищIысыр? – щIэупщIащ и ныбжьэгъур.

– Иджыпсту кином щIидзэнущи, деплъынщ.

– Абы дигъэгувэнукъэ, дыкIуэжын хуейщ, – къэпсэлъащ Динэ.

– Махуэ къэс мыпхуэдэу зыдагъэгъэпсэхуну къыщытхуимыхуэкIэ, тхьэ, сэ сыарэзым. Мыбыхэм зыми драгъэхьынкъым, Динэ, дымыгузавэу, хуиту девгъэплъ.

– Ахэращ дзыхь зыхуэзмыщIыххэр, абыхэм уамыдыгъуфыну щхьэ къыпщыхъуа? – дыхьэшхыурэ, щIэупщIащ пщащэр.

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, дапщэщми зэ ар къыщытпэщылъкIэ, дадыгъуми, мыхэр нэхъ къытщысхьурэ дахьынщ, ямыгъэузIауэ, пэжкъэ, Резуан?

– Дэ дыфщымышынэу дынывэIусэфын?

– ЛIо, апхуэдэу дышынагъуэ дэ? – зигъэгусагъэфэ зытригъауэу щIэупщIащ Ася.

– Хьэуэ, дэ езыр дыфщошынэ фэ дывдыгъункIэ. Ауэ, апхуэдэ гукъэкI фымыщI щIыкIэ, фынакIуэ псынщIэу, кином дыкъыкIэроху, – пиупщIащ Резуан.

Кинор зэриухыу, Резуан Ася и Iэблэр иубыдри иришэжьащ. Динэрэ Зауррэ тIэкIу зыкъыкIэрагъэхуауэ якIэлъокIуэ. «Зи насып, я Iэхэр зэрыIыгъыу, зэхуэгуапэу макIуэ», – игукIэ жеIэ ехъуапсэу Заур.

Пщащэри зэрыщэхущ, ауэ апхуэдэу куэдрэ кIуэ зэрымыхъунур щIалэм къыщыгурыIуэм, абы зыхуигъэзащ:

– Динэ, зыгуэркIэ уи жагъуэ сщIамэ, къысхуэгъэгъу, сэ сыхуеякъым...

– Хьэуэ, тхьэ, зыкIи си жагъуэ лъэпкъ къэпщIакъым, – къыхуеплъэкIащ нэщхъыфIэу.

– А хъыджэбзыр ухуэсакъыу гъэкIуэтэж, сэ мы си нэхур нэзгъэсыжынщ, – къызэпсэлъэкIащ и ныбжьэгъур.

– Хъунщ, умыгузавэ.

Динэ тIэкIуи Ася хузэгуэпырт, мыпхуэдэу къигъанэу зэрежьэжам щхьэкIэ. НэгъуэщI мыхъуми, сэлам кърихыж хъунутэкъэ? Ауэ зыми зыкъригъэщIакъым.

Зыри жимыIами, абы и гуапэт Заур зэригъэкIуэтэжыр, тIэкIу фIэмыфI хуэдэу зищIми. Сыт ищIэн, зыгъэпэгэныр абы хъыджэбз хьэлу хэлът.

– Динэ, мо Шыхулъагъуэм пэмыжыжьэу уафэм ит вагъуэ нэщхъеифэр плъагъурэ?

– НтIэ. Сыт щIыжыпIэр?

– Сэ абы куэд щIауэ сыкIэлъоплъ. Адрейхэм пэIэщIэу лъагэу имысу, вагъуэ гъусэ гуэрхэр иIамэ, фагъуэу щымыту нэхъ нуру мылыдыну пIэрэт ар?

– Пэжу къыщIэкIынущ.

– ЦIыхури апхуэдэщ. Я нэхъ зызыгъэбланэ дыдэри закъуэныгъэм дэужьыхынкIи хъунущ.

– Апхуэдэу къыпщызыгъэхъур сыт?

– Сэ ар бжесIэкIэ, уэ къыбгурыIуэнукъым. УзыхуэмейкIэ къыбжаIэкIэ, зэхэпщIыкIыну гугъущ.

– ЖыIэ, сэ сыхуейщ къызгурыIуэну!

– ПщIэрэ, мы гъащIэм дунейм тет цIыхур ныбжьэгъуу ущиIэми, лъагъуныгъэншэу упсэумэ, уи закъуэ пэлъытэщ. Сэ жысIэну сызыхуейращи, сыпхущытыфынукъым уэ ныбжьэгъуу, слъэкIкъым, схузэфIэкIынукъым сызыпэщIэувэжын, си гухэлъыр тепщэ къысфIохъу. Быдэу бжызоIэ: сыхуейкъым уэ усфIэкIуэдыну.

КъэувыIэхэри, уэрам уэздыгъэ нэхум хэт ныбжьыщIитIыр гукIэ, псэкIэ псалъэншэу зэIущащэу заулкIэ щытащ.

– Заур, сэри .... сэри сыхуейкъым зэпэIэщIэ дыхъуну, – щэхуу къыжьэдэIукIри, плъыжь къэхъуауэ, и щхьэр мащIэу игъэщхъащ.

– НтIэ, схуэхъу гъащIэ гъусэ. Зыми лъэкIынкъым дэ ди зэхуакум къыдыхьэн.

– СщIэркъым, Заур.

– Мы си гум уэркIэ лъагъуныгъэр изщ. Ар псалъэ гъущэкъым, псэм къыбгъэдокI.

Зэрыхъуари езы дыдэм имыщIэжу, Заур Iэбэри хъыджэбзым и Iэблэр иубыдащ, тIэкIу къызэрыскIар къапщIэу, пщащэми, и щIыфэр тхытхащ, ауэ Iэблэр щIалэм къыIэщIихыжакъым.

«Сытуи хуабэ икIи щабэ», йогупсыс Заур. Иджы япэу абы къыхуихуэу арат хъыджэбзыIэ игъафIэу иIыгъыну. Махуэ къэс сэлам зрих адрей пщащэхэм хуэдэтэкъым мыр. Мыбы малъхъэдису узыщIишэу зыгуэр хэлът. ТIуми зыхащIэрт ар зэрылъагъуныгъэр. Иджы хэт зэпэIэщIэ хуэщIын ахэр, апхуэдэу пситIым я гур къызэдеуэ хъуауэ?!

– Заур, сэ сыту фIыуэ слъагъурэ мыпхуэдэ мазэгъуэ жэщыр! Мо мазэр, дунейр кIыфIу щымытын папщIэ, уэздыгъэшхуэу уэгум кърагъэува фIэкIа пщIэн?

Пщащэм и телефоныр къыщызум, и фэ сумкIэм къыдихащ:

– Мамэ, сынокIуэж, умыгузавэ. Иджыпсту сынэсыжынущ. Хъунщ.

– Гузавэ хъунщ фи дейхэр.

– Адэ-анэр дапщэщи апхуэдэщ.

– Нобэ, пэж дыдэу, иджыри тIэкIу къэткIухьыну хэкIэсащ, ауэ, хъунумэ, пщэдеи дызэхуэгъазэ.

– Заур, сщIэркъым, гъэ еджэгъуэщIэм сыхуэхьэзыркъым, махуиплI къэнэжауэ аращ. Пщэдджыжь сыдэкIыу тIэкIу сыщэхуэну си гугъэщ.

– НтIэ, нэхъ пщыхьэщхьэу, сыхьэтыр хым ирихьэлIэу пхущIыхьэн?

– Деплъынкъэ...

ТIуми зыри жамыIэу макIуэхэр. И гущIэм щызэщIэна мафIэ лыгъэр зыгъэункIыфIыфын къару щыIэу зи фIэщ мыхъу щIалэм и гур уафэгум ихьауэ къыщелъэтыхь. Ар яIыгъщ хъуэпсапIэ дахэхэм. Абы нэхъ насыпыфIэ щыIэуи иджыпсту и фIэщ зэрыпхуэщIын щыIэкъым. Дауи пхуэщIын, хъыджэбзу дунейм тетым я нэхъ дахэр дэщIыгъущ. Апхуэдэущ езым къызэрыщыхъур. ИгъащIэм къыхуихуауи ищIэжкъым нобэ хуэдэу махуэ лъапIэрэ зэман IэфIрэ.

И псэр щIитыфынущ нобэ къеуэлIа насыпыр зыIэщIимыгъэкIын папщIэ. Мес, иджыри абы и Iэпэр иIыгъщ, имыутIыпщыжауэ икIи абы и хуабагъэр зыхещIэ. ТIуми яIутыр зы псэщ. ЩIалэр зэзэмызэ хъыджэбзым хуоплъэкI. ФIыуэ илъагъум и нэгур мазэгъуэ жэщ дахащэм игъэнэхум и мызакъуэу, и нэ къуэлэнхэри абы пэлыду къыщохъу. Дини щэхуу щIалэр зэпеплъыхь. Ар егъэлеяуэ Iэдэбщ. ЩыпсалъэкIэ, жиIэм егупсысурэ, хэплъыхьауэ псалъэхэр къищып фIэкIа пщIэнкъым. Пэжщ, щIалэ щэхущ, ауэ къыщызэрыкIахэм деж нобэ хуэдэу зыкъызэкъуех.

– Сыкъэсыжащ сэ, Заур, мис ди унэр.

ЩIалэм и жьэр иубыдауэ зэпиплъыхьу щIидзащ зыбгъэдэт лъапсэр.

– Сэ сщIакъым мыпхуэдэ псэукIэ фиIэу, – ар жиIэри, и щхьэр ирихьэхащ.

– Сыт ар щIыжыпIэр, дэ ди зэхущытыкIэм абы сыт хуиIуэху?

– Сэ сщIэрэ? ЖызоIэ ауэ сытми... Зыщумыгъэгъупщэ – пщэдей пщыхьэщхьэ сыхьэтихым дызэхуозэ.

– Хъунщ, Заур, узыншэу!

Сэлам къезыхыжу IукIыжа пщащэр куэбжэм дыхьэжыху кIэлъыплъри, езыр Заури къежьэжащ.

Общежитым нэсыжауэ щыщIыхьэжым, абы зыгуэр къеджащ.

– Заур, уэра ар хьэмэрэ сыщыуэрэ? Дауэ ущыт, си щIалэ? СыкъэпцIыхужакъэ?

– А-а, Уэлий! Сыт уи узыншагъэ? – бгъэдохьэри гуапэу сэлам ирех.

– Допсэу. Мыдэ си пхъурылъху щIалэ цIыкIур къыщIэкIыжын хуейуэ сежьэу аращ. Мы гъэм мы еджапIэм щIэдгъэтIысхьащ, уэзгъэцIыхунщи, псапэщ, уи нэIэ тхутегъэт.

– Хъарзынэкъэ, тхузэфIэкIымкIэ дыдэIэпыкъунщ. Сыт хуэдэ факультет?

– Тхыдэм.

– ФIыуэ школым щеджа хъунщ, абыкIэ и щIэныгъэм хигъэхъуэну къыщыхихакIэ?

– ЕджакIэ сыт, ахъшэ уимыIэмэ, щIэныгъэр иджы зыми имыщIысыжу къэнащ.

– Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ?

– Мыбы щIэхуэн папщIэ и адэ-анэр гугъу зэрыдехьар зыхуэдизыр

сощIэри аращ. Абы трагъэкIуэдар, иджыпсту ят улахуэм тепщIыхьмэ, лIэжыху къыхуэлэжьыжынукъым.

– ГъащIэр и пIэм иуджыхькъым, зэманми зихъуэжыну къыщIэкIынщ.

– Нэхъ Iей мыхъумэ, нэхъыфIкIэ зызэридзэкIыжыну зикI си фIэщ хъуркъым. Сом фIэкIа, напэ щымыIэжу дауэ нэхъыфI зэрыхъунур?

Заур и гум къэкIыжащ ахъшэкIэ езыми оценкэ зрыригъэгъэуваyэ щыта егъэджакIуэхэр. Ахъшэр зачеткэхэм дэлъу щати къахуихуащ.

– Пэжщ, ирагъэлейуэ Iызых закъуэтIакъуи яхэтщ, ауэ псори апхуэдэ защIэу жыпIэныр къезэгъыу къыщIэкIынукъым, мэлищэ щIакъуэншэ хъурэ жыхуаIэращ.

– Апхуэдэу зыщIэр къаубыдурэ лъэхъуэщым щIадзэу щытамэ, Iулъхьи щыIэжынутэкъым.

– Ари пэжщ, ауэ языныкъуэхэри а Iулъхьэр къыIахын хуейуэ гъащIэм ирехулIэ, мыбы къыщахь лэжьапщIэмкIэ уи щхьэр бгъэпсэужынкIэ Iэмал лъэпкъ щыIэкъым. Я унагъуэр ирапIыжын папщIэ Iулъхьэр къыIахын щIадзэри, хуэмурэ йосэ, абы итIанэ ирагъэлейуэ хуожьэ.

– Аращ ди къэралыр апхуэдизу щIыдэхуэхар, – хэщэтыкIащ лIыжьыр.

– Сыт тщIэн, мы дунейр апхуэдэу зэхэлъщ, ауэ цIыху псори зэхуэдэкъым. Дэ, насып диIэщи, напэншэхэр куэдкIэ нэхъ ди мащIэщ.

Абы хэту щIалэщIэ гуэр къабгъэдыхьащ. Зи пащIэ-жьакIэ зэщIэувэну хунэмыса ныбжьыщIэм, зигъэбалигъыфэ щхьэкIэ, и джэгун зэрыримыкъуар фэуэ тетт. ЗэрыцIыхухэри, куэдри зэбгъэдэмытыжу, зэбгъэдэкIыжащ.

* * *

Иужь зэманым гупсысэм хэмыкI Заур и щхьэр зэрихьэу къэнащ. Мыращ жиIэу езыми зытриубыдэнур ищIэркъым. Ауэ къэзылъхуа и адэ-анэр къигъуэтыну ищIа мурадым текIыфкъым. Ар йохъуапсэ мамэ, папэ жызыIэхэм. Хуейщ игъащIэ лъандэрэ зыщIэхъуэпсу щыта насыпыр зригъэгъуэтыжыну. Мы дунейм мылъкуу тетыр уиIэми, мы гъащIэм ущизакъуэмэ, а псори зыми ищIыскъым. «Сыт щхьэкIэ, сэ Динэ сиIэкъэ?» – зоупщIыж ар, и гур игъэфIрэ и щхьэр игъэлъэгэжу. Ауэ ещIэж, хуей хъумэ, къыкъуэувэну Iыхьлыуэ е благъэу зыри зэримыIэр. Мы дунейм тет хъугъуэфIыгъуэр щIитынт, абы къуэш е шыпхъу иIэу ищIамэ, ауэ апхуэдэ насып дэнэ щыIэ?

Къызыхихари имыщIэу, и гум къэкIыжащ анэм и Iэпэр зыIыгъыу къакIуэ хъыджэбз цIыкIум цIыхубзым зыIэпыщIиуду, IэфIыкIэ зыщIэлъ абджыпс тыкуэнымкIэ жауэ зэрыщытар.

– Мамэ, мор къысхуэщэху, мобыи сыхуейщ.

ЦIыхубзым, ар зыхуей псор къызыщIэкIын ахъшэ иIыгъ хъунтэкъыми, къыхуищэхуну къигъэгугъэ зэпытт. Ауэ а псор сабийм къыгурыIуэртэкъым, анэми къыIуилъэфыжыфыртэкъым. Сытми, нэхъ пудыIуэ морожнэр къыхуищэхури, еубзэу тригъэужурэ Iуишыжат. «Сэ мамэ сиIамэ, а хъыджэбзыжь цIыкIум хуэдэу, сыгъуэгыу згъэгузэвэнтэкъым, езым ахъшэ сиIэ хъумэ, зыхуей псори къыхуэсщэхуу фIыуэ слъагъунт», – егупсысат абы щыгъуэ Заур.

ЩIалэ цIыкIум мы гъащIэм зэрыщизакъуэр и ныбжьэгъухэм щахэтым деж тIэкIу нэхъ щыгъупщэми, жэщ хъурэ гъуэлъыжамэ, хуэму, адрейхэм къамыщIэу и гур къызэфIэзэрыхьурэ щыгъи къэхъурт. А нэпсхэр зэми щIыIэт, ауэ и нэхъыбэм хуабэт, зыхуэныкъуэ гуапагъэм хущхъуэ хуэхъуу.

Интернатым и гъэсакIуэхэр цIыхуфI защIэт. Дауи, яхэтт гу щIыIэ-псэ щIыIэ гуэрхэри. Ауэ апхуэдэхэр мащIэ дыдэт. Зэманым Iейр пIэщIихыжу, фIыр гум нэхъ къинэжу зэрыщытым къыхэкIыу къыщIэкIынущ псэм фIэмыфIыр зэрыпщыгъупщэжыр. Ауэ мыр и бгъэм хуемыгъэхыу тенауэ телъщ щIалэм нобэми: и ныбжьэгъу гуэр и гъусэу шхапIэм щIыхьахэу сабийр буфетым бгъэдыхьэри, тепщэчым илъ булъкIэхэм тIу къыхихат. Ар къэзылъэгъуа пщафIэр къэгубжьауэ къыбгъэдэлъадэщ, булъкIитIыр къыIэщIичыжри, «мэ, удыгъуэнумэ, хьэ щылъху», – жиIэурэ къиубэрэжьу щIидзащ. Абы хэту къыIулъэда дохутыр цIыхубзым сабийр къытрихыжат.

– Укъыщхьэщымыж мы зинэкIэ къалъхуам, мыр дыгъуэгъуакIуэщ! – кIийрт пщафIэр.

– Сыт апхуэдизу къыпфIидыгъуар?

– Тепщэчым мо тIур къыхидыгъукIащ, – ирегъэлъагъу стIолым триутIыпщхьэжахэр.

– Мыр сабийщ, а псор зэригъэзэхуауэ къыщIэкIынкъым. Хъунщ, хуэгъэгъу. Иджы, кIуэ, уэ цIыкIур щIэкIыжыпIэм деж къыщызэжьэ.

Зыщышынэу, зыIуплъэ мыхъуу щыта мастэхэлъхьэм а махуэм сабийм и псэр гъунэгъу хуэхъуат. И гугъэнтэкъым зил къыпщIэмыузу гъущI мастэжьыр уигъэгуIэу къыпхэзыIум апхуэдизу гу хуабэ кIуэцIылъу. Абы щыгъуэ а цIыхубзым псалъэ гуапэу къыжриIар, ар къызэреубзэрэбзар – псори ещIэж нобэми...

Мазэм щIигъуащ еджэным зэрыщIадзэжрэ. Заур аргуэру Тимур хуэзати, елъэIуащ я къуажэм ишэу, Хъызыр иригъэцIыхуну. Хэт ищIэрэ, и адэрауэ къыщIэкIынкIи хъунщ. Иджыри махуитI иIэщ щэбэтыр къэсыным. Ар къэблэгъэху, и гур нэхъ мэпIейтей. Зэми йогупсыс: сыткIэ сыхуей сэ къысхуэмейуэ къызэлъэпэуам? Ауэ, хущIогъуэжри, и нэгу сиплъэнщ, жеIэж. Сыт хуэдэу щымытами, илъэс дапщэ дэкIа а махуэр къыщысынум пэплъэурэ?

– Сыт, щхьэ ухэплъэрэ? – зыхуигъэзащ пэшым къыщIыхьэжа Резуан гупсысэм иIыгъыу щыс и ныбжьэгъум.

– Согупсыс пщэдей япэ рейтингыр зэрыстынум, – трилъэфащ Заур.

ЩIалэхэм адэкIэ жаIэнум хунэмысу, бжэм зыгуэр къытеуIуащ. Уэлий къахуэкIуауэ арат.

Дадэр нэфIэгуфIэу къыщIэбэкъуащ. Ар иужьрей зэманым щIалэхэм къакIэлъыкIуэрей хъуат. Зыгуэр имыIыгъыуи зэи къыщIыхьэртэкъым. Мис иджыпстуи, мыIэрысэ изу зэрылъ хъуржыныр Iэнэм къытригъэуващ.

ЛIыжьыр ныбжьыщIэхэм апхуэдэу гъунэгъу къащIыхуэхъуам и зы щхьэусыгъуэт абы и пхъурылъху Азрэт щIалэхэм я нэIэ зэрытрагъэтыр. Ауэ абы и закъуэкъым Зауррэ Уэлий лIыжьымрэ я псэр щIызэхуэгуапэр. Уэлий хуиIуэтат щIалэм и къекIуэкIыкIар икIи хущIегъуэжыртэкъым – сыт щыгъуи чэнджэщэгъуу иIэт.

ЛIыжьми Заур къыжриIат куэд щIауэ зыгъэгулэз гуауэр: и къуэ закъуэм къызэримыгъэзэжрэ илъэсипщIым щIигъуами, и фIэщ хуэщIыртэкъым ар мыпсэужу. Куржы-абхъаз зауэм кIуа и щIалэм теухуауэ къыIэрыхьар ар хъыбарыншэу зэрыкIуэдарат. Лъэужьыншэу кIуэда фIащауэ, сыт хуэдиз къыкъуэкIыжрэ? Аращи, поплъэ и къуэпсыр зымыгъэгъужыну зыщыгугъ и къуэ закъуэр гува-щIэхами къыкъуэкIыжыным. Бжэ Iух макъ зэхихмэ, къыщIыхьэжыну къыфIэщIу мэпсэу.

А гуауэр псом нэхъри нэхъ зытехьэлъар Данагъуэт. Анэм и нэр, илъа-

гъужышхуэ щымыIэу, нэпсым ирифат. УлIэмэ, уи кхъаблэ къыщIэувэн уимыIэныр Iуэхушхуэкъэ?

УимыIэр зыгуэрурэ пшэчынщ, ауэ уиIар пфIэкIуэдыныр егъэлеяуэ Iейщ. Пхъур сыт, ар хамэ унагъуэщ. ЛъэкIынуращи, уигъеинщ, унэм тIэкIу щыIэбэнщи, зейм яхыхьэжынщ.

ЛIыжьыр егупсыс зэпытщ: «Ярэби, ар Алыхьым имыухкIэ, ауэ щIалэм зыгуэркIэ къимыгъэзэжмэ, си лъапсэр хэкIуэдэжыпауэ аракъэ? Шынэхъыжьым къызиIуэкI зэпытт: зы къуэр уимыIэ пэлъытэщ. ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIут къамэрэ жеIэ мыщэм. Ауэ седэIуакъым и чэзум, бетэмал». И нэпсыр къыщызэпижыхьи къохъу, цIыхухэм къалъагъуу и гур къызэфIэзэрыхьми, емыкIуи къащIыркъым, езыри зызэрытриуIэфIэжыным пылъщ.

Куэд щIакъым щIалэр къэкIуэжауэ пщIантIэм дэт хуэдэу пщIыхьэпIэу зэрилъагъурэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, илъэс пщыкIутху щрикъуам къыхуищэхуауэ щыта джанэ хужьыр щыгъ хуэдэт. Ар абы хуэцIыкIу зэрыхъурэ псы куэд ежэхами, иджы хуэину щыгът. Псом хуэмыдэу нэр зытепщIыпщIэр орденыбгъэрт. Уэгум ит вагъуэм пэлыдми ярейуэ, зэщIэлыдэрт ахэр. «СыкъэкIуэжащ, ди адэ», – ар зэрызэхихыу, къыхэщтыкIауэ къызэфIэтIысхьат Уэлий, ауэ илъэгъуар зэрыпщIыхьэпIэр и гум ешыкъылIауэ зигъэукIуриижат.

Зы лъэныкъуэкIэ, абы гугъэр хихыжыртэкъым. «Пэжу, къэкIуэжу гъуэгу тету пIэрэ? » – зэупщIыжырт псэкIэ, нэхъ пэгъунэгъу хъуэпсапIэхэр къыфIеблыжу. Апхуэдэхэм деж и гум къэкIыж зэпытт и пхъумрэ и малъхъэмрэ къыжраIауэ щытахэр: «Гугъу фызэрехьыр, хьэзабу фшэчыр фIы дыдэу дэри зыхыдощIэ. ФэркIи дэркIи нэхъ тынш хъунт, дыдей фынэIэпхъуамэ».

Щэхуу заулрэ щыта нэужь, абыхэм Данагъуэ захуигъэзат:

– ЩIалэм къигъэзэжмэ, дауэ хъун, унэри лъапсэри хыфIэддзэу дежьэжмэ? Ар дауэ ди напэм, ди жьыщхьэм езэгъын?

– ЗызэщIэфкъуи фыдэкIыжыт мы пщIантIэм, – пищат абы Уэлии.

Абы и ужькIэ ныбжьыщIэхэм гузэрыдзэ ящIри, мазэкIэ тIури къалъихьакъым. Ауэ итIанэ хуэмурэ псори и пIэм иувэжащ. Зи гугъу ящIа псалъэмакъми афIэкIа къытрагъэзэжакъым.

Иужь зэманым Уэлии Данагъуэ и узыншагъэм тегузэвыхь зэпытщ. И гум къыхигъэзыхьрей хъуащи, жьыр къыпиубыду жэщкIэ щIыбым щыдэс куэдрэ къохъу. Зымахуэ къытехуэри ерагъыу зыкърагъэщIэжауэ аращ. Псом хуэмыдэу Уэлий нэхъ къэзыгъэгумэщIар я щIалэм и цIэр жиIэу, Iуэщхъуу фызыр заулрэ щытыкIэ гугъу зэритарщ.

Зыри пхуещIэнукъым жьыгъэм. ГъущIрэ пэт мэулъий, зэполъэлъри хокIуэдэж. ЦIыхур къэнэн? МылIэжыныпсэ яIуту къащыфIэщI къэхъуми, зэман докIри, щIым тобзэхыкIыж. Ауэ къытранэфыр лIэужьщ языныкъуэхэм, Iэужь къытезынэ яхэтми.

Уэлий-щэ? Абы щегупсыс куэдрэ къохъу, и гъащIэ гъуэгуанэм ириплъэжу, Iейри фIыри зэпилъытыжу. Апхуэдэ ныбжьым цIыхур щынэсам деж адэкIэ псэуну зэрыгугъэжышхуэ щымыIэжу аращ. Ауэ абы гъащIэри иужэгъуакъым, и гур иджыри щIалэщ. Зы закъуэщ и ныбжьыр къэзыгъэлъагъуэр: и Iэпкълъэпкъыр жьы зэрыхъуарщ. Мис иджыпстуи ар щызыхещIэ пщIэ къыхуэзыщIу къыщхьэщыт мы щIалэгъуалэм я деж. ЗакъримыгъащIэу йохъуапсэ: бетэмал, сэ фи пIэм сыкъиувэжащэрэт! Игу къыфIокIыж езым и щIалэгъуэр. ПщIэрэ, уи щIалэгъуэмэ, уи къару илъыгъуэмэ, сыт хуэдэ бэлыхьми уполъэщ.

– Дадэ, сыт апхуэдизу ухэзыгъаплъэр? – щIэупщIащ Заур гуапэу.

ЩIалэм абы «дадэкIэ» еджэн къыщиублар псэкIэ зэрыщIэу я гурыгъугурыщIэхэр зэхуаIуэта нэужьт.

– Ухэзыгъэплъэн мащIэ мы дэ ди гъащIэм, ПIытIыкъ? Умыгузавэ, мыдэ гукъэкIыжхэм саIыгъщи аращ. ЩIалэгъуэр IэфIщ. ДелагъэкIэ пщIэншэу ар фымыгъакIуэ, иужькIэ фыхущIегъуэжу фи дуней Iыхьэр ефхьэкIынщ. – ЗаулкIэ щэхуу щытри, къыпищащ. – ГъащIэр фэ фызэригугъэм хуэдэу тыншкъым, зэманым уезэгъыу упсэуным гугъуехь куэд пыщIащ. Ауэ а псоми фапэлъэщынущ, лIыгъэ фхэлъу, сыт хуэдэ хьэзаб къыкъуэмыкIами, абы зыдэвмыгъэшу быдэу гъуэгу захуэм фытетмэ. ИужькIи абы фыщыгуфIыкIыжынщ. Лъэпкъыр, фи адэ-анэхэр зэрыгушхуэн цIыху къыфхэкIын хуейщ фэ.

Псоми гу лъатащ Заур нэщхъейуэ и щхьэр зэрырихьэхам, ауэ зыми зыри жиIакъым. ЛIыжьым, жиIам мащIэу хущIегъуэжауэ, и Iэр абы и дамащхьэм трилъхьащ, псалъэншэу игу фIы хуищIу. Абы къилъытэртэкъым а щIалэм и гъащIэр фагъуэ зыщIа напэншэхэм я зэранкIэ и щхьэр игъэщхъын хуейуэ е зигъэпудыжыпхъэу. Ар сыткIэ къуаншэт? Езым къимылэжьа хьэзабыр дзы хуэхъуауэ дунейм зеиншэу тетыну хуэфащэт?! Ауэ блэкIар блэкIат, сыт хуэдэу щымытами, Уэлий къилъытэрт Заур къэзылъхуахэм я лъэужьым техьэпхъэу, ари хуейт абыхэм я нэгум иплъэну. Зэгуэр щIалэм къыжриIауэ щыта псалъэхэр Уэлий и гум къыбгъэдэкIат:

– Уэ узеиншэкъым, сэр фIэкIа уимыIэми, здэнукъым апхуэдэу къыпхужаIэу. Сэ уэ узэрызбжыр си пхъурылъхум хуэдэущ.

* * *

Ныжэбэ жейм емызэгъами, Заур жьыуэ къэтэджри къыщIэкIауэ щIыбым дэтщ. Абы иIэщ зэгупсысын, нобэ къыпэщылъ Iуэхум хуабжьу иропIейтей. Арами, акъужь щIыIэтыIэр зыщимыгъэнщIу зыжьэдешэ. Абы зэпеплъыхь удзыпцIэ псыIэм хэпхъауэ хэлъ тхьэмпэ гъуэжь дыщафэхэр. Зэми и гум къыполъадэ асфальтым къытекIыу абы щызекIуэну, пщIащэ пылъэлъыжам ящIыну щхъыщхъ макъым щIэдэIуну. ЗэрыщIыкIу лъандэрэ ар хьэлу хэлът. КъызыхэкIри езым къыбжиIэфынутэкъым, ауэ мы дуней щIэращIэм нэхъ пэгъунэгъу хъууэ къыфIэщIу арагъэнт. Жыгым къыпыху пщIащэ закъуэтIакъуэхэр къыщытехуэкIэ, щIым ехуэхыну хунимыгъэсу къиубыдырти, тхьэмпэм телъ тхыпхъэщIыпхъэхэр зэпиплъыхьт, и нэкIэ сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр къыхищIыкIыу.

Сыхьэтым еплъащ: блы хъуным иджыри дакъикъэ щэщI иIэщ. ЗэкIэ ар зыщIыпIи пIащIэркъым, ауэ, иджыри пасэми, зэманыр кIуэху и гур нэхъ псынщIэу къызэреуэр зыхищIэжырт. МахуэщIэ къэунэхуам, дуней дахащэр мы щIылъэм и теплъэ нэщхъыфIэмкIэ къызэрыхуэупсам гукъыдэж къритырт.

Хуэмурэ цIыхухэри нэхъ зэхэзекIуэ хъуащ. Хэти пIащIэу, Iуэху къазэрыпэщылъыр къуагъащIэу, языныкъуэхэми заплъыхьу, къызыкIэрыху зэрыщымыIэм гу лъыптэу, я гъуэгу хагъэщI. Гъэмахуэ щыгъын пIащIэхэр зыщахыжу цыджанэ хуабэ, щIыIутелъ пIащIэхэр зыщатIэгъами, щIымахуэр къэсакъыми, зызэщIакудэркъым, бжьыхьэ дыщафэм зыдащI мыхъумэ.

Махуэм зэрызиузэщIам и щыхьэту, дыгъэри уэгум нэхъ тегушхуауэ къиуващ. ЩIалэм, зыхищIэу къэмэжэлIами, унэмкIэ игъэзэжыну и гум къыхуимыдэу, Нэгумэм и уэрамымкIэ иунэтIащ. ГъуэгубгъукIэ лъэс зекIуапIэм тету здрикIуэм, нэм къыфIэнэ псори зэпеплъыхь. Сыту дахэ мы ди къалэр! Иужь зэманым мыбы тыкуэн, кафе, телефон щапIэхэр куэду къыдэхутащ, ауэрэ нэсащ «Нежданчик» жыхуаIэ джэгупIэми. Сыту

дахэ, занщIэу нэм къыщIэуэу, умылъагъуу ублэкIынкIэ зы Iэмал закъуэ иIэкъым. Ауэ сытуи цIыху куэд текIуадэрэ абы.

Заур зэхихауэ и гум къэкIыжащ къыдеджэ хъыджэбз гуэрым и анэдэлъхум мыпхуэдэм дихьэхыу щIыхуэшхуэ къытехуэу, я лъапсэр зэращэжар, ари хуримыкъуу, щIалэм хэкIыпIэ щимыгъуэтым, зэрызыфIилъэжар. Апхуэдэуи и гум къэкIыжащ газетым тету къызэджауэ щытар. Зы лIы гуэрым, джэгупIэм зэрыщIыхьэн щимыгъуэтым, и анэжь закъуэр иукIыжу абы и гъэтIылъыгъэ тIэкIумкIэ джэгуу зэраубыдар.

И щхьэм къыщIихьари имыщIэу йогупсыс: «Сэ зысхуэукIыжыну? Дауэ си IэкIэ си псэр зэрыхэсхыжынур?» ЕщIэ абы гуэныхь зэрыпылъри. Нэхъ хьэзабыжыращи, укъэзылъхуахэм ятеплъхьэну гуауэ мыухыжырщэ? Ауэ хэт Заур гъащIэр ибгынэкIэ, ар къэзыгъеину, гущIэгъу къыхуэзыщIыну иIэр? Зыри. ФэрыщIыгъэм къыхэкIыу хамэхэм нэпс тIэкIу щIагъэкIынщи, ящыгъупщэжынщ. Сытым къыхэкIми, лIыгъэншагъэщ уи псэр бгъэныжыныр. АбыкIэ зыпхуэухеижыну щытами зыгуэрт. ЕщIэж апхуэдэу: университетым щIэса хъыджэбз гуэр еджапIэм къыщIадзыжати, благъэ-Iыхьлыхэм зэрахэIуэнур къызыфIигъэщIри, щхьэпылъэ зищIыжауэ щытащ. ЕгъэджакIуэхэри милицэм Iуэху къащIри къралъэфэкIащ абы щыгъуэ.

Сыхьэтым йоплъ. Тимур вокзалым къытехьэным иджыри дакъикъэ пщыкIутху иIэжт. Заур игъащIэми илъагъу хъуркъым зыгуэрым пэплъэну. Псом хуэмыдэу нобэ хуабжьу и гур мэпабгъэ.

Заулрэ щытауэ, Тимури къэсри маршруткэм итIысхьахэщ.

– Сыт жытIэу дызэрыбгъэдыхьэнур? – щIэупщIащ Заур.

– ПщIэрэ, сэри абы сегупсысащ. Сэ сызэрыригъэджар къэзгъэсэбэпынщи, тлъагъун хуэдэу дыIухьауэ тщIынщ.

– СыкъицIыхумэ-щэ?

– Умыгузавэ, уэ абы урикъуэу хэт къэзыщIэнур?

– Сэ сщIэрэ, и бынхэмрэ сэрэ дызэщхьу къыщIэкIмэ...

– Уэи, ар сигу къэмыкIа, ауэ, пэжу, зэщхьу зыгуэрхэри фхэлъ хуэдэщ.

– Аракъэ-тIэ? Сэ дауэ абыхэ я деж сыкIуэн? Унэр мыхъуу, нэгъуэщI щIыпIэ зыщыхуэдмыгъэзэфыну пIэрэ?

– УгъэщIэгъуэнщ уэ, нобэ тхьэмахуэщ, унэр мыхъуу, дэнэ къыщыбгъуэтын уи гугъэр?

Зы лъэныкъуэкIэ, Заур хущIегъуэжат мы Iуэхум яужь зэрихьам. Езым къыхуэмейуэ къыхыфIэзыдзам сыткIэ хуей иджы ар?! ЗегъэкъуэншэжI: «Емынэм сызэрихуэрэ, ар сымылъагъункIэ Iэмал имыIэу». Хьэуэ, щоуэ, мыбы нэс къыщыкIуакIэ, къэгъазэ лъэпкъ иIэжкъым. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ и нэ къыхуикIыу щытащ и адэ-анэр, зэ нэхъ мыхъуми, илъагъуну.

Иджы а хъуэпсапIэр къехъулIэу хуежьащ. Хьэуэ, текIыжыпхъэкъым мурад ищIам.

– Дыкъэсащ, – ар жиIэри, ятIэхупс зытекIа унэ лъахъшэжь цIыкIу гуэрым пэгъунэгъуу къыщызэтеувыIащ Тимур. Куэбжэжь хэлъымрэ бжыхьымрэ лъахъшэти, пщIантIэм хуиту удэплъэрт. Абы узэхъуэпсапхъэ псэуалъэ дэмытми, бжэIупэр къабзэу зэщIэпхъэнкIат. НэкIуэпакIуэу дыхьэпIэм бгъэдыхьэхэри, Тимур джэуэ щыхуежьэм, медан нэхъ дэмыкIыу, зи Iэщхьэлъащхьэр дэхьея, хупхъэ зыIыгъ фыз тIорысэ лъахъшэ гуэр къыдэкIащ.

– Уи махуэ фIыуэ! – зыхуигъэзащ абы Тимур.

– МахуэфI Алыхьым къывит, фыкъеблагъэ.

– Хьэуэ, упсэу. Дэ Хъызыр тлъагъунщ жытIэри дыкъыIухьауэ арат.

– Езыр, тхьэ, дэмыс, псыхъуэ лъэгумкIэ моуэ дэкIа къудейщ, фымыпIащIэмэ, щIалэр згъэжэнщи къыфхуезгъэшэжынщ.

– Упсэу. АбыкIэ щыIэмэ, дэ езым къэдгъуэтынщ.

– Фи Iуэху дахэ ухъу! – гуапэу сэлам къарихыжащ цIыхубзым.

Псыхъуэм ухуэзышэ уэрамдэкI зэвымкIэ яунэтIащ, куэдыщи дэмыкIыу къалъэгъуащ псым пэмыжыжьащэу тхьэрыкъуэф Iэнэ бгъэдэс лIищыр.

– Мес, яхэсщ, – и Iэр ишиящ лIы гупымкIэ Тимур.

Заур зыри жимыIэу, зэуэ къызэтеувыIащ. Абы и гум щыщIэр иджыпсту къэпщIэну гугъут, ауэ и теплъэм и зэIумыбзыныгъэм къиIуатэрт и сабиигъуэр зэрыщыту и нэгум зэрыщIэкIыжыр. И пIэм иуджыхьу иджыри куэдрэ щытыну къыщIэкIынт, и гъусэм и Iэблэр къиубыду адэкIэ иримышэжьамэ.

– Сэлам алейкум! – захуигъэзащ Тимур гупым.

– Уалейкум сэлам!

– Мэт, мыбы лIы хуэдэу фыкъытхуефэт, – къахуишиящ фадэбжьэ Хъызыр къыбгъэдэс лIы фIыцIэ зи жьакIэр зэщIэкIэжам.

– Хьэуэ, дэ дефэркъым, ди егъэджакIуэр тлъагъунщ жытIэри дыкъыIухьауэ арат.

– НтIэ, ар хъарзынэкъэ, ди щхьэщыгу итым фIыкIэ къилъагъун Тхьэм фищI, фыкъетIысэх моуэ, – закъыхуигъэзащ гуапэу щIалэхэр зыхуэкIуа лIым.

Заур и нэр тенауэ зэпеплъыхь езыгъэблэгъа лIыр. «Мыра си адэр?» – зоупщIыж. Пэжу, зыхуигъэфащэркъым, и гупсысэхэм сабиигъуэм хашэж. ЩIалэм и адэр и нэгум къызэрыщIыхьэр нарт IуэрыIуатэхэм къахэщыж лIыхъужьут, зэм Сосрыкъуэ иригъэщхьт, абы хуэдэу, къарууфIэу, и шабзэшэр зэIуидзамэ, уэгум ит вагъуэр кърихьэхыу, и ТхъуэжьеижьымкIэ къэкIуарэ и шыплIэм езыр дэсу ихьыжу, уафэм лъагэу ирихьарэ ди къуршхэм ящхьэпрылъэту, Iуащхьэмахуэ и щыгу дыдэм къыщыувыIарэ зыщаплъыхьу. Зэми и адэр и нэгум къыщIигъэхьэрт Бэдынокъуэ хуэдэу плIабгъуэрэ зы лъэныкъуэмкIэ дыгъэм и щIэлъэныкъуэр, адреймкIэ мазэр къыкъуэщу.

Иджы илъагъур фадэм иужьыгуа лIы къуэгъу цIыкIу щхьэфэкъут.

– Хэт ухъуну, щIалэ, зыкъэзгъэцIыхут, – зыкъыхуигъэзащ абы Заур, апхуэдизу зэреплъым гурыщхъуэ гуэр иригъэщIауэ.

– Заурщ си цIэр.

– Хэт узикъуэр?

Заур хэгупсысыхьащ. ИщIэркъым жиIэнур, дауэ ищIыну? ПцIы иупсу нэгъуэщI зыгуэр къигупсысынути, Iуэхум и пэжыпIэр къыхуэщIэнукъым. Мыдрейращи, и жьэм къыхуегъакIуэркъым. Зыхелъхьэ лIыгъи, хэкъузауэ къыжьэдоIукI: «ЩакIуэхэ сарейщ».

ЛIым и щхьэр къеIэт, и нэгум къощ гупсысэ гуэрхэм зэрызэщIаубыдар. Я нэхэр зэхуозэ. Ахэр зэщIоупщIэ псалъэншэу. Куэд къэзыIуатэ нэхэм ящIыболъагъуэ жэуапыншэ упщIэхэр. ТемыпыIэу адэр къуэм аргуэру йоупщI:

– Удэнэ къуажэ?

– Нартан.

– А къуажэм ди унэкъуэщ дэс?

– Сэ сыдэсщ.

«Аращ», – игукIэ жеIэ, ауэ нэгъуэщIхэм зэхаха и гугъэу, абы щыщтэжауэ щыс лIым зыкъещIэжри, зеплъыхь. Ауэ адрейхэм ар я лажьэ хуэ-

дэтэкъым: фIыуэ зэрыхрагъэдзам къигъэжанарэ зытет дунейр къафIэмыIуэхужми ярейуэ, езыхэм я псалъэмакъ ирагъэкIуэкIыжу зэхэст.

– ЕмыкIу сыкъыумыщI, ауэ илъэс дапщэ ухъурэ?

– ТIощI.

– Уи адэм и цIэр хэт?

– Хъызыр.

Иджы шэч лъэпкъ къытрихьэжкъым. ГукъэкIыжымрэ абы къыдэкIуэ гузэвэгъуэмрэ зэфар пкърахужауэ, щIалэм пкъроплъыхьри щысщ.

«Мыр нахуапIэ хьэмэ пщIыхьэпIэ? Дауи си фIэщ сщIыну мыбы силъ щIэту? Сыт сэщхьуи хэлъ? И нитIыр сысейщ, и щхьэцри, и нэкIури. И пэр и анэм ейщ, и нэкIубгъум хэс анэлри зи кIэтIий кIапэ къикIам тетам ещхьыркъабзэщ. Ар сэ IупщI дыдэу сощIэж. Сыт и узыншагъэ и анэми, дэкIуэжауэ пIэрэ? ДэкIуэжамэ, мы щIалэм си унэцIэр щхьэ зэрихьэрэ?» – и гупсысэхэм къахэкIыжри, Хъызыр и гъусэхэм захуигъэзащ:

– Къивгъахъуэт стэчаным къыщхьэпрыжу, сэ нобэ си гуфIэгъуэщ.

– Уи хьэм бажэ къиубыда? – щIэупщIащ нэхъыжьыфэ зытет фадафэр.

КъызэреупщIам жэуап иримытыжу, Хъызыр къыIэщIагъэува бжьэр игъэщIейри, ткIуэпс къринэнкIэ шынэ нэхъей, ирифащ.

Заур абы еплъу зэрыщытщ. Зэми йогупсыс: «Щхьэ къэзгъанэу семыжьэжрэ? Сыт мы си нэгум щIэкIыр, илъэс тIощI и пэкIэ къысхуэмеям и пащхьэ куэдрэ ситыну?» – и гум псэхугъуэ имыгъуэту кърихуэкIти, къигъуэтыжащ и адэр, апхуэдэу жыпIэ хъунумэ. Ауэ абы хужыIэну пIэрэ ар и адэу? СыткIэ зэщхьэщыкIрэ абырэ хьэмрэ? Хьэ дыдэми хыфIидзэфыркъым и быныр...

– Уэ сынопсэлъэнут, – зэпиудащ Заур и гупсысэхэр Хъызыр.

Гупым къахэкIри, абыхэм псым нэхъ пэгъунэгъу защIащ. КъызэрырагъэжьэнурkъахуэмыщIэу тIури щымщ.

– Къысхуэгъэгъу, плъэкIынумэ, къысхуэгъэгъу, – гущIэгъу зыхэлъ макъкIэ лъэIуащ адэр. Ауэ Заур зэрыщэхущ. Шэджэмыжь дэплъэу тIэкIурэ щыта нэужь, лIыр щIэупщIащ:

– Аня дауэ щыт?

– Хэт Аняр? – къыгурыIуэркъым щIалэм. Апхуэдэ абы ицIыхурэ? Адэр къуэм и нэгум иплъащ.

– Уи анэм сыт и узыншагъэ?

– Хэт си анэр, си адэри хэт? Мис ар сщIэну сыхуейт.

– Сэращ уэ уи адэр!

– Уи жьэм къебгъэкIуэу дауэ пхужыIэрэ апхуэдэу? – нэпсхэр къызыщIэува нитIыр хуэмыгъэпщкIуу щIэупщIащ Заур.

– Хизир Талибович! – Тимур ину къэджащ. Ар зызэрапщытауэ зэзауэ чэфитIым я кум дэтт, ахэр зэкIэрилъэфыжыну яужь иту.

* * *

Заур и Iупэхэр зэтежу, зэми къэнэщхъеижу кафедрэм къыщIэкIыжащ. Мы дакъикъэхэм абы зебжыж езым хуэдэ насыпыфIэ дыдэ щымыIэу, хуопIащIэ Динэ хуэзэу и гуфIэгъуэр псом япэ абы хуиIуэтэну. Хъыджэбзри еджапIэ бжэIупэм Iутщ медан къэс сыхьэтым еплъу. Заур къызэрыщIэкIыну бжэмкIэ еунэтI.

– Динэ, пщIэрэ, ди кафедрэм и унафэщIым къызжиIар?

– КъызжепIэмэ, къэсщIэнщ.

– Сыхуейуэ щытмэ, Мэзкуу аспирантурэм сагъэкIуэнущ.

– НтIэ, сыт жепIар?

– СщIэркъым, сыхуейт, ауэ...
– «Ауэ» щхьэ къыхэкIыпхъэ, ущыхуейкIэ?
– Седжэфыну пIэрэ жызоIэ. Сезыгъэджэнури хэт, сэ дэIэпыкъуэгъуу зыри сиIэкъым.
– ЛIо, гугъуехьым укъыпикIуэту ара? Ухуейуэ пхузэфIэмыкIын зыри щыIэкъым.
– Мэзкуу нэхъ къалэ лъапIэ щымыIэу жаIэ. Сыдэсыфыну сэ абы?
– Гугъу уехьми, иужькIэ ущыгуфIыкIыжынщ, зыIэщIумыгъэкI къыпхукъуэкIа насыпыр, ухущIегъуэжынщ.
– Уей, сымыщIэ. ЖыпIэхэри пэжщ. Ауэ....
– «Ауэ» лъэпкъ къыхыумыгъэхьэ. Уи жагъуэгъухэм я нэр иребгъэщIыжын къудей щхьэкIэ укIуэ хъунщ. КIуэ, хъуххэнумэ, сынолъэIу.
– Уэ узмылъагъуу дауэ схуэшэчыну абы сыщыIэху?
– Дэ зыми зэпэIэщIэ дыхуэщIынукъым, – ар хэкъузауэ жиIэри, къэгумэщIарэ нэщхъейуэ и щхьэр ирихьэхащ хъыджэбзым.
– НтIэ, сыт къэхъуар, си псэ, щхьэ укъэгуха, усымаджэ? – и IэмкIэ пщащэм и жьэпкъыпэр иубыдри къыдрихьеижащ. Иджы гу лъитащ абы и нэ дахитI псыф къэхъуам зы гузэвэгъуэ гуэр къызэраIуатэм.
– Заур, сэ уэ зыгуэр пщызобзыщI, – жеIэ, зызэтриубыдэжурэ.
– КъызжеIэт, си нэху, жыIэ, сэ сынодаIуэ.
– Зыгуэр си ужьым къитщ.
– Сыт жыпIа?!
– Ди адэ-анэр зэдэарэзыуэ, зыгуэрым сратыну хэтщ.
– ГъэщIэгъуэн къызжепIаи!
– Заур, сэ шынэ къэзублащ, абы ищIэну псор хэт зыщIэр?
– Ар хэт езыр?
– Ди адэм и ныбжьэгъу гуэрым и къуэщ, мамэ къызиIуэкI зэпытщ, абы сыдэтыншыну жеIэ. Зыгуэр зэрыжысIэу, уи дэлъхум къыбжиIэр уи унафэщ, жи. Ари а щIалэм и лъэныкъуэщ, и гъусэу къыздишэурэ къыщыкIуэж куэдрэ къохъу.
– Динэ, уэ пщIэркъэ сэ фIыуэ узэрыслъагъур? Сэ уэ зыгуэрми усхуетынукъым. Апхуэдэ къэхъумэ, сыпсэужыфынукъым. Уэ зы закъуэращ сэ мы гъащIэм щызиIэххэр, си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым уэ усфIэкIуэдыну!
– Заур, – пщащэр къэгумэщIауэ щIалэм къеплъащ.
– Сыт, си нэху?
– Заур, Долинск дыдэгъэкIуеи паркым къыщыдгъэкIухь, абы си губампIэр нэхъ щытIысынщ.
– Хъунщ, ауэ япэ щыкIэ, бэзэрымкIи дытехьэн хуейщ.
– Содэ ари.
Паркыр зэпаупщIри, хъыджэбзым и Iэпэр иIыгъыу, Заур тохьэ Налшыкыпсым телъ лъэмыж хъыринэм.
– Зэрыхъуэпсэгъуэ! – жеIэ щIалэм, илъагъум зыщимыгъэнщIу зыздиплъыхьым, Iэ сэмэгумкIэ иIыгъ зэкIуэцIылъыр къызэкIуэцIехри, IункIыбзэ къэб зэкIэрыщIар къещтэ.
– Сыт мыр зищIысыр? – щIоупщIэ Динэ.
– Мыр уэрэ сэрэ ди лъагъуныгъэм и IункIыбзэщ, – лъэмыжыбгъум Iут гъущI хъарым фIедзэри, пщащэм зыхуегъазэ:

– Ет ІункІыбзэр икІи зыми къамыгъуэтыну псым хэдзэ.

– Мыр сыту ІункІыбзэ быдэ, игъащІэкІэ яхуІухынкъым, гъущІ зэрызэпахкІэ зэпамыупщІауэ.

– Ирехъу ар уэрэ сэрэ фІэкІа нэгъуэщІым Іуимыхыфын, дэри игъащІэкІэ Тхьэм Іудимыгъэхыжкlэ. Мэ, мы ІункІыбзэІухитІ къэнар зедгъэхьэ ди зырызу.

– Сэ мыр игъащІэкІэ зесхьэнщ, абы сеплъмэ, нобэрей махуэр сигу къигъэкІыжу.

– Динэ, ди хьэгъуэлІыгъуэр мы гъэмахуэм къыдэдгъэх.

– Сэ сыарэзыщ, ауэ мамэрэ папэрэ ар ядэнукъым иджыпстукІэ.

– КъызгуроІуэ. Сэ, дауи, иджыпсту сиІэкъым дэ тІур дызыхэпсэукІын, ауэ мы сэ си ІитІым лъэкІ къагъэнэнкъым уэ узыхуейр бгъуэту уагъэпсэун папщІэ.

– Сэ абы сегупсыскъым, мы гъащІэм сэркІэ мылъкуракъым щынэхъапэр, псом нэхъыщхьэр сиІэу солъытэри, сэ сыхьэзырщ уэ ноби гъусэ зыпхуэсщІыну, ауэ сыкъэзылъхуахэми сащошынэ.

– ФІы дыдэу зыхызощІэ сэ ахэм сыкъызэрамыдэнур, ауэ ди насыпыр абыхэм я зэранкІэ зэтеткъутэн хуей?!

– Хьэуэ, апхуэдэ къэхъункъым, ауэ зэкІэ думыгъэпІащІэмэ нэхъыфІщ, зэманым псори дызэрыхуейм хуэдэу и пІэ иригъэувэжынщ.

– Шэч къытызохьэ а зэманыр дэ къыдэжьэну, дэркІэ нэхъ тэмэмыр къытлъыкъуэкІ гугъуехьхэм дапэщІэувэнырщ.

– Заур, пщІэрэ, пэжыр сымыбзыщІыххэу бжесІэнщи, уи гугъу мамэ щыхуэсщІам ІэлфІыцІэу къызэкІуэкІащ, абы къаугъэ къикІауэ тхьэмахуэ мэхъури дызэпсалъэркъым.

Пщащэм и нэпсхэм къызэпажыхьауэ и щхьэр щІалэм и бгъэм иригъэщІащ. Адрейми ар зрекъузылІэри, и щхьэм Іэ дилъэу щІедзэ, и щхьэцыгъуэ дахэм хопэщэщыхь, ари фІэмащІэ мэхъу, и щхьэр нэхъ егъэщхъри хъыджэбзым и нэкІубгъум ба хуещІ, ауэрэ ІупитІыр зэрогъуэт. Сыту телъыджэ а дакъикъэр, а зы напІэзыпІэм зыхащІа, я Іэпкълъэпкъым малъхъэдису irижа лъагъуныгъэм и ІэфІагъым насыпыфІэу зарагъэлъытэжащи, псэкІэ ягъэв псори ящыгъупщэжыну а тІэкІур ирикъуащ. Ауэ сыту кІэщІыщэт, бетэмал, а напІэдэхьеигъуэр.

Хъыджэбзым щІалэм зыкъыІэщІихыжащ къэуцІыплъауэ, мыдрейри, ищІам щыщтэжауэ, пщащэм бгъэдэкІуэтэжащ:

– Си дуней нэху, плъэкІынумэ, къысхуэгъэгъу, сэ си гум Іей къэкІакъым.

КъэхъуамкІэ зегъэкъуэншэжри, Динэ и щхьэр къыхуэІэткъым. И гущІэм щигъафІэ щІалэм къыхуищІа бар фоупсу зыхищІами, укІытэм а псор щегъэгъупщэж.

– Хьэуэ, уэ зыри уи лажьэкъым, сэращ къэхъуар зи къуаншагъэр.

– Си псэ, думыгъэбж ар къуаншагъэ гуэру, ар зэи сщымыгъупщэжыну сэ си гъащІэм къыхэнэнщ. ДыхущІумыгъэгъуэж абы, Динэ.

– Апхуэдэу жумыІэ, Заур, зыхуэзмыгъэгъужыфын щІэщхъущ къысщыщІар.

– Къэдгъэгъанэ ар ди лъагъуныгъэ къабзэм и фэеплъу, пэжыр бжесІэнщи, сэ абы сыхущІегъуэжкъым.

Хъыджэбзыр зэрыщэхущ, ауэ, и жьэм кърымыгъакІуэми, нэрылъагъущ ар щауэм арэзы зэрыдэхъуар.

– ДыгъэкІуэж, Заур.

– Сигу пыкІкъым мы дызытетыр.

Динэ и гур лъэтэным хуэдэущ къызэреуэр. Ар куэдым хуопабгъэ, хъуэпсапIэ дахэхэр и псэм щоушэ.

– Сэ уэ фIыуэ, фIыщэу узолъагъу!

– Сэ услъагъу къудейкъым – уэ си псэм ущыщ Iыхьэщ, псэр схахмэ, сыпсэуужкъым.

– ПщIэрэ, сэ иджыпсту къысфIощI мы дунейр уэрэ сэрэ дыдейуэ!

– Сэ сызэреплъымкIэ, дэ а дунейм дрейуэ аращ, дэ тIум ар дгъэбжьыфIэ къудейщ. Уэрэ сэрэ дязыхэз хуэчэмамэ, зыгуэр хущыщIэу нэщхъеину къыщIэкIынт.

Зауррэ Динэрэ парк икIыжыпIэм пэмыжыжьэу щыт тетIысхьэпIэм и гъунэгъу къызэрыхъуу къызэтеувыIахэщ.

– Си лъакъуэр мэуз, Iэджэ щIауэ мыпхуэдэу лъэсу куэдрэ къэскIухьыжакъым.

– КъакIуэ, сэ IэплIэкIэ усхьынщ.

– Сыпхуэхьын?

– Дегъэплъ.

Куэбжэпэм нэс ягъэкIуэтэжа пщащэр и щауэм къыхуеплъэкIыжурэ куэбжэ зэIужам дохьэж.

– ПщэфIапIэмкIэ къыщIыхьэт, сынопсэлъэнут, – зыкъыхуигъэзащ абы махуэ бжыгъэ хъуауэ тэмэму къемыплъ и анэм. Динэ, сумкэр игъэтIылъри, и анэм деж бгъурытIысхьащ. Кофе ефэу Iэнэ бгъуфIэм бгъэдэс Сарэ псалъэншэу тэджри ипхъуми кофе къыхурикIащ. Щысщ тIури щыму, пхъур поплъэ анэм къыщригъэжьэнум.

– Уи адэм жесIащ уи Iуэху зытетыр. Абы къыпхуищIыр уи унафэщ, сэ бжесIэр щыпхымыкIкIэ.

– Мамэ, апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ, уэ сэ сыномыдаIуэу ара? – къэгумэщIащ Динэ.

– Уэ фIы дыдэу уощIэ фи Iуэхум зыри къызэримыкIынур, зыпыгъэкI а щIалэр.

– Сэ, абы нэмыщI, зыми сыхуейкъым.

– ЩIалэ дунейм текIыжауэ ара?

– СэркIэ дунейм нэгъуэщI теткъым. СынолъэIу, мамэ, къэдгъэгъанэ мы псалъэмакъыр.

– Щхьэ къыбгурымыIуэрэ дэ уэ насыпыфIэ узэрыхъун Iуэху зэрызетхуэр?

– Сэ абы фIэкIа нэгъуэщIым насыпыфIэ сыдэхъунукъым, апхуэдэу щыщыткIэ, щхьэ яужь фит фи быным и насыпыр зэпывудыну?

– Дэ уи Iей къэтлъыхъуэу щхьэ къыпщыхъурэ? ДызыхущIэкъур зы закъуэщ: узыхуейр бгъуэту, зыми уемыхъуапсэу упсэуну аращ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, мылъку збгъэдэлъмэ, сэ схуэдэ щымыIэу, насыпыфIэу сыпсэунущ, ара?

– Уэ а зинэкIэ къалъхуа факъырэм убгъэдэскIэ уи къэкIуэнур тэмэм хъуну? Сэ сощIэ къыппэплъэр: сабий цIынэ плъэсу, щIакхъуэ усасэ щхьэкIэ улъаIуэу укъэнэжынущ.

– Умыгузавэ, фэ сынывэлъэIункъым, – къыщиудащ Динэ.

– Мыдэ уи дэлъхур къэгъэсыж, уи адэмрэ абырэ уи унафэр ящIынщ.

– Сыарэзыщ, – Динэ зэщыджэу гъыуэ, и анэр къыкIэлъыджэ пэтми къимыгъазэу, езым и пэшымкIэ иунэтIыжащ.

Нэщхъейщ Сари. Хэт хуей и быным Iей къехъулIэну, ар зэрытыншын Iуэхущ кърихуэкIыр, езыми и щIалэгъуэу щытащ, и пхъум хуэдэу

щхьэпримыхами. Къыжьэдикъуэнщ. ЕщIэ, зэман дэкIмэ, фIыщIэ къызэрыхуищIыжынур, къызыхэкIар зымыщIэж а факъырэм ар дигъакIуэу, и кIуэцI къикIар игъэунэхъуфынкъым. Сыт хуэдэ щIалэ абы и ужь къитыр? Зэрипэскъым, щыкIащ.

ХэIубауэ гъы хъыджэбзыр, зы зэман зыкъеIэтри, гъуджэм бгъэдохьэ: и нитIым къыщIэж нэпсыр и напэм йожэх. ЗызэпелъэщIыхь, ауэ нэпсыр хуэубыдыркъым. Магъ гукIэ, зэми макъкIэ. Хэт хуиIуэтэну абы и псэм игъэвыр?

Телефоныр къозу. Зызэтреубыдэж. Махэ хъуа и макъыр нэхъ жыгъыру зэрищIыжыным хущIэкъуурэ, къытрех.

– Хъарзынэщ, Ася. Уэ дауэ ущыт?

Зопсалъэ, и ныбжьэгъум къритыжа гукъыдэж тIэкIум иринэщхъыфIэу телефоныр трелъхьэж. Ауэ Iуэху ищIэнуи, унэ лэжьыгъэхэм еджэнуи, зыми игу хыхьэркъым. Тхылъ гуэрхэр къищтэми, и щхьэм щызэрызехьэ гупсысэхэм нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ трашэ. И нэгум щIэкIыркъым Зауррэ езымрэ я нобэрей зэIущIэр.

«Гъэмахуэм укъэсшэнущ, жи, мыхэр илIыкIыни абы. Зрапэскъым ахъумэ, Зауррэ сэрэ дызыхэпсэукIын дыдейхэм якъуэлъкъэ? Гужьеяхэщ, тIэкIу-тIэкIуурэ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я зэманым догъэзэж. Сыт хуэдэуи зрыращI, сэ Заур пэIэщIэ зыми сищIыфынкъым. Апхуэдэ къэхъумэ, абы и ужькIэ сэ дауэ сызэрыпсэунур? Си нэгум къысхущIэгъэхьэркъым».

Жэщыр хэкIуэтами, Динэ зыщIэлъ пэшым уэздыгъэр щыщIэгъэнащ. Ар пIэм илъщ зэрыхуэпауэ, и щхьэр щхьэнтэм егъэщIауэ. Щылъщ, жей IэфIым хилъэфауэ...

# Тхыгъэ

## КЪАГЪЫРМЭС
## Борис

### СЫЗЫХУЭМЫЗА ЛЪАГЪУНЫГЪЭ



Сэ уэ зырщ, уэ зы закъуэрщ
Куэдрэ къэслъыхъуар.
Сыт иджыри къэскIэ
СыщIыпхуэмызар?
Махуэу сигу укъэкIмэ,
Си псэр пщыгуфIыкIт,
ЖэщкIэрэ си пщIыхьхэм
Зэи ухэмыкIт.
УкъыщIыхьэрт нэгум
Хур хъыджэбз дахащэу,
Уэ уэкIупсу пщыгъыу
Ди адыгэ фащэр.
СфIэщIырт укъызэджэу:
«КъакIуэ, къызбгъэдыхьэ,
Уэрщ сызыритынур,
Дауи, сэ Алыхьым!»
Сынежьамэ, дахэр
ЗанщIэу убзэхыжт,
Ауэ уэ си гугъэр
Зэи пхэзмыхыжт,
Нэхъ ерыщ сыхъуауэ
Уэ сыпщIэгупсыст.
ЖиIэрт си гум: «Пэплъэ,
Пэплъэр щIемыгъуэж».
Арти, сыппэплъэным,
Дахэ, сэ щIэздзэжт.
КIуащ апхуэдэу гъэхэр,
Уэ хьэщыкъ сыпщIауэ,
ФIыуэ услъэгъуами,
ДызэIумыщIауэ.
Къэсхьэсащ сэ нобэм
ПхуэсщIа лъагъуныгъэр,
Уэ сыпхуэмызами,
Ар къысхуопсыр дыгъэу.

### МАКЪАМЭТХ ЩIАЛЭХЭМ ЯЖЫЗОIЭ

Фэ фIыуэ фощIэ, гугъущ макъамэ птхыныр,
Ауэ нэхъ тыншкъым псалъэ къэбгъуэтынри.
Макъамэм щIэлъыр псалъэ мыхьэнэншэм,
Iэмал имыIэу мэхъу уэрэдыр псэншэ.
Апхуэдэр къонэ цIыхум ямыпхъуатэу,

**Дамылъхьэ зэи лъэпкъ и дыщэ пхъуантэ,**
**Къалъхуа къудейуэ, ар йохыж дунейм,**
**Къимыгъуэтауэ цIыху абы къыхуей.**
**Ар къащремыщI фыпIащIэу фтхы уэрэдхэм,**
**Псалъэ мыхъуахэм музыкэр дэкIуэду.**

## НАРТЫЛЪ

**Си щIалэгъуэм сщIэтар сэ нартылът, —**
**Шынэ, дзыхэ жыхуаIэр схэмылът.**
**Мурад Iей схуэзыщIа къыспэувмэ,**
**Ар Iуезгъэхырт, техуау абрэмывэ.**

**… Гъуэгу тет шууэ, блэжащ си щIалэгъуэр,**
**Долъеиж си илъэсхэр лъэуейм.**
**Ауэ сиIэкъым сэ гузэвэгъуэ,**
**Сытетащ икъукIэ сфIэфIу дунейм.**

**СфIощI си жьыгъэм нур гуэр къыхэпсауэ,**
**Псэр зыузэщI фIыгъуэ гуэр къэзгъуэтауэ**
**Си Iэпкълъэпкъыр нэхъ быдэу гъэпса ищIауэ,**
**ГъащIэм щIэуэ къару къызитауэ.**

**Си гугъами сыуха си нартылъыр,**
**Ар си лъынтхуэм иджыри щожэх.**
**Бийуэ зи дзэр си лъэпкъ къыхуэзылъыр**
**Къапхъуэм — сэри сыхъунщ и псэхэх!**

## МЫЛIЭ ЩIЫКIЭ

**«Ныбжьэгъухэ, фщыщу къэнэжар зымащIэщ,**
**А мащIэр нэхъыфIыжу фызолъагъу», —**
**ЖиIат Ахматовэм щиухым гъащIэр.**
**А псалъэхэм талантым куэд дыщIагъу:**

**УсакIуэм гъащIэм пхриха пэжыгъэр,**
**Ныбжьэгъухэм гу пщтырагъыу яхуиIар,**
**Къэсауэ щытми езым и лIэныгъэр,**
**И псалъэ гуапэ зэражриIар.**

**Апхуэдэу жызыIэфхэр икъукIэ мащIэщ,**
**Iэзагъэ ин, талант яIауи щIы…**
**ЩиухкIэ цIыхум зэ кърита и гъащIэр,**
**Щефыгъуэ къохъу къытенэ куэдым щIым.**

* * *

Мо уафэр, вагъуэхэр зэрису,
Мо мазэр, нурыр а зэридзу,
Мы щIылъэу цIыхуу хъуар щыпсэур,
Жысlэнщи кIэщIу, дуней псо сэ
Къызэзнэкlынущ сызэрылIэу.
ИтIани, си зэфIэкI семыблэу,
Абыхэм псэкIэ сахуоупсэ.
Сэ гъащIэм зыхуэзмыгъэгусэ:
ГуфIэгъуи гуауи щыслъэгъуащ,
Сэбэпи слъэкIымкIэ сыхъуащ.
Фыщыт си ужькIи фэ узыншэу.
Ауэ сыхъуну дауэ сэ, фэрыншэу...

## КЪЫТХУЭГЪЭГЪУ, ДУНЕЙ!

Сымыщlэ Iэджэ махуэ къэс къызощIэ,
Псэхугъуэ лъэпкъ зэманым къызимыт.
ЗищIысыр гъащIэр псэкIэ зыхызощIэ,
И Iейри фIыри мэхъу си нэIурыт.

«Дэтхэнэра нэхъыбэр?» - фыщIэупщIэм,
Къызэрысщыхъур нахуэу нывжесIэнщ:
НэхъыкIэм сфIощI нэхъыфIым хуищIу Iупщlэ,
Абы и Iуэхухэм фIэфIу хэIэбэн.

Къызыкъуихащ мыхъумыщIэ куэд зэманым,
ЦIыхугъэр, напэр, хабзэр мэкIуэдыж,
ДащI лъэрыщIыкI дэ Iэщэм, афианым,
ТщIыгъуар дыгъуасэ — нобэ тхэмытыж.

ЗыщIэдэIукIыт — пцIыр дунейм щытепщэ
Хъупэным мащlэ дыдэщ къэнэжар,
Щхъухь зыхэлъ жьыбгъэу хъуащи щIым щызепщэ,
ПцIы ящIыр нобэ дыгъуэпшыхь пэжар.

Тхьэр зи гум илъу псэухэр мащIэ дыдэщ,
Бэгъуащ лIыукIхэр — хэти пхуаукIынщ,
Етыххэ ахъшэ, къахэмыкI зымыдэ,
ЩымыIэ ахэр зикI къыщIеплъэкIын.

Си нэгум щIокI щэщэжу къэрал инхэр...
Дунейм и гуэшыгъуэщIэр сфIощI къэса.

**Зы цӀыхум, хэлъмэ и сэбэп, цӀыху минхэр**
**Хьэзырщ бэлыхь хидзэну. Арщ зэсар.**

**Уей, дунеижь, уэдмыщӀэ щыӀэ цӀыхухэм!**
**Уэ лейуэ уэтхым хуейт укъигъэчэн.**
**УокӀэрэхъуэкӀ итӀани, птелъу щӀыхуэ**
**Ар упшыныжу пфӀэщӀу. Сыт-тӀэ пщӀэн?!**

**ЦӀыху къэс, псэуху къыпхуищӀэу фӀыгъуэу лъэкӀыр**
**Псори гумащӀэу уэ къыпхущытам,**
**Ди дуней закъуэ, хэхъуэнт уи зэфӀэкӀым,**
**Дэ гузэвэгъуэ ухэдмыгъэтам.**

## МЫЖЕЙ Мамыржан

## *Дзэл щхъуантӀэм зыхегъапскӀэ мазэ изым*



### УЭС КЪОС

**Къосыр, къосыр, къосыр уэсыр,**
**Бзыпхъэ хужьу щӀым нэсащ,**
**Гур хигъахъуэу, нэжэгужэу**
**Дуней нэхум къыхэсащ.**
**Щэн темыту бжьыхьэ пцӀанэм**
**И лъэужьыр щӀихъумащ,**
**Вагъэ, бэвым хуагъэтӀыгъуэм,**
**И хуабагъыр ихъумащ.**
**Уэрам хуитхэр уэс напэхум**
**Алэрыбгъуу иуфэбгъуащ,**
**ШхыӀэн тэхур джабэ нэкӀухэм**
**Арэзыуэ Ӏуиубгъуащ.**
**Бгыщхьэ нэзым жыг сатырхэр**
**Ӏэдэб зехьэу щыуващ,**
**Нысэ теплъэу щыгъын дахэр**
**Уафэм тыгъэ къахуищӀащ.**
**Плъыфэ закъуэм дэгъэгъауэ,**
**ЩӀылъэм ӀэплӀэр нызэӀуех,**
**Насып къабзэм езэгъауэ,**
**ГуфӀэ нур и нэгу къыщӀех.**

### АРГУЭРУ ГЪАТХЭ

**Аргуэрыжу гъатхэ зэрыкӀам**
**ГуфӀэ нэпскӀэ уэсыр  зыщхьэщехыр,**
**ЩӀакхъуэ гъэжьагъащӀэ пыщӀыкӀам**
**Ещхьу щӀылъэм бахъэ къыщхьэщехыр.**

**Ӏэхъуэр йопщэ бжьамииху ушам,**
**Хъушэ зызыубгъур игъэдаӀуэу,**

**Ашэмэз щхьэщохьэ бгы ешам,**
**Си пщIыхьэпIэ нэхур игъэнаIуэу...**

**Хуейми щIымахуаер къресыж,**
**Пшагъуэкlэ дэплъыпIэхэр зэIуипхъуэу,**
**Жыгым зэрыкъейр щрехыж,**
**Дариипсыр псыхэм ящхьэщипхъуэу,**

**БлэкIам и бжэр хуиту зэIузох:**
**Уаем пэлъэщыныр хузэфIэкIыу,**
**Бжьамий макъыр ену зэхызох,**
**Сабиигъуэ жыжьэм къыхэIукIыу.**

## УЭШХ

**Мис, уафэр гъуанэ хъуам ярейуэ,**
**Уэшхыпсыр уэру кърекIых,**
**ЩIы напэм и Iэр дилъэрейуэ,**
**Насыпыр бэуэ щхьэдекIых.**

**Бэвыгъэ хуэплъэу губгъуэ хуитхэм**
**Я IэплIэр фафIэу яущIащ;**
**Зы лъахэ гуакIуэ щызэдитхэм —**
**Къуршыжьхэм — уардэу зашэщIащ.**

**Макъамэ гуапэу уэшх къежэхым**
**И Iущэщэныр зэпымыу,**
**Зэм щабэ хъурэ, зэм щIэхуабжьэу,**
**ЩIым доуэршэрыр, зэтемыу.**

**ЗыIэщIахауэ я псыхуэлIэм,**
**КъэкIыгъэм хашыр я лъэдий,**
**ЯкIэлъыIэбэу IипщIкIэ зэуэ,**
**Уэшх къуэпсхэр кIапсэу яукъуэдий.**

**Жьы къабзэр щIылъэм щохуэразэ,**
**Гъэгъа зэмыщхьхэм затхьэщIащ,**
**Пщащэ Iэпэхум и хэдыкIыу,**
**Алэрыбгъу куэщIым щылыдащ.**

**Дунейри гъатхэм дощIэращIэ,**
**Ысэ лэгъунэу зэIухащ,**
**Ар и Iэулэдым хуогумащIэ,**
**И IэфIыр быным яIухуащ.**

Уафэ хьэлэлым тыгъэ лъапIэр
Къыхуещ1ыр щIылъэу къыпэплъам:
Къатопщ1ыпщIыкIыр ткIуэпс налкъутхэр
КъэкIахэу зи псэ тыншыжам.

Хуэарэзыщи щIылъэр уафэм,
Зришэк1ыну зыхуеший,
Уэшхк1э къехъуэхъум зыхуигъафIэу,
Лэжьыгъэ бэвкIэ зыхуеущий!

## ГЪЭМАХУЭ ЖЭЩ

Мазэ изыбзэу и пIэщхьагъыр,
Дунейр пщIыхьым хилъэсащ,
Махуэ хуабаем и хьэлъагъыр
Жьы щIыIэтыIэм илъэсащ.

МэIуэщхъур мэзыр, езэшауэ,
Жейбащхъуэу жыгхэр хощэтыкI,
Зэми дыгъуакIуэу зигъэшауэ,
Бзунэфыр къуацэм холъэтыкI.

Вагъуэбэр жейм итхьэкъуауэ,
И куэщIым уафэм щотIысэх,
Уеблэмэ псыри щхьэукъуауэ
Толъкъунхэр хуэму ирехьэх.

Гъэмахуэ жэщым гугъэпсэхур
Дуней мамырым иритащ,
ПщIыхьэпIэ гуапэхэм я щэхур
Ихъумэу, плъыру зиIэтащ.

## ГЪЭМАХУЭ МЭЗ

Гъэмахуэ мэзым IэплIэ ущIакIэ
Пщэдджыжь дыгъэпсым зыхуиIэтащ,
ЩIалэгъуэ напэу тхьэмпэ шэщIахэмкIэ
Налкъут къутахуэхэр зэщIищыпащ.

Алэрыбгъу бгъуафIэу удз гъэгъа лъэгум
Жыг зэмыфэгъухэр зэдэушащ,
Я щхьэц пщIащэбэр уэсэпс хэщIапIэу,
Сэлам зэрахыу заукъуэдиящ.

Жэнэтбзу жэрхэм я хьэщIэщ лъапIэм
Уэрэд жьгъырухэр гуапэу щыIуащ,
ГъащIэ дахащэм хуиIэту напIэр,
Мэзыр махуэщIэм ныхуэушащ!

## БЖЬЫХЬЭ

Уэлбанэрилэу макIуэ бжьыхьэр,
Пшэ Iувыр уэгум игъуэлъхьащ,
ЩIэплъыпIэ лъэпкъ имыIэу дыгъэр
ТепIэн тIуащIэм щIиуфащ.

Хэщ1апlэ жыжьэм ибэмпlыхьу,
Зэм ар нэщхъейуэ пlэм къыхоплъ,
Щхьэгъубжэ хъарыр дамэдазэу
Щlым, енэфауэу, къыхукъуоплъ.

Хъер химылъагъуэу тонэцlыхьри,
И нэгу нурыншэр егъэпщкlуж,
Щхьэхынэу lэпэр дрехьейри,
И lупхъуэ фlыцlэр lуелъэфэж.

Нэпс утхъуа щlыlэр щипlытlыкlыу,
Уафэр къуршыщхьэм къыщхьэщылъщ,
Джабэ нэкlу фlейхэм, запхъэхауэ,
Жыгхэр жейбащхъуэу щызэхэтщ.

Iэгу гъур пlыщlахэр зэтрагъауэу,
Ахэр щlыгу псыlэм тоуджыхь,
Гъатхэ щыгъынхэр я пщlыхь наlуэу,
Махуэ къухьахэм яходжыхь…

## МАЗЭМ ЗЕГЪЭПСКI

Дзэл щхъуантlэм зыхегъапскlэ мазэ изым,
Зым къимылъагъу къыщыхъуу зитlэщlащ,
Ар лъапэпцlийуэ дыхьэри аузым,
И тепхъуэ-пшэхур жыгым кlэрищlащ.

Ар йос, дыщэпс lэпэпсхэр игъэлъейуэ,
Гъэмахуэ жэщым lэплlэр хузэlуех,
Зы вагъуэ уафэм къолъэтэх шу лъейуэ,
Дзэл lуфэ нэщlым тепхъуэр къыщыlуех,

Бэракъыу ар иlыгъыу уэгу йохьэжыр,
Хьилагъэ хэлъу мазэм къыкlэлъоплъ…
Мыпхуэдэ жэщым псэм къыlэрохьэжыр
Блэкlа гугъэфlхэр, щlэуэ къызэщlоплъ.

Согугъэ сэри уифl зыкъипшэжыну,
Къызэптыжыну гугъэ сlэщlэпхар,
Уи псалъэм гъащlэм зэ сыхишэжыну:
А псалъэрати гущlэм къыщlэпхар!

…Дзэл щхъуантlэм зыхегъапскlэ мазэ изым,
Зым къимылъагъу къыщыхъуу зитlэщlащ,

**Ар лъапэпцIийуэ дыхьэри аузым,**
**И тепхъуэ-пшэхур жыгым кIэрищIащ…**

## МЫIЭРЫСЕЙР МЭГЪАГЪЭ!

**МыIэрысейр къэгъэгъащ,**
**И куэщIым бжьэхэр щемышыжу,**
**НысащIэ къабзэ си гугъащ**
**Мы ди жыг хадэм щрашыжу.**

**Утыкум нысэм зыщеIэт,**
**Уэсэпс техар и дыжьын щIыIуу,**
**Хъуэхъубжьэ бзухэм къыхуаIэт,**
**Я пшынэ макъыр дэни щыIуу.**

**ТхьэIухуд пщэхуу къэунэхуам**
**Сэ сыбгъэдэтщ зыщызмыгъэнщIу,**
**Дуней ушар зыгъэунэхуам**
**ХуабагъкIэ гъащIэри игъэнщIу.**

**Ар сыту нобэ езгъэщхьа**
**Си лъагъуныгъэ гум щыгъагъэм,**
**Бжьэ-бын гупщысэхэр зэпщIа**
**ГугъапIэ нэхур зыгъэлъагэм!**

**Ауэ сэ си гум  жыг щыкIар**
**МыIэрысейм текIуащ! — Си ягъэ? —**
**Си гухэлъ-жылэм къикIыкIар**
**ЩIымахуэ щIыIэми мэгъагъэ!**

*Черкесск*

## ЖьанIэ



# Зи пхъуантэдэлъхэр мыкIуэдыжын

### *ТхакIуэ Къущхьэ СулътIан къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

Къалмыкъ БетIал и зэман бзаджэм щыгъуэ зэтраукIа тхакIуэ къомым я гугъу умыщIыххэми, зи щIалэгъуэ-псэугъуэ дахэу, зэфIэкIышхуэ зиIэу къэбэрдей литературэм ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэным лъэщу хэлэжьыхьыфыну щытауэ, игъуэ нэмыса усакIуэхэу, тхакIуэхэу куэд тфIэкIуэдащ дэ. Абыхэм ящыщщ езы дыдэ ЩоджэнцIыкIу Алии, КIуащ БетIали, Къущхьэ СулътIани. ТIысыпIэфIыр нэщIу къэмынэу жаIэ пэтми, ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэ литературэм деж а хабзэр нэрылъагъу щыхъуатэкъым: зи ныбжькIэ щIалэу тхэщIа мо тхакIуэхэм я пIэм абыхэм япэхъун щIэх къиувэжауэ пхужыIэнукъым.

Псалъэм папщIэ, илъэс тIощIрэ зыплIытхурэ-зытхухрэ фIэкIа ныбжь зимыIа, ауэ зи рассказ хьэлэмэтхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи Налшыки Мэзкууи къыщытрадзэу щыта Къущхьэ СулътIан хуэдэ тхакIуэ щIалэм и пIэм имыувэгъуафIэу къыщIэкIащ. 1930 гъэм Сэрмакъ къыщалъхуа, я къуажэ школым фIыуэ зэрыщеджэм папщIэ, къыхуэупсэхэу Налшык къакIуэу школ-интернатыр дыщэ медалкIэ къэзыуха щIалэ Iэзэр ди пединститутым тынш дыдэу щIохуэ. Абы илъэситIкIэ щоджэ. Литературэм пасэу дихьэха,

зи псэр тхэнымрэ щIэныгъэ куу зэгъэгъуэтынымрэ ятхьэкъуа Къущхьэр Мэзкуу макIуэри, М. Горькэм и цIэр зезыхьэу абы дэт Литинститутым щIотIысхьэ. Адрейуэ хъуар илъэситхукIэ зыщIэс а еджапIэр илъэсищым и кIуэцIкIэ къеухыфри, Налшык къегъэзэж,

ЩIэныгъэфI зэзыгъэгъуэта, зи япэ рассказхэр къытрадзэ хъуа щIалэ Iэзэр, «Советская молодежь» газетым ящтэ. Абы куэдрэ щамыгъэлажьэу, Къущхьэ СулътIан ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым яшэ. ЕтIуанэ секретарым и къулыкъур зезыхьэ Къущхьэр нэхъ иужькIэ ягъэув Н. Крупскэм и цIэр зезыхьэ Республиканскэ библиотекэм и унафэщIу. КъызэIуаха къудей а библиотекэшхуэм щылажьэ цIыхубз гупышхуэр зэгуригъэIуэфу, игъэлажьэхэр къыхуэарэзыуэ, пщIэрэ щхьэрэ иIэу ар а къулыкъум пэрытащ, и ныбжьыр илъэс щэщI иримыкъуауэ, 1960 гъэм гуузу дунейм ехыжыху (и кIуэдыкIэ хъуар мыIупщIу, и хьэдэр Iуащхьэмахуэ лъапэ кърашыжауэ щытащ). Адыгэ литературэм къытепсыха насыпыншагъэхэм ящыщт ари.

Ауэ, Тхьэм и шыкурти, а махуэ нэщхъеягъуэр къытщIэмыIуэ щIыкIэ, Къущхьэ СулътIан ди литературэм жыджэру хуэлэжьат: адыгэбзэми урысыбзэми хуэIэкIуэлъакIуэ тхакIуэ щIалэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ «Механик», «ШагъдиитI», «Анэ», «Фаризэт», «ЩIакIуэ щIагъым» рассказхэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр тхакIуэ щIалэм дэгъуэу къызэрехъулIам щыхьэт техъуэрт а тхыгъэ псори «Къэбэрдей» альманахми, «Iуащхьэмахуэ» журналми, нэгъуэщI сборникхэми къытрадзауэ, тхылъ щхьэхуэхэуи къыдэкIауэ зэрыщытар.

Адыгэ щэнхабзэм нэгъуэщI хэлъхьэныгъэфIхэри хуищIащ Къущхьэм: абы къытхуигъэнахэм ящыщщ «Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ», «Ущымыуэ, Чэрим» пьесэхэр, урысыбзэкIэ итха «Родня» повестыр, нэгъуэщIхэри. А псоми Къущхьэ СулътIан и псэ Iыхьэ, и гъащIэ мащIэм и Iэужьышхуэуэ нэпкъыжьэ темыкIыжын ятелъщ. Езыр пасэу Алыхьым тIихыжами, цIыху дахэу, хабзэшхуэ хэлъу, щIэныгъэ куурэ зэчиишхуэрэ бгъэдэлъу дунейм тета Къущхьэ СулътIан тыгъэ къытхуищIахэр лъэпкъ щэнхабзэм и пхъуантэдэлъ мыкIуэдыжнщ.

КЪУЩХЬЭ СулътIан

# Анэ

*Рассказ*

## I

– Сужэгъуащ уи гъы макъыр! – псырылъэ гъущам ещхь и щхьэцыр зэрижьэкIри, Iэнусэ мажьэ пхъашэр стIолым тридзэжащ. Гъуджэ зэрыплъэм къищырт зи набдзэ фIыцIэхэр къыхэупсыкIа цIыхубз нэкIу хужьыр. Абы и нитIым мыарэзыныгъэ зэрыщIэтыр къапщIэу, сабий тхьэусыхэм дежкIэ зыкърригъэзэкIащи:

– Быдзыр щозгъэгъэтынщ, щIалэ цIыкIу, амыхъу кIэмпIырафэу сыкъэнэнущ. Куэди сщIэпфыкIар, – жи.

ЗыкъэзыIубауэ пIэм илъ сабийм и нэ топ цIыкIуитIыр, нэпсым есу хэс хуэдэ, щIилъафэ-къыщIилъэфыжу, магъ.

– Укъытречри, ауэ занщIэу узэгуэудынуи, – Iэнусэ сабийр къигъэтIысыжри бжьэфыр жьэдиIуащ. – Сыту пIэрэ нянями зыкъыщIигъэгувар? – и босцейм хуэсакъыпэурэ етIысэхри, ар дыщэ сыхьэтым еплъащ.

А дакъикъэм зыгуэр бжэм къеуIуащ. Iэнусэ макIуэри къыщIешэ «няняр». А «няня» псалъэмрэ къыщIиша цIыхубзымрэ нэхъ зэмыкIу бгъуэтынтэкъым. УкIытэм зэщIиубыдауэ, и Iэ псыгъуэхэр игъащIэм гуэмытауэ нобэ къыфIэкIа хуэдэ, здихьынур имыщIэу, зэрыщтэIэщтаблэр и нэхэм къуагъэщIэу, хъыджэбз щIалэ дыдэ Iэнусэ и пащхьэм къитт.

– Заурчик ешащ къыппэплъэурэ, – мыарэзыуэ къызыпхидзащ Iэнусэ.

«НянякIэ» зэджэ Салимэр укIытауэ унэр къызэпиплъыхьащ, зызыкъуигъэпщкIуэн къуэгъэнапIэ лъыхъуэ хуэдэ. Абы и щхьэм цы Iэрылъхьэ IэкIуэлъакIуэу къыфIалъхьауэ къыпфIэщIынут, и тхьэкIумэхэр тенджызым къыхах блащхьэ цIыкIухэм ещхьт. Дыгъэр зэпхъуа и лъакъуитIыр зрачын къудейуэ кIэзызт. «Куэд щIакъым езыр нянм къызэрыIэщIэкIрэ, сыт мыгъуэ и сабийзехьэ» хужыпIэнут абы.

Гулъытэ зэрыхуейр къаригъащIэ хуэдэ, сабийм и гъы макъ къэIуащ. Ар зэрылъ пIэм Салимэ хуэмурэ, Iэнкуну екIуалIэри Заур еплъащ. Езы сабийри, и нэ цIыкIуитIыр кърнгъэжу, фIэгъэщIэгъуэну имыцIыху хъыджэбзым къеплъри, итIанэ абы и щхьэц баринэм еIэбыну и Iэр къиишиящ. Салимэ щIалэ цIыкIур къиIэтри и бгъэм ирикъузылIащ. Нобэт абы япэу сабийм кIэлъыплъын щыщIидзар.

– Си псэ тIэкIу, си нэ топ, дыщэ кIанэ цIыкIу, – сабийм псалъэ IэфIу хузэхуихьэсахэр иджы хуиIуэтэжу къыпфIэщIынт.

Iэнусэ къэIэбэри Заур и IэплIэм иригъэтIысхьэжащ.

– Уэ сэ слъагъум сабий зехьэкIэм хэпщIыкIIауэ къыщIэкIынкъым, ауэ си нэIэ птезгъэтынщ, – жиIэри абы джанэ-гъуэншэджыр Заур къыщитIэгъащ, вакъэ щабэ хужь цIыкIуитIи и лъакъуэм лъитIэгъащ.

Салимэ игъазэу щIэкIыжыну и гур къызэфIэнат. Сабийм укIэлъыплъыныр тыншкъым, махуэ псом абы уелIэлIэнущ, зэ гъын иригъажьэмэ зыхуейр къыпхуэмыщIэурэ хьэзаб Iэджэ уи псэм иригъэшэчынущ. Салимэ сабийхэр фIыуэ илъагъуми, зяужь ихьар хуэмыгъэзэщIэнкIэ шынэрт. Iэнуси, гумызагъэ гуэру къыщIэкIынщ, и къуэм цыпэ тетIысхьэу идэнкъым.

Салимэ къыхуэупсатэкъым сабийм кIэлъыплъыну къытезыгъэхьа я гъунэгъу фызыр. «Ущысщи-ущысщ, ахъшэ тIэкIу къэблэжьынщ», – жиIэри къигъэбырсеят. И Iэ узар мыхъуамэ, сабий и мыIуэхуу, ар бригадэм яхэту лажьэрт. Иджы и Iэр хъужыху...

– Сэ сопIащIэ, – Iэнусэ и макъ къииным Салимэ и гупсысэхэр IэщIигъэхуащ. И босцейр иуцIэпIынкIэ шынэу, абы и Iэ укъуэдияхэмкIэ сабийр иIыгът. – ФыщIэс, ауэ унэр къивмыкъухь, къевмытхъужьэ. ПтулъкIэм итщ ишхынур. Уи вакъэр лъыхи лъапцIэу щIэт. Унэлъэгу къэлъэсыныр сужэгъуащ.

Фызым жиIа псалъэхэм Салимэ и нитIым зэгуэп хъуаскIэр къыщIригъэхащ.

– Ди деж здэзгъэхь? – Салимэ сабийр къыIихыжри и щхьэр игъэщхъащ, шейхэкIэхьэ къэкIуа хуэдэ. – Къэсхьыжынщ, уи щхьэгъубжэм нэху къыдидзу слъагъумэ.

Iэнусэ и бохъшэ гъэщIэрэщIар къиштауэ щIэкIрэ пэт жиIащ:

– Здэхь, ауэ хуэсакъ, сабийм узыр щIэхыу къыкIэропщIэ.

Салимэ Заур иIыгъыу хуэмурэ бжэщхьэIум къебэкъуащ, унэм къызэрыщIэкIыу Iэнусэ бгъурыту куэбжэмкIэ мыкIуэу, пщIантIэм кIуэцIрыкI лъагъуэ Iузэм теуващ.

## II

Армэм кIуа и дэлъхум ейуэ щыта пэш цIыкIум Салимэ и закъуэу щыпсэурт. Хуей-хуэмейми сабийрт нэхъыбэм псэлъэгъуу иIэр. Заур сабий пIыгъуафIэ, сабий тыншхэм щыщу къыщIэкIат. МахуэкIэ ар хьэуа къабзэм – мэз гъунэгъум, паркым ихьырт, унэм щигъэджэгурт. Сабийм и жейр зэпиудын и гум имыдэу пщыхьэщхьэкIи ар куэдрэ я деж къигъанэрт. Салимэ гу зэрылъитамкIэ, и къуэр хуимыхьыжми Iэнусэ и жагъуэ хъуртэкъым. МащIэ-мащIэурэ нянямрэ сабиймрэ зэсэ, зэрыцIыху хъуащ, щIалэ цIыкIуми и анэр хуэмыцIыхуж, зэхэзещхъуэн щищIи къэхъуу. А псоми Салимэ иригуфIэрт, ауэ къыжраIэхэм зэзэмызэ игу къигъэузт, уеблэмэ и гъын къигъакIуэрт. «IэщIагъэфI зыIэрыбгъэхьащ, пхэщIэдзхэр плъэсыныр, дауи, тыншкъым», – жаIэурэ и ныбжьэгъу хъыджэбзхэм ауан къащIт, сабийр иIыгъыу къалъагъуху япэм къыдэлажьэу щыта щIалэхэми хъуэрыбзэхэр къраутIыпщт. «Яслъэм иратами аратэкъэ», – егупсысырт Салимэ, ауэ яслъэри зэпэубыдати, щIэх къыплъысынкIэ ущыгугъ хъунутэкъым, езыми сабийр игу пыкIыртэкъым.

Заур мазибгъум нэблэгъат. Махуэм гъатхэ пасэм зыхузэлъыIуихауэ хъыджэбз яшэну зигъэщIэращIэт, жыгхэр къэтIэпIыну хуежьащи, мэ гуакIуэхэр гум йодэхащIэ. Заур иIыгъыу Салимэ гъунэгъуу щыIэ жыг хадэмкIэ игъэзащ. Физ куэдым сабий яIыгъыу жыг хадэм къыщакIухь, гъущапIэ ягъуэтмэ, къызэтоувыIэ. Салими зы физ гъусэ къыхуэхъуащ, хъыджэбз цIыкIу кърищэкIыу. ТIэкIурэ зэпсэлъахэщ, итIанэ, физым гъунэгъу зыкъищIри, Заур къеплъащ.

– Сабий дыгъэл дыдэщ, къабзащэщ. Насып зиIэхэ, щIалэщ. Пэжу, дэри ди хъыджэбзым зытедгъэгусэркъым. Алыхь, дымыхъуэжыфыну тхьэIухуд шырыр, – физыр нэкIэ едэхэщIащ гу цIыкIум илъу жей хъыджэбз цIыкIум. Салимэ дежкIэ зыкъигъэзэжри къыщIигъуащ:

– Мыщэ цIыкIу хуэдэ фIыуэ бопI. Тхьэм къыпхуигъэхъу, тIасэ, ущигъэгуфIыкI. Сыт ебгъэшхыр? БыдзышэкIэ ирикъурэ?

Салимэ, укIытэгъуэр къылъысати, и нэкIур лъы къыщIэлъэдам кърiIат. Абы сабийр зэримейр хужыIакъым.

– Шэ IэфI изогъафэ.

– Алыхь, напэ уиIэм сытми, уи нэIэ тету къыбогъэхъу. Иджырей анэхэм языныкъуэр дыслужащэщ жари кIэбгъу защIри йожьэж. Илъэс нэхъ мыхъуми, уи бгъафэ щIэлъу упIын хуейкъэ, на? – физым нэгъуэщI зыкъоми жиIэну къыщIэкIынт, ауэ хъыджэбз цIыкIур къэушри кIэщIу щригъэгъэтащ. Физыр, гу цIыкIур япэкIэ игъэкIуатэу, ежьэжащ, Салими Заур зрикъузылIэри щэхуу ба хуищIащ. И гум гъэпщкIуауэ илъ анэ гурыщIэхэр къэушауэ, къэукъубеяуэ толъкъун хуабэу къыжьэхоуэри, и псэр IэфIу щIалъэсыкI, итIанэ гузэвэгъуэ гуэрхэм щIыIэ-щIыIэу и бгъэр зэщIаубыдэ, аузым зыдэзыубгъуэ пшагъуэм хуэдэу зыщеубгъу. Гумахэ хъуауэ абы унэмкIэ егъэзэж. Сабийр ем щихъумэ хуэдэ, и лъакъуэ цIыкIухэр зрикъузылIауэ ехь. Унэм щынэсыжам дунейр къызэIыхьат. Уэс къихьыну зищIу къыкъуэуа жьы дыдж дзакъэм гужьеигъуэу пшэ фIыцIэхэр ирехьэжьэ. Ягъэгъущыну фIадза жьыщIыгъэр епIэщIэкIыу щыфIахыж, уэрамым щыджэгу сабийхэр зейхэм щызэбграшыж пщыхьэщхьэр къалэ цIыкIум хьэлъэу къыщхьэщыгъуэлъхьащ.

Унэм къызэрыщIыхьэжу, Салимэ унэ лъэгум упщIэ ириубгъуэщ, Заур игъэтIысри зэрыджэгун IэщIилъхьащ. Е физым жиIахэм и гур къызэфIигъэна, е Iэнусэ Заур гулъытэ зэрыхуимыщIам егупсысу сабийм игу

щIэгъуа, нобэ хуэдэу еубзэрабзэу, едэхащIэу, псалъэ IэфI жриIэу зэи дэджэгуакъым. Ауэ Заур, зэзэмызэ мащIэу къэгуфIэ мыхъумэ, Iэбэлъэбэну, къипщыхьыну, къуейщIеину зищIкъым. И нэ топхэр нэщхъеягъуэм ихузауэ нэхъ цIыкIу хъуат.

«Схьыжынщ, и анэм деж щыIэжмэ нэхъыфIщ», – игукIэ Салимэ жиIэри, Заур шхыIэным кIуэцIишыхьащ, ауэ ар бжэм зэрыхуихьу, бгъукIэ зыкъригъэщIу, и Iэхэр шхыIэным къыщIихыну сабийр къеIащ. «ЩрыреIэ, и анэр иджыри къэмыкIуэжагъэнкIи хъунщ», – щIегъуэжауэ сабийр шхыIэным къыкIуэцIихыжри, пIэм иригъэгъуэлъхьащ. Езы Салими тхылъ къещтэри, и Iэблэр Заур еIусэу бгъурогъуалъхьэ.

Заур бжьэфым зэрыщIэф макъым фIэкI унэм нэгъуэщI зыри щызэхэпхыркъым. ЩIыбым къыщепщэ жьым зэзэмызэ щхьэгъубжэ абджхэр егъэзджыздж.

Бжэм хуэму зыгуэр къеуIуащ. Салимэ, Iэнусэ къэкIуа и гугъэу, тэджащ, «къыщIыхьэ», жиIэри Заур тепIа шхыIэныр зэригъэзэхуэжащ.

Чэтэн кIагуэ щыгъыу щIалэ плIабгъуэ унэм къыщIэбэкъуащ. Абы жьакIэ пхъашэ тетщ, и нэ къуэлэнитIыр къыпхуэгуфIэу набдзэ Iувым къыщIоплъ.

Салимэ игъащтэу укIытэжа хуэдэ, ар утыкум къиувыIащ.

– Уэра, Исмэхьил? Мы цIыкIум и анэра си гугъати...

– И мычэзууэ сыкъыщIыхьами сщIэркъым?

– СыщIэсу укъыщыщIыхьакIэ, и чэзущ. ТIыс.

Исмэхьил етIысэхащ, шэнтыр игъэтхьэусыхэу.

– ЖэщкIи щыIэ сфIощI щIалэ цIыкIур уи дей? Сыту умужэ... уримыгъэшрэ, – жиIащ «умужэгъурэ» псалъэр къыжьэдикъуэжри.

Исмэхьил и гуапэтэкъым Салимэ сабий зехьэным зэрызыпищIар. Зэи-тIэуи абы тепсэлъыхьыну хуежьат, ауэ, Салимэ и жагъуэ ищIу къигъэгубжьа мыхъумэ, фIы къыхихакъым.

– Сыт хуэдэу сабий дыщэ! Псэлъэфыркъьм жумыIэмэ, псори зэхещIыкI. И мычэзууэ зэ гъынкъым. – Зи бын щытхъуж анэу къызэролъэлъ Салимэ. – Нобэ гукъыдэмыжщ, ахъумэ сыт хуэдэу къыбдэджэгунт.

Абы и псалъэхэм Исмэхьил къагъэгуфIэри, и нэкIур лъагъугъуафIэ къащIащ.

– Гъынми чэзу иIэу къыщIокI.

– Ауан сыкъыумыщI. Гъыринэкъым, къиинкъым жыхуэсIэщ. – Заур зыкъиIэтыну зищIати, Салимэ псынщIэу бгъэдыхьэри къищтащ.

– Сыт хъыбар лэжьапIэмкIэ? ЩIэх яухыну библиотекэр? Кран ягъэувауэ слъэгъуати...

– ПщIэжрэ уи гъусэу нэкIуауэ щыта хъыджэбз уэгур? Ланэ си гугъэт зэреджэр – курсыр иухауэ, а краным иролажьэ. Уэри ущыIамэ... – Салимэ и напIэхэр хьэлъэу къызэреуэхам гу лъитэри, Исмэхьил къригъэжьар зэпигъэуащ, – уэри ущыIамэ плъагъунт. ЩIагъуэ дыдэкъым Iуэхухэр. Инымкъуэм щысхэщ, ящIэн ямыIэу, инымкъуэми зэрызохьэ. Пэжу, сэ абыхэм яхэсщIыкIышхуэ щыIэкъым. Зэзэмызэ фи бригадэм раствор яхуэсшэ мыхъумэ, сахуэзэркъым.

– Хуабэ хъумэ, сынэкIуэжынущ. АпщIондэху си Iэр хъужыпэну жеIэ дохутырым. Штукатур щIыкIэм сыщымыуужауэ къыщIэукI, – жиIащ Салимэ.

– Дауэ узэрыщыужыр? Ахьмэд иджыри къэс уи гугъу ещI. Нэбгъэзэжмэ, нэгъуэщI бригадэ умыкIуэну мэгугъэ.

– Шей уезгъэфэнщ, Исмэхьил, лэжьапIэ укъикIыжу къыщIэкIынщ?

– Хьэуэ, общежитым сыщIыхьэжат. – Исмэхьил, шхауэ кърихьэлIэпами, мы унэ къабзэм къыщащта Iэнэм фIэIэфIу бгъэдэсынт, ауэ зэрымышхар жиIэн укIытащ. Абы и IитI дагъэ защIэм щыIуплъэм, Салимэ къыгурыIуащ Исмэхьил жиIар зэрымыпэжыр, ар зэрыс самосвалыр Iэгъуэблагъэу къигъанэу къызэрыщIыхьар. Исмэхьил машинэкIэ къэкIуэху гъунэгъу щIалэ цIыкIухэр къэкIийрт: «Салимэ, Самосвал къэсащ, къыщIэкI!» – жаIэурэ. А щIыкIэм тету, Исмэхьил «Самосвал» фIащауэ, Салимэ гъуэгу ирагъакIуэртэкъым: «Самосвал щIэх къэкIуэну?», «Самосвал дыхуэзат» жаIэурэ. Абы къыхэкIкIи Исмэхьил жриIат машинэм ису къэмыкIуэну. АрщхьэкIэ хуэшэчакъым. Салимэ и жагъуэ имыщIын папщIэ, самосвалым ису къызэрыкIуар ибзыщIырт.

Салимэ и гум IэфIыгъэ зыщIэлъ пIейтеиныгъэ лъэIэсати, Исмэхьил едэхэщIэну, а и Iэшхуит Iыр иубыду телъэщIыхьыну хьэзырт, ауэ щIалэм и набдзэ IувитIыр дридзейуэ зэщымыщхъу узыщI гурылъхэр къэзыIуатэ и нэхэр къыщытриубыдэм хуэшэчакъым.

– Си псэм хуэдэ! ФIыуэ слъагъу! – нэбгъузкIэ щIалэм хуеплъэкIыурэ Салимэ сабийр зрикъуэзылIащ.

– Къызэтыт а цIыкIур.

– Сабыныр зэпэубыдауэ жаIэ, – ириутIыпщащ и хьэщIэм Салимэ.

– ЗыстхьэщIыну аракъым сыкъыщIэкIуар. Шеи сефэнукъым, – и Iэшхуит I къиишияр псынщIэу иридзыхыжри пыудауэ жиIащ Исмэхьил.

– АтIэ, жыIэ укъыщIэкIуар, – Салимэ езым и псалъэхэм щышынэжат. Исмэхьил и фIэщу псэлъэн кърригъажьэ хъужыкъуэмэ, сыт ищIэжынур? Жэуап иритыжыну? ГузэвэгъуэмкъыхэкIкIэ зригъэзэкIауэ, Заур пIэм щыщIеупскIэ, гущэ уэрэд хуэмурэ жреIэ. Исмэхьил апхуэдизу сабыр хъуати, ар щIэмысыжыххэу Салимэ къыщыхъурт.

– Салимэ... бжесIэнут... уэ къыбгуроIуэ... – Исмэхьил къыжьэдэкIа псалъэ зырызхэр Салимэ и гум тохуэ макъ ин ирагъэщIу, къагъэплъ, къагъэпIейтей. «Щыгъэт. Зыри жумыIэ, псори сощIэ», – лъэIуащ Салимэ игукIэ. Абы фIэкIмэ, езыми зыгуэр къыжьэдэлъэтынщ. Гур къыщомыдаIуэ къохъу.

Исмэхьил, а лъэIур зэхиха хуэдэ щатэри, щым хъуащ.

– Сабийр жеин хуейщ. КIуэж, машинэри гаражым хуж, – Исмэхьил игъащIэкIэ мыкIуэжми зэридэнур и нэхэм къаIуатэу къэлъэIуащ Салимэ. Исмэхьил къэтэджри зы лъэбакъуэ Салимэ дежкIэ ичащ, ауэ Салимэ и щхьэр хуэму щигъэсысым, ар зэуэ къызэщIэувыIыкIащ, ищIэнур имыщIэу зигъазэри, бжэмкIэ иунэтIащ, бжэщхьэIум зэрынэсу:

– Уи жэщ фIыуэ, – жиIэри щIэкIыжащ.

Салимэ мышхэу пIэр ищIыжри, жей IэфIым хэт Заур бгъурыгъуэлъхьэжащ. И жеин къэмыкIуэу, и Iэр и щхьэм къыщIэлъу Салимэ жэщым къыпхыIукI макъхэм едаIуэу хэлът. СлIо къыщыщIар, щхьэ гумызагъэ хъуа? Щхьэ къарур и IэпкълъэпкъымкъебэкIыу хэлъ, щхьэ мыарэзырэ, зыхущIэкъур сыт? Щхьэ зыгуэрми щышынэу и псэм зихузрэ! Заур? Исмэхьил? ГъащIэра? Дэнэ деж а псор къыщежьар, къызыхэкIар сыт?

## III

Жэщыбгхэм деж къызэщыури, Заур гъыуэ хуежьащ, и Iэ цIыкIухэмкIэ зыгуэр къилъыхъуэ хуэдэ Iэбэрабэу. Салимэ абы щеIусэм дыгъэм къигъэплъа мывэм теIэбауэ къыщыхъуащ – сабийр плъыржьэрт. ЕкIуэ-

талIэри едэхащIэу щIидзащ. Заур и Iэ пщтырыр Салимэ и дамэм къытрилъхьэри зыкърикъузылIащ. Ауэ, тIэкIу зэрыдэкIыу, сабийр аргуэру къэIэбэрт, Салимэ къыбгъэдэлъргъэ къыбгъэдэмылъргъэ зригъэщIэну. Салимэ езым Iэпкълъэпкъ иIэуи имыIэуи зыхищIэжыркъым, щIалэ цIыкIум и Iэ пщтырым фIэкI. Анэ гумащIэм хуэдэу, сабий сымаджэм тегужьеикIащ.

Заур къащтэри къызэщыуащ. И тэмакъым зыгуэр тена фIэкI умыщIэну, къыщиудауэ магъ. И Iэпкълъэпкъым хуэш хыхьа хуэдэ зызэхеш, и Iэпхъуамбэхэр щIешэ, и нэ цIыкIуитIыр щIилъафэу къэмэхыным нэсащ.

Салимэ гужьеяуэ сабийр къепхъуатэ.

– Заур, Заурчик, си псэ тIэкIу, пщIэр сыт, – жеIэ, адэ-мыдэкIэ зедз. – Зилэ! ПсынщIэу, Зилэ! – гъыным нэсауэ Салимэ блыным йоуэ. – СщIэнур сыт? Заурчик, Заурчик, зэ къаплъэт! – Салимэ и нэпсхэр гъатхэ уэскъэжэщIу къыщIоткIу, абы къыщохъу и Iум иткIухь уэс IэшкIэм пыткIу ткIуэпс щIыIэхэм игури и бгъэри ягъэдийуэ. Заур лIарэ мэхарэ къыхуэмыщIэу IэщIэлъщ, итIанэ, сабийм и нэхэр мащIэу къызэтрихри, къэплъащ. Гъунэгъу фыз Зилэ, ипхъу нэхъыжь цIыкIур и ужь иту, къыщIэлъэдащ.

– Сыт мыгъуэ къэхъуар?...

– Заур... Заур... сщIэркъым къыщыщIар.

Зилэ щIалэ цIыкIур Iихыу абы и лажьэр къыщищIэм, ар къызэрыгъуэтыжри, Салимэ игу фIы хуищIу жиIащ:

– Ар сабий узщ. Мазэ IэджэкIэ къыпкърыхьэу щытащ си шыпхъум и къуэм. Ягъэ кIынукъым. ХэкIыжынщ.

Салимэ апхуэдизу щтати, Зилэ щIимыгъэкIыжын щхьэкIэ, зыгуэрхэр жиIэурэ игъэпсалъэрт.

Шынагъуэр ящхьэщыкIауэ щалъытэ дыдэм уз гущIэгъуншэм Заур етIуанэу зэщIиубыдэжащ. Ар IурыуфIыцIыкIат, щэIу фIэкIа, гъыжыфыртэкъым, и Iэпкълъэпкъыр зэщIэдиерт.

Салимэ и фэр пыкIауэ, сабийр къипхъуэтауэ щIеупскIэ, абы зыкърригъэщIэжын и гугъэу и щIыбым тоуIуэ.

– Тхьэм гущIэгъу къыпхуищI, хъарып цIыкIу. И сурэтым итыжкъым, – жиIэу къежэкI-нежэкI мыхъумэ, Зили зыри хуэщIэркъым.

Къаруи-псэруи Салимэ къыхэмынэжауэ укIурииным нэсат, Заур зыкъыщищIэжам.

Салимэ зэуэ зыкъызэщIипхъуэтащ.

– Зилэ, кIэлъыплъыт, – сабийр абы IэщIилъхьэщ, езым халат зыщидзэри унэм щIэжащ. Ар мажэ уэрам къэгъэшыпIэм деж щыт телефонавтоматым.

Жэщым губжьауэ уэрамым уэс псыфыр къыдеупцIэ. Жыгхэм щэIуу жьым щхьэщэ хуащI. Уафэм и къэптал фыщIар къалэм къыщхьэщиубгъуащ, вагъуэ уимыгъэлъагъуу. Салимэ зэгупсысыр зыщ: телефоным псынщIэIуэу зэрынэсынырщ, дохутырыр псынщIэIуэу къызэрыриджэнырщ. Ар телефон будкэм щежэлIам, и Iэм къару хэмылъыж хуэдэт: бжэкъур тIэу-щэ IэщIэпкIыжащ бжэр хуIумыхыу, итIанэ и IитIымкIи бжэр Iуидзри, телефон трубкэр къипхъуэтащ.

Абы и макъым апхуэдиз гузэвэгъуэ, апхуэдиз лъэIу щIэтти «скорэм» и лэжьакIуэр зыщIэупщIар зыщ: здекIуэлIэнур.

Салимэ будкэм къызэрыщIэкIыжу жьыр къыжьэхэпыджащ. Уэсыр хуэнщIей псыфу къыжьэхепхъэ, халатыр щитхъыну къозауэ. Унэм къэблэгъэжауэ «скорэр» къэсри къэувыIащ. Дохутырыр Салимэ и гъусэу са-

бийр зыщIэлъ унэм щIыхьащ. Ар Заур къеплъри: «Сабийр занщIэу сымаджэщым шэн хуейщ», – жиIащ.

Сымаджэщ здэкIуам сабийм и закъуэ фIэкI Салимэ жэщым щыIэну къагъэнэн ядэртэкъым. Къагъэнэнуи къыщIэкIынтэкъым, ауэ Салимэ и нэпсхэм къызэпижыхьауэ щалъагъум, ягу къыщIэгъури сабийхэр зыщIэлъ унэм щIагъэхьащ. Заур зэрылъ пIэм шэнт бгъуригъэувэри, ар нэху щыху бгъэдэсащ. ПшэкIэплъ къыщищIым щIалэ цIыкIум хуэшыр аргуэру къыхыхьащ. Мастэр зэрыхаIуар мыхъуамэ, а жэщым сабийр узым къелыну къыщIэкIынтэкъым. Салимэ лъы щIэтыжу пщIэнтэкъым, абы и нэкIур къэбыстэ хуэлам ещхь хъуат. Сыт хуэдэ гуауэ къыжьэхэуами зыхимыщIэжын хуэдизу игу зэщыуат, къепсалъэхэм къехьэлъэкIыу жэуап яритыжыф къудейт. Пщэдджыжьми Заур нэхъыфI хъуакъым. Дохутырым Салимэ къыжриIащ сабийм и узыр къызыхэкIар пасэу быдз зэрыщигъэтыжар арауэ. ФIыуэ кIэлъыплъын зэрыхуейм къыхэкIкIэ, Салими сабийм щIыгъуу къэнэну хуит ящIащ. Сабийр абы имейуи шэч къытрахьэртэкъым.

Iэнусэ и къуэр зэрысымаджэр зэхихыу щIэупщIакIуэ къыщыкIуам шэджагъуэ хъуат. И къуаншагъэр щIихъумэу, Салимэ зыкъыхуигъазэри жиIащ:

– Зэрыгукъыдэмыжыр щыпщIэм нэпхыыжын хуеящ, – Iэпкълъэпкъ зэкIуж зэриIэр къуигъащIэу да габардин бэлътом и кIапэр иIэтри тIысащ. – Е къыщыпкърыуам хъыбар сыбгъэщIакъым. Сыти жыIэ, сэ абы срианэщ.

Салимэ къызэфIэнат «урианэмэ, кIэлъыплъыж»,– жиIэу ежьэжыну, ауэ Заур и Iэ цIыкIухэмкIэ къилъыхъуэу, дзыхь къыхуищIу и бгъафэ зэрыщIэлъар, узым къыхигъэзыхьыху къэс и нэ цIыкIуитIымкIэ лъаIуэу къызэреплъар игу къэкIыжати, сабийр сымаджэщым къыщIинэну и псэм хутегъэхуакъым, и гукъеуэ псалъэхэр щIилъэфыжащ.

Ар тIэкIурэ Iэнусэ едэIуа нэужь, абы бгъэдэсын къехьэлъэкIри, тэджыжащ.

– СыщIыхьэжынщ, Заур къэушами сщIэркъым.

– Сыкъэнэнт жэщми сыщыIэну, тIури дыщыIэу ядэнкъым амыхъум. Нэхъыбэм сабийхэр я закъуэу къагъанэ, дэ тIури дыщымыIэми, емыкIукъым. – Iэнусэ и къуэр къыщIинэн лъэмыкI хуэдэ, зрилъэфыхьу зы дакъикъэ щытащ. – Сэ сыкъэкIуэнщ иджыри, фшхын къыфхуэсхьынщ.

– Тхурокъу къыдатыр! – къэтэмакъауэ зигъазэри, Салимэ сымаджэхэр зыщIэлъым щIыхьэжащ.

Сабийм и гъусэу ар махуитхукIэ щIэлъащ сымаджэщым. А зэманым и кIуэцIкIэ мызэ-мытIэу Исмэхьил и самосвалыр уэрам гъунэгъум къыщыувыIат. Сабийр щыхъужам, аитIур я деж зышэжари Исмэхьилт, ауэ самосвалымкIэтэкъым – таксикIэт.

Сымаджэщым гугъуехьу щишэчам нэхърэ нэхъ къехьэлъэкIат Салимэ Заур и анэм деж щихьыжам зэхихар.

– Сыти жыIэ, Заур яслъэм естмэ нэхъыфIщ. Си цIыхугъэ гуэрым сыкъигъэгугъащ схухэлIыфIыхьыну.

Салимэ и щхьэр фIэхуауэ Iэнусэ деж къыщIэкIыжри хуэмурэ я унэмкIэ екIуэкIыжащ. Илъэс псом гугъу зыдехьа хьэсэр Iуихыжыну щыкIуам ираутыкIауэ, щIапIэ нэщI ящIауэ хуэза хуэдэт.

### IV

Заур яслъэм ирата нэужь, куэд дэмыкIыу Салими лэжьэн щIидзэжащ. Иджы Исмэхьил цемент къыщишэкIэ зиIэжьэмэ, ар псоми ехьэкI хэмылъу

Салимэ бригадэм къазэрыхыхьэжам хуахьырт. Езы Салимэ, лэжьыгъэ зыхуэпIащIэу щытам пэрыувэжа, и ныбжьэгъухэм къахэхутэжа пэтми, и гъащIэм зыгуэр хуэчэму, и гум кIэрыхуаIауэ къыщыхъут. Иджыт Салимэ дежкIэ белджылы щыхъуар сабийм зэресар, фIыуэ зэрилъэгъуар.

Тхьэмахуэ махуэу, Салимэ сабийр куэдрэ кърихьэкIащ. И анэм къыхуигъанэу къыщIэкIыжрэ пэт Iэнусэ жиIащ:

– Яслъэри тыншкъым: пщэдджыжь къэс хьы, пщыхьэщхьэкIэ къэхьыж. Сыхьэтитхум уемыкIуалIэуи хъуркъым.

– Сэ схьынщ икIи къэсхьыжынщ. – Салимэ и нэхэр къэлыдат...

– А тIэкIур къысхуэпщIамэ, уи гугъуехьыр хэзгъэкIуэдэнтэкъым. – Iэнусэ капроныплIэм ету тридзэрт.

– ПщэдджыжькIэ сыхущIыхьэнукъым, блым лэжьэн щIыдодзэ, пщыхьэщхьэкIэ сыкIуэурэ Заур къэсхьыжынщ.

– Содэ арикI. – Сабийр пщэдджыжькIэ яслъэм ихьын хуей зэрыхъуар и жагъуэу жиIащ Iэнусэ. – Гугъуехь куэд дошэч дэ цIыхубзхэм.

Абдеж щыщIэдзауэ Салимэ пщыхьэщхьэкIэ кIуэурэ Заур яслъэм кърихыжырт. ТIэу-щэ Исмэхьили гъусэ къыхуэхъуати, игъэщIагъуэу къеупщIащ: «Мы нэ топым сыт къыкIэрыбгъуэтар?» – жиIэри. Абы зы лъэныкъуэкIэ и жагъуэт Салимэ щIалэ цIыкIум зэрыдихьэхар: яку къыдыхьэу, езым къылъысын хуей гумащIагъэм и ныкъуэр Заур IэщIих къыфIэщIырт. Ауэ, нэгъуэщIу егупсысмэ, и псэм фIэфI мурадхэм лъабжьэ яIэу къыщыхъут: сабий фIыуэ зылъагъу хъыджэбзхэм анэфI, физыфI къахокI.

Езы Салимэ сабийр фIыуэ зэрилъэгъуар, и псэм зэрыхыхьар иIуэтэну фIэауант. Яслъэм кIуамэ: «И анэр хущIыхьэркъыми аращ схьыжыну сыкъыщIэкIуэр», – жиIэрт.

Зэгуэрым Заур къихьыжыну Исмэхьил и гъусэу Салимэ яслъэм екIуэлIащ. Исмэхьил куэбжэм деж къанэри, Салимэ унэм щIыхьащ.

Абы пэплъэу здэщытым, Исмэхьил игу къэкIырт иужьрей зэманым ар зэщIэзыубыда гупсысэхэр Салимэ хуиIуэтэну, и гухэлъхэм щыгъуазэ ищIыну. Псори хъунут, ауэ, Салимэ еджэну и гугъэщи, ауан къищIынкIи, зыкъыхуигъэгусэнкIи тIэу еплъынкъым.... ЖриIэнрэ жримыIэнрэ таучэл имыщIурэ, Салимэ къыкъуэкIыжащ, Заур и Iэпэр иIыгъыу. ТIэкIуи зебыршэу, зэрызекIуэр езым фIэгъэщIэгъуэныжу Заур зыгуэрхэр къибжу, и лъакъуэ гъумыщIэ цIыкIухэр идзырт.

– ПщIэрэ, сыкъызэрилъагъум хуэдэу, «ахьа, ахьа» жиIэу къыспожьэ гуфIэу.

– ГъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым. Сабийр дэтхэнэ зыми пожьэ.

– Сыт мыгъуэ хэпщIыкIрэ уэ сабий хьэлым? – мащIэу дыхьэшхащ Салимэ, и IэплIэм иригъэтIысхьэну Заур къиIэтурэ. – Зы махуэ Iэнусэ дэрэ дызэгъусэу дыкъэкIуати, и анэр къигъанэри сэ зыкъызидзат.

– Сабий яслъэм сыщылажьэркъым, сабий хьэлым хэзмыщIыкIми, ягъэ кIынкъым. – Исмэхьил Iэбэри сабийр къыIихащ, жиIа псалъэхэр абыкIэ щIиуфэжын и гугъэу.

– ПщIэрэ... – Салимэ игури и псэри зэщIэзыубыда Iуэхур игу къэкIыжауэ, ауэ и гъусэм ириIуэтылIэн таучэл имыщIу кърикъэжьат.

Исмэхьил нэхъ хуэму макIуэ, Салимэ едэIуэну хьэзыру. Абы и щхьэц тIэрэзахэм жьы къыщIэрыуэ хуэдэ, лъэбакъуэ ичыху заIэт, йохуэхыж.

– ПщIэрэ, – нэхъ тегушхуауэ къыпищащ Салимэ. – ЕджакIуэ сыкIуэнукъым.

Дакъикъитху япэкIэ зэран къыхуэхъуну зыщышына еджэн Iуэхур пыщэтыжа пэтрэ, Исмэхьил гузавэу щIэупщIащ:

– Ар дауэ? Еджэн мурадыр хыфIэбдзауи?

– Хьэуэ, мыбы сыщеджэнущ. Заочнэу.

– Мис ар фIыуэ пщIащ...

– Сэри апхуэдэу къысфIощI. Яслъэм сабийгъасэу сыувынурэ педучилищэм и дошкольнэ отделенэм сыщеджэнущ, – и мурад псори зэуэ къиIуэтащ Салимэ, щIегъуэжынкIэ шынэу.

Исмэхьил къэувыIэри, хуэмурэ Заур щIым игъэуващ. «Хьэгъасэу соув» къыжриIами, апхуэдэу ундэрэщхъуэнтэкъым ар.

– Уи лэжьыгъэр-щэ? Бригадэр? – Хэкъузауэ жиIащ Исмэхьил. – Уи Iэр фIей умыщIу, упсэун уи гугъэ?

Салимэ и напэр кърахулэкIауэ къыфIэщIащ. Лэныстэбзэу зызэбладзу и нитIым къыщIэлъэта хъуаскIэм ягъащтэу ар Исмэхьил жьэхэплъащ.

– Сабий зехьэныр блын зэтеплъхьэным нэхърэ нэхъ тыншкъым. Ар фIыуэ щытамэ, цIыхубзхэм ялъывгъэсынтэкъым. – Къытехьа-къытехьауэ Салимэ щIалэ цIыкIур къиIэтыжри ежьэжащ. Исмэхьили и щхьэр егухауэ, хъыджэбзым зыкъыкIэримыгъэхуу макIуэ. Абы и гугъат Салимэ и гум илъ псори ищIэу, ар зытегушхуэфыну щыIэми ищIэфынуми щыгъуазэу. АрщхьэкIэ, иджы къызэрыщIидзымкIэ, Iупхъуэр Iуихыу къуэплъа къудейуэ арщ. АдэкIэ сыт къилъагъунуми ищIэркъым. Ауэ, сыт къимылъагъуми, къикIуэтынкъым, нэгъуэщI зыщIыпIэкIи еплъэкIынкъым!

Исмэхьил гупсысэу здэкIуэм, цIыхухэм щаIуплъэкIэ ахэр ней-нейуэ къыжьэхэплъэу, Салимэ гущIэгъу къыхуащIу, езым нэмыплъ кърату къыфIощI. Ар нэбгъузкIэ Салимэ хуеплъэкIри, гу лъитащ и натIэр къызэрыпсыIам.

– Уезэшагъэнц, къащтэт, – щIалэм Салимэ зыхуигъэзащ.

– Сабий зехьэныр тыншщ, сэ схьынщ, – жиIащ хъыджэбзым.

– Уэзгъэхьынукъым. БлэкIыу хъуар нэкIэ къызоуэ, я жып сиIэба хуэдэ.

Абы зи гугъу ищIыр къыгурыIуауэ, къэгуфIэжауэ Салимэ сабийр щIалэм IэщIилъхьащ.

– Яслъэм щылэжьэну хэти ягъэув уи гугъэрэ? Яслъэм и заведующ Жанпагуэ жиIэр пщIэрэ? Сабий гъэсэным сыкъыхуигъэщIауэ аращ жиIэр. ЦIыхуибл лэжьапIэ увыну къолъэIури, ахэр имыдэу сэ къыспоплъэ. Си лэжьыгъэр сигу зэрыпымыкIыр ещIэри, жэуап естыжын папщIэ махуитI пIалъэ къысхуищIащ. Педучилищэм щIэтIысхьэныр гукъэкI сэзыгъэщIари аращ.

Салимэ яслъэм зэримыгъэкIуэн щхьэусыгъуэ къигъуэтыну иджыри гугъэрт Исмэхьил.

– Дауэ уигу пыкIрэ унэ дэгъуэшхуэ зыщIхэм уахэкIыну? Илъэс зыбжанэ дэкIа нэужьи, уи IэкIэ пщIахэм уаIуплъэжыныр сыт и уасэ?

– Ари пэжщ, – жиIащ Салимэ тIэкIурэ гупсыса нэужь, – ауэ а унэхэм щIэсынухэр гъэсэнри Iуэху цIыкIукъым. СыкIуэнущ яслъэм. Уарэзыкъэ, сыкIуэмэ? Уарэзыщ, пэжкъэ?

«Сыарэзыщ» жиIэну Исмэхьил игу имыдэ пэтми, Салимэ жиIам пэж зэрыхэлъыр къыгурыIуэрт. Парк ихьэпIэм нэсауэ щыблэкIым, Исмэхьил къызэтеувыIащ.

– НакIуэ, тIэкIу зытплъыхьынщ.

– Заурчик-щэ? – Салимэ фIэгъэщIэгъуэну и гъусэм еплъащ.

– Здэтхьынщ. Абы и жагъуэ уи гугъэ и нэгу зригъэужьыну? Пэжкъэ, ПIытIотI? – Исмэхьил сабийр нэхъ тыншу и Iэблэм тригъэтIысхьащ.

– НакIуэ, – къэгушхуащ Салимэ. Алъандэрэ зэпэщIэкIуэтауэ къэкIуамэ, иджы нэхъ зэкIуэтэлIа къыпфIэщIу, я Iэблэ зэIусэу, я щхьитI зэхуакумкIэ Заур гуфIэу къыдэплъу Салимэрэ Исмэхьилрэ паркымкIэ ягъэзащ.

## V

Бжьыхьэ пщыхьэщхьэщ. Жыгхэм фIэхъус езыхыжа тхьэмпэхэм упщIэ къуэлэныр щIылъэм траубгъуэ. Вагъуэ зырызхэми, япэ къищауэ, нащхьэ къащI. Салимэ Заур и гъусэу я бжэIупэ Iуст. ЩIалэ цIыкIур мэджэгу, хъыджэбзым абы и бэлътом щIыIу иредэж. Iэнусэ къабгъэдыхьащ. Махуищ хъуауэ и къуэр илъэгъуакъым. Шоколад плIимэ цIыкIу Заур иритри, псори зэгъусэу унэм щIыхьэжащ. Iэнусэ етIысэхри, къехьэлъэкI-къехьэлъэкIыу жиIащ:

– СщIэркъым сщIэнур. Зы щIалэ си ужь къитт. Сызыхуигъадэ щымыIэу сыкъелъагъу, ауэ мобы щхьэкIэ... – Iэнусэ и Iэр фIэмыIуэхуу Заур дежкIэ ищIащ. – Сишэн дзыхь ищIыркъым. Ди гъащIэр тынш мыхъункIэ мэшынэ.

Салими щымт. ЩхьэкIуэ къыхуэкIуа хуэдэ, и гур къилъэтыкIыу, адэкIэ зэхихынум икIи хуэпIащIэу, икIи щышынэу.

– ПщIэрэ, Салимэ, си гум зэи апхуэдэ лъагъуныгъэ лъэIэсакъым. Мобы и адэр цIыхуфIт, ауэ цIыхубз зэригъэпсэун ищIэртэкъым. Насыпыр куэдрэ къоуалIэркъым, абы къыхэкIкIэ мыдрейм семылъэпауэм нэхъыфIу си гугъэщ, – и Iур гъущIа хуэдэ, Iэнусэ Iупс иригъэхри къыщIигъуащ. – Уэ яслъэм ущолажьэри пщIэнущ, мор детдомым естмэ сIахыну пIэрэ?

Салимэ хуэмурэ гуауэ щIыIэр къыпкърохьэ, хуэмурэ Заур дежкIэ мэкIуатэри, абы и дамэ цIыкIуитIым телъэщIыхьу мэув, ар къипхъуэтэну хьэзыру.

– Ягъэ кIынкъым, пэжкъэ? Илъэсит I-щы дэкIрэ, си лIым дэрэ ди Iуэхухэр зэхуэхъумэ, къеIытхыжынщ, – жиIэрт Iэнусэ, и Iупэ пIащIэхэм псалъэ дыджхэр къыгуагъэж хуэдэ къыжьэдэлъэту. «ЩIэкI» – жиIэну и Iупэ къэсат Салимэ, ауэ абы и гур къигъэнэхуу, гукъэкI лъапIэ грижащ.

– СщIэркъым, сыщIэупщIэнщ, – тегупсысыкIауэ жиIащ Салимэ.

– А зыр къысхуэпщIэжатэмэ, игъащIэкIэ сигу укъинэнт. Ей, ухъыджэбз цIыкIущ уэ иджыри, сабийм бэлыхьу пылъым хэпщIыкIIакъым, – Iэнусэ и бгы псыгъуэр ишэщIу, и бгъэшхуэм данэплIэр яукъуэдийуэ тэджащ.

– Къэгъанэ-тIэ си деж Заурчик, – иримытыжыну пэщIэува хуэдэ, Салимэ зэанэзэкъуэм яку дэуващ.

– Содэ, апхуэдизу щыпфIэфIкIэ... Уи закъуэ узэш хъунщ. Узыпылъ щIалэ уиIэкъэ? – щIэупщIащ Iэнусэ.

Салимэ и напэр мафIэм ису къызэщIэнащ. А псоми гу лъимытэу Iэнусэ туфлъэ лъэдакъэ псыгъуэр бжэщхьэIум щхьэдихьэхри, унэм къыщIэIэба жэщ кIыфIым ипхъуэтащ. Салимэ, бжэр иригулIри, хьэлъкъыр хуэпIащIэу фIидзэжащ, щIэкIыжар къыщIыхьэжынкIэ шынэу.

Тхьэмахуэ дэкIауэ Исмэхьил самосвалымкIэ Салимэрэ Зауррэ къишэжащ. Машинэр къэувыIат, ауэ Салимэ и Iэр бжэкъум трилъхьа мыхъумэ, Iуихыртэкъым.

– Исмэхьил, мы щIалэ цIыкIур... мы цIыкIур фIыуэ плъагъуркъэ?

– ЩIалэфI цIыкIущ, гъыринэкъым, – Исмэхьил и Iэ пхъашэмкIэ сакъыу Заур и нэкIу хъурей цIыкIум еIэбащ.

– Къэзгъанэмэ сыт жыпIэн?

– Къэгъанэ. Жэщ Iэджэ уи деж щыIащ, ныщхьэбэризэр къыхэжыжынкъым.

– Къэзгъэнапэу, сысейуэ...

ТетIысхьэпIэр игъэтхьэусыхэу, Исмэхьил зыкъригъэзэкIащ.

– Дауэ зэрыуейр? И анэр-щэ?

– Детдомым ирезгъэтын-тIэ? Сысейм хуэдэу, фIыуэ солъагъу.

И тэмакъыр гуауэм иубыдауэ, Салимэ и псалъэр зэпегъэу.

– СыномыупщIами хъунут, ауэ сэ къысфIэщIат... Дэ щыр... уэри уесауэ. СлъэкIынукъым а цIыкIур ибэу къэзгъэнэн.

Исмэхьил кабинэм хэлъ абджым пхыплъ фIэкI, жэуап къитыртэкъым. Къэгузэвауэ, Салимэ бжэкъум трикъузэри бжэр Iужащ. Машинэм исыну екIуртэкъым, къикIри Заури кърихащ. Унэм щIыхьэжын абы и псэм идэртэкъым. Исмэхьил зигъэхъейртэкъым.

– Егупсысыт. Зауэм щыгъуэ нэгъуэщIхэм я сабий дапщэм япIа? Заур сабий тыншщ, къызэхьэлъэкIынукъым.

Исмэхьил Салимэ и макъым щIэт лъэIури зэхихыртэкъым, абы и нэбжьыц кIыхьхэри къызэрыпсыIар илъагъуртэкъым.

– НакIуэ пщэдей. СыхьэтитIым. ЗАГС-м Заур и тхылъыр щызэдгъэпэшынщ. УнэкIуэнщ, пэжкъэ?.. – Исмэхьил Iэбэри машинэбжэр ину къридзылIэжащ. Самосвалым, аслъэн губжьауэ, зричри, унэ къуагъым зыкъуидзащ.

ЕтIуанэ махуэм Салимэ Жанпагуэрэ Зауррэ и гъусэу яслъэ куэбжэм къыщыдэкIам, ар жэщым жеяуэ пщIэнтэкъым. Сымаджэщым щыщыIам хуэдэт и фэр. Ныжэбэ кIуам сабийр зейм иритыжыну къытехьат, ауэ Заур жейбащхъуэу къэIэбэу, и пщэм зыкъришэкIыу «мамэ» щыжиIэм Салимэ а гукъэкIым хущIегъуэжащ. Иджыри къыздэсым ар гугъат Исмэхьил къызэхищIыкIыу къэкIуэну. Ауэ уэрамыр нэщIт.

Салимэ къэувыIащ зыгуэр къыщыгъупща хуэдэ. Жанпагуэ Салимэ и дамэм и Iэр къытрилъхьэри къеупщIащ.

– Псоми уегупсыса, Салимэ? Уэ ущIалэщ, лIы удэкIуакъым, ущIегъуэжынкъэ?..

Салимэ и дамэм телъа Iэр трихри икъузащ.

– Мо уэрамымкIэ нэхъ гъунэгъу си гугъэщ ЗАГС-м укIуэну. Iэнусэ абдеж къыщыдожьэ.

ЦIыхубзитIым я кум къабзэу хуэпа щIалэ цIыкIур дэту, псэм фIэIэфI бжьыхьэ дыгъэр зыдидзэ уэрамым дыхьахэщ.

Ахэр ЗАГС-м къыщыщIэкIыжам, Салимэ псом япэу илъэгъуащ къабзэу тхьэщIа, дыгъэ къухьэм пэлыду щыт самосвалыр. Исмэхьил абджыр илъэщIу здэщытым, Салимэ сымэ гу къалъетэ, къапожьэри Заур машинэм нэс къехь. ИтIанэ Салимэрэ щIалэ цIыкIумрэ кабинэм кърилъэтIысхьэри, хуэмурэ зричри, машинэр ежьащ.

– Хэт и унэцIэкIэ ебгъэтха щIалэр? – зыкъимыгъазэу къеупщIащ Исмэхьил.

– СысеймкIэ, – итащ жэуап Салимэ.

– Ущыуауэ къысфIощI, иджыри зэ дыкъэкIуэнущ мы унэми, псори тэмэм тщIыжынщ.

Салимэ и щхьэр иригухри, Заур и щхьэц щабэхэм и нэкIу къэплъар хигъэпщкIуащ.

– Хуэшхынум етыт, – Исмэхьил къызыкъуихри, кIэнфет пхъуантэ къишиящ.

Заур Iэбакъым, и анэм къеплъа мыхъумэ. Салимэ «къеIых» щыжиIэм, пхъуантэ цIыкIур зыIэщIилъхьэри «сэсибэ» жиIащ.

Салимэ и гур, тхьэрыкъуэ къаубыдауэ къолъэт, и бгъэр къозэвэкIри изэгъэжыркъым. Салимэ и нэхэр IэфIу зэтрипIэри, Исмэхьил и дамэ лъэщым, щхьэнтэм хуимыщIа дзыхь хуищIу, и щхьэр трилъхьащ.

Самосвал иныр зыгуэрым иригушхуэ хуэдэ, уэрам бгъуфIэм къытелъэдащ. Абы къыхуэзэ нэгъуэщI машинэхэми щхьэщэ къыхуащIу, тIэкIу лъэныкъуэ зрагъэзу, гъуэгу къырату къыпфIощI.

Дыгъэр хуиту зыдэпсэ къалэм захуэу кIуэцIрыкI уэрамышхуэм самосвалыр ирожэ, цIыхуищыр гъащIэ насыпыфIэм хуишэу.



# Сабийм хуэдэу псэ къабзэт

*Композитор цIэрыIуэ Даур Аслъэн къызэралъхурэ илъэс 70 мэхъу*

*Даур Аслъэн Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Хьэбэз къуажэм 1940 гъэм июлым и 24-м къыщалъхуащ. Абы и анэр пшынауэ Iэзэт. Арауэ къыщIэкIынщ Аслъэн пасэу искусствэм хьэщыкъ щIыхуэхъуари. Школым щыщIэса илъэсхэм ар жыджэру хэтащ художественнэ самодеятельностхэм. Абы къуажэ еджапIэр къиуха щIыкIэтэкъым адыгэхэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуар щагъэлъапIэ 1957 гъэм, республикэм и артистхэм ящIыгъуу Мэзкуу щыкIуам, бэрэбэнауэу ансамблым хэту. Школыр дыщэ медалкIэ къеухри, Даурыр щIотIысхьэ Ставрополь дэт музучилищэм, абы и ужькIэ - Мэзкуу консерваторэм. Композитор цIэрыIуэ Свиридов Георгий и псалъи хэлъу, 1970 гъэм Аслъэн хагъэхьащ СССР-м и Композиторхэм я союзым.*

*Еджэныр зэфIигъэкIыу и хэку къигъэззэжа нэужь, ар ягъэув Черкесск дэт музучилищэм и унафэщIу. ИтIанэ ар хахащ Ставрополь крайми Къэрэшей-Шэрджэсми я Композиторхэм я союзхэм я тхьэмадэу.*

*Даурыр зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ цIыхут. ДэнэкIи щыпсэу адыгэхэм фIыуэ ялъэгъуа и уэрэд телъыджэхэм я гугъу умыщIми, абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ классикэу ябж симфоние, ораторие, камернэ, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэзащIэ макъамэ гъуэзэджэхэр. Хэку, лъэпкъ искусствэм щиIэ зэфIэкIышхуэр къалъытэри, абы къратащ УФ-м Михаил Глинкэ и цIэкIэ щыIэ къэрал саугъэтыр, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист» цIэр къыфIащащ, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артистщ, Урысейм искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.*

*Адыгэу щыIэр зэкIэрызышхэ шхэпсым хуэдэ Аслъэн щIэх-щIэхыурэ кIуэрт ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыпIэхэм. Ар иужьрей илъэсипщIым щыпсэуар Налшыкщ.*

*Композитор щэджащэм и мурадхэр инт, куэд хъурт. Шэч хэлътэкъым ар уэрэд, нэгъуэщI музыкальнэ тхыгъэ хьэлэмэт куэдкIэ иджыри къызэрытхуэупсэнум. Ауэ и мурадхэм лъэмыIэсу, игъуэ нэмысу 1999 гъэм дунейм ехыжащ.*

*ЕЛГЪЭР Кашиф*

# Макъамэбзэ дахэм сыпэджэжу

Уи гур цIыхуфIым псынщIэу кIэропщIэ. СэркIэ апхуэдэ цIыхуфIт Даур Аслъэн. А композитор телъыджэм и гугъуфI япэ дыдэ къысхуэзыщIар усакIуэ цIэрыIуэ Кулиев Къайсынт. Ар езыр щытхъу къудейтэкъым Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъу ибж адыгэ щIалэм – и псалъэхэм тегъэщIапIэ яхуищIырт Даурым теухуауэ композиторышхуэ Свиридов Георгий къыжриIахэр. Дуней псом къыщацIыху Свиридовым и щытхъухэр япэ къэсым лъигъэсу зэрыщымытам шэч хэлъ къыщIэкIынкъым. Даур Аслъэн пасэу къылъысат-тIэ апхуэдэ гуапагъэр. Езыр и щхьэкIэ къэсцIыхуа нэужь, Аслъэн зэи дэслъэгъуакъым мо цIыхушхуэм къыхужиIэ щытхъум ирисондэджэрын мурад иIэу, абы щхьэкIэ зыкъыфIэщIыжу, зигъэпагэу. Ар цIыху Iэсэт. Сабырт. Ауэ, зэчиигъэ бгъэдэлъым къигъэгугъэрт, и щхьэм и пщIэр ищIэжырт. Iужэжагъэ, кIэщIэлъадэ-кIэщIэжыж зыдэплъагъухэм ящыщтэкъым – зи жьэм нэхърэ зи псэр, зи щхьэр нэхъыфIу икIи нэхъыбэрэ зыгъэлажьэ адыгэ щIалэ къызэрыгуэкIт. Апхуэдэут сэ ар зэрысцIыхур.

Абырэ сэрэ махуэ къэс дызэхуэзэу щытащ жысIамэ, пцIыупс сыхъунт. И щхьэм нэхърэ и макъамэ телъыджэхэм нэхъыбэрэ сарихьэлIэрт. Сэ ахэр зэпкърысхынуи, зыхуэдэм сытепсэлъыхьынуи къалэн зыхуэсщIыжыркъым – сы-Свиридовкъым икIи сы-Кулиевкъым. Сызыхуейр, псэужамэ, мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс блыщI ирикъуну щыта Даур Аслъэн сэ зэрысцIыхуу щыта тIэкIур къыжысIэжыну аращ.

Нэхъ гукъинэж дыдэу Аслъэн япэу сыщыбгъэдэсар «Псей щхъуантIэхэр» санаторэращ. ЗэрытщIэжщи, хъыджэбз дахэкIейхэр зыхэт, удэзыхьэх макъ жыгъырухэр зыгъэIу «Дахэнагъуэ» уэрэджыIакIуэ гуп цIыкIу къызэригъэпэщауэ щытащ Аслъэн. А артисткэхэм псэи, лыи, къупщхьи яхуэхъур, ахэр зыгъэIущыр, зыущийр езы Аслъэнт. Мис ахэр щIыгъуу санаторэм нэкIуауэ арати, я концертыр зэфIэкIа нэужь, гуп цIыкIур идогъэблагъэ си ныбжьэгъу Хьэжу Анатолэрэ (и щхьэгъусэр щIыгъуу Толи абы щыIэт) сэрэ.

Гухэхъуэу, гукъинэжу дызэбгъэдэсащ а пщыхьэщхьэм. Абыхэм етIуанэ концертым уэрэду щызэхыдагъэхар зыхуэдизым ущIэмыупщIэ. Ди Iэуэлъауэ макъыр цIыхухэм зэран яхуэмыхъун папщIэ, артистхэм я макъми я пшынэми зрагъэIэтыщэртэкъым. Iэуэлъауэр къыщIэмыIукIын щхьэкIэ, быдэу къэдгулIа бжэр еуэ Iужырт, еуэ Iужырт. Сэ ар зэпымыууэ хуэсщIыжырт. АрщхьэкIэ бжэ жыIэмыдаIуэм сыкъигъэгубжьауэ аргуэру быдэу щезгулIыжым, ар хузимыгъэщIыну зыгуэр къызэреныкъуэкъур къызгуроIуэ. СыщIэплъмэ, кIэлындорым деж цIыхур хуэфIу щызэхэтщ – ди уней концертым къэдаIуэхэу арат. Пэшым щIэхуэр щIэтшащ,  мыдрейхэри зэбгрымыкIыжу зэхэтащ. «Дэ дысымаджэщ. Зыдгъэпсэхун хуейщ. Зэран фыкъытхуэмыхъуу, фи концертыр фыух», - жызыIэн къахэкIауэ щытакъым Аслъэн зи пашэ «Дахэнагъуэм» и уэрэд дахэкIейхэм дахьэха цIыху къомым. ХуаIэт псалъэ гуапэхэмрэ Iэгуауэмрэ ящхьэщыту къэдгъэжьэжыгъащ уэрэджыIакIуэ гупыр.

ИужькIэ, дапщэрэ сыхуэзами, фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмылъу, жиIэжырт Аслъэн щэху цIыкIуу едгъэкIуэкIыну ди гугъауэ нахуэ къэхъуауэ щыта а унагъуэ концертым нэхъ гукъинэж зэи ямытауэ.

Аращ ищIэр хъууэ, игури и псэри хилъхьэу зыщIэр цIыхум фIыуэ

щIалъагъур. Аслъэн фIыуэ ялъагъухэм ящыщт. Абы езыми цIыхур фIыуэ зэрилъагъур си дежи щигъэнэIуащ.

1995 гъэм схурагъэкIуэкIырт си ныбжьыр здынэсам и саулыкъукIэ къызэрагъэпэща пщыхьэщхьэ. А зэхыхьэм къезгъэблэгъат Аслъэни. «Хьэуэ» къыхимыгъэкIа дэнэ къэна, и «Дахэнагъуэм» хэт хъыджэбз цIыкIухэри щIыгъуу къакIуэри, пщыхьэщхьэр зэрысхуагъэдэхауэ щытамкIэ къыстехуа щIыхуэр пхуэмыпшыныжыным хуэдизу екIуэкIыурэ, Аслъэн сэрэ махуэ гуэрым дызэхуозэ.

– Тхьэм уигъэпсэу! СыбгъэгуфIащ, – жи.

– СыткIэу пIэрэ узэрызгъэгуфIар?

– Лъапсэ дахэ, жыг хадэ зэпэщ уиIэу телевизоркIэ слъэгъуащ...

– Ара жыхуэпIэр? Узэреплъам щхьэкIэ упсэу! Ауэ накIуэ Щхьэлыкъуэ, телевизоркIэ мыхъуу, уи нэкIэ уэзгъэлъагъунщ псори. Зыдгъэпсэхунщ. Ди нэгу зедгъэужьынщ...

Сытми, къытызогъэхьэри сошэ. ТIэкIуи зыхуэзгъэщIагъуэу къызошэкI. Езыр къысщогуфIыкI. ИкIи къысщотхъу. Ауэрэ къыздэткIухьым, нэщхъеифэ къытоуэ. Сэ зыкIи сеупщIыркъым. Ауэ согупсыс: и унагъуэри къутамэ, дахэ-дахэу щыпсэун хуэдэу хуэфащэ егъэзыпIи имыIэмэ, си зэранкIэ, и щхьэ мыгъуагъэ хуезгъэхьыжауэ арауэ пIэрэ?

– НакIуэ, Аслъэн. Узэрезгъэшар куэдщ. Унэм щIэсхэр къытпоплъэ, – жызоIэри, «ди экскурсиер» зэпыдогъэу.

Iэнэм дыздэщысым къызыкъуепхъуэтри:

– ЕмыкIу сыкъэвмыщI, зыгуэр сигу къэкIащи, сывэлъэIунут, – жи.

– ЖыIэ. ТхузэфIэкIыу пхуэдмыщIэн щыIэкъым.

– ПIэщхьагъ зэзгъэпэщыжын си гугъэщи... къыфтемыхьэлъэнумэ, нысэ къывэсхьэлIэмэ, дауэ феплърэ?

– Ди нэщ, ди псэщ! Зэрыплъагъущи, унэми пщIантIэми уфIэфIмэ, шы къыщыгъажэ. Ди нысэм дежи емыкIу къыщытхьынкъым...

Абыи хъуэхъу тыжыдоIыхьри, дызэщыгуфIыкIыу дызэгуроIуэ. Арщхьэ-кIэ махуэм махуэр, мазэм мазэр къыкIэлъыкIуэурэ, фызышэ хьэгъуэ-лIыгъуэм япэ ажалыр къощ. Дызыпэплъа гуфIэгъуэ макъамэхэм я пIэкIэ гъыбзэ гуауэр къытщIоIуэри...

Сэ схузэфIэкIрати, Аслъэн и макъамэбзэ дахэм усэбзэ гуауэкIэ сыпэджэжауэ щытащи, ари щIызогъу мы гукъэкIыж тIэкIум.

* * *

*Даур Аслъэн и фэеплъу*

**ЩIыхум и гъащIэ пщалъэр къызэрабжыр**
**Абы ищIауэ къигъэнар арамэ,**
**Ар хъунущ**
**Уахъты зимыIэжхэм хабжэ –**
**И лъэпкъ псэуху**
**Псэунущ и макъамэр.**
**Псэунущ, а**
**Макъамэм езым и псэм**
**Щыщ Iыхьэ хилъхьэу ар дунейм тетащи,**
**ИкIи ар зэрыпсалъэ макъамэбзэр**
**Лъэпкъ гущIэм къыщIэIукIыу къигъэщIащи...**

**Ауэ, сыт щыгъуи зэрыщытщи хабзэу,**
**Зыхуэзыщӏ цӏыхухэм щхьэузыхь зи лъэпкъым**
**Икӏи Алыхьым зыритам псэ къабзэ**
**Я гъащӏэр**
**Гъащӏэм ирегулӏ бгы нэпкъым…**
**Джэдыкӏэ пцӏапцӏэм ещхьу, дыхуэсакъыу**
**Зи псэр тхъумэн хуеяхэм ар ухыгъэ**
**Яхуохъу –**
**Къыщӏонэ унэ нэщӏ я закъуэ,**
**Ямыӏэу къезытыни псы ӏубыгъуэ.**
**Ара хъунщ дэ,**
**Тхьэм и ней къыщӏытщыхуэу,**
**Къыщӏыдимытыр Абы «уэху» жыӏэпӏэ –**
**Зи лъэпкъ хуэлажьэу,**
**Ящӏэтыху лъы ӏэмпӏэ,**
**Итӏани ахэм, тфӏашх нэхъей ди щӏыхуэ, –**
**Нэбгъуэзкӏэ деплъу,**
**Дгъэулъиймэ тфӏэфӏу**
**Лӏыфӏ дапщэ мыгъуэ едгъэхьыжрэ бампӏэм?..**
**Гыз макъыу уи макъамэр зэхэсх сфӏэщӏу,**
**Си гур къогъыкӏри, нэпскӏэ сотхьэщӏ напэр.**

*САУТ Хьэсэн*

# Удз гъэгъахэм я макъамэ

*Даур Аслъэн и фэеплъу*

*Эссе*

А пщэдджыжьым щэхут къалэ уэрамхэр. Цӏыху зэхэзекӏуэри машинэ зэхэзежэри мащӏэт. Зи гуфӏэ нэкӏур Къуэкӏыпӏэмкӏэ къыщыкъуэзыгъэплъа дыгъэри, пшэ фӏыцӏэ гуэрэнхэр тезэрыгуэри, ягъэпщкӏуат. Жьы щӏыӏэ къепщэм ӏэпкълъэпкъыр игъэдийрт. Ауэрэ уафэм псыӏагъэ гуэрхэр къехыу щыщӏидзэм, сэри нэхъ хуабжь зызмыщӏу хъуакъым...

Сымаджэщым сыщынэсам, нэӏуасэ схуэхъуа медсестра хъыджэбз цӏыкӏум фӏэкӏ, кӏэлындорым зыри теттэкъым.

– Дауэ нэху къекӏа? – соупщӏ абы сэлам нэужьым.

– Тхьэ, сигу иримыхьыщэ.

– Хъуну сыщӏыхьэ?

– Хуэм цӏыкӏуу щӏыхьэ. Жей си гугъэщ.

Си ныбжьэгъум сызэрыӏуплъэу, си гур къиузыкӏащ. Махуэ и пэкӏэ ар зэрыщытамрэ иджы зыхуэкӏуамрэ зэгъэпщэгъуейт: и нэгур гъуэжьыфэ хъуат.

– Уэра, Хьэсэн? – и нэхэр къызэтрех абы.

– Сэращ. Уа, нобэ хуэдэ махуэм ухэлъ хъун? – сыдэгушыӏэну сыхуо-

жьэ сэ абы, – пщыгъупщэжауэ ара? ЦІыхубзхэм я махуэшхуэщ, зиунагъуэрэ!

– Уэлей, сщымыгъупщэжа... Си зы лъакъуэр хъужати, адрейми къыщІидзащ, армыхъумэ си гугъат...

– Умыгузавэ, ари хъужынщ.

– Согугъэ хъужыну.

Аслъэн къызэфІотІысхьэ, къэтэджыну къоІэ, арщхьэкІэ и лъакъуэ узым къызэфІигъэувэркъым.

– Щылъ, Тхьэм щхьэкІэ! – сыдэІэпыкъуурэ, си ныбжьэгъур згъэгъуэлъыжри, и шхыІэныр хущІэзупщІащ.

Щысымаджэми лэжьэн зэпигъэуртэкъым Аслъэн. Абы и тхыгъэхэр газетхэм трыригъадзэрт, уэрэд куэдми макъамэ ящІилъхьэрт.

Абыхэм къысхутепсэлъыхь щхьэкІэ, зы тхьэкІумэмкІэ ихьэрэ, адреймкІэ илъэтыж мыхъумэ, зэхэсх щІагъуэ щыІэтэкъым. Си гупсысэр зэтар абы и щытыкІэрати, си гур гузавэм нэхъри икъузырт. Сышынэрт уз хьэлъэм и хъым ихуа си ныбжьэгъур абы къимыутІыпщынкІэ...

И жьакІэ зэщІэкІэжам си нэр аргуэру щыхуэзэм, и псалъэр зэпызоудри, жызоІэ:

– Аслъэн, уи жьакІэр сыгъэупс, армыхъумэ мыбы щылажьэ хъыджэбз дахэхэр нэкІи псэкІи къоплъынкъым.

– Сэ сыупсыжынщ, зиунэрэ! Зэ моуэ гъуэлъыпІэм сыкъеувэх сыхъужмэ.

– Хьэуэ, уэ иджыпсту укъэтэдж хъунукъым.

– Хъунщ-тІэ.

Псы хуабэ, тас сытхэр къызогъэІэгъуэри, сысакъыпэурэ и жьакІэр къызоупсэх. И нэкІум лезвэр зэ иризгъэкІуэху, «уэху-ху-ху» жиІэрт. Сыупсын соух, и нэкІур къеІэбэрэбыхьри «тхьэразэ къыпхухъу, Хьэсэн, си гум жьы дебгъэхужащ», жи, нэхъ нэщхъыфІи къохъу.

А махуэм куэдрэ сыбгъэдэсащ си ныбжьэгъум. Дэ дызытемыпсэлъыхьамрэ зи щхьэфэ димыІэбамрэ укІуэдыж. Абы и нэ къикІырт и «Дахэнагъуэ» ансамблым щІыгъуу Адыгейм концерт щитыну, и уэрэджыІакІуэ гупым Іэгуауэшхуэ къыщыхуаІэта Шэрджэсми зэ тригъэзэжыну, а гупыр зэрызэхишэрэ илъэситху зэрырикъури игъэлъэпІэну. «Пщыхьэщхьэ иджыри зэ къытезгъэзэнщ» жысІэу зыкъыщысІэтыжым къыскІэлъыжеІэ:

– Уи унэгуащэми ди лэжьапІэм щІэс бзылъхугъэхэми махуэшхуэмкІэ схуехъуэхъуж, сэлам гуапэ схуехыж.

СыкъыщыщІэкІыжым медсестра хъыджэбзыр къызогъуэтри солъэІу:

– КхъыІэ, си шыпхъу цІыкІу, Аслъэн зыгуэркІэ нэхъ хьэлъэ къэхъумэ, къомыхьэлъэкІыу нэпсалъэ.

Си телефон номерыр къыхузогъанэри унэм сокІуэж.

Телевизорти газетти жысІэурэ, зэманыр псынщІэу блэлъэтри, пщыхьэщхьэхуегъэзэкІ хъуащ. Ерыскъы пщтыр схьыуэ сымаджэщым тезгъэзэжыну сигу илъу, телефоныр къоуэ.

– Папэ, уэращ зыхуейр, – трубкэр къеший си нысэм.

«Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ» жыхуаІэракъэ, си гур занщІэу жащ си ныбжьэгъум дежкІэ.

– Медсестраращ ар, псынщІэу къэс! – къоІукІ телефоным.

«Нэхъ хьэлъэ хъуагъэнщ» – си нэм щІыр имылъагъуу, сымаджэщым сынос. ПщІэнтІэпсыр зэскъуэкІыу кІэлындорым сыщытелъадэм, занщІэу си нэм къиубыдар Аслъэн зыщІэлъ пэшыбжэм деж щызэхэт дохутырхэрщ. «Реанимацэм яшэну арагъэнщ» – сыгужьеяуэ сыщІолъадэ пэшым...

Абдеж си щхьэр кІэрэхъуащ, си нэхэри щыункІыфІыкІащ. Дохутырхэм

ящыщ зы къапхъуэу си блэр имыубыдамэ, сыджэлэну къыщIэкIынт... Здэпшэни сыти хуэныкъуэжтэкъым ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэу сиIэр. ИгъащIэкIэ къэмыплъэжыну и нэхэр уфIыцIат. И жьэр щIэпхат. «Ар дауэ, – къэхъуар си фIэщ схуэщIыркъым. – Сыхьэт зыщыплIым къэхъуам еплъ. Щхьэ мыгъуэ сыбгъэдэмысарэ махуэ псом? – зыфIэзудыжырт си щхьэр, – нэгъуэщI мыхъуми и иужьрей псалъэхэр зэхэсхыжынтэкъэ?.. Илъэсищэм зэ къалъхуу аращ апхуэдэ цIыху, итIани дыхуэсакъакъым, тхуэхъумакъым».

Си тэмакъыр щиубыдыкIати, хуиту сыбэуэфыртэкъым, си напэм къытелъадэ нэпсыр, зезгъэзэкIыурэ, къеслъэщIэхырт. КъысфIэщIырт абдеж щызэхэт псори нэщхъыцэу къызэплъу, си ныбжьэгъур ажалым зэрыщызмыхъумэфам щхьэкIэ сагъэкъуаншэу. «Сыкъуаншэкъэ-тIэ? – жысIэрт сигукIэ, – нэхъ дохутырыфI дыдэу щыIэхэр щхьэ къыхуэзмылъыхъуарэ? ПIэ кIуэцI сигъуалъхьэу дауэ сыжеифа апхуэдэ уз Iей абы къеуэлIауэ шэч щысщIым?»

«Икарус» автобусышхуэм изу дитIысхьэри, Шэрджэсым дыкIуэну пщэдджыжьым жьыуэ дежьащ. И адэжь лъапсэ къыщалъхуам щыщIалъхьэжыну тшэжырт си ныбжьэгъур. Гъуэгуанэ жыжьэм узытепсэлъыхьын бгъуэтынтэкъэ, тIурытI, щырыщ защIауэ цIыхухэр уэршэрырт. Сэ автобус щхьэгъубжэм сыкIэрыст, ахэм жаIэр зэхэзмыхыщэу. Сызэрынэщхъейм, си щхьэр сызэрижагъуэм гу лъитати, къызбгъурыс си лэжьэгъуми псэлъэгъу сищIыртэкъым...

Си гупсысэр зыIыгъыр си щIэлъэныкъуэр здэзыхьа Аслъэнт. Ерыскъы IэфI куэд зыдэсшха, си фIымкIи, си IеймкIи, си щэхумкIи сызыдэгуашэу сиIа, ещхьыркъабзэу къысхущыта си ныбжьэгъу пэжырт. Дунейр нэхъри дахэ, IэфI, щIэщыгъуэ къысщызыщIу, си Iуэху щызэхуэмыхъухэм деж зыкъысщIэзыгъакъуэу сщIыгъуа Аслъэнт. Куэдым жэрт си гупсысэр, дыщызэщIыгъуа иужьрей махуэхэр си нэгу къыщIыхьэжырт, зэжетIа псалъэхэр си гум щызэпысщэжырт. ГъащIэр зыфIэмыIэфI щыIэ, ауэ си ныбжьэгъум ари, дыкъэзыухъуреихь дунейри, цIыхури апхуэдизкIэ фIыуэ илъагъурти...

Хьэуэ, ар псалъэкIэ пхужыIэнукъым. «Моуэ адыгэу дунейм тетыр зы дыхъужауэ слъагъуну си хъуэпсапIэщ», – жиIэрейт абы. ГъащIэшхуэ зэримыIэнур и псэм ищIа хуэдэ, сыт щыгъуи пIащIэрт Iуэху куэд зэфIигъэкIыну.

Жэщ-махуэ жимыIэу, зэпымыууэ лажьэрт. Ари сыт хуэдэ макъамэт къигъэщIыр – псэм къедэхащIэу, дэрэжэгъуэ къуиту, укъызэщIиIэтэу, уедаIуэ пэтми зыщумыгъэнщIу.

... Зэгуэрым Черкесск дыкъикIыжырт Аслъэнрэ сэрэ. ДыкъыздэкIуэжым, и мыхабзэу, си ныбжьэгъур щым хъури щхьэгъубжэмкIэ заулкIэ дэплъащ. Сэ хъыбар гуэр къезгъэжьауэ хуэсIуэтэжырт. Ауэ езыр щIагъуэу къызэмыдаIуэу шэч сщIащ. Ауэрэ къуажэ гуэрым и губгъуэм дыкъос. Хьэсэхьэсэурэ ягъэкIауэ абы изу итт удз гъэгъа зэмыфэгъу дахэхэр.

– Зэ къэгъэувыIэт, ныбжьэгъу! – йолъэIу ар шоферым. ИтIанэ, зыкъысхуигъазэри, жиIащ: «Тхьэ уеплъын, Хьэсэн, мобы и дахагъэм».

Машинэм икIщ, удз гъэгъам щыщIидзэ хьэсэбгъум деж кIуэри уващ. Щытщи-щытщ. ИтIанэ, схуэмышэчу, машинэм сыкъокIри, хуэмурэ гъунэгъу зыхузощI.

– Къэзгъуэтащ! – и нэгум гуфIэгъуэр кърихыу, асыхьэтым зыкърегъэзэкI Аслъэн.

– Сыт къэбгъуэтар? – соупщI, зи гугъу ищIыр къызгурыIуа пэтми.

– Макъамэ. Зымахуэ удз гъэгъам теухуауэ усэ къысхуихьат зыгуэрым. «Макъамэ схущIэлъхьэ» жери. Псалъэхэр хуабжьу сигу ирихьат, ауэ

хуэфэщэн макъамэ си щхьэм къимыхьэурэ секIуэкIырти, иджы къэзгъуэтащ.

Удз гъэгъар къэтфыщI и гугъа? Тпэмыжыжьэу щыт пщыIэм къыщIокIри, зылI къыдбгъэдохьэ.

– Я дахагъэм дыдихьэхауэ деплъу аращ, умыгузавэ, деIусэркъым, – жреIэ абы Аслъэн, сэлам-чэламыр зэфIэкIа нэужь...

ЛIыр зытIэкIурэ си ныбжьэгъум къоплъри къоупщI:

– Къысхуэгъэгъу, уэ зыгуэрым узогъэщхь. Даур Аслъэныр уэра?

– Мыращ, – жызоIэ сэ.

IитIыр къешийри, лIым Аслъэн и Iэр быдэу къекъуз:

– Алыхьым гъащIэ къуит! Уэлей, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, ди унэм щIэсым сэрэ тфIэфIыпсу додаIуэм уи уэрэдхэм. ДедаIуэ пэтми дымыуужэгъу.

– Тхьэразэ къыпхухъу! – мащIэу и Iупэр зэтож си ныбжьэгъум.

– КхъыIэ, зэвымусыгъуэджэу, фынеблагъэ си унэ. Жыжьэкъым, мес мо къэнжалыщхьэращ. Уэлэхьи, зы щынэ фхуэзукIынмэ!

– Уи благъэр куэд ухъу, хъунукъым, допIащIэ, – идэркъым Аслъэн.

КъытригъэзэжурэлIыр къыдэлъэIуа щхьэкIэ, си ныбжьэгъур хутечакъым. Дыкъыщежьэжым, «зэ фымыпIащIэт», жери, зэмыфэгъуурэ удз гъэгъа Iэрамэшхуэ кърichри Аслъэн къыIэщIилъхьащ:

– Здэфхь, фыкIуэжмэ, фи лэжьэгъу цIыхубзхэр вгъэгуфIэнщ...

ЛэжьапIэм дыкъызэрысыжу, «тIэкIу дедзэкъэнщ» жысIа щхьэкIэ имыдэу, епIэщIэкIыу щIыхьэжащ и пэш зэв цIыкIум.

Зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыуи си деж къопсалъэ:

– Хьэсэн, ухущIыхьэмэ, зы дакъикъэкIэ къыщIыхьэт.

КъызгурыIуат ар къыщIызэджар. ДыкъыщыкIуэжым къигъуэта макъамэм сригъэдэIуэну арат. Пэж дыдэу, и пэшым сызэрыщIыхьэу пианинэм етIысылIэри, макъамэщIэ кърigъэкIыу щIидзащ.

ЖыIэгъуейщ а дакъикъэхэм сэ а макъамэр зэрызыхэсщIари, сызэрищIари зыхуэдэр, гъуэгуанэ кIыхьым сызэрыригъэшари, сызэрымэжалIэри зэуэ сщыгъупщэжауэ сыумэзэхауэ сыщыст. Фэри фи нэгу къыщIэвгъэхьэт гъэмахуэ Iэщ цIывыгъуэм псыхуэлIэм фи Iур иригъэгъущыкIауэ фыздэлажьэм псынэпс щIыIэ IэфIыр къыфхуаxьауэ фефэу. Апхуэдэу IэфIт Аслъэн сызригъэдаIуэр. Хьэмэрэ уафэр зыуфэбгъуа пшэ фIыцIэжьхэр текIуэту дыгъэ бзий щабэхэр Iэпкълъэпкъым къедэхащIэу къызыфIэвгъэщIыт. Апхуэдэу щабэт, псэм и гуапэт зыбгъэдэс Iэмэпсымэм си ныбжьэгъум кърigъэкIыр...

ГукъэкIыжхэм апхуэдизкIэ Iэпхлъэпх сащIати, уеблэмэ гу лъыстакъым Черкесск дынэсу дыкъызэрыувыIам. МузыкэмкIэ училищэм и бжэIупэм цIыхур Iуву щызэхэтт. Ахэр абдеж Аслъэн щыIуагъэплъэжыну арат.

ЩIэи гъуни иIэтэкъым абы къекIуэлIам. Нэрылъагъут, гурыIуэгъуэт композитор Iэзэр игъуэ нэмысу дунейм зэрехыжар псоми гущIыхьэ зэращыхъуар.

... Дыгъэ къепсми, махуэр хуабэтэкъым, кхъэм жьыуейр щызепщэрт. Сэ мащащхьэм сыщхьэщытт, си ныбжьэгъур игъащIэкIэ зэрызмылъагъужынум си гур къригъэгъыкIрэ, си нэпсхэр къеслъэщIэхыу.

Арати, Аслъэн щIалъхьэу ятIэр тракIутэжа нэужь, кхъащхьэм хэтIа пхъэ сыным Iэ дэслъэри, ерагъыу си лъэр зэщIэсхыу зыкъисчыжащ.

Дыкъыщежьэжам жьапщэ щIыIэр бзэхыжат, дунейм зиукъэбзыжат, автобус абджхэм къыкIэрыджэгухь дыгъэ бзийхэр гум и щIасэт. Сэ къысфIэщIащ а псори Аслъэн и псэ нэхумрэ хуабэмрэ къабгъэдэкIыу.

Гъатхэпэ мазэти, жыгхэм къэтIэпIу щIадзат. НэщхъеягъуэкIэ гъэнщIа пэтми, щIэщыгъуэт ихъуреягъкIэ щызэхэпх макъамэхэр. Ахэр Аслъэн и псэ Iэужьу къысщыхъурт.



# Щхьэж хуэфащэр къылъысыж хабзэщи...

ТхакIуэхэм арыншами иужьрей лъэхъэнэхэм гулъытэ щIагъуэ къытхуащIыжыркъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, нэгъуэщI мыхъуми, дэр-дэру пщIэ зэхуэтщIыжын дызэрылъытэжын хуейуэ къытщохъури, дэ тлъэкIращи, ди тхакIуэхэм я юбилейхэр щыдогъэлъапIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и напэкIуэцIхэм. Апхуэдэ лъапIэныгъэ зылъысыпхъэхэм ящыщщ усакIуэуэрэдус Вындыжь Марие.

Бзылъхугъэхэм яфIэфIыщэкъым къагъэщIа гъэ бжыгъэхэр хэIущIыIущэ пщIыну. Ар къызыхэкIыр сыдахэху, цIыхухъухэм я нэм сыфIэнэурэ къысхуеплъэкIыху, си гур илъыху сыщIалэщ жыхуаIэу арагъэнщ. Вындыпэ зыIыгъ Вындыжь Марие абыхэм зэращыщыр дощIэри, аращ зэрыхъуа илъэс бжыгъэр пщыкъуэцIэу щIэдбзыщIыр. Ди Iуэху еплъыкIэмкIэ мыарэзыхэр, мы жытIэхэр зи фIэщ мыхъухэр къэрыреджэ абы и лъагъуныгъэ усэхэм, ирыредаIуэ Марие и гухэлъ уэрэд телъыджэхэм. Ахэр гумрэ псэмрэ дыхьэу щымытамэ, абыхэм зэIущIэшхуэхэр иращIэкIынтэкъым, республикэм и уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэми яхузэрымыгъэгъуэту икIи зэпымыууэ жаIэнтэкъым. Мыбдеж Iуэхур зэрыщыту ди гугъэрщ: щхьэж хуэфащэр къилэжьыж, къылъысыж хабзэщи…

Марие, псалъэ гуапэ куэд къыплъысу, фIыуэ укъэзылъагъупхъэхэм (ахэр хэтми, уэ зэрыпщIэжщ) я гулъытэм нэхъри уридахэу, уригушхуэу, абыхэмкIэ бгъуэт дэрэжэгъуэм уи творчествэр къигъэбатэу, Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу, утхуигъэлажьэ!

Нобэ дэ дызэрыпхуэгуапэр тфIэмащIэщи, уэри ди журналым еджэхэми фигу къыдогъэкIыж зи псалъэмрэ зи зэфIэкIышхуэмкIэ куэдым ефIэкIыу дунейм тета IутIыж Бориси уи юбилей цIэимыIуэ гуэрым ирихьэлIэу къызэрыпхуэупсауэ щыта хъуэхъу дахэри.

# Вындыпэзехъэ

Зиумысыж-зимыумысыжми, цIыхухъур цIыхубзхэм ящытхъурей хъуамэ, Жьыгъэм и хъым ихуарэ игъащIэкIэ къыIэрымыхьэну бзылъхугъэ дахэхэм якIэлъыхъуапсэу, якIэлъыусэу къэнауэ аращ. Арагъэнущ дэри щытхъу псалъэ ттхыну мы тхылъымпIэм дыщIыщхьэщытIысхьам и щхьэусыгъуэр.

НтIэ, япэ дилъадэу апхуэдэу зыщыдумысыжакIэ, гурыщхъуэ къыщIытхуащIын лъэпкъ хамылъагъуэу, зы адыгэ бзылъхугъэ цIыкIу гуэрым гуап-п-пэрэ гуап-п-пэу сытепсэлъыхьыну, сытехъуэхъухьыну сыхуейт иджы. Сызытепсэлъыхьынур адыгэ радиор фIыуэ зылъагъу дэтхэнэми и нэIуасэ журналист, усакIуэ-уэрэдус хъарзынэ Вындыжь Мариещ... СыщIехъуэхъунури? Ари вжетIэнкъэ...

ЦIыхухъухэм ди дежкIэ нэхъ гурыIуэгъуей дыдэхэм ящыщу зы хьэл мыхъумыщIэ къадокIуэкI бзылъхугъэхэм: ныбжьыщIэ ныбжьым итхэу зыкъытщагъэхъум, къытхупыгуфIыкIхэурэ, дагъэбэлэрыгъ абижми, «хуомпIэ!» жиIэу уи мыгугъэхха ныбжь гуэрым къохутэхэр. Аращ Вындыжь Марие къыдищIари.

НтIэ-э-а, Марие, абы ухуэмеямэ, «усакIуэ ныбжьыщIэ» ныбжьым уикIынтэкъым, ущикIакIэ, сыт пщIэн – къэдаIуэ:

*Уи гъащIэр кIыхьрэ-кIыхьу,*
*Насып пшэкIухьым уимыкIыу,*
*ИмыкIыр уи щIэрэщIэгъуэу,*
*БлэмыкIыр уи бзэрэбзэгъуэу...*
*КIуэаракъэ,*
*«Поэзиер къэгъэIурыщIэнымкIэ*
*Вындыпэ зыIыгъ*
*Вындыжь Марие» къыпхужаIэу*
*Тхъэм куэдрэ уигъэпсэу!*

**IУТIЫЖ Борис.**
*2005 гъэ.*

ВЫНДЫЖЬ Марие

## IЭХЭР

**Сыту щабэ анэм и Iэр,**
**Iэблэм телъу бгъафэм щIэлъмэ,**
**Ар зыхуэдэр уэ къэпщIэнущ.**
**Сыту гуапэ анэм и Iэр,**

**Къыщыдилъэм деж уи щхьэфэм –**
**И гуапагъэр зыхэпщIэнщ.**
**Сыту IэфI-тIэ адэм и Iэр**
**Щызэдэпшхым деж унагъуэм**

**Къилэжьа и гуащIэдэкI.**
**Сыту щIыIэ жагъуэгъуIэр, –**

Къищlыфынумэ уи жагъуэ,
Къигъэнэнкъым хузэфlэкl.
Сыту хуабэ пщащэм и lэр,
Щауэм и lэм ар lэщlэлъмэ, —

Тlуми я гур къегъэплъыф.
Сыту къабзэ сабийм и lэр
Къешэкlауэ пщэм пщlэхэлъмэ, —
Дунейр къабзэ къыпщещlыф.

Сыту хьэлъэ гу фlейм и lэр,
Семыхъуапсэ ар зыпытми —
Фlейуэ щыlэхэм пыщlащ.

Сыту лъэщ-тlэ цlыхум и lэр,
Къыпхуищlэнур сыту щытми,
Ар зыпытым елъытащ.

## ПСЭР ЩЫТЫНШКЪЫМ ХАМЭ ЩIЫПIЭМ

Къэзбгынау сыщалъхуа лъахэр,
Насыплъыхъуэ сежьэжат,
Гугъэ lэфlу сигу илъахэр
Жьыбгъэ дыджкlэ спхъэнкlыжат.

Ауэ минрэ къэзбгынами,
Къэбэрдейрщ сыкъыщыхъуар.
Хьэщlагъэ лъапlэ къызахами,
Хэхэс ищхьэ сымыхъуа.

Хэкум кlуэж кърухэм щlыгъуу
Псэр мэлъатэри ди дей,
Абгъуэ щещl нэху щыху егугъуу,
Зыщеплъыхь бгы лъапэм, хуейм.

Иджы, мис, сихьащи лlыпlэ
Си щыуагъэр къуэзмылъхьэж:
Псэр щытыншкъым хамэ щlыпlэм —
Ди бгы лъапэ сыщlэфлъхьэж.

## УИ ФЭР ИЗОПЛЪ

Къэбгъэзэжыну уэ сыныппэплъэу
Плъапlэ сызыщlхэм си гур хуэщымщ.
Щыму, псалъэншэу си щхьэр къоцхьэлъэ,
Хьэлъэщ жэуап сэ къахуэзгъуэтын.

Гурыщ1эм щэхуу щыбгъэф1а си нэр
Гукъыдэжыншэу игъуэщык1ащ,
Гъуэща сигу къумым къибыргъук1 псынэу
Уэ уэщхь щ1алэщ1э зэзгъэц1ыхуащ.

Уэ уэщхьыркъабзэу нэр схуегъэджэгур,
Джэгуу щауэщ1эм псалъэр къызедз.
Гум зридзауэ лыгъэу елыгъуэр,
Сэ зызлыгъуэжу ар зыпхызодз.

Мис, уэщхьыркъабзэу, си 1эр къекъузыр,
И пкъыр к1эзызу, нит1к1э къызоплъ.
Бгъэм къыщыплъ си гур абы доузыр —
Зыри жызмы1эу уи фэр изоплъ.

## СУМЫГЪЭП1АЩ1Э

Зэману дахэ, сумыгъэп1ащ1э,
Жьыгъэр си лъэмбым къыумыгъэувэ,
Гъащ1э 1эф1ып1эр сф1умыгъэмащ1э —
Т1эк1урэ зышы1э, т1эк1у зыгъэгувэ.

Щ1алэгъуэ п1алъэр сыту к1эщ1ыщэ,
Ара хъунщ, дауи, ар щ1э1эф1ыщэр,
Хуэсщ1ынт абы сэ кхъуейплъыжьк1эрыщ1э,
И зэманыгъуэм т1эк1у къысхупищэм.

Сыхунэсакъым гу сэ щысхуэну
Щ1алэгъуэ гъащ1эм — ар зыхэзгъащ1э.
Упемыжажьэу зэман къэк1уэнум
Уи куэщ1ым си щхьэр зэ тезгъэгъащ1э.

Зэману дахэ, сумыгъэп1ащ1э —
Зыпк1эрысщ1э1уэми, къысхуэгумащ1э.
Мы зэм си лъэ1ур уэ схуэгъэзащ1э:
Сэ схущ1ыхьакъым - сумыгъэп1ащ1э.

* * *

Зэманымрэ ахъшэмрэ зэщхьщ зык1э:
Я уасэр къэщ1э къыщомэщ1эк1ым.

## УМЫБЗЫЩ1

Къыхуумыщ1 алейк1и уи щхьэгъубжэр,
Сэ жьы къабзэу уи деж сыщ1ыхьэнщ.

Уи гухэлъ бгъэпщкIуауэноби убжыр
Пхулъэмык Iыу сэ сэтей къэсщIынщ.

БуфIыцIамэ фIыщэу слъэгъуа уи нэр,
Сэ уи пщIыхьым щэхуу сыхыхьэнщ,
Нэху укъекIмэ, IэфIу уи гукъинэр,
УмыщIэххэу, сэру къыщIэкIынщ.

УмыбзыщI аргуэру, уи фIэщыпэу
ЩIэбуфэну пфIэщIми — плъэмыкIынщ.
Нэ пIащитIым, къыщыджыджу ипэу,
СыщIэплъэнщи, си цIэм сыкъеджэнщ.

КъысщыбзыщI итIанэ уфIэфIыхукIэ,
Насып Iыхьэр сэ зыдэзгуэшын,
А уи нитIым си цIэр щIэтыхункIэ
Уи деж лъагъуэ зыми химышын.

## КЪУАЖЭМ СЫХУОЗЭШ

Хьэуа къабзэ лъыхъуэ си гур
Хуэсабафэщи, йозэш,
Ныхуопабгъэ щалъхуа щIыгум —
И къуажэжьым егъэзэж.

Сэрмакъыпсым, Хъутэтеикъуэ
Псыхъуэгуащэу къыщекIухь,
Кърууэкъуэ, Агубэчеикъуэ
Зыхидзау зыхегъэпскIыхь.

Чэфыжь щIыкIэу, Балъкъ и псыхъуэр
И кIыхьагъкIэ щIищыкIащ.
Салъкъын къабзэу псэм къилъыхъуэр
Хуэнэпсейуэ жьэдишащ.

Жэналъкъы удзыпцIэм лъапцIэу,
ФIэщIэщыгъуэщи, хохьэж.
Удз Iэрами, псэр ехъуапсэу,
Къэсщыпауэ сыкъожьэж.

Мывэжьыщхьэ къыщIэж псынэм
ЗигъэнщIыхукIэ гур хэфащ,
Къумэлмэзым щищIа унэм
Щыпсэхуати — хилъэфащ.

## ГЪЭМАХУЭ МАХУЭ

**Анэ быдзышэ хуэлIа сабийуэ,**
**Псы пэплъэ щIылъэм и жьэр ущIащ.**
**МэкъуауэлI щIыфэр, хъуща балийуэ,**
**Гъэмахуэ дыгъэм къыхуриIащ.**

**Мэлыхъуэ гъусэу хьэ парий бацэм**
**И щхьэр гу лъабжьэм щIригъэхьащ,**
**Зыщаудыгъуэр бзухэм жыг къуацэм,**
**Удз гъэгъа цIыкIухэр къэнэщхъеящ…**

**Къуршыжь зэхуакухэм жьыбгъэр щIэрыIэу**
**Псынэ-пшэ фIыцIэр къыкъуилъэфащ,**
**Уэшхым дэгъагъэу дунейр щIэрыщIэу**
**ЗигъэнщIыхункIэ щIылъэр ефащ.**



# Лъэпкъым и батырыбжьэ къэзылэжьа

## ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий и илъэс 70 гъуэгуанэр и ныбжьэгъухэмрэ и лэжьэгъухэмрэ я псалъэкIэ къэгъэлъэгъуэжауэ

*БакIуу Хъанджэрий Иляс и къуэр (17.09.1940, Жьакуэ къу., ШАО) – филолог-еджагъэшхуэ, егъэджакIуэ. Филологие щIэныгъэхэм я доктор (1995), профессор, АМАН-м и академик (1995), Къандурым и цIэкIэ щыIэ дунейпсо саугъэтым и лауреат, УФ-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ шрагъэгъуэт и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ. КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр (1969), СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием А.М. Горькэм и цIэр зэрихьэу дунейпсо литературэмкIэ иIэ институтым и аспирантурэр (1973) къиухащ. 1973 - 2004 гъэхэм Къэрэшей-Шэрджэс педагогикэ университетым и егъэджакIуэу, доценту, кафедрэм и унафэщIу, филологиемкIэ институтым и директору лэжьащ. ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэр щригъэкIуэкI IэнатIэр: лъэпкъ литературэр, хэхэс адыгэхэм я литературэр. ЩIэныгъэ лэжьыгъэу 60-м щIигъу иIэщ, монографиехэри хэту.*

Мы сатыр зыбжанэмкIэ иригъэкъуащ Хъанджэрий и гъащIэ гъуэгуанэр 2006 къыдэкIа «Адыгэ (шэрджэс) щIэнгъуазэм». Ауэ БакIуур зыцIыхухэм къыбжаIэфынущ абы щыщ дэтхэнэ сатырми и щIыбагъ гъащIэ лъэхъэнэ псо къызэрыдэтыр, лэжьыгъэ гугъухэмрэ ехъулIэныгъэ инхэмкIэ гъэнщIауэ. ЩIэнгъуазэм и сатыр хузахэм хэгъэпщкIухьа а дунейр къызэIутхыну дыхуейт, Хъанджэрий и гъащIэ гъуэгуанэр къыдэзыкIуа ныбжьэгъу-жэрэгъухэм я псалъэхэмкIэ, цIыхум и хуитыныгъэхэм ехьэлIа дунейпсо хабзэм дыздынэс хъуну къытхуигъэув гъунапкъэхэм, Iэмал зэриIэкIэ, димыбэкъукIыу. Ди гугъэщ уеIэбмэ, укъэзыс пэжкIэ псыхьа а дунейм щIэджыкIакIуэ минхэм я гъащIэ теплъэгъуэхэри къыхагъуэтэну.

Дэтхэнэ адэ-анэми и хъуэпсапIэр зыщ: и сабий насыпыфIэ хъунырщ. Ауэ цIыху къызэрыгуэкIхэм емылъыта щхьэусыгъуэкIэ быныр зэфэну насыпыпсыр политик мыхъумыщIэхэм нэгъуэщIыпIэкIэ щыдагъэуэх къохъу. Апхуэдэт блэкIа лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэм зи фэм кIуэцIымыхуэж залымзехьэхэм зэхаубла зауэр. ТхьэмыщкIагъэм сынокIуэ жиIэркъым. Хэт и гугъэнт Европэ жыжьэм къыщежьа емынэр Инжыдж Iуфэ Iус Жьакуэ адыгэ къуажэ цIыкIум нэс къэсыну. ЦIыкIу защIэу бынищ и щхьэгъусэ Щамхъаний къыхуигъанэри, Иляс мафIэ лыгъейм хыхьат: бий ерур къигъэувыIэну, унагъуэр, лъахэр абы щихъумэну.

1942 гъэм и гъэмахуэм Тэн Iуфэ и деж лIэнкъэнэну щызэпэщIэуват Кавказ щIыдагъэмрэ Сталинградрэ зыIэрагъэхьэну къыхуеIэ нэмыцэдзэмрэ ди зауэлIхэмрэ. А зауэ гуащIэм, Затонцы къутырым деж, Иляс и псэр шапэIудз щахуищIащ щIэблэм, Хэкум я къэкIуэнум. Псыдзэшхуэу зауэр Инжыдж Iуфэ Iус жылагъуэхэми къэсри дэкIыжащ, гуIэ нэпскIэ иритхьэщIыкIри. Сабий минхэм хуэдэу, БакIуу зэрыбынми «зауэм и бын» псалъэ жагъуэхэр нэпкъыжьэу игъащIэкIэ къахуигъэнащ. А лъэхъэнэ мэхъаджэм къыхэхъукIащ Хъанджэрий адэншэу, ауэ анэм и хъуэпсапIэхэмрэ и псалъэ IэфIхэмрэ и гъуэмылэу.

**Дэбагъуэ Мухьэмэд,** *Хъанджэрий и классэгъуу щыта, тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ:*

– Анэм хуиузэда гущэм къитэджыкIри, Хъанджэрий сабиигъуэ мытыншым къыхэбэкъуащ. Пхъэ гъур IэплIэр и щIыбыкум илъу Жьакуэ, БакIулий, Дамыгъэшхуэ, Дамыгъэ цIыкIу, Пхъэхуеикъуэ мэзхэм къыщежьэрэ и жылэ цIыкIум къыхуэкIуэу абы хиша лъэс лъагъуэр иджыри хэгъуэщэжакъым. ЩIэгъэстэнрэ гъэсынрэ лъыхъуэу, сыт хуэдизрэ ита Иныжьыкъуэ, Бгы къыгуэуа нэкIухэм?! Абы и сабий лъакъуэхэр зытемыува Жьакуэ и Iэхэлъахэхэм щыIэжкъым. Сыт хуэдизрэ ита губгъуэхэм, щхьэмыж, кIэртIоф кIэсыж къилъыхъуэу. МэжалIагъэр иригъэкIын щхьэкIэ, дапщэрэ джэдхъурсанэ ишха! Ауэ а гугъуехь псори лIыгъэ хэлъу къызэринэкIри щIэныгъэм и лъагапIэм дэкIуеящ Хъанджэрий: филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академием и академик, институтым и унафэщI хъуащ.

ЩIэныгъэм и лъагапIэхэм хуэкIуэ а лъагъуэр хуабжьу дэгъэзеигъуэт. Вы зимыIэм шкIэ щыщIищIа зэманти, зи адэхэр зауэм щхьэщича сабийхэмрэ цIыхубзхэмрэт Iэгу нэщI Iэщ ISI джафэу къэна жылагъуэм и псэукIэр зэфIэгъэувэжыныр зи пщэ къыдэхуар. Анэм дэIэпыкъуу губгъуэм ит и къуэш нэхъыжьымрэ и шыпхъумрэ пасэу ябгъурыуващ Хъанджэрий. Абы къыдэкIуэу фIы дыдэу илъэсибл къуажэ школым щеджэрт, ауэ зыми къримыгъащIэ хъуэпсапIэ гуэри и гущIэм щихъумэрт. Сабиипсэ пIейтеям къыпкърыкI а псалъэхэр япэу зэхэзыхар Инжыджщ. ЦIыхухэр къэмыхъей щIыкIэ жьыуэ псым ущхьэщыхьэрэ уи мурад хуэпIуатэмэ, къохъулIэ, жаIэу зэхихати, и щэхур абы хуихьат: «Инжыдж, зыгъэIэсэ, сынолъэIу, сызэхэх! Сыхуейщ журналист сыхъуну, къэсхьу сом минищ. Сядэм сылъыхъуэнущ, схуэщI си гъуэгур нэху!..»

ЩIэныгъэр нэхугъэу щытыр пэжмэ, пщэдджыжь салъкъыныр къыхихыу еукIуриех псыжьым зэхихащ сабийм и лъэIур.

*(«Черкес хэку», 2000 гъэ, щэкIуэгъуэм и 14)*

**ПIаз Сергей,** *Хъанджэрий иригъэджахэм ящыщ, профессор, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал педуниверситетым и проректор:*

– Тыншу щытакъым Хъанджэрий и сабиигъуэр, ауэ а гугъуехьхэм задигъэшакъым абы. Къуажэ еджапIэм и ужькIэ Хъанджэрий курыт щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Черкесск дэт интернатым. Абы къыкIэлъыкIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетыр. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щIашри илъэсищкIэ дзэм къулыкъу щищIащ. Къигъэзэжри еджэным пищэжащ. Университетым щыщIэса илъэсхэрщ Хъанджэрий щIэныгъэ гъуэгум щытехьар. ИужькIэ, езыгъэджахэр чэнджэщэгъу къызэрыхуэхъуам тету, ар щIэтIысхьащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием дунейпсо литературэмкIэ и инстиутым и аспирантурэм икIи абдеж къыщилъэщащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэ лъагэр. Ар 1973 гъэрати, абы къыщыщIэдзауэ Налшык Iэпхъуэжыху щылэжьащ Къэрэшей-Шэрджэс педуниверситетым. ЛитературэмкIэ кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьу къыщIидзэри, и къулыкъукIэ дэкIуэтейуэрэ, филологиемкIэ институтым и директорым нэсащ.

**ХьэкIуащэ Андрей,** *филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакIуэ:*

– Сэ езгъэджащ БакIуу Хъанджэрий. ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ егъэджакIуэу солажьэри, зэрысхузэфIэкIкIэ, щIэблэм щIэныгъэ нэс зэрестыным сыхущIокъу. ЩIэныгъэм и гъуэгу нэхум тесшари куэд мэхъу, ауэ абыхэм ящыщу зэрыстудент лъандэрэ и еджэкIэкIи, и хьэл-щэнкIи къыхэзгъэщхьэхукIыу къокIуэкI Хъанджэрий. Дэ нэхърэ тIэкIу нэхъыщIэми, и сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ гъащIэ гъуэгуанэ тынш абы кърихьэкIакъым. Хъанджэрий щеджа илъэсхэми, иужькIи и щIыбагъ зыгуэр къыдэтакъым, дэIэпыкъуэгъу зыри къыхуэхъуакъым. ЩIэныгъэ куур, къулыкъу инхэр езым и къарукIэ, и зэфIэкIкIэ къилэжьыжащ. Илъэс 30-м щIигъукIэ еджапIэ нэхъыщхьэм щылэжьа щIэныгъэлIым а зэманым щыгъуазэ зыхуищIащ лъэпкъ Iэджэм я IуэрыIуатэм, литературэм. ЗэфIэкI, Iэзагъышхуэ хэлъу иригъэджахэми ахэр ябгъэдилъхьащ. Сэ срогушхуэ апхуэдэ си гъэсэным.

**Гъут Iэдэм,** *филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, гуманитар къэхутэныгъэ институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и секторым и унафэщI:*

– Хъанджэрийрэ сэрэ илъэситхукIэ университетым дыщызэдеджащ, иужькIэ Москва аспирантурэм дызэдэщыIащ. Абы щылажьэрт къэралым ис щIэныгъэлI нэхъ Iэзэ дыдэхэр. Апхуэдэхэм я пащхьэ фагъуэ ущымыхъуныр Iуэхушхуэт. Ауэ абыи мыхуэмыхуу Хъанджэрий зыкъызэрыщигъэлъэгъуам и щапхъэщ и пIалъэм фIэмыкIыу и диссертацэр зэрызэригъэпэщар икIи зэрыпхигъэкIар. Абы лъандэрэ илъэс 30-м щIигъу блэкIащ, ауэ иджыри а институтым IуэхукIэ сыкъыщIэхутамэ, БакIуум гуапэу къыщIэупщIэхэм сахуозэ.

**Шорэ Ахьмэд,** *усакIуэ, «Лэгъупыкъу» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ:*

– Хъанджэрий лъэкIыныгъэ ин зиIэ еджагъэшхуэу зэрыщытым

щыхьэт техъуэ щапхъэхэр гъунэжщ. Илъэс куэдкlэ ар щытащ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм лъэпкъ филологиемкlэ и комиссэм и унафэщlым и къуэдзэу, ди къэралым и къалэ куэдым, Тыркум, Иорданием щекlуэкlа щlэныгъэ конференцхэм хэтащ икlи еджагъэшхуэхэм пщlэ ин зыхуащlа докладхэр щищlащ. УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэмрэ Москва дэт педагогикэ университетым и методсоветымрэ я лъэlукlэ Ульяновск дэт къэрал университетым и студентхэм ядэлэжьащ. Къэралым и еджагъэшхуэ куэд щlэсу Хъанджэрий иригъэкlуэкlа занятэхэр хуабжьу ягу ирихьауэ щытащ. А псоми къадэкlуэу, Хъанджэрий игъэхьэзыращ и доктор лэжьыгъэр – адыгэ усыгъэм хэлъ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакlуэм и творчествэр къыхэзыгъэщхьэхукl нэгъуэщl lуэхугъуэхэмрэ. Ар монографие щхьэхуэу 1994 гъэм Мейкъуапэ къыщыдигъэкlащ. Къыкlэлъыкlуэ илъэсым и доктор лэжьыгъэр Махъэчкъалэ щыпхигъэкlащ.

Къыжыlэн хуейщ щlэныгъэ лэжьыгъэ куэди Бакlуум и lэдакъэ къызэрыщlэкlар. Абыхэм ящыщщ «Кlэрашэ Темботрэ иджырей адыгэ прозэмрэ», «Нэгъуэщl литературэхэм ящlыгъуу шэрджэс поэзием лирикэ жанрыр зэрыщызэфlэувар», «Адыгэ литературэмрэ зауэм теухуа лирикэмрэ», «Адыгэ литературэмрэ нэгъуэщl лъэпкъхэм я литературэхэмрэ». Мыпхуэдэхэм я бжыгъэр 60-м щlегъу. Гу зэрылъыфтагъэнущи, щlэныгъэлlым и лэжьыгъэхэм къызэщlаубыдэр Къэбэрдейм, Адыгейм, Шэрджэсым я тхакlуэхэмрэ литературэхэмрэ я закъуэкъым. Ар нос Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм я дежи, гулъытэншэу къигъанэркъым хэхэс адыгэхэм къахэкlа тхакlуэхэри. Нэгъуэщl къэрал щыпсэу адыгэ тхакlуэхэм я lэдакъэщlэкlхэр лъэпкъ литературэм къаруущlэ къыхэзылъхьэ lуэхугъуэу къелъытэ щlэныгъэлlым.

**Брат Хьэбас,** *Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цlыхубэ тхакlуэ:*

– Бакlуу Хъанджэрий егъэджакlуэ lэзэщ, зэфlэкl ин зиlэ щlэныгъэлlщ. Ауэ цlыхур зыхуэдэр къэбгъэлъэгъуэн папщlэ, абы и лэжьыгъэм утепсэлъыхьын къудейр мащlэщ. Хъанджэрий и гугъу сщlыкlэрэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ абы адыгагъэшхуэ зэрыхэлъыр, зэрынэмысыфlэр, зэрыгупцlанэр, нэджнэпцlыгъэ, пагагъ, щхьэщыт-хъугъэ зэрыдумылъагъур. Ар псэлъэгъуу уиlэныр гуапэщ: и жьабзэ дахэм, и гушыlэкlэ хъарзынэм узыlэпашэ. И теплъэкlи, и хьэл-щэнкlи, и дуней тетыкlэкlи «Мыр хэкулl нэсщ!» зыхужаlэхэм хуэдэщ. Апхуэдэхэращ лъэпкъыр зыгъэлъапlэри зыгъэдахэри.

**Елгъэр Кашиф,** *тхакlуэ, «lуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащlэ:*

– Зэрыщlэныгъэлl щыпкъэм къыдэкlуэу, Бакlуур икlи публицист lэзэщ. Адыгэ литературэм и закъуэкъым абы и къалэмыр зыхуигъэлажьэр, ар нос лъэпкъым и пащхьэ къит дэтхэнэ къалэн гугъуми деж. Хъанджэрий и тхыгъэхэр щlэх-щlэхыурэ къытрадзэ литературэ журналхэм, «lуащхьэмахуэри» яхэту, газетхэм, ар къыщопсалъэ щlыпlэ телевиденэми радиоми. Абыхэм къагъэлъагъуэ щlэныгъэлlым къиlэт lуэхугъуэхэм кууэ зэрыхищlыкlыр, апхуэдэхэр цlыхухэм я деж нэмысу, гу лъамытэуи къанэркъым. Аращ дэри а щlэныгъэлlым

дыдэлэжьэн щIытфIэфIыр. Лъэпкъ щэнхабзэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щыIэ Iуэхугъуэ гугъухэм ятеухуауэ тхыгъэ тхуитхыну дапщэрэ зыхуэдмыгъазэми, абы дыкъыщигъэщIэхъу къэхъуркъым.

**БищIо Борис,** *филологие щIэныгъэхэм я доктор, гуманитар къэхутэныгъэ институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и секторым и унафэщI:*

– Хъанджэрий и цIэр фIыкIэ зэхэсхыу, ауэ езыр сымыцIыхуу екIуэкIыурэ япэу сыщыхуэзар икIи Къэбэрдейр аракъым, икIи езым и лъахэ Шэрджэсыр аракъым – Тыркур ращ. 2003 гъэм кавказ лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщауэ абы щекIуэкIат «Анэдэлъхубзэмрэ абы и алфавитымрэ» зыфIаща щIэныгъэ конференцыр. ЩIэныгъэлI ПIаз Сергей и гъусэу ар Налшык къакIуэри Истамбыл кIуэ кхъухьлъатэмкIэ гъуэгу дыздытехьат. Абы щыгъуэ дызэрыцIыхуащ. Хъанджэрий и хьэл-щэн нэхъыфIхэм ящыщщ цIыхур занщIэу гъунэгъу зэрызыхуищIыфыр, жриIэн къызэригъуэтыфыр. Псом хуэмыдэу абыкIэ сэбэп мэхъу и гушыIэкIэ дахэр. АдэкIи, езы зэIущIэр екIуэкIыху нэгъуэщI щэныфI зыбжанэ дэслъэгъуащ БакIуум. Ар, псом япэу, и жьэ нахуагъэрщ, – къедаIуэм фIэфI хъун-мыхъун, игу ирихьын-иримыхьын емылъытауэ, и Iуэху еплъыкIэр зэрыжиIэрщ. Мы зэIущIэми ар наIуэу къигъэлъэгъуащ.




**Анкара щекIуэкI зэIущIэм Хъанджэрий къыщопсалъэ**

Дезыгъэблэгъа хасэ тхьэмадэхэм дызытепсэлъыхьыну Iуэхугъуэмкlэ унафэр, зэрыжаIэу, «ябзщ, ядри ягъэтIылъыжат», дэри къызэрытщыгугъыр езыхэм я унафэм деувэлIэну арат: Тырку къэралым мытырку лъэпкъыбзэхэр къыщыбгъэсэбэпыну хуитыныгъэ щыIэ зэрыхъуам къыхэкIкIэ, абы щыпсэу адыгэхэми тхыбзэ къащтэнути, мурад ящIат тырку тхыбзэр (латин графикэм тетыр) и лъабжьэу алфавит зэрагъэпэщыну. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр пхыбгъэкIынкIэ Iэмал иIэтэкъым: япэрауэ, тырку адыгэхэм яхуэгъэкъаруунутэкъым езыхэм я тхыбзэ зэрагъэпэщыжыну, етIуанэрауэ, яхузэфIэкIыпэну дощIри, абы адыгэхэр нэхъри дызэпэщIигъэкIуэтынут. Арати, бысымхэр зэрахуейуэ дакъыхущIэмыкIыу, проектым дыпэщIэуващ. Псом хуэмыдэу «гуащIэу» къыщIэкIар Хъанджэрийт. Абы и фIыщIэшхуэ хэлъщ зэIущIэм хэтахэм я нэхъыбапIэр Iуэху бгъэдыхьэкIэ тэмэмым – хэхэс адыгэхэр хэкужьым щызекIуэ тхыбзэм тетыным – и лъэныкъуэ зэрыхъуам.

БакIуур сытым дежи жыджэру хэтщ бзэм ехьэлIа зэIущIэшхуэхэм икIи абыхэм къыщащтэ унафэхэм и гуащIэ хелъхьэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, адыгейхэмрэ къэбэрдей-шэрджэсхэмрэ ди алфавитымрэ пэжырытхэмрэ, Iэмал зэриIэкIэ, нэхъ зэщхь щIыным теухуауэ Налшык щекIуэкIауэ щыта конференцыр, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я бзэр яхъумэжынымкIэ щыIэ Iэмалхэм тепсэлъыхьу Амман (Иордание) 2008 гъэм щекIуэкIа дунейпсо зэIущIэшхуэр, нэгъуэщIхэри. Хъанджэрий ящыщщ ди лъэпкъым, абы и бзэм, и хабзэм я къэкIуэнум папщIэ зигу, зил нэхъ уз ди щIэныгъэлIхэм. Бзэм и гугъу пщIымэ, Хъанджэрий шэч къытрихьэркъым ди тхыбзэр зэгъунэгъу пщIыкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIынум: адыгэбзэр дяпэкIи псэун щхьэкIэ, Iэмал имыIэу дэнэкIи щыIэ адыгэхэм я зэхуэдэу зы литературэбзэ зэгъэпэщыпхъэщ. Пэжщ, иджыкIэ куэд хъуркъым апхуэдэ зэфIэкI адыгэм къытлъыкъуэкIыныр хьэкъыу зыпхыкIахэр. Ауэ Хъанджэрий а гупсысэр лъэпкъым хэпщэным къаруиуэ иIэр ирехьэлIэ икIи шэч къытрихьэркъым ар зэрыгупсысэ узыншэм, ди фIэщу иужь дихьэмэ, ар адыгэм зэрытхузэфIэкIынум.

ГурыIуэгъуэщ, тхыгъэр еджэгъуафIэ ищI, псэ къыхилъхьэ щхьэкIэ, псалъэ зэдзылIакIэ БакIуу Хъанджэрий хуэдэ цIыхур зыхэпсэукI дунейр нэсу къэгъэлъэгъуа зэрымыхъунур. ЩIэныгъэлIым хужаIахэм ядыщIыгъужын хуейщ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэмрэ адыгэ усыгъэм щагъэзащIэ къалэныр зыхуэдэр япэу къэзыхутар Хъанджэрийуэ зэрыщытыр. Литературэдж-щIэныгъэлIхэм ящыщу аращ и щхьэр течауэ япэу жызыIар, къэбэрдей, адыгей, шэрджэс литературэхэм къадэкIуэу, иджыри зы адыгэ литературэ зэрыщыIэр – хэхэс адыгэ литературэ. Еджагъэшхуэм гу зылъита Iуэхугъуэхэр нэгъуэщI щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэмрэ къэлъыхъуэныгъэхэмкIэ щIэгъэбыдэжа къудейщ. Хамэбзэхэр яIурылъу щытами, адыгэм и художественнэ дуней лъагъукIэ хэхар, и хьэл-щэныр, зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр зи тхыгъэхэм джэлэс яхуэхъуа хэхэс тхакIуэхэм я лэжьыгъэхэм хуэфащэ увыпIэ лъэпкъ щIэныгъэм щезыгъэгъуэтыжари Хъанджэрийщ.

БакIуум и гъэсэнхэр пщIы бжыгъэкIэ лъэпкъ литературэ щIэныгъэм къызэрыхишар-щэ! ГъэсакIуэм и нэIэ къатету абыхэм ящыщ куэдым я доктор, кандидат лэжьыгъэхэр ягъэхьэзыращ, пхагъэкIащ икIи я цIэхэр фIыкIэ жрагъэIэу нобэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щолажьэ. А Iуэху щхьэпэм

ноби пещэ Хъанджэрий. Ар еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэм я щIэныгъэ советхэм хэтщ, я лэжьыгъэр ядиунэтIу, сыт и лъэныкъуэкIи защIигъакъуэу.

Мы тхыгъэм и пэщIэдзэм къызэрыхэдгъэщащи, 2004 гъэ лъандэрэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар къэхутэныгъэ институтым адыгэ литературэмкIэ и секторым и щIэныгъэлI пажэу къыддолажьэри, игъащIэ лъандэрэ къытхэта хуэдэ, гупым къытхэзэгъащ, Iуэхум и нэхъ гугъум пэщIэувэу къыддогъуэгурыкIуэ. Хъанджэрий къыщытхыхьам щыгъуэ, къэбэрдей литературэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр убзыхуным делэжьти, ар и кIэм нэгъэсыжыным, къыдэгъэкIыным хуэгъэхьэзырыным и гуащIэшхуэ хилъхьащ. ИужькIэ Къэрэшей-Шэрджэсым и щIэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ цIыхубэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лъэIукIэ хьэзыр хъуа лэжьыгъэм шэрджэс литературэри хэтхэжын хуейуэ къыщытхуагъэувым, абы и хьэлъэр нэхъ зытещIари аращ. А лэжьыгъэшхуэм зы Iыхьи хэткъым Хъанджэрий шэрджэс литературэм и тхыдэ гъуэгуанэм теухуауэ зыгуэр зыдыщIимыгъужарэ зэримыгъэзэхуэжарэ. «Адыгэ литературэм и тхыдэм» и япэ томыр мы гъэм дунейм къытехьэнущ, етIуанэ, ещанэ томхэр – къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм.

И цIэ къиIуэн хуейщ иджыри зы лэжьыгъэшхуэм, илъэс зыбжанэ хъуауэ БакIуур елэжьауэ – ар адыгэ тхакIуэ, драматург, публицист Iэзэ IутIыж Борис и творчествэм теухуарщ. ЩIэныгъэм и иджырей Iэмалхэмрэ унэтIыныгъэхэмрэ тету гъэхьэзыра хъуа а лэжьыгъэ щхьэпэри мы гъэм къыдэкIынущ. Апхуэдэщ Хъанджэрий иужь илъэсхэм итха статьяхэмрэ щIэныгъэ зэIущIэхэм щищIа докладхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъри. Ари мыгувэу тхылъ тедзапIэм къыдитыжыну дыщогугъ.

Хъанджэрий зэрыныбжьэгъу пэжым, зэрыцIыху гумащIэм теухуауэ жаIагъэххэщ. Ауэ абы дыщIыбгъужыфынущ ар икIи зэрылэжьэгъу тыншыр, чэнджэщэгъу Iущыр, зэрыфIэрафIэр, гушыIэ дахэрэ щIагъыбзэ шэщIарэ зиIэ цIыхуу зэрыщытыр. АпхуэдизкIэ набдзэгубдзаплъэщи, зы мащIэри къелъагъу икIи, мыхъун гуэр къытIэщIэщIамэ, хъуэрыбзэ щабэкIэ гу лъыдегъэтэж. Ар дощIэри нэхъыжьыр тлъытэу, хабзэми нэмысми дыхуэсакъыу гупыр дызэхэтщ, дызэдолажьэ.

Иджы нэхъыщхьэ дыдэм – БакIуум и унагъуэм - теухуауэ зы псалъэ. ДызэпсэлъылIахэм зы цIыху къахэкIакъым абы и гугъу имыщIауэ. Ауэ псори фIым хуэкIуэжырти, аращ иужь къыщIидгъэнар. ИпэжыпIэкIэ, Хъанджэрий и унагъуэкIи зэпэщщ: ар адэ гумащIэщ, щхьэгъусэ зэгъщ. Ди гъунэгъу лъэпкъхэм ящыщ зым и тхакIуэ гуэрым и псалъитI язт жаIэ: «Къэбэрдейхэм цIэрэ щхьэрэ иIэу игъащIэм малъхъитI яIауэ аращ – зыр Иван Грознэращ, етIуанэр сэращ!» Абы уригушхуэ хъунумэ, апхуэдэ насып зэуэлIахэм Хъанджэрии ящыщщ – ар къэбэрдей малъхъэщ, и щхьэгъусэр Щоджэнхэ япхъущ. Хъанджэрийрэ Любэрэ бынитI зэдапIащ, унагъуэуи ягъэтIысыжащ. Джамили Зураби Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр фIы дыдэу къаухащ: пщащэр дохутырщ, щIалэм экономист IэщIагъэ иIэщ; IэнатIэ хъарзынэ пэрыту тIури мэлажьэ. Бын гъэсар адэ-анэм я дежкIэ дамэщ. Ди гуапэщ а дамэм и жьауэр унагъуэми лъэпкъми къахуэщхьэпэу лIэщIыгъуэкIэрэ екIуэкIыну.

Лъэпкъ щIэныгъэм и шу пажэхэм ящыщ зым, зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа хэкулI Iумахуэм и махуэ лъапIэмкIэ къехъуэхъунухэр, дауи, мащIэкъым. Дэри дыхуейщ абыхэм ящыщ зы дыхъуну – Тхьэм и фIыгъуэмрэ и гулъытэмрэ щымыщIэу ди ныбжьэгъур, ди лэжьэгъур илъэс куэдкIэ тхуэпсэуну!

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар къэхутэныгъэ институтым адыгэ филологиемкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор.*

Культурэм и лъагъуэм

# ДэркIэ Махуэшхуэщ июлым и 22-р

*КIыщокъуэ Алим теухуауэ гукъэкIыжхэуи усыгъэуи куэд стхащ сэ. Ауэ махуэ къэс къыщIэкI дыгъэри и чэзум къэунэху мазэщIэри зэрыпфIэщIэщыгъуэм, аитIур зэи зэрумыужэгъум хуэдэщ дэркIэ Алим: абы и гугъуфIыр дыпсэухукIэ тхуэухынукъым – ар дыгъэ бзийуэ къытридзэу, мазэщIэу дыIуплъэ тфIэщI зэпыту идохьэкI. ИкIи етхьэкIынущ...*

*ЦIыхушхуэу дунейм тета, зи цIэмрэ зи лэжьыгъэмрэ игъащIэкIэ мыкIуэдыжыну къытхуэна си къуажэгъу а лIы щэджащэм сэ нэхъыфIу сыкъилъагъуу, адрейхэм яхуимыщIэ къысхуищIэу щытащ жысIамэ, Пушкинымрэ сэрэ зы лъэмбым дитщ жызыIэурэ зэрыщымыту закъыфIэзгъэщIыну зи мурада Хлестаков щхьэщытхъум ещхь сыхъунт. Ауэ, сызэрикъуажэгъум щхьэкIэ, сэ нэхъ нэлейкIэ къызэплъу щытауэ жысIэкIэ, къемызэгъи щхьэщытхъугъи хэлъ сфIэщIкъым. Адрейхэм зыгуэркIэ сакъыщхьэщыкIыу, сызэрикъуажэгъур си напщIэм зэрытелъым нэмыщI, сэри си псэр абы нэхъ хуэмыгъуэу къыщIэкIынт. Абыи емыкIу пылъ си гугъэкъым – гурэ гурэ зэрощIэ, жи. ЗифI плъагъу уи къуажэгъум уригушхуэну, ин урихъуну зэрыфIыр щхьэ бзыщIын хуей? Сэ Алим фIы куэд дэслъэгъуащ-тIэ.*

*Езыр щыпсэуми ар дунейм ехыжа нэужьи, мызэ-мытIэу адэкIэ-мыдэкIэ къыщысIуэтэжащ КIыщокъуэм сызэрыхуэзахэр, абы и фIыгъэу къызэкIахэр. Ахэр сэркIэ лъапIэщ. Гум имыхужщ. Апхуэдэхэм нэхъыбэу сыщегупсысыр, нэхъ сыщыгуфIэр е сыщынэщхъейр Алим къыщалъхуа, дунейм щехыжа махуэхэр къыщыблагъэм, и гугъуфI ящIрейуэ щызэхэсхэм, и тхылъхэр къыщысщтэм дежщ. Абдежхэращ гукъэкIыжхэр нэхъ къыщыбэтэжыр. Июлым и 22-р абыхэм ящыщщ: Алим къыщалъхуа махуэщи, ар зыщыдгъэгъупщэныр сфIэмызахуэу, езым и гукъэкIыжхэм къыхэтхам сэ абы хуэстха усэ Iэджэм ящыщ зы и гъусэу фи пащхьэм идолъхьэ.*

*Уи цIэр зэи цIыхум ящымыгъупщэн Тхьэм ищI, Алим.*

## Ди Алим и унэр

**Щымытми си гъуэгу дыдэу мы уэрамыр,**
**СокIур щIы лей,**
**Уи унэр слъагъун папщIэ.**
**Мыр зи мылъку къабзэм къыхэкIар уэрами,**
**Солъагъу: мыбдеж зыгуэрхэр щопэщащэ.**
**Нобэ «пэщащэ» жысIэ щхьэкIэ, япэ**
**Къомым дзэ фIыцIэр.**
**Техникэр я Iэщэу,**

Ежауэ
Лъапсэр ирах пфІэщІти и пІэм,
КъыщІиІуэнтІыкІырт бэмпІэгъуэшхуэм гущІэр.
Щытаи ар, щымытаи жыпІэну,
Лъапсэр
Къызэрыхухьар Іуахри напІэзыпІэм,
Унэр зей хъуахэм жьы трамыгъапсэу
Ирадзащ я лъабзэ:
Пащтыхь сэрейм ещхь хъуащ иджы мы щІыпІэр…
Къащыхъуми зеям и мэ зыщыуауэ
Хъуар Іуахыу,
Унэр щІэуэ ящІыжауэ,
Ноби, сыт щыгъуи
Іуплъэхэм а лъапсэм
Я нэгу щІэтынур Алим и псэ къабзэрщ.
Дунейм тет къулеягъэр яІэу щытми,
Мы лъапсэр зыщэхуахэм семыхъуапсэ –
ПфІэфІмэ, гъэпсэуи ахэр гъищи щитІи,
ЗэрацІыхунур мыр Алим и лъапсэущ.
Сэ, псалъэм папщІэ, мы уэрамыр кІуапІэ
ЩІэсщІар изоплъри аращ Алим и фэ,
Щхьэщэ зыхуэсщІри сэ аращ си гуапэу,
Армыхъу зыщІаркъым лъапсэр сэреифэ.
АтІэ, сэр нэхърэ мынэхъыкІэу Іэджэм
ФІыуэ ялъагъу
Ди адыгэлІ щэджащэр,
ИкІи, зэману сыт хуэдиз дэгъэкІи,
А лъагъуныгъэр хъун сфІэмыщІ зэи кІащхъэ.
Емыгупсысыр абы ди хэкутетхэрщ,
Армыхъу КІыщокъуэ Алим и цІэр тептхэу
Фэеплъ-музей пщІы хъуртэкъэ мы унэр?
Дылъэпкъ тхьэмыщкІэщ, армыхъу арат хъунур!..
Дэлъэтэфынкъым бзу
ЖыпІэн хуэдизу,
Лъапсэр къащІыхьу
Ди Алим и унэр
ЩІэхъума хъуами,
Куэбжэм нэху къыдидзыр
Къызыхих бзийр
УсакІуэм и псэрщ, и нэрщ.
Апхуэдэущ ар игъащІэкІэ
ЦІыху цІыкІум

**Къызэрабжынур.**
**Ауэ, ар зымыщӀэу,**
**КъыкъуэгушхукӀыу нобэ бгъэдэлъ мылъкум,**
**Алим и жьауэм щӀэхуэр сфӀэтхьэмыщкӀэщ.**
**Ар зэщхьыр Уэгум,**
**ЩӀыгум,**
**Дыгъэм,**
**Мазэм**
**Я цӀэр къатепхыу яфӀэпщынырщ уи цӀэр,**
**Ауэ, улӀщ, цӀыхур уэ абы пхуегъасэм,**
**КъэкӀауи сощӀри дыщэ защӀэу уи дзэр.**

**ЕЛГЪЭР Кашиф**
*2003-2009*



КӀЫЩОКЪУЭ Алим

# *ГукъэкӀыжхэм щыщщ*

**КӀыщокъуэ Алим и гукъэкӀыжхэр щызэхуэхьэсауэ 1974 гъэм Москва къыщыдэкӀауэ щытащ «Бгыщхьэ хужьым укъеплъыхмэ» («Вид с белой горы») тхылъыр. «Бгыщхьэм сыкъеплъыхмэ, сроплъэ сэ къызэпысча гъуэгуанэ кӀыхьым, си нэгу къыщӀохьэж си сабиигъуэр. Ӏэджэм урагъэгупсыс уи гъащӀэ гъуэгуанэхэм», - итхыгъащ Алим.**

ДИ ЖЫЛЭР

Щхьэлыкъуэ псыхъуэ щхьэл мывэ щыхахырти, ди жылэм и цӀэр абы теӀукӀащ. Щхьэл мывэм нэмыщӀ, сын дахэ, мывэ шы фӀэдзапӀэ, гуэдзыр

щаIуэкIэ къагъэсэбэп быргуэ-быргуэхэр зыщI мывацIэ Iэзэ куэд дэсащ ди къуажэ.

Къуажэр Щхьэлыкъуэпсым и Iуфэм щыIутIысхьа гъэр белджылыкъым. Къуныжьхэ, Даутокъуэхэ, Щэрданхэ, Къундетхэ абдеж щетIысэхри, жэмыхьэтиплI зэрыгъэхъуащ. Жэмыхьэт къэс щхьэж я мэжджыт, я кхъэ, я щхьэл дэтащ, ефэнды зырызи яIащ. Зы илъэскIэ щеджэ еджапIэ къызэIуахауэ щытати, абы зыри кIуэртэкъым: щIалэ цIыкIухэр здагъакIуэр мыдрисэрат, хъыджэбз цIыкIухэр пщIантIэм дагъэкIыртэкъым.

Жылэм щIыр къемэщIэкIырт, гъатхэ къэс зэхуагуэшырт: япэ щIыкIэ жэмыхьэт-жэмыхьэткIэ, итIанэ – унагъуэ-унагъуэкIэ. Вы, шы, пхъэIэщэ зиIэхэр дзейуэ зэгухьэрти, щIыр явэрт, ясэрт.

Сату щащIыр Налшык бэзэрырат. Ящэни къызэращэхуни зимыIэхэри зэрыхьырт бэзэрым: хэт иш, хэт и щIакIуэ-бащлъыкъ, и дыжьын къамэ ягъэлъагъуэурэ загъэщIэгъуэн папщIэ.

Жэмыхьэтхэр щызэгурымыIуэ куэдрэ къэхъуми, хамэ къахэIэбэмэ, зэкъуэувэжырти, лей зрырагъэхыртэкъым. «Щхьэлыкъуэ Iэнэежэ» дзыр теIукIати, ар ягу техуэртэкъым жылэм. «ХьэщIапIэ кIуамэ, зэрыхьэщIэр ящогъупщэри, шхыным йопхъуэ» жари, арат а дзыр щIатеIукIар. Ар ящIэрти, хьэщIэ Iэнэ пэрытIысхьамэ, щхьэлыкъуэдэсхэм нэхъ нэмысыфIэрэ нэхъ зыхуэсакъыжрэ гъуэтыгъуейт.

КъуажэкIэм зы чэщанэ дэтащ, пасэрейхэм къызэранэкIауэ. «Жин щIэсщ» - жари, абы щыщтэрт жылэр, зыри щIыхьэртэкъым. Чэщанэм нэхъри щышынэ хъуахэщ, молэмрэ ТIашэрэ я хъыбар Iуа нэужь.

Ди жэмыхьэтым зы лIы цIыкIу дэсащ, ТIашэ жари. ТIашэ къахуимышэурэ къыдэнэжат. Къишэнуми, мылъку иIэтэкъым: зэрысабий лъандэрэ лIыщIа щхьэкIэ, къулейсыз джафэт. ЩIы тIэкIу къыхупачми, зэривэн иIэтэкъым - выи пхъэIэщи. Зигу къыщIэгъум вырэ пхъэIэщэрэ къритми, щIым къытрих щыIэтэкъым - пщIэным ихьыжырт. Сэджыт зыхитыкIын къыщемыхъулIэкIэ, дэнэ кърихынт? Арат молэр къыщIешхыдэр. Ар куэдрэ хуэшэчакъым ТIашэ: джэдыгу зэгъэдзэкIа зыщитIагъэщ, кIуэри, чэщанэм итIысхьащ, молэр блэкIрэ пэт чэщанэм къыщIэлъэтри, къыжьэхэлъащ.

– ТIашэ тхьэмыщкIэм и ужь уимыкIмэ, фIы щIэпхынукъым! - жиIащ «жиным».

Абы и ужькIэ молэм къыхигъэзыхыжакъым ТIашэ...

ДжэгуакIуэ гуэр къргъэблэгъэгъащ ди къуажэ, Дыджэш Хьэжумар уэрэд хузэхрагъэлъхьэн папщIэ. Дыджэш Хьэжумар лIы цIэрыIуэт, урысяпон зауэм лIыгъэ щызэрихьауэ.

Сэри сцIыхуу щытащ Хьэжумар. И зы лъакъуэр топышэм пихауэ, лъашэт. Унэ ищIын хунэсатэкъыми, щIыунэм ист, пкIэлъейкIэ ехыурэ. «Шы дохутыр» зыфIищыжауэ, арат жылэр зэреджэр. Шым дамыгъэ тридзэ, хакIуэр иугуэщхъу фIэкIа, нэгъуэщI хузэфIэкIыртэкъым «шы дохутырым». Шыдыгъуухэм къыIэщIагъэкIыжа шыхэр къыхуашэмэ, шыр зеяр, ар къызыфIадыгъуар къыбжиIэфынут Хьэжумар: зи дамыгъэ имыцIыху лъэпкъ исакъым Къэбэрдейм. Арат къуажэ старшынэм щIичэнджэщэгъур. Хьэжумар нэгъуэщI IуэхукIи чэнджэщэгъу ищIырт старшынэм. Псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ гуэр къэхъумэ...

КъэшэнкIэ «зызымыгъэнщI» гуэр дэсащ Щхьэлыкъуэ. Илъэс пщыкIуплI хъуа къудейуэ къишэри, къуитI къыхуалъхуауэ, фызыр иригъэкIыжащ. ИригъэкIыжамрэ и къуитIымрэ щхьэл яритащ, ирипсэунщ, жери. ЩIалитIыр балигъ хъуащ, шыи зэрагъэпэщащ. Я адэм и къэшэн зэпигъэуакъым, къишэр иригъэкIыжурэ, жьы хъуащ. Иужьрей фызыр езыр фIикIыжащ:

«ЛIыжь къулейсызым сыбдэпсэунукъым», - жери. Аргуэру къишэжынути, щIитын уасэ иIэтэкъым лIыжьым. ИIа япэ фызым хыхьэжын мурад ищIащ итIанэ. Фызым зыхигъэхьэжакъым, и къуитIми къадакъым. Къыщамыдэм, дауэ ярищIылIащ: «Фи шызакъуэгур къызэфт абы щыгъуэ е зэгуэр къыфхуэзгъэнауэ щыта щхьэлыр къызэфтыж», - жери. Шызакъуэгур е щхьэлыр уасэ хуэхъункIэ гугъэрт, къишэжын мурад ищIати.

Фызымрэ щIалитIымрэ къуажэ старшынэм хуэтхьэусыхащ. ЛIыжьым къыщхьэщыжыни къыдэкIащ къуажэм: лъэныкъуитI зэрыгъэхъуащи, зодауэ.

Къуажэ старшынэр Дыджэш Хьэжумар ечэнджэщащ: «Сыт хуэдэ унафэ яхуэсщIмэ нэхъ пфIэзахуэ?» - жери. Хьэжумар ечэнджэща нэужь, старшынэм щIалитIыр къриджэри, яжриIащ: «ЛIыжьыр нэджэIуджэ хъуху фубэрэжь, игъащIэкIэ зыри къыдэмыкIуэжын хуэдэу. АдэкIэ сэ си Iуэхущ». ЩIалитIым я адэр яубэрэжьащ. ЛIыжьыр старшынэм хуэтхьэусыхащ: «Мыращ къызащIар», - жери. Старшынэр «шы дохутырым» ечэнджэщащ аргуэру. ЛIыжьымрэ щIалитIымрэ къриджащ старшынэм. «Шызакъуэгури щхьэлри щIалитIым къахузогъэнэж», - яжриIащ старшынэм. ЛIыжьым жриIар нэхъ гъэщIэгъуэныжщ: «ДяпэкIэ къэпшэнумэ, шызакъуэгум уэ зыщIэщIи, фызышэ кIуэ». Ар захуагъэу къалъытащ жылэм. ЛIыжьым и къэшэным абдеж кIэ щигъуэтащ.

Урыс-япон зауэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Дыджэш Хьэжумар Георгий и жорыр къратауэ щытащ, ауэ зыхилъхьэртэкъым, ефэндым фIэлIыкIырт. «УлIэмэ, ущIэтлъхьэжынкъым, жор пхэлъу уэрамым укъыдэмыхьэ», - къыжриIат. Хьэжумар жорыр лIыгъэкIэ къызэрихьар куэдым ямыщIэми, джэгуакIуэм хуиуса уэрэдыр цIэрыIуэ хъуауэ щытащ.

## ДИ ЛЪЭПКЪЫР

«КIыщым и къуэ» - аращ ди унагъуэцIэм лъабжьэ хуэхъуар. Нэгъуэщ Iу жыпIэмэ, «ГъукIэм и къуэ». Ди унэцIэр къызэрежьам теухуа хъыбар гъэщIэгъуэн къаIуэтэж. Зы тхылъ хуэдиз хъунущ а хъыбарыр.

Къетыкъуэпщым и пщIантIэм зэшиплI дэтащ. ПлIыри гъукIэ Iэзэт. ЗэшиплIри гъукIэхэм я тхьэ Лъэпщ игъэсауэ жаIэрт. Къетыкъуэпщыр ирипагэрт зэшхэм я IэщIагъэм - абыхэм я Iэдакъэм къыщIэкIа къамэм е сэшхуэм хуэдэ щыIэтэкъым, къызыхащIыкIыр Щам къраш жыр гуащIэт, бгъуэнщIагъыр я кIыщти, жырыр абы езыхэм щагъавэрт.

Зыгуэр щхьэкIэ зэщыIейри, Къетыкъуэпщым езэгъыжакъым зэшхэр, я щхьэр щIахьащ. Пщыр езыр къакIэлъыпхъэращ зэшхэм. КъащIыхьа щхьэкIэ, пщым екIужар тIущ: Гушрэ Мэшрэ, а тIум пщым деж ягъэзэжри, кIыщым щIэувэжащ. Адрей тIум - Мырзэбэчрэ Етэчрэ - пщым деж ягъэзэжын ядакъым: пщым IэщIэкIри хыхьэжащ. Хыхьэжа щхьэкIэ, куэд ирагъэкIуакъым: яубыдри, Брамтэ дагъэтIысхьащ. Брамтэр Налшык пэгъунэгъу жылэщ, пщыхэм къаIэщIэкIхэр дагъэтIысхьэу щытауэ. Налшык быдапIэм и Iэтащхьэм хуит къищIри, Мырзэбэчрэ Етэчрэ Щхьэлыкъуэ Iэпхъуащ, абы щIы къыщратащ, чы-бжэгъу унэ зэфIагъэувэри, я щIапIэр къуацэкIэ къахухьащ. Аращ зэшитIым я чы-бжэгъу унэм къуацэкъалэкIэ щIеджар. Ар унэцIэ яхуэхъункIэ хъунут зэшитIым, кIыщ ямыщIамэ. ЗэшитIыр я IэщIагъэм цIэрыIуэ ирихъуащ, къуацэкъалэр ирачыжри, я щIапIэр бжыхькIэ къахухьащ, уни ящIащ. Я унэцIэри къахуэнэжащ Мырзэбэчрэ Етэчрэ – КIыщокъуэ.

# ДИ АДЭР

Мырзэбэч къуиплI иIащ. Абыхэм ящыщ зы Пщымахуэ си адэращ.

Си адэшхуэр гъащIэ кIыхь хъуакъым, и лIыфIыгъуэу дунейм ехыжащ. Си анэшхуэм, Нанэ, гуэгуш игъэхъурт: щIыр я мащIэти, абы и закъуэкIэ псэуа хъунутэкъым.

ГъукIэ IэщIагъэм зыхуигъэсэн мурад иIащ ди адэм - и насып хэмылъу къыщIэкIащ. Сатуми еплъащ - ари къехъулIакъым. ЩIэныгъэ зригъэгъуэтын мурад ищIащ итIанэ: и нэ къыхуикIырт писыр IэщIагъэм.

Зыгуэр ирагъэтхынумэ, къалэм кIуэурэ писыр къащтэ я хабзэт абы щыгъуэ. Писырхэм пщIэ яIэт, Iуэхуншэ хъуртэкъым, «тхылъ» зытхыр ахэрат, старшынэм и къалэныр писырхэм ятхам мыхъур тригъэуэн къудейрт. Писырхэм хьэрэм зыш мащIи яхэтагъэнкъым - хамэм игу къыпщIэгъунт? Жылэм яIэн хуейтэкъэ езым ящыщ писыр, ауэ дэнэ къипхынт, къуажэм щIэныгъэ зиIэ дэмысмэ? Щхьэлыкъуэ и закъуэтэкъым щIэныгъэншэр – зэры-Къэбэрдейуэ арат...

Еджэн мурад ищIри, Пщымахуэ Джылахъстэнейм кIуащ, итIанэ КIахэм щеджащ. Абы мыдрисэ къыщиухри къигъэзэжащ, ефэндыцIэ къилэжьауэ. Къигъэзэжа щхьэкIэ, ефэнды къулыкъур къылъысакъым. Ар къылъысыхуи щысакъым - хьэсэпэхъумэу ежьащ. КIахэм щыщеджам щыгъуэщ ди адэм къыщишар.

Ди адэм щIалищ къыхуалъхуати, сэ сранэхъыщIэт. Нэхъыжьым Рашид фIащащ, абы кIэлъыкIуэм - Iэмин. Iэмин зы илъэсщ зэрыпсэуар. Сэ сыкъыщалъхуар 1914 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-рщ, ди анэм и гукъэкIыжхэм тесщIыхьурэ, абы щытезубыдар нэхъ иужькIэщ.

Щхьэлыкъуэ дэт мэжджытхэм ящыщ зыр ефэнды хуей щыхъум, а къулыкъур Пщымахуэ къылъысащ, ауэ куэдрэ ягъэлэжьакъым: хьэж зыщIа гуэрым фIэнэри, ефэнды къулыкъум къытекIыжащ абы и зэранкIэ.

1917 гъэм щхьэлыкъуэдэсхэм зэхахащ пащтыхьыр зэрытрадзари революцэр зэрытекIуари.

Налшык бэзэрым цIыхур щызэхуэсурэ зэрыгъэкIийрт: «Бгыр къыгуэуауэ, псыдзэ къох: хьэм и кIэр бубыдмэ, псым уитхьэлэнщ, шыкIэр бубыдмэ, псым узэприхынщ».

Совет властым щыщIэзэум щыгъуэ ди адэр партизанхэм яхэтащ. Къэбэрдейм совет власть щагъэува нэужь, Пщымахуэ ди къуажэ ревкомым и Iэтащхьэ хъуащ. Ди адэм и Iэблэм щэкI плъыжь бзыхьэхуэ ищIауэ зэрыщытари, зы щхьэхъумэ щIалэ зэрыщIыгъуари сощIэж. Фочыр гъэпкIауэ иIыгъ зэпытт щIалэм, хъыбар Iэджэ къызжиIэрт - бандитхэм зэрезэуа, фочыр зэратриунэщIа, къинэмыщI Iэджи. Си фIэщ мыхъущэу гу лъитамэ, пристон къызитырт: «Мис ятезунэщIа шэр», - жиIэрти. Пэжыр жыпIэнумэ, щIалэжьым фоч щигъауэр хьэгъуэлIыгъуэрт - унэишэ е щауэишыж щащIкIэ...

Большевик закъуэтIакъуэт Щхьэлыкъуэ дэсыр, парт ячейкэ жыхуаIэри яIэтэкъым, парт собранэ щащIыр ди гъунэгъу къуажэрт - Шэджэм. Абы кIуэн хуей щыхъукIэ, ди адэм гъуэмылэ хуагъэхьэзырырт. Зауэм Iухьэ фIэкIа пщIэнтэкъым: фочыр узэдауэ и плIэм ирилъхьэрти, шэсырт. Парт собранэ жыхуаIэм жылэр зэхыхьауэ шыгъажэ щащI, нэщанэ щызэдеуэ къысфIэщIырт сэ, ди адэр къазэрытежынуми нэхъ шэрыуэ къазэрыхэмыкIынуми шэч къытесхьэртэкъым. Ди адэр Шэджэм къикIыжыху, жэщыр хъуамэ, ди анэр жейм езэгъыртэкъым, хьэ банэ макъ къэIуамэ, къаскIэрти, къызэфIэтIысхьэрт...

Пщымахуэ и хъыбар куэд къыдэнащ Щхьэлыкъуэ. Абыхэм ящыщ зыщ мыр. Къуажэм Совет власть щагъэувын щхьэкӀэ, жылэр зэхуэсащ. Iэ Iэтыным щынэсым, Iуащхьэм теувэн хуейуэ яжриIащ Пщымахуэ. Ар зымыдаи къахэкIащ:

— Сыт Iуащхьэм дытеувэн щIыхуейр? — жаIэри.

— Гъуэгу утехьэн и пэ, Iуащхьэм утеувэрэ зуплъыхьмэ, узытехьэну гъуэгур зыхуэдэр нэхъ IупщI къыпщохъу.

Мыри ягу къинащ Щхьэлыкъуэм. Пщымахуэ ди гъунэгъу лIы гуэрым ехъурджэуащ: «Уи псалъэр дыгъэл щхьэкIэ, уи Iуэху кIуатэркъым», — жери.

(ЛIыр жьэрэIурэ гуэрт, утыкум иувамэ, и жьафэр къехыртэкъым, ауэ и пщэ Iуэху гуэр далъхьамэ, пабжьэм хэлъэдэжырт).

ЛIым жэуап къритыжащ:

— Уэри аракъэ? Колхозым дыхыхьэмэ, жэнэтым дихьауэ къыджепIащ: жыг хадэ зэщIэгъэгъауэ, жэнэтбзухэм уэрэд къыщрашу. Дэнэ щыIэ жыг хадэри жэнэтбзури?

— Зы жыг хэпсамэ, бзури къэлъэтэнти, къыпытIысхьэнт. Жыг щыхасэм уи IитIыр уи щIыбкIэ щызэрыдзауэ уэрамыщхьэм утетащ.

Мыри щыжаIэ Щхьэлыкъуэ. Фызабэ гуэрым и жэмыр Iуэм икIри кIуэдащ. Фызыр гузэвэнтэкъэ: бжьыхьэ кIасэщ, жэщ мазэхэщ, пшагъуэщ —апхуэдэм дежкъэ хьэр щыятэр. Пщымахуэ деж къакIуэри, фызыр къелъэIуащ:

— Уэ КъурIэн уеджащ, Пщымахуэ. Зэчыр уощIэ. Дыгъужьыр хьэпэщыпхэ схуэщI, — жери.

— Дыгъужьыр хьэпэщыпхэ пщIы нэхърэ фи Iуэбжэр бгъэбыдамэ, нэхъыфIт, — жиIащ Пщымахуэ.

И ныбжь нэсу къулыкъум къыхэкIыжами, ди адэр унэм изагъэртэкъым. Налшык — Псыхуабэ гъуэгум и Iуфэм щIы къыщыIрихри, хъарбыз хисащ, чы-бжэгъу унэ цIыкIуи гъуэгу Iуфэм IуищIыхьащ. БлэкIри къыблэкIыжри хуитт Пщымахуэ и пщыIэм щепсыхыну. Епсыхамэ, хъарбызри хъэуанри зыми пиубыдыртэкъым ди адэм — гъуэгурыкIуэрат щIигъэкIыр.

Къалмыкъ БетIали зыбжанэрэ кърихьэлIэгъащ ди адэм и хъарбыз хьэсэм, къыщытхъуащ ар гукъэкI зэрищIам щхьэкIэ.

## ДИ АНЭР

Ди анэр Хьэкурынэхэ япхъущ. А унэцIэми хъыбар гъэщIэгъуэн къыдокIуэкI. Мыпхуэдэущ ар къызэрежьар. КIахэ къуажэ гуэрым бий къытеуащ. Бийм къуажэр зэрызэтригъэсхьэнум шэч къытрахьэртэкъыми, жылэр мэзым щIыхьэжащ. Зы фыз уэндэгъущ къыдэнар. Къуажэр щагъэсым, бийм заIэримыгъэхьэн щхьэкIэ, фыз уэндэгъур хьэкум ипщхьащ. Хьэкум илъхухьащ фызыр. Бийр ящхьэщыкIа нэужь, жылэр къыдыхьэжащ, фызыр мафIэм исауэ кърихьэлIэжащ, ауэ сабийм и псэ пытт.

Хьэкум иралъхухьа щIалэ цIыкIуращ Хьэкурынэхэ къызытехъукIар.

Хьэкум иралъхуа щIалэм и пхъум, си анэшхуэм и анэм, илъэсищэрэ пщыкIущрэ къигъэщIащ. Езы си анэшхуэм илъэсищэм нэблагъэ къигъэщIати, зы махуэ етIысэхакъым. ЩылIам щыгъуэ абы щхьэкIэ жаIэгъащ: «И Iэм япэ и гур къэувыIащ». Си анэшхуэм хъыбар куэд сригъэдэIуащ сэ. Абыхэм ящыщ зыщ «Тисей» поэмэм лъабжьэ хуэсщIар.

ЦIыхум цIэ лей фIащын яфIэфIт щхьэлыкъуэдэсхэм. Си анэм къракуакъым — къыфIэлIыкIами къыщышынами. ХэхэскIэ къыщеджэ щыIэт — зэ-

рыкIахэ адыгэм щхьэкIэ. «Хэхэс» къыхужаIэ щхьэкIэ, пщIэшхуэ къыхуащIырт, езыми цIыхур зригъэдэIуэфырт, цIыхугъи якIэлъызэрихьэрт. Ди анэм КъурIэныр гукIэ ищIэрт, хьэрыпыбзэкIэ къеджэфырт — арат пщIэ нэхъри къыщIыхуащIри къыщIыпакIухьри. Ди къуажэ цIыхубзхэм пашэ яхуэхъуауэ, ди анэм и псалъэм псори къедаIуэрт, фIыуи къалъагъурт.

ЦIыхубз хахуэт ди анэр, къыщIигъэзэн щыIэтэкъым. ЩIэныгъэ зимыIэ нэхъыжьхэр иригъэджэн щхьэкIэ, ди адэр пщыхьэщхьэм щежьэкIэ, ди анэри гъусэ хуэхъурт, и плIэм фоч иридзэрти. Абы щыгъуэми кIакхъу зэрыщIач ищIэртэкъым.

Ди адэм иригъаджэхэр щызэхуэсыр пщыхьэщхьэм гувауэт — я махуэ лэжьыгъэр зэфIагъэкIа нэужьт. Пэшым щыблэр зы уэздыгъэти, и кIэмкIэ щысхэм зыри ялъагъуртэкъым, ара хъунт и кIэ тIысыпIэхэр щIызэпаубыдыр – емыджэн, мытхэн, уеблэмэ зэран хъун щхьэкIэ. ПыIэ къуацэ къраутIыпщурэ уэздыгъэр щагъэункIыфIи къэхъурт, уэздыгъэр ункIыфIамэ, аратэкъэ нэхъыбэр зыхуейр: зэрызехьэрт, зэрызекъуэрт. Зэгуэрым уэздыгъэр ягъэункIыфIауэ, къамэ къыщыхурахым, ди адэр Iэнкун къэхъуащ. Ди анэр яхуикIуэтакъым, япэуври еджакIуэ жьакIацэхэм фочыр ятриубыдащ:

— Зы лъэбакъуэ къэфчыт: фи нэвагъуэр фэзгъэлъагъужынщ. Фи гъащIэр фужэгъужа? – жери.

Нэмыцэр Щхьэлыкъуэ къыдыхьа нэужь, си шыпхъухэм ящыщ зы хьэпсым иридзащ къуажэ бургомистрым. Ар зэраукIынум шэч хэлътэкъым. ЗигъэпскIщ, щыгъын хужькIэ зихуапэри, ди анэр управэм кIуащ, езыри и пхъум зэрыдагъэкIуэнур ищIэрэ пэт (арат зыщIигъэпскIари, щыгъын хужькIэ зыщIихуэпари — мащэм зэрырахьэхынум зыхуищIауэ арат). Я уахътыр къэса хъунтэкъыми, зэанэзэпхъур къелащ, я насыпыр къекIэрэхъуэкIри.

Илъэс бгъущIым щхьэдэхащ ди анэр – КIыщокъуэ Куэз. Апхуэдиз ныбжь иIэми, и акъылыр бзыгъэщ, куэд ещIэж: и нэгу щIэкIауэ хъуари, пасэрей уэрэдыжьхэри, хъыбархэри. ЕщIэж, псалъэм папщIэ, пащтыхьым и къуэш Константин Урыс-Япон зауэм и пэкIэ Псыжь къэкIуауэ зэрыщытар. ХьэщIэм пежьэфынтэкъэ адыгэ уэркъхэр: адыгэ джэгу хуащIащ, хэкум зы пщащэ дахэ къранакъым – джэгум хагъэтын папщIэ, кърашэлIащ. Абыхэм яхэхуащ Куэзи.

Джэгум къахэувэри, хьэтиякIуэм жиIащ:

— Ди хьэщIэм и пхъур гъэр хъуащи, хэт къищэхужын?

Хабзэ зыщIэхэм ящIэрт хьэтиякIуэм и псалъэм къикIыр: пщIэ щIэтауэ, «гъэр» хъуа пщащэ хьэщIэр (Константин и пхъур) «къэщэхужын» хуейщ. Адыгэ пщащэтэмэ, зы сомри къэщэхужыпщIэ хъунут, «гъэр» хъуар хьэщIэ лъапIэщ – пащтыхьым и къуэшым ипхъущ. Зыр зым еплъу зэхэтыху, Къэбэрдейм щыщ зы уэркъ щIалэ екIу утыкум ихьащ. Абы адыгэ уанэ зытелъ адыгэш къудан иIыгът. Шы-уанэ зэтелъым итхьэкъуауэ йоплъ псори. Уэркъ щIалэм шыр армыгъуейуэщ зэрызэтриIыгъэр – шыр йохъуйолъ, шхуэIум йозауэ.

ХьэтиякIуэм жиIащ:

— Шы-уанэ зэтелъ щIат ди пщащэ хьэщIэм. Хэт нэхъыбэ игу пыкIрэ?

Къэбэрдейм щыщ уэркъ щауэм пеуэн зыри тегушхуакъым. Пащтыхьым и къуэшыр щIэупщIащ, хэт ар, жери. Шы-уанэ зэтелъ зытар урысыдзэм къулыкъу щызыщIэ офицер Щэрдан Бердт, Щхьэлыкъуэ щыщт.

Куэз гуфIэнтэкъэ абдежым: фIыуэ илъагъу щIалэри, КIыщокъуэ Пщымахуэ, Къэбэрдейм, Щхьэлыкъуэ щыщт!

Куэз и дэлъхуитIи щIэст Пщымахуэ зыщеджэ мыдрисэм. Абыхэм я унэ ихьэрейт Пщымахуэ, Куэз и дэлъхухэм ирагъэблагъэурэ. ХьэщIэмрэ бысым щIалэхэмрэ щызэпеуэ къэхъурт: сурэ нэхъыбэ гукIэ хэт ищIэрэ, хьэрыпыбзэм хэт нэхъ хуэшэрыуэ, хэт нэхъ жьакIуэ? Пщымахуэ щатекIуэр нэхъыбэт, ауэ аратэкъым и напщIэ телъыр – зэшхэм я шыпхъур нэфIкIэ къызэреплъырт. Апхуэдэущ зэрызэрыцIыхуар Куэзрэ Пщымахуэрэ.

ЗэрыцIыхуа нэужь, мазитI-щы дигъэкIри, Пщымахуэ Куэз и дэлъхухэм я унэ ихьащ, и кIэрахъуэр стIолым трилъхьэри, щIалитIым яжриIащ:

— Фи шыпхъур модрей пэшым щIэсщ, си кIэрахъуэр фи пащхьэ илъщ. Фи шыпхъур къызэфтмэ, си кIэрахъуэр фыфейщ.

Абы пэплъатэкъым зэшитIыр. Куэз и шыпхъухэри гужьеящ:

— Ущымыуэ, къыплъыхъур пцIыхурэ? – жари. Куэз и шыпхъухэм зэхахат Пщымахуэ зэрыхуэмыщIар, унагъуэм жэми выи зэрамыIэр – апхуэдэм удэкIуэ хъурэ, ари Къэбэрдейм нэс!

ЯхущIегъуэжакъым Куэз. ЯжриIащ:

— Дэ зэшыпхъуих дохъу. СыдэкIуэмэ, зы фхэлIыкIауэ флъыти, сигу нывэбгъэнкъым.

ЗэшитIым сыт ящIэжынт: я дамэр драгъэуея фIэкI, захъунщIакъым. ДэкIуасэмэ, арат нэхъыкIэр – игъащIэкIэ кърахъуэнын щIэщхъут. УасэкIэ ущIыпэувыни щыIэкъым: щIалэм и анэм гуэгуш фIэкI, нэгъуэщI бгъэдэлътэкъым. Езы щIалэм зы кIэрахъуэ иIэти, Куэз и дэлъхухэм я пащхьэ ирилъхьакIэт.

Унафэр я анэм ирахьэлIащ.

Куэз и анэр фызабэт, и щхьэгъусэр дунейм пасэу ехыжауэ. Фызабэм пхъэIэщэкIыр иубыдырти гъатхэм щIыр ивэрт. Гъэмахуэм гуэдзыр иIуэрт, мэкъу еуэрт, Iэнэ ищтэрти, Iэтэ ищIыжырт, мэз кIуэрти, пхъэ къишэрт — цIыхухъум закъыкIэригъэхуртэкъым.

ЗэшитIым къажриIащ Куэз и анэм:

— Бзум и дамэр жамэ, абгъуэм йолъэтыкI, и лъэр пхуэубыдынукъым. Алыхьым дыкъелъагъу: фыкъэслъхуащ, фыспIащ, фи ныбэ згъэныкъуакъым, фэ фхуэдэм фезгъэхъуэпсакъым. Фи дамэр жащи, щхьэж и абгъуэ фылъыхъуэ.

Куэз къишэри, Пщымахуэ Щхьэлыкъуэ къэкIуэжащ. КIыщокъуэхэ унагъуэ зыбгъупщI хъууэ арат абы щыгъуэ. Куэз нэхърэ нэхъ нысэфI КIыщокъуэхэ я лъэпкъым къахэмыхьауэ арат жаIэр псоми. Езыми, гушыIэурэ, и нысэгъухэм захуигъэщIагъуэрт: «Фэ нартыхущ фщIатар, сэ кIэрахъуэ сщIатащ», — жиIэрти.

Ди адэр дунейм щехыжам, абы езыри бгъуралъхьэжыну унафэ ищIауэ щытащ ди анэм. Абы лъандэрэ илъэс плIыщI хъуащи, ди анэр кхъэм щIэхщIэхыурэ йохьэ, и щIы Iыхьэр яубыдарэ ямыубыдарэ зригъэщIэн щхьэкIэ. Жэмыхьэт лIыжьхэм хуэарэзыщ ди анэр: «щIы арщынищыр» иджыри къэс хуахъумэ. ЛIэныгъэм щышынэркъым езыр: дунейм ехыжмэ, зы къуэ дэкIыу нэгъуэщI къуэ дыхьауэщ къызэрыщыхъунур.

И пхъур къыIэщIихыжын щхьэкIэ, нэмыцэ бургомистрым деж кIуэн и пэ, ди анэр кхъэм дыхьэри, и IэлъэщIыр ди адэм и кхъащхьэм трилъхьауэ щытащ. Абы кърherpesригъэкIырат: сынэкIуэжынущ, къыспэплъэ. ЛIэныгъэм зэрыщымышынэм къару къыхилъхьэрт ди анэм.

Ди анэм къуитIрэ пхъуитхурэ дипIащ. Сысабийуэ си гущIэм усэм и IэфIыр къыщыушамэ, ар зи фIыгъэр ди анэрщ.

# Псэр мыгъуэщэн щхьэкIэ

Къэбэрдей прозэм и фIыпIэм и гугъу щащIкIэ, хабзэ хъуауэ, Нало Жансэхъу и тхыгъэхэм къыщыщIадзэри, адэкIэ ягу къагъэкIыж ЩоджэнцIыкIу Алий и «Кхъужьей щIагъымрэ» «Хьэжыгъэ пут закъуэмрэ». Абыхэм къакIэлъыкIуэу топсэлъыхь Теунэ Хьэчим и «Аслъэным». Абыхэм дакъыфIэкIрэ мыдэкIэ дыкъэкIуатэмэ, ди прозэр зыгъэбжьыфIахэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и повестхэр. Гум къэмыкIыжынкIэ Iэмал иIэкъым пасэу дунейм ехыжа, рассказ купщIафIэхэр къызэзынэкIа Къущхьэ СультIан. МыдэжкIи дыкъэкIуатэмэ, диIэщ езым и пэ итахэм нэхъыфIу къагъуэтар, и тхыгъэхэм щызэщIикъуэжа пэлъытэу, КIыщокъуэ Алим дунейм къытригъэхьа романхэр: «Хъуэпсэгъуэ нур», «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Лъапсэ», нэгъуэщIхэри. Ди прозэм и пщIэр куэдкIэ яIэтащ Нало Ахьмэдхъан, МафIэдз Сэрэбий, Нало Заур, КIэрэф Мухьэмэд сымэ я IэдакъэщIэкIхэми.

Къэбэрдей прозэм къикIуа гъуэгуанэфIым и щапхъэу нэгъуэщIхэри къыпхуэхьынущ. А псом уахэплъэжрэ уегупсысыжмэ, мыпхуэдэу уи гум къокI: ярэби, апхуэдэ прозэ зэзыгъэпэщыфахэм япэхъун, ябгъэдэбгъэувэ хъун ди тхакIуэ ныбжьыщIэхэм яхэмытауэ пIэрэ?

ЩыIащ апхуэдэ тхакIуэ щIалэхэри. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди литературэ критикэр апхуэдэхэм блэплъыкI зэпытурэ къекIуэкIащ. Абы щыхьэт тохъуэ игъуэ нэмысу дунейм ехыжа, куэд итхынуи хунэмыса тхакIуэ ныбжьыщIэ Къанкъул Заур.

2004 гъэм дунейм къытехьащ Къанкъулым «Къалэм дэгъуэщыхьа» зыфIища тхылъ цIыкIур. «ЦIыкIу» псалъэр мы тхылъым зэребгъэзэгъыфынур и инагъым елъытауэщ, ауэ и щIэщыгъуагъэкIэ, и къэIуэтэкIэкIэ, и сюжет ухуэкIэкIэ убгъэдыхьэмэ, мыр языныкъуэ тхылъ «пIащэхэм» нэхърэ фIыуэ нэхъ инщ… Мы тхылъым итыр «Къалэм дэгъуэщыхьа» повестымрэ рассказ зытIурэщ. Повестым и япэ псалъэухахэм къыбжаIэ мыр адрей тхыгъэхэм емыщхь хъэтIкIэ, зэхэлъхьэкIэкIэ зэрытхар. Нэхъыщхьэраци, тхакIуэм езым и дуней еплъыкIэ, гъащIэ бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэн дигъэлъагъуфащ. Дигъэлъагъуфам и закъуэкъым. АтIэ фIэщи гукъинэжи тщищIыфащ. Тхылъыр къызэрыдэкIрэ зэманыфI блэкIами, мы тхыгъэм яужь сыщIихьар «уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъысщтэжу» аракъым. Си гугъащ икIи сыпэплъащ ди критикхэм ящыщ гуэр Къанкъулым и IэдакъэщIэкIхэм гу лъитэу, ахэр зэпкърихыну. АрщхьэкIэ тхылъым иджыри къыздэсым зыри тепсэлъыхьакъым, лъэныкъуэ зыбжанэкIэ кууэ зэпкърыпхыну абы къилэжь пэтми. «Ухэныпэ нэхърэ, лъэхъуэмбыщIэ» жыхуиIэраци, гулъытэншэ дыдэу къэнапэ нэхърэ сэ сызэреплъыр тхылъеджэм яхуэсIуатэмэ, нэхъ сфIэтэмэмащ.

Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Къамылыкъуэ къуажэ цIыкIум къыщалъхуа Къанкъул Заур и гъащIэр кIэщIыIуэт: илъэс 25-рэ иримыкъущ зэрыпсэуар. А пIалъэ кIэщIым къриубыдэу Заур жиIэфыну псори жиIэну, итхыфыну псори итхыну хунэсакъым. Ауэ нэгъуэщIхэм емыщхь, цIыху гъащIэм и зэхэлъыкIэ гугъум лъэныкъуэ зыбжанэкIэ уезыгъэплъыф тхыгъэхэр къытхуигъэнащ.

«Къалэм дэгъуэщыхьа» повестыр зытеухуар иджырей щIалэгъуалэрщ, ди лъэхъэнэм щыпсэу ныбжьыщIэхэрщ, абыхэм я псэукIэ-зэхэтыкIэрщ. Уи щIалэгъуэм пIэщIэкIа щыуагъэм и мыхъурыр уи гъащIэ псокIэ зэрыптелъынур дегъэлъагъу повестым икIи нобэ блэжь Iуэхухэм пщэдей къарикIуэнкIэ хъунум уегупсысу упсэун зэрыхуейм дыхуеущий.

Дэтхэнэ зыми езым и хьэл, дуней, Iуэху еплъыкIэ щхьэхуэхэр яIэжу образ куэд щызэщIэкъуащ повестым икIи абы ди лъэхъэнэм халъхуа ныбжьыщIэхэм я псэукIэм, дуней тетыкIэм щыгъуазэ дащI къудейкъым, атIэ, псалъэм къыдэкIуэ пэлъытэу, тхыдэм хоIэбэжри, ди зэманым и лIыхъужьхэм я къежьапIэ хъуам, я тхыдэм, нэхъыжьхэм я псэукIами дакIэлъегъэплъыж.

Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым Заур зэман блэкIам щытепсэлъыхькIи, иджыпсту дызрихьэлIэ Iуэхугъуэхэм щатетхыхькIи дэтхэнэ зы теплъэгъуэми, дэтхэнэ зы лIыхъужьми бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ, удэзыхьэх, езым и пэкIэ зыми къимыгъэсэбэпа Iэмалхэр къызэригъуэтым. Къанкъулым псалъэ къэс езым иIыгъын хуей увыпIэр къыхуегъуэтыф, ар тхакIуэм и гупсысэр зэрыузыншэм, а гупсысэ узыншэр зэрызэпкърихын Iэзагъ зэрыбгъэдэлъым щыхьэт тохъуэ. Мы жысIахэм я щапхъэу къэсхьынщ повестым къызэрыщIидзэ псалъэмакъыр. КъетхэкI, къэIуатэ, хэзыгъэгъуазэ лей хэмыту. Зэпсалъэхэм шэрыуэу зэпадзыж псалъэ мащIэхэмкIэ гупсысэшхуэ къаIуатэ:

– Дэнэ уздэкIуэр?

– СщIэркъым.

– Сыт-тIэ, упсэурэ хуэмурэ?

– Ара хъунщ. Алыхьым ещIэ.

– Уеша?

– Ари Аращ зыщIэр. Сыт сэ укъызэупщIкIэ бжесIэфынур?

Зы тэлайкIэ щыму кIуахэщ. ИтIанэ:

– Дэнэ сыздэкIуэр?

– УмыщIэу жыпIащ.

– Сопсэу хуэмурэ. Ара?

– Ара хъунщ.

– Сешауэ пIэрэ-тIэ?

– А фэр птетщ. Мо жыг жьауэм деж дыщетIысэхынщ, ухуеймэ. Уэрэ сэрэ зэгуэр «зэныбжьэгъуу» дыщытащ.

– ПщIэжрэ?

– СощIэж. Абы щыгъуэ нэхъыфIт?

– СщIэркъым. Мо жыгыр ара жыхуэпIэр? НакIуэ-тIэ.

ЕтIысэхахэщ.

– Зэныбжьэгъуу зэгуэр щытахэм, зэхуэзэжа нэужь, зэжраIэ хабзэр сыт?

– Ар уэри сэри тщIэркъым. Къыдрихьейр хуит къэтщIынщ. Уарэзы?..

Мы тIум я псалъэмакъым лъабжьэ хуэхъуар цIыхуитIым я гъащIэ псощ. А псалъэмакъым и щхьэусыгъуэр, и лъабжьэр жыжьэ къыщожьэ – лIымрэ цIыхубзымрэ я ныбжьыщIэгъуэу щыщыта зэманым. Мы псалъэмакъым къыхощ цIыхуитIым я щIалэгъуэм яIэщIэкIа щыуагъэм зыхуиша бэIутIэIум и джэрпэджэжыр…

Наршу къуажэр адрей къуажэхэм къазэрыщхьэщыкI щыIэкъым. Ари псы Iуфэм Iусщ, унагъуэ жьэгухэм къадих Iугъуэ мащIэр къыщхьэщыту, и уэрамхэр, япэхэми хуэдэу, зэрынэшэкъашэщ, ауэ абыхэм иджыри шыдыгу зэщIэщIахэм уащыхуозэ. А шыдыгухэр «гъащIэщIэм и бийуэ» яукъуэдийуэрэ ягъэкIуэдыну сыт хуэдизрэ яужь ихьа, арщхьэкIэ къикIа щыIэкъым – шыдыгухэр икъукIэ бэшэчу къыщIэкIащ, апхуэдизкIэ бэшэчти, наршухэм иужь зэманым зэрагъэпэща машинэхэри пэлъэщакъым. ГъащIэщIэм и джакIуэу уэрамэм къыдыхьэу хуежьа машинэхэр шыдыгухэм я деж щыкъаруушэу щхьэ къыщIэкIа? Жэуа-

пыр тхыгъэм занщӀэу къыдимытми, ар къызэрыдгъуэтыфыну щӀыкӀэм и лъагъуэм мащӀэ-мащӀэурэ дытрешэ.

КӀарцыкъуэ къуажэри адрей къуажэхэм къакӀэрымыхуу, япи имылъадэу, зэресагъэжьу, къызэрыгуэкӀыу мэпсэу: мащӀэ дыдэ хъуа къуажэдэсхэр хъупӀэшхуэр зыугъуей Ӏэщым я макъым къыдоушри, гъэмахуэмэ, шыгъуэгу хадэ Ӏуэху зэрахуэ, щӀымахуэмэ, хьэкум мафӀэ иращӀэри, къалэ гъунэгъум къикӀа автобус кӀэщӀ цӀыкӀум пожьэ. Аурэ махуэр ирахьэкӀри, кӀыфӀыгъэм къигъэбэта хьэ банэ макъым и гъусэу мэужьыхыж. Апхуэдэут КӀарцыкъуэ иджыри къыздэсым зэрыпсэур икӀи а псэукӀэр ихъуэжын муради иӀэтэкъым, щӀихъуэжын щхьэусыгъуэ щыӀэуи ищӀэртэкъым. Яшхын къыщалэжьын къагъуэтрэ, къалэжьар хьэлэлу яшхыжмэ, напэр щӀытекӀын, щӀэукӀытэн Ӏуэху жылэм къыдэмыхъуэмэ, я гурыфӀыгъуэшхуэу, я псэукӀэм арэзы техъуэжхэу апхуэдэт. АрщхьэкӀэ абыхэм я псэукӀэр егъэфӀэкӀуэныр я къалэну зыхуагъэувыжауэ, я чэнджэщрэ ущиерэ хамылъхьэмэ, къуажэдэсхэм гъуэгу тэмэмкӀэ ямыунэтӀыфынкӀэ, гъащӀэщӀэр ухуэным къыкӀэрыхуу зэманым и гупхэм къыпыхункӀэ шынэхэр щыӀэт. Апхуэдэхэм я жэрдэмкӀэ КӀарцыкъуэ и дэлъэдапӀэм деж гъуэгубгъум фэеплъышхуэ щагъэуват. Къалэм къраша ӀэщӀагъэлӀым наршу фащэ зыщыгъ лӀы зыбжанэр фӀыуэ зэпиплъыхьа нэужь, къуажэдэсхэр зыдигъэӀэпыкъуурэ ищӀа фэеплъыр щытт. Къуажэм къыдыхьэ дэтхэнэми, наршухэм зэрахабзэу, фадэ зэрыт пхъэ фалъэшхуэр хуишийуэ. Фэеплъыр щыташ гъащӀэщӀэр зыухуэ къуажэдэсхэр зытеува гъуэгур тэмэмрэ мытэмэмрэ къипщытэну къалэм къикӀа хьэщӀэ гуэр къэкӀуэху. УнафэщӀым фэеплъыр игу ирихьатэкъыми, абы щхьэрыгъ хъурыфэ пыӀэм щэкӀ плъыжь бзыхьэхуэ тӀэкӀу дабзащ, ауэ а щэкӀ тӀэкӀуми гум имыщтэ гуэрхэр хилъэгъуащ хьэщӀэм. Фэеплъым убгъэдэкӀуэтапэрэ и нэгум фӀыуэ уиплъэмэ, гу лъыптэрт ар гъащӀэщӀэм и бийуэ Бандэкъуэ дыхьэжа гупым я унафэщӀ лейзехьэм хуабжьу зэрещхьым:

… «ТращӀыкӀа фӀэкӀ пщӀэнтэкъым. ГъэщӀэгъуэнкъым хьэщӀэ лъапӀэм и нэщхъыр зэрызэхиукӀар. Жэщым фэеплъым и щхьэр къыпаудауэ нэху къекӀащ. МахуищкӀэ, блэкӀри къыблэкӀыжри игъащтэу, щхьэ зыпымытыж ӀэпкълъэпкъыР гъуэгубгъум щыташ. ИужькӀэ къалэм къраша ӀэпщӀэлъапщӀэ гуэрым абы щхьэщӀэ фӀищӀыхьыжащ. Бандэкъуэ дыхьэжам фэеплъыр ещхь зыщӀа хъурыфэ пыӀэм и пӀэкӀэ абы упщӀэ пыӀэ къекӀу щхьэритӀэгъат. Еплъи гуфӀэ иджы, къуажэдэс, хьэщӀэ, гъуэгурыкӀуэ, бжьахъуэ лӀыжь ахъырзэману фалъэр къыпхуэзышийм…»

Зэман кӀэщӀым къриубыдэу щхьитӀ зэрихъуэкӀыну хунэса фэеплъыр иужькӀи илъэс зыбжанэкӀэ Ӏуташ гъуэгу Ӏуфэм. Ауэ, «тхьэмыщкӀэм ер хуэлъэщ» жыхуаӀэращи, фэеплъым и бэӀутӀэӀур абдеж щиухакъым. Аргуэру фэеплъым и вагъуэр ижащ щэщӀ гъэхэм. УнафэщӀхэм сыт щыгъуи яхэтщ сакъын зи мыжагъуэхэр. Мис апхуэдэ унафэщӀ гуэрым гу лъиташ фэеплъым гъащӀэщӀэм къемызэгъ гуэрхэр иджыри зэрыдэплъагъум.

Мы дунеишхуэр къызэригъэщӀрэ цӀыху цӀыкӀум езым и ӀэкӀэ игъэувыжауэ къокӀуэкӀ унафэщӀышхуэм и жыӀэм унафэщӀ цӀыкӀур блэдэӀукӀыныр щхьэзыфӀэфӀагъыу ялъытэрэ, ищхьэмкӀэ и Ӏэр здишия лъэныкъуэмкӀэ фӀэкӀ, нэгъуэщӀ зыщӀыпӀэкӀэ укӀуэныр бзаджэнаджагъэу къэлъытэн хабзэр. Наршу къуажэ дыхьэпӀэм щагъэува фэеплъми апхуэдэ щхьэусыгъуэт тыншу и пӀэм итыну Ӏэмал щӀимыгъуэтри, езы фэеплъым и ягъэ лъэпкъ абы хэмылъ пэтми, къуажэдэсхэми псэхупӀэ щӀаримытри.

АтӀэ, гъащӀэщӀэм къемызэгъ гуэр аргуэру унафэщӀым фэеплъым зэрыдилъэгъуам кърикӀуар сыт? КъэкӀуам фэеплъыр зэпиплъыхьащ,

гупсысащ, нэщхъей къэхъуащ, зытриубыдэнур къызэрищIам и щыхьэту, и Iупэр зэтрикъузэри къалэм кIуэжащ. Пщэдджыжьым къуажэдэсхэм къалъэгъуащ зи щхьэр пымытыж фэеплъыр. Къэхъуар куэдым къагурыIуакъым, нэхъыбэжыр къагурыIуэнуи хуеиххакъым. АтIэ сыт абы щхьэкIэ, и щхьэр жыгым къыпиудамэ, цIыхухэм я щхьэр щыпыткIэ… Ауэ ар зырикIщ, «мэкъуауэгъуэщ!» Арат нэхъыбэр зэрегупсысыр а Iуэхум. ЗэрыжaIэмкIэ, ар апхуэдэу щIащIар буржуазнэ национализмэм и гъуэгу мыгъуэм теува тхакIуэ гуэрым зэрещхьыркъэпсыр арат…

А псалъэхэм къикIыр тэмэму къагурымыIуами, къэхъуар зэхуaIуатэри, къуажэдэсхэр зэбгрыкIыжащ. Мэкъуауэгъуэт, лIэун!..»

Мы пычыгъуэ цIыкIур щыхьэт тохъуэ Къанкъулым и тхыгъэр и псалъэр мащIэрэ гупсысэр ебэкIыу зэрызэхэлъым.

Япэрауэ, къуажэдэсхэм я дежкIэ мыхьэнэ гуэри иIэкъым а фэеплъыр хэт ещхьми, ахэм ящIэркъым «буржуазнэ национализмэр» зищIысыр, зрагъэщIэнуи я нэр къикIыркъым. Абыхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI хабзэу ящIэр, адэжь щIэину яIэр мыращ – дэтхэнэ лэжьыгъэми, дэтхэнэ Iуэхуми езым и пIалъэрэ зэманрэ иIэжщи, ар блэбгъэкI, укъыкIэрыху хъунукъым, арыншамэ, гугъу уехьынущ.

ТхакIуэм мы повестым къалэну щызыхуигъэувыжыркъым «узэрыпсэун, дунейм узэрытетын хуейр мыпхуэдэущ», жиIэу тхылъеджэм чэнджэщ иритыну. Абы и къалэн нэхъыщхьэу къилъытэжыр а дунейр зыхуэдэр нэрылъагъуу, Iэмал зэриIэкIэ и Iейри, ифIри къигъэнaIуэу абы и пащхьэм кърилъхьэныр аращ. Мис а дунейр IупщIу къызэригъэлъэгъуэфын Iэзагъ тхакIуэм бгъэдэлъ? И къэгъэлъэгъуэкIэр узыIэпишэрэ утемызашэу иухуэфрэ? Мис а Iуэхугъуэхэр тхакIуэм къехъулIэмэ, адэкIэ тхылъеджэм езым къилъыхъуэжынщ куэдыкIейуэ зэхэджа гъащIэ гъуэгуанэхэм ящыщу къыхихыпхъэу къилъытэр.

Мэкъуауэгъуэщ жaIэу, цIыхухэр пIащIэу зэбгрыкIыжа нэужь, тхакIуэм фэеплъым деж къимыгъэзэжын хуэдэу къыпфIэщIынкIэ мэхъу. Арщхьэкlэ къегъэзэж щIэх дыдэу. Сыту жыпIэмэ, фэеплъхэм тхыгъэм щIыпIэ хэха щаубыд (ар адэкIэ къэкIуэнухэми къытхуагъэнэIуэнущ).

… Бжьыхьэ кIасэр къэсу, пшэхэр някъуэщу яIэщIэкIыжу гуартэм хэлъэдэжа мэлхэм ещхь хъуху, фалъэр зыший цIыху фэеплъ щхьэншэр къуажэ дыхьэпIэм деж щытащ. ИтIанэ, щхьэщIэ зыщIыфын IэщIагъэлI гуэри щамыгъуэтыжым, лэжьыгъэ куэди зимыIэж къуажэ гъукIэм щхьэ хъурей хьэлэмэт фэеплъым хуищIыжащ. Пэжщ, иджы фэеплъыр щхьэпцIэт, тхьэмыщкIэм зэращыщыр кърипщIэу, зэман дэкIмэ, бий гуэрми ещхь хъуну фэ теттэкъым.

Повестым и щIэдзапIэм авторым щыдегъэцIыху КIарцыкъуэ щыпсэухэу Мэрем нанэрэ Бекъул дадэрэ. Куэдрэ тщIыгъукъым а нанэмрэ дадэмрэ. Заур а тIум куэди ятритхыхьакъым, ауэ я образхэр гукъинэж пщохъури, повестыр иухыху уи нэгум щIэкIыркъым.

Сыту пIэрэ пэщIэдзэм нэIуасэ дызыхуищIа нэхъыжь угъурлыгъэм я образхэр адэкIэ щIимышэр, дигъэцIыхуа къудейуэ щIытIэпихыжыр?

Абы теухуауэ мыпхуэдэ шэч уощI: псэ хьэлэлрэ гу къабзэу псэууэ еса, къызыхэкIа лъэпкъым и хабзэмрэ напэмрэ псом япэ изыгъэщ, я щIэблэри езыхэм, я адэжьхэм ещхьу хьэрэмыгъэншэу псэууэ гъэсэным хущIэкъуа нанэмрэ дадэмрэ Залинэрэ Ахьмэдрэ я гупсысэкIэ, дуней тетыкIэ хъуар къызэрамыщтэфынур къилъытагъэнщ тхакIуэм. Ахэм щIэблэр зыхуаущиину я гугъамрэ ныбжьыщIэхэр къызэрыщIидзамрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Арауэ къыщIэкIынщ повестым адэкIэ къы-

щыхъу хьэдэгъуэдахэр дадэмрэ нанэмрэ я нэгу щIимыгъэкIым нэхъыфIу къыщIилъытагъэнур авторым.

Мэрем нанэ зэпымыууэ йогупсыс и пхъурылъху-къуэрылъхухэу Залинэрэ Ахьмэдрэ я пщэдейм. Абы щыщIэгупсыскIэ, нанэр и блэкIами хуоплъэкIыж. Еджауэ, щIэныгъэ иIэу щымытми, нанэм псэрэ гукIэ зыхещIэ дунейм, гъащIэм я екIуэкIыкIэр нэрынэ-нэрынэурэ зэрызэпыщIар, пщэдей къэхъунур дыгъуасэ екIуэкIам и къуэпсым къызэрикIыкIыр. А философие узыншэр нанэм тхылъ гуэрми къриджыкIакъым, атIэ гъащIэм кърита щIэныгъэу и лъым хэтщ.

Мэрем нанэ ещхьщ Бекъул дади. Арыншауэ щытынкIи Iэмал иIэкъым – тIури зыщIапIыкIар зы хабзэщ, зыхапIыкIар зы зэманщ. ЦIыхумрэ гъащIэмрэ къызэрехьэкIыурэ щызэрегъэш ныбжьым итми, лIыжьым иджыри жаныфэ тетщ. ТхакIуэм зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ зыхузэфIэкIыр куэд зыгъэва цIыхурщ.

Мэрем нанэ хуэдэу, Бекъул лIыжьри блэкIамкIэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ йоплъэкIыж. Бекъул иIэщ дыгъуасэм къыхилъагъукIыжын.

Лъэпкъ тхыдэм и гъуджэ пэлъытэ лIыжьым фIыуэ ещIэж и лъэпкъыр игъащIэ лъандэрэ зэрыса щIыналъэм къикIыу мыбыкIэ къэIэпхъуэну щрахулIа зэманыр. ГущIэгъуншэу екIуэкIа зауэр иухами, лъэпкъым и щIыналъэр хуэхъумакъым. «…Насыпыншэу лъэрыгъым еIэурэ, лъыпсыр зи лъакъуэм къыфIэж шыр щыхупIэм иригъэхуэхащ, лъэпкъым и нэхъыбэр зауэм ихьат, къэнар хым зэпрыкIыну хы Iуфэмкlэ зэрехьэжьат…»

А псори пIалъэ-пIалъэкIэрэ Бекъул дадэ и нэгум хъарпшэру къыщIохьэж, къыщIохьэж и нэгум и адэшхуэри, ауэ нэхъ IупщIу хилъагъукIыжыр адэшхуэм и щIыбырщ, хым техьэ мыхъуну абы зэрыжиIэгъарщ. Псом хуэмыдэу ахэр игу къыщыкIыжыр пщIантIэм дэлъ мывэжьым щыIуплъэм дежщ. БлэкIам и гукъэкIыж хьэлъэхэри а мывэм хуэдэу быдэщи, щIэхыу зэманым хэшыпсыхьыжынукъым. А мывэр зэгуэр адэ пщIантIэжьым дэлъащ, къыщежьэхэм щыгъуэ нэхъыжьхэм ящыщ зым и унафэкIэ а мывэри къыздамышэу хъуакъым.

Лъэпкъыр зыхэта гуауэр кIэщIу къиIуэтэн папщIэ, Къанкъулым мывэм и образыр хъарзынэу къигъэсэбэпащ. Бекъул дадэ и дежкIэ а мывэр лъапIэщ, и блэкIам и фэеплъщи, нэхъ лъапIэжщ нобэ иригъаджэ, иущий Ахьмэд гъащIэм къыщыхуежэхыну псыр зыхуэдэри – аращ лъэпкъым и къэкIуэнур зэлъытар. Лъэпкъ хабзэм, лъэпкъ гъащIэм ину темыпсэлъыхьхэми, Мэрем нанэрэ Бекъул дадэрэ хуэдэхэрщ зэман бзаджэм лъэпкъыр къезыгъэлыфар, хабзэмрэ нэмысымрэ джэлэс яхуэхъуар, ахъумэ унафэщI гуэрхэм я фIыщIэ къахьын щхьэкIэ фэеплъым махуэ къэс зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэу дэтахэр аракъым.

ЛIыжьыр хущIокъу Ахьмэд цIыху щыпкъэу игъэсэну, дахагъэм хуиущиину, апхуэдэ гъэсэныгъэм и джэлэсыр къыщилъыхъуэри и лъэпкъыжьым игъащIэ лъандэрэ къыдекIуэкI хьэлыфIхэрщ. «ЛIэужьыр бжьиблкIэ зыгъауэр» Бекъул дадэрэ Мэрем нанэрэ хуэдэхэрщ.

Ауэ тхыдэм къыхонэ фэеплъ гъэувын зыфIэфIхэри езы фэеплъхэри. Къыхэнащ тхыдэм къалэ парк ихьэпIэм деж къыщыпIущIэ фэеплъри. Куэд щIауэ щытщ мыр, ешауи фэ тетщ. Мыр зэгуэрым КIарцыкъуэ дыхьэпIэм деж щагъэуву зи щхьэр зыбжанэрэ зэрахъуэкIа фэеплъым хуэдэкъым. Мыбы и шырыкъушхуитIыр лъэщу теувапIэм тетщ. ТхакIуэм мы фэеплъым псэи хелъхьэри, уэрамхэм къыщрегъэкIухь, теувапIэм здытетми, махуэм и Iэр ирегъэший, жэщкIэрэ и Iэ ешар и бгырыпхыбгъуэм дрегъэIужри, зрегъэгъэпсэху. Шынапэурэ фэеплъым бгъэдыхьа

щIалэ цIыкIур, абы и Iэр и бгырыпхым зэрыдиIужар щилъагъум, и нэм щIэIуэтыхьурэ, щIыбкIэ къикIуэтыжри щIэпхъуащ. Нэхъ шынагъуэж хъуащ фэеплъыр уафэгъуагъуэ макъкIэ къыщыщыдыхьэшхам. А дыхьэшх макъ шынагъуэр щIалэ цIыкIум къыкIэлъожэ, зэм япэ къищрэ и пащхьэм къикIэрахъуэу, нэхъ лъэщ хъуурэ, зыщигъэпщкIункIи Iэмал лъэпкъ щымыIэу… КIарцыкъуэ дыхьэпIэм щагъэуvауэ щыта фэеплъымрэ иджы мы парк ихьэпIэм деж щытымрэ сыт хуэдиз зэман я зэхуаку, зыгуэркIэ зэпыщIа а тIур? Апхуэдэу тхакIуэр къыдэупщI хуэдэу къыпщохъу. А тIум я зэхуакум, зэманкIэ къэплъытэмэ, куэдыщи дэмылъынкIэ хъунщ, ауэ а зэманым цIыху гъащIэ куэд къриубыдащ, а зэманитIым я мывэ щхьэл шэрхъхэм дэхуэу дихьэжыхьари мащIэкъым. Абыхэм тхакIуэр зыубгъуауэ темыпсэлъыхьми, апхуэдэу зэрыщытар къыдгурегъаIуэ икIи дызрегъэупщIыж: цIыху цIыкIур фэеплъыншэу мыпсэуфыну ара? Псэуфыну къыщIэкIынкъым, ауэ псори зэлъытыжар а зи фэеплъыр пхъумэр зыхуэдэращ. Фэеплъыр, цIыху щхьэхуэм хуагъэувами, ар уи дыгъуасэм, уи блэкIам я фэеплъщ – дыгъуасэри блэкIари тхыдэм пхухэгъэкIынукъым, гуми ихугъуафIэу пхуигъэхунукъым. Ар я фэеплъщ Мэрем нанэрэ Бекъул дадэрэ. Феликс, Залинэ, Ахьмэд сымэ зытет дунейр а нэхъыжьхэр зэрыхуеям хуэдэу мыхъуагъэнкIи хъунщ, ауэ а нэхъыжьхэм яхузэфIэкI къагъэнакъым нэхъыщIэхэр цIыху хуэдэу псэун, цIыхугъэмрэ нэмысымрэ я Iэпэгъуу дунейм тетын папщIэ. АтIэ, апхуэдэу мыхъуамэ, хэт зи ягъэр? Уи хабзэм, лъэпкъым, нэмысым, цIыхугъэм уепцIыжмэ узыхуэкIуэнур Феликсрэ Залинэрэ зыхуэкIуар station аращ – уIэбэми улъэмыIэсыжу, къызэребгъэгъэзэжыфын къаруи щымыIэу, зы къалэшхуэу зэхэс мы дунеишхуэм утегъуэщыхьынурэ, къэбгъэщIам ухуеплъэкIыжмэ, уи напэр къыпфIисрэ утеукIытыхьыжу, ухущIегъуэжу уи гъащIэ мащIэр екIуэкIынущ. Къалэм удэмыгъуэщыхьын щхьэкIэ напэмрэ акъылымрэ ягъэзахуэ гъуэгу пыухыкIа утеувэн хуейщ. Абы тыншу утемыувэфынри зыхуэIуа щыIэкъым, ауэ гъащIэри матэщIэдзауэ екIуэкIыркъыми, нобэкIэ ефIэкIыныгъэ мащIэ къозыт гуэрхэм уаблэбэкъукIыу цIыхугъэ дахэм и гъуэгум утеувэфын хуейщ. ИтIанэ, зэрымыщIэкIэ угъуащэми, уи гъуэгур нэхъ тыншу къыпхуэгъуэтыжынущ икIи нэхъ гупсэхуу пхуэкIунущ.

Зи гугъу тщIы повестым хуэдэ дыдэу, тхакIуэм бгъэдэлъ Iэзагъэр IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ а тхылъым ит рассказхэми. Ахэр къэбэрдей прозэм куэдрэ узыщыхуэмызэ фантастикэ, детектив лIэужьыгъуэхэм тету тхащ. Абы къыхэкIыуи гъэщIэгъуэнкъым языныкъуэ детектив рассказхэм гум нэмыс ныкъусаныгъэ гуэрхэр зэрыхэплъагъуэр. А жанрым ехьэлIауэ щапхъэ хуэхъун ди прозэм зэрыхэмытыр арагъэнущ тхакIуэр нэгъуэщI къэрал тхакIуэхэм я тхыгъэхэм деж щеджэн хуей щIэхъуар. Абыхэм я Iэужь гуэрхэри и рассказхэм щIыхэплъагъуэр. Ауэ фантастикэ жанрым и мардэм иту рассказхэм апхуэдэ ныкъусаныгъэ ядэплъагъуркъым. Сыту жыпIэмэ, а рассказхэм ущеджэкIэ гу лъыботэ: мыбдежым тхакIуэм щапхъэуи тегъэщIапIэуи иIагъэнур езым и дунейрщ, гъащIэ еплъыкIэрщ икIи ахэр езым и акъылым зэрызэригъэзэхуэфым хуэдэу ди пащхьэм кърилъхьащи. Аращ зэи къэхъункIэ хуэмейуэ ди гугъэ Iуэхугъуэхэр къэхъуа хуэдэу тхакIуэм къыщытхуиIуатэкIэ, ар ди фIэщ щIэхъур. Псом хуэмыдэжу гулъытэ зыхуууегъэщI «КIэгъуасэ хужь» рассказым. Мыбы тхакIуэм псалъащхьэм деж къыщыщIедзэ къэхъункIэ мыхъунур къэхъуауэ ди фIэщ ищIыныр. Псалъэм папщIэ, кIэгъуасэр мыфIыцIэу, атIэ хужьу хэт зи фIэщ пхуэщIынур? Псори зэлъытыжар абы узэреплъ щIыкIэрщ, а кIэгъуасэр зыщIар, къызыпихар аращ.

ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ илъэс псо хъуауэ зэроцIыху, ауэ зэи зэрылъэгъуакъым, телефонкIэ зэпсэлъа мыхъумэ. ЩIалэр телефонкIэ фIэкI зэмыпсэлъа пщащэм хьэщыкъ ищIащ. Нэхущым нэблэгъауэ къэуша щIалэм зыри къыгурыIуэркъым, нэху щыгъуэ хъуами, щыркъым нэху, зэманыр и пIэм иувыIыхьащ, жэщыр имыкIыжу къинащ. ЩIалэм игу къеуэр фIыуэ илъэгъуам зэи зэрыхуэмызарщ. КъыгуроIуэ: «ПсынщIэу абы лъэIэсын хуейщ. Ягъэ кIынкъым, фэкIэ дызэрымыцIыхуми, илъэс псокIэ телефонкIэ…»

Мис иджыпстущ абы хьэкъыу и фIэщ щыхъуар абырэ езымрэ…

Ращ лъагъуныгъэм и къарур – щIалэм жэщыр нэхущым къыхуеблагъэу имыкIыжыну зыкъринами, ар зэгупсысыр аракъым, атIэ и лъагъуныгъэрщ, абы лъэIэсын зэрыхуейрщ. Гум мурад дахэ ищIамэ, ар къехъулIэнущ. КъехъулIащ щIалэм хъыджэбзым лъэIэсыну ищIа мурадри. ЩIалэм и пэш кIыфIу жэщыр здыщIэкIыжын имыдэм зыпэмыплъа хьэщIэ къыщыхуеблагъэри, а хьэщIэм щIалэр фIыуэ илъагъум лъигъэIэсащ. ЩIалэм илъэгъуащ ар тыншу жейуэ зэрыхэлъыр, игури зэгъэжащ. ЩIалэр хъыджэбзым деж зышар нэхущым къыхуеблэгъаращ. Хэт хъуну ар езыр? ЩIалэм и псэр ихьын мурадкIэ къэкIуа Псэхэхыр арагъэнущ. Ауэ щIалэр абы йолъэIу, и псэр хихыным и пэ къиихуэу, «зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, ар иригъэлъагъуну». Зи гур къабзэ щIалэм дежкIэ Псэхэхри мыхьэтырыншэу къыщIэкIащ – абы щIалэм и псэр хъыджэбзым и унэм ехьри ирегъэлъагъу: «Абы и щхьэц фIыцIэ кIэщIыр щхьэнтэм тепхъат, сабий еншэ щIыкIэу, и Iупэхэр мащIэу никъуэзэтежт».

Щхьэнтэм тхылъыр зэгуэхауэ телът. ЩIалэр тхылъ зэгуэхам псалъэуха зытIу къыщеджащ. Ауэ адэкIэ тхылъым зыри итыжтэкъым, напэкIуэцIыр къабзэу текIыжат. Сыт хуэдэ тхылъ ар? Авторым ар къыджиIэркъым, ауэ рассказым еджэм хуигъэфэщэнущ ар ди гъащIэм и тхылъу зэрыщытыр. Мис, нобэм къэсыху псори тхауэ итщ, адэкIэ напэкIуэцIхэр къабзэщ (е итхакIэкъым, е текIыжащ).

ЩIалэр щытащ зы тэлайкIэ, и гум хэлъ мастэр къыхэузыкIынкIэ шынэу. Ар хуейкъым фIыуэ илъагъум имыкIыжу къина жэщыр иригъэлъагъуну, ар зэрыхуэмыхьынур ещIэри. Зэгупсысыри езыр а жэщ имыкIыжым къызэрыхэкIынур аракъым, атIэ а жэщыр пщащэм и гум зэремыуэнырщ. Лъагъуныгъэр сытым дежи къабзэрэ ину щытын хуейщ, арыншамэ ар лъагъуныгъэкъым.

Лъагъуныгъэшхуэм уи щхьэ Iуэху зепхуэну ухущIигъэхьэнукъым – абы цIыху псоми яфI зыхэлъщ узригъэгупсысынур. Ращ щIалэр фIыуэ илъагъум деж зыша и жэщ хьэщIэм, къагъэзэжауэ къыщыкIуэжым, щIалэр гъуэгу мыцIыхукIэ къыщIишэжыр. КъыздэкIуэжым, къалэр къабгынэу къуакIэбгыкIэ гуэр къыщихутэм, ахэр къыр лъагэ гуэрым и сыджым тотIысхьэ. Бгы абрагъуэм и щIыбым мафIэ топышхуэ дэукIуриеу ар щызэгуэудым, дыхьэпIэ къэунэхуамкIэ щIалэмрэ и гъусэмрэ бгы кIуэцIым илъэтащ. Бгы щым нэщIышхуэм инуи цIыкIууи мафIэ куэд къыщыблэрт. ЩIалэм и гъусэм кърегъэлъагъу и пщащэм и гъащIэ мафIэр, абы пэгъунэгъуу къыщоблэ езым ейри. Къарууншэ хъуарэ ужьыхыжу. ИкIи щIалэм и гъусэм къыжреIэ мо мафIэ къомым щыщу зыхуейр къищтэу езым и мафIэм пэридзэ, ар къызэщIигъэрыуэж зэрыхъунур, мафIэр зэхэкIыжмэ, и псэр зэрыхэкIынур. Апхуэдэуи кърегъэлъагъу ищхъэрэкIэ щызэдэункIыфI мафIэ куэдыр – ар цIыхухэр зэрымыукIыжу мамыру зэрызэдэмыпсэуфым и щыхьэту аращ. «Аращи, еуэ, уи гъащIэм хэгъахъуэ»,– къыжриIа пэтми, щIалэр хуеякъым нэгъуэщIым и гъащIэкIэ

езым ейм хигъэхъуэну икIи и гъусэм йолъэIу игъэкIуэжыну, езыри жэщ имыкIыжыр здишэжу кIуэжыну… Бгы гъуанэ къикIыжыпIэм къэсыжауэ, зэплъэкIри щIалэм къилъэгъуащ мафIэхэм ящI кIэгъуасэхэр – языныкъуэхэр фIыцIабзэу, адрейхэр хужьу…

ЩIалэр къызэщыуащ. Иджыри кIыфIт, Iэбэри зэгуипIэжащ лъэныкъуэкIэ ебгъунлъэкIа тхылъыр…

Нэху щырт, ауэ щыхъукIэ жэщ кIыфIыр къинэпакъым.

Напэкlуэцlищым тlэкlу щlигъуу аращ мы рассказыр, ауэ цlыхум и гъащlэ псо, зы дунеишхуэ къызэщlиубыдэфащ.

НапэкIуэцIитIым зы тIэкIу фIэкIа щIимыгъу «Жэщ псалъэмакъ» рассказри дуней гъащIэм и философие куукIэ гъэнщIащ. Дунейм щызепхьа лейр зэи къызэрыпхуэмыгъунум, абы и тезырыр ахърэтми зэрыщыпхьынур аращ рассказым и купщIэ нэхъыщхьэр.

Кхъэм ит кхъэлэгъунэхэм ящыщ зым жэщым къыщIэтэджыкIа лIыжь гъур кIыхьым нэгъуэщI зы кхъащхьи зэбгретхъужри, абыи нэгъуэщI зылI къыщIокIыж. Исуфрэ Залымрэ я щIалэгъуэм зэрыцIыхуу щытащ. Исуф ихьа бзэгум и зэранкIэ, зэманым щигуащIэгъуэ дыдэ лъэхъэнэм Залыми и унагъуэри дашри, Сыбыр Жыжьэм яхуащ. Залым и нэхъыщIитIыр а здахуам къащыIэщIэлIэри, уеблэмэ, тэмэму щIалъхьэжынуи яхузэфIэмыкIыу, кумб чэнж гуэр къатIри, иралъхьащ. Унагъуэ лажьэншэм бэлыхьу трагъэлъар зыхуэдизыр IуэтэжыгъуафIэкъым. Езы Залыми хамэ щIыналъэм хьэм хуэдэу щыщIалъхьэжат, ауэ гугъуехь псори зыгъэвыфа и къуитIым къагъуэтыжри, и Хэку къашэжыфащ. Мис иджы щалъхуа щIыналъэм и кхъэм увыIэпIэ щызыгъуэтыжа лIыжьыр мыбыи тыншу щIэзагъэркъым. Ар хуейщ е псори зи бзэгум къикIа Исуф хуэзэу еупщIыну лажьэ имыIэу лей къыщIытригъэхьамкIэ. Исуфым псори зэманым трелъхьэ, апхуэдэт зэманыр, жери. АрщхьэкIэ Залым идэркъым: дэ мы щIы щхьэфэм дытетыху зэман-зэманкIэрэ зыми ди гур къырихыурэ итхьэщIыркъым, ар къабзэнуми фIеинуми зи деж къыщынэр дэращ.

Пэжыр жыпIэмэ, Исуф зыми хигъэзыхьатэкъым. Ар хэзыгъэзыхьар и щхьэ Iуэху дэкIыным зэрыхущIэкъурщ. Зыхуей игъуэту псэуну зэрыфIэфIырщ. А мурадхэр Залым и насыпыншагъэмкIэ хузэгъэхъулIэну къыщыхъуати, цIыху хейм и насыпыр, абы къыщIэхъуэ щIэблэм и къэкIуэнур зэрызэтрикъутэм егупсысакъым. АтIэ, абы и ужькIэ Исуф насыпыфIэ хъуа? Хъуакъым. Кхъэм дэсу зэрызиумысыжащи, зыщIэхъуэпсахэм ящыщ гуэрхэри къехъулIащ: унафэщIу къуажэм дэсащ – ищхьэмкIэ къех унафэр илъабжьэмкIэ щыпхигъэкIыу. ЦIыхум я фIэлIыкIи, мылъкуи, унафэщI IэнатIи иIащ, ауэ езыми зэрыжиIэщи: «СылIа нэужьи сыщымытыншкIэ, къуаншагъэ зыри збгъэдэмылъу жыпIэ хъунукъым, дауи».

Рассказым и купщIэ нэхъыщхьэри зыхэлъыжыр лейзехьэу дунейм тета Исуф и псалъэхэм къагъэнаIуэ: дуней тыншыгъуэм зыдебгъэхьэхыу, цIыхугъэри, напэри, гущIэгъури пфIэкIуэду, цIыху лажьэншэм лей кIэлъызепхьэ хъунукъым. КIэлъызепхьэми, абы и тезырым улIа нэужь уздэкIуэж дунейми ущыIэщIэкIыфынукъым.

Тхылъыр къызэрызэIуих «Къалэм дэгъуэщыхьа» повестым деж къыщыщIэдзауэ «Жэщ псалъэмакъ» рассказ кIэщIым деж щиухыжу, Къанкъул Заур и тхыгъэхэм а псори зэпищIэжу зы джэлэс наIуэу пхокI. Ар цIыхугъэрщ. ЦIыхум дунейм къыщыхуиуха гъащIэр псэр хьэлэлу, гур къабзэу ирихьэкIын зэрыхуейрщ. Нобэ бгъуэтыну мылъкум, къулыкъум, тыншыгъуэм зыдебгъэхьэхрэ уэ пхуэдабзэу мы дунейм тет адрей

цIыхухэм я Iей къепхуэкIмэ, ахэр бгъэикIэурэ уэ уи щIыхь пIэтыну ухэтмэ, гува-щIэхами ар къызэрыпхуэмыгъунурщ. Дунейм къыщыблэжьа тезырым ахърэтми укъызэрыщигъуэтыжынурщ. Апхуэдэуи лъэужьыншэ хъунукъым, фIы блэжьмэ. ГъащIэм и лъэхъэнэ псори нэрынэ-нэрынэурэ зэпыщIащи, дэтхэнэ лъэхъэнэми езым и хабзэрэ бзыпхъэрэ иIэжщ. ЦIыхур ЦIыхуу къызэтенэн папщIэ лъэхъэнэ псоми я фащэ нэхъыщхьэу гъэувыпхъэр цIыхугъэрщ. ИтIанэщ сыт хуэдэ зэманми цIыхур насыпыфIэу, дыгъуасэ илэжьам нобэ темышыныхьыжу, темыукIытыхьыжу щыпсэуфынур. ИтIанэ псэр гъуэщэнукъым, зи псэр мыгъуащэр гъуэгу тэмэм ирикIуэфынущ.

Дунейм утетыху, уи псэр зэрымыгъуэщэным хуэсакъ. Мис а гупсысэрщ Къанкъул Заур и тхыгъэхэм я тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу къысщыхъур.

**УЭРЭЗЕЙ Афлик**

# Литературэр гъащIэм щыщ Iыхьэщ

**Нобэ ди псэлъэгъущ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым IуэрыIуатэмкIэ и секторым и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Гъут Iэдэм.**

***– Iэдэм, ди лъэпкъ литературэм нобэ и щыIэкIэр дауэ къыпщыхъурэ?***

– Дунейпсо щэнхабзэр гъуазэу къапщтэу щытмэ, ди нобэрей литературэм зэфIихын хуейуэ, ауэ иджыри и ужь имыхьэххауэ куэд щыIэщ. Япэрауэ, нобэрей гъащIэмрэ абы къыщыхъухэмрэ, цивилизацэр здынэсар, а цивилизацэм и гуманитар Iыхьэр зэрыт щытыкIэр, а псоми ди лъэпкъ литературэр зэрыдэгъуэгурыкIуэр, нэгъуэщIхэри. Ауэ, итIанэми, уигу зыгъэфIу сыт щыIэ жыпIэмэ, нобэ адыгэ литературэм и пкъыгъуэ дэтхэнэми – прозэми, поэзиеми, драматургиеми ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр зэраIэр нэрылъагъущ. Псалъэм щхьэкIэ, литературэм и нэхъ тхыгъэшхуэхэм я гугъу пщIымэ, иужь илъэс зы тIощIым къриубыдэу дунейм къытехьащ КIыщокъуэ Алим, МафIэдз Сэрэбий, Журт Биберд сымэ я романхэр. Ахэр псори ауэ сытми кIыхьу укъуэдия тхыгъэшхуэ къудей мыхъуу, романкIэ зэджэ жанрым изагъэ тхыгъэ зэгъэпэща хъуащ. БзэкIи, композицэкIи, персонаж абы хэтхэм я къэгъэлъэгъуэкIэ-бгъэдыхьэкIэкIи. Прозэм и адрей лIэужьыгъуэхэм датепсэлъыхьмэ, адыгэбзэр фIы дыдэу къэзыгъэIурыщIэ, бзэм и IэфIыр зыхэзыщIэ, гъащIэм кууэ кIуэцIрыплъыф тхакIуэхэр диIэщ. Поэзием и гугъу тщIыуэ щытмэ, зыгуэрым и цIэ къыхэзгъэщхьэхукIыну сфIэкъабылкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зи цIэ къиIуапхъэхэр мащIэкъым.

***– КритикэмкIэ дыIэбэмэ, къэбэрдейм и закъуэ мыхъуу, зэрыадыгэ лъэпкъ литературэу къэдгъащти, критикэ жанрым сыт и шыфэлIыфэ иджыпсту?***

– Критикэм и Iуэхур литературэ псом и Iуэхум нэхърэ нэхъ хэплъэгъуэу къысфIощI. Абы щхьэусыгъуэ иIэщ. Куэдым къащохъу критикэ псалъэм къикIыр зым и тхыгъэ адрейм къищтэу иубын хуейуэ

арауэ. Критикэм и къалэныр аракъым зэрыщытыр. Нэхъыщхьэу абы зыхуигъэувыжын хуейр художественнэ тхыгъэр къищтэу щIипщытыкIынырщ. Мыпхуэдэ фIагъ хэлъщ, мыпхуэдэхэр къехъулIащ, мыбыхэм авторыр пэмылъэщу къэнащ жиIэу псори зэхигъэкIыу. Дэ нобэ литературэ щIэныгъэмкIэ кандидат, доктор пщIы бжыгъэхэр диIэми, абыхэм яхэтыр мащIэ дыдэщ пыухыкIауэ ди тхакIуэхэм я тхыгъэхэм етIысылIэу абыхэм къехъулIа–къемыхъулIахэр къэзыпщытэр. Аращи, литературэм гъуазэ гуэрхэр хуэзыгъэувын критикэ дыхуэныкъуэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, гурыгъуазэ-щхьэрыгъуазэ къудейкIэ литературэм зиужьынукъым. Ар ефIэкIуэнымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ мэхъу жыжьэ плъэф, дунейпсо литературэмрэ щэнхабзэмрэ зи тегъэщIапIэ критикэр. Дунейпсо литературэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ ди лъэпкъ цIыкIунитIэм и литературэм щекIуэкIхэмрэ зэзыгъапщэу, а цIыкIур иным и сыт хуэдэ Iыхьэми къэзыгъэлъэгъуэфын критик диIэн хуейщ. Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: тхакIуэр зытетхыхь, къиIэт Iуэхугъуэм хищIыкIыу щытын къудейр мащIэщ. Абы и къалэнщ нэхъапэжкIэ ятхауэ щытахэм, дунейпсо литературэм кууэ зыхигъэгъуэзэныр. Уи япэ итахэм ящIар зумыгъащIэу, адэкIэ сыкIуэтэнщ жыпIэу уигу къэбгъэкIыххэ хъунукъым. А псор зэбгъэщIэху, адэкIэ узэрыкIуэтэн къару къыпкъуэмыкIынумэ, абы щыгъуэм умытхэмэ нэхъыфIщ. Сыту жыпIэмэ, уи хадапхэм адэкIэ умыплъэфмэ, уэ птхым зыри хуеинукъым. Художественнэ тхыгъэр ар езыр мыхьэнэ зыбжанэ зэуэ зыгъэзащIэщ. Абы уигури хигъэхъуэн, хигъэщIын, акъыли щIэныгъи къыхэпхын хуейщ. А псори зэщIэмытмэ, ар художественнэ тхыгъэ хъужыркъым.

***– Критикэм и къалэнхэм я гугъу щытщIакIэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэ и щхьэфи сиIэбэнут. Зи гугъу сщIынур Нобель и саугъэтыр зратхэрщ. Ахэр зратынухэр къыщыхаххкIэ, критикхэм яхузэхэмыгъэкIыу ара нэхъыфIымрэ нэхъ Iеймрэ? Языныкъуэхэм деж къыпфIощI а саугъэтыр, политикэ Iуэху халъхьэурэ, зыхуэмыфащэ гуэрхэми ирату.***

– Мы дунейм ущытеткIэ, абы зыгуэркIи зыдебгъэкIун хуей мэхъу, ауэ зыдэбгъэш защIэурэ бжьым ущIэувэжыпэ хъунукъым. Псалъэм папщIэ, къэтщтэнщ Нобель и саугъэтыр зрата Бродский Иосифи, абы нэхърэ нэхъ усакIуэфIу, урысыбзэкIи тхэуэ а саугъэтым пэгъунэгъу мыхъуа Iэджи щыIэщ. Солженицын нэхърэ нэхъ Iэзи щыIэнкIи мэхъу. Ауэ езы литературэри бзэм и IэфIыпIэ къудейм къыщынэркъым. Литературэр гъащIэм щыщ зы Iыхьэщи, абы нобэрей дунейм и щытыкIэр къызэригъэлъагъуэ щIыкIэр, цIыхум и психологиер къызэритIэщIыр, напэр, цIыхугъэр, хабзэр зэригъэлъапIэр, политикэр, къэрал, жылагъуэ Iуэхухэр зэрызэригъэзахуэр, нэгъуэщIхэри къэлъытэн хуей мэхъу. Арауэ къыщIэкIынщ нэфI-ней гуэрхэри халъхьэу къыпфIэзыгъэщIыр. Абы нэмыщIу, къэрал щыхъукIэ, езым фIы къыхуэзышэ-къыхуэзыхьыр саугъэткIэ хегъэфIыкI, икIи абы емыкIу хэлъкъым. Я нэхъ Iэзэр иригъэкIуэтэкIыу, абы къыкъуэплъ гуэр япэ иригъэщынкIэ хуэIуа щыIэкъым.

***– Ди адыгэ литературэмкIэ къэдгъэзэжынщи, уэ уи псэм нэхъ къыдыхьэу сыт хуэдэ тхыгъэ укъеджа иужь зэманым, Iэдэм?***

– АдыгэбзэкIэ тхауэ си гум къинэжыну сызэджар, тIэкIуи хэкIэсауэщ ар къыщысIэрыхьар, КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романырщ.

***– Кавказ зауэжьым лъэпкъым къыхуихьа тхьэмыщкIагъэр нэхъ кууэ къэгъэлъэгъуа щыхъуахэм ящыщщ абхъаз тхакIуэ***

***Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакІэ» романыр, Къэрмокъуэ Хьэмид адыгэбзэкІэ зэридзэкІар. Абы бгъурыбгъэувэ хъуну КІыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр?***

– КъызэрысфІэщІымкІэ, а тІур зэбгъэдэбгъэувэ хъун къудейуэ аращ, сыту жыпІэмэ, я темэкІэ зыкъомкІэ зэтехуэ щхьэкІэ, абыхэм Іуэхугъуэ къаІэтыр зэщхькъым. Къэтщтэнщ КІыщокъуэм и персонаж нэхъыщхьэу романым хэт Дэфэрэджи, ар зэманитІым щопсэу цІыхуитІу. Ауэ я цІэр зыщ, зы персонажщ. Ахэр тхакІуэм зэман зырызым хригъэубыдами, а зы персонажыр тІууэ зэпигуэшауэ, зэщхьэщихауэ аращ. Ар и анэшхуэм и анэ, е и быным и быным и быныж къудейуэ аракъым, зы геным къыпкърыкІащ. ГъэщІэгъуэныращи, мыбдежым Іуэхум апхуэдэу щыбгъэдыхьами, КІыщокъуэр реализмэм зэи темыкІа тхакІуэхэм, ар зыфІэкъабыл дыдэхэм ящыщащ. Пэжу, жыпІэ хъуну къыщІэкІынукъым мыбдежми ар реализмэм щытекІауэ, реализм къэІуэтэкІэм тхакІуэм къригъэубыдэфащ зыр тІу ищІрэ лІэщІыгъуэкІэрэ зэпигуэшыжу. Ар гъэунэхуныгъэм я нэхъ хьэлэмэтщ, узэрымыгугъэну телъыджэщ.

***– Лъэпкъ литературэр игъэбжьыфІэу къыпщыхъуу, нэгъуэщІ сытым и гугъу къытхуэпщІыфын?***

– Мыр нэхъыфІщ, жыпІэу пыухыкІауэ зыгуэрым и гугъу пщІыныр къезэгъ дыдэу къыщІэкІынкъым, ауэ иужь зэманым нэхъ гурыхь сщыхъуахэм ящыщщ, усэмкІэ зыбгъазэмэ, «Кхъужьей къудамэ» жиІэу Уэрэзей Афлик къыдигъэкІа тхылъымрэ Бещтокъуэ Хьэбас и «Усэ къыхэхахэмрэ». Апхуэдэ дыдэу, сигу ирихьат и усэхэри, Бицу Анатолэ теухуа тхыгъэ фи «Іуащхьэмахуэ» журналым трезгъэдзауэ щытащ. Си гугъэмкІэ, мис мы зи гугъу сщІы тхыгъэхэм хуэдэхэр литературэм и зы лъэбакъуэу тхыдэм къыхэнэжынущ. Ауэ мыпхуэдэ гукъеуи щыІэщ. Илъэс тІощІым щІигъу дэкІащ зэхъуэкІыныгъэ жыхуаІэр къызэрежьэрэ, абы цІыху цІыкІур къызэригъэубэлэцрэ. Ди гъащІэр зэрыщыту къызэригъэдзэкІащ абы. Уеблэмэ, къэукъубеищэри, къэралыр зэрыщыту щІилъэфэжащ. Мис ахэр ди литературэм ІэщІыб щохъу. Пэжщ, литературэр Іэмал имыІэу гъащІэм къыщыхъу псоми пыщІауэ щытын хуейщ жыпІэу букъуэдий хъуркъым. Ауэ, сэ зыкъэсщтэжынщи, мы къэралым щыпсэу цІыхуу сыщыщыткІэ, литературэм тІэкІу сыщыкІэлъыплъкІэ, мы дызыхэт Іуэхухэр, дызыхэхуа зэманыр ди тхакІуэхэм къазэрыщыхъур дауэу пІэрэ, ноби пщэдеи дызэрыхъунумкІэ абыхэм акъыл гуэр къахэсхыфыну пІэрэ жысІэу сыкІэлъоплъри, зэкІэ апхуэдэ срихьэлІакъым. Ауэ щыхъукІи, узыгъэгузэвэнрэ узыгъэгупсысэн защІэу иужь зэманым ди гъащІэм куэд къыщыхъуащ.

***– Нобэрей ди тхакІуэхэр зыдэплъеин диІакъым, ди литературэр къыщежьар Октябрь революцэм и ужькІэщ жытІэми, адыгэхэм къахэкІа тхакІуэхэр нэхъ пасэІуэуи щыІащ. Зи гугъу сщІыр Къаз-Джэрий СултІан сымэ хуэдэхэращ. Ахэр адыгэ тхакІуэу къэплъытэ хъуну, хьэмэрэ мыхъуну?***

– Мыбдей зы ныкъусаныгъэ къонахуэ: Къаз-Джэрий къапщтэмэ, ар зэрытхэу щытар урысыбзэщ. Ар урыс литературэм и Іыхьэ мэхъу. Пэжщ, литературэ энциклопедиехэм сакІуэцІрыплъати, абыхэм елэжьахэми пыухыкІауэ яхузэхэгъэкІакъым Іуэхум и тэмэмыпІэр: тхакІуэр къызыхэкІа лъэпкъра хьэмэрэ ар зэрытхэ бзэра япэ игъэщыпхъэр? СултІан Къаз-Джэрий урыс литературэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэн тхыгъэ итхауэ щытамэ, ар урыс тхакІуэхэм хабжэнкІэ хъунт, ауэ итхатэкъыми, адыгэ тхакІуэу къэнэжащ. НэгъуэщІ зы щапхъи къэтхьынщ. Окуджавэ Булат

урыс поэзием мыхьэнэ щиӀэти, урыс усакӀуэу ябж хъуащ. Ауэ иджы мыбы хьэлэмэту хэлъыращ: усакӀуэу Алыхьым къигъэщӀар сыт хуэдэбзэкӀи усэнущ, а бзэр ищӀэу щытмэ, арщхьэкӀэ абы къыпкърыкӀа гупсысэр ар къызыхэкӀа лъэпкъым, и гупсысэкӀэм ещхь мэхъу. Пэжщ, адыгэм мыщэ малъхуэри дыщэ къелъху, дыщэр малъхуэри мыщэ къелъху, жаӀэ. Ауэ куэдрэ къэхъуркъым мыщэм дыщэ къилъхуу. ИпэжыпӀэкӀэ жыпӀэмэ, хамэбзэкӀэ тхэхэр зэрытхэ бзэри къызыхэкӀа лъэпкъри къэлъытауэ лъэпкъитӀми я литературэм хабжэн хуейщ. Апхуэдэхэщ персыбзэкӀэ тхэуэ щыта Низами, бзитӀкӀэ тхэуэ щыта Навои, нэгъуэщӀ Ӏэджэри.

***– Урысхэм я иджырей литературэр къапщтэмэ, абы мымащӀэу ущрохьэлӀэ жыпӀэну уи жьэм къыпхуемыгъэкӀу псалъэхэм. Адыгэ литературэми къэсыну пӀэрэ а уз зэрыцӀалэр?***

– Зэманыр щыӀейм, хъушэм и кӀуэдыжыгъуэм, бжэн щхьэгуэжьыр пашэ мэхъу, жаӀэ. Урыс литературэм и кӀуэдыжыгъуэр къэсауэ пхужыӀэну къыщӀэкӀынкъым, ауэ дэтхэнэ Ӏуэхугъуэми псым и уэрыгъуэрэ и ужьыхыжыгъуэрэ иӀэщи, иджыпсту урыс литературэр тӀэкӀу щӀэужьыхауэ аращ. Пэжщ, тхъурымбэр текӀыжрэ, псыр жэбзэжмэ, къыщӀэщыжынущ хэт и мывэ сыт хуэдэ теплъэ иӀэми, а псым сыт хуэдиз и кууагъми. Иджыпсту а псор тхъурымбэ къыдрихьеям дахэ-дахэу уигъэлъагъуркъым.

***– Нобэрей къэбэрдей литературэм сыт нэхъ арэзы укъищӀу хэлъ е мис мыр щызгъэӀэнтэкъым, жыхуэпӀэ хэплъагъуэрэ?***

– Арэзы сыкъэзыщӀу хэлъыр, а зи гугъу тщӀа жьэм къыпхуемыгъэкӀу псалъэхэм хуэдэхэм адыгэ литературэр зэрыхуэмыкӀуарщ. Ди тхакӀуэхэр Ӏэзэми хуэмыхуми, гъащӀэм къыкӀэрыхуами япэ ищами – зыми емылъытауэ, мыхъумыщӀагъэм зыдрагъэхьэхакъым. ЦӀыхугъэми хабзэми теухуауэ, бзэм и ӀэфӀагъри къыхэщу тхыгъэ мымащӀэ диӀэщ, Тхьэм и шыкуркӀэ. Нэхъ сигу къеуэм и гугъу пщӀымэ, ар нобэрей проблематикэр къэзыӀэту цӀыхум и гур зыгъэфӀын, зыгъэгушхуэн, хэзыгъэплъэн, ди зэманым цӀыхур зыхуэныкъуэм пэджэжын тхыгъэ зэкӀэ ди тхакӀуэхэм зэрамыӀэрщ. Дыщыгугъынщ дяпэкӀэ апхуэди щыӀэну.

*Епсэлъар* **НАФӀЭДЗ Мухьэмэдщ**

## *2010 гъэр ЕгъэджакӀуэм и илъэсщ*

# Унэм щамыгъэсам хасэм щищӀэн щыӀэкъым

**Нанэ Любэ 1976 гъэм КъБКъУ-р къиухащ, илъэс 40-кӀэ къулъкъужындэс сабийхэм яригъэджащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ. Илъэс 22-кӀэ Къулъкъужын Ипщэ 2-нэ курыт школым и директорым и къуэдзэу, илъэсипщӀкӀэ а еджапӀэ дыдэм и директору лэжьащ. 2007 гъэ лъандэрэ цӀыхухэм щӀэныгъэ егъэгъуэтынымкӀэ Бахъсэн район управленэм и методистщ. Нанэр категорие ищхьэ зиӀэ егъэджакӀуэщ, «Отличник народного просвещения» цӀэ лъапӀэр зэрехьэ. Ди журналым и лъэӀукӀэ иджыблагъэ Любэ зыхуигъэзащ журналист ПщыхьэщӀэ Хьэбыж.**



***– Любэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ ухъуныр дэнэ къыщежьа? Хэтыт ар зи жэрдэмыр?***

– Сабийм и натIэм итхауэ дунейм къытехьэу жаIэ IэщIагъэ хуэхъунур. Сэри сыапхуэдэу пIэрэ жызоIэ. Ауэ си япэ егъэджакIуэу щыта Нэхущ Хьэцаци и фIыщIэ хэлъщ абы. Япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ сэ ар бегъымбар пэлъытэу къысщыхъуащ. Хьэцацэ цIыху щыпкъэт, дахэт, сыткIи щапхъэ зытепх хъуну адыгэ бзылъхугъэ нэст. Апхуэдэу сэ къалэн зыщысщIыжат ди еджапIэм илъэс куэдкIэ и унафэщIу лэжьа, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу щыта, лъэпкъ напэм и хъумакIуэ ткIий КъуэщIысокъуэ Хьэжысмел ещхь сыхъун хуейуэ. Пэжщ, Хьэжысмел зи тхыгъэхэри къытрадзэ, зи тхылъхэри къыдагъэкI тхакIуэ Iэзэуи зыкъигъэлъагъуэрт. Ар адыгэлI нэст, ущиякIуэ гъуэзэджэт, икIи а цIыху щыпкъэм и лъагъуэм сызэрырикIуам зыкIи сыхущIегъуэжыркъым. ГъащIэм насып нэхъ ин дыдэу щызиIэри езгъэджа сабийхэрщ. Абыхэм дэрэжэгъуэ мыухыж къызат.

***– Курыт еджапIэм директору илъэсипщIкIэ ущылэжьащ. ЕгъэджакIуэ къызэрыгуэкIымрэ унафэщIымрэ я Iуэхухэр зэбгъапщэмэ, дэтхэнэра уи гъащIэм бжьыпэр щызыIыгъар? Апхуэдэу сыныщIоупщIыр цIыху губзыгъэ гуэрым «къулыкъум хьэлыр ехъуэж» зэрыжиIар сигу къэкIыжащи аращ. Уэ сыт хуэдэ хьэл къыпхилъхьа е дэнэкIэ уриIуэнтIэкIыфа директорым и шэнтжьейм?***

– Къулыкъур щыгъын хьэхум хуэдэщ. Абы уи щхьэр игъэуназэмэ, зыгуэрым ухущыщIэу, ухуэныкъуэу аращ. Си щхьэкIэ къызолъытэ цIыхугъэ нэхъ лъапIэ щымыIэу. Сыт хуэдэ IэнатIэ уIумытми, сыт хуэдэ къулыкъу умыIыгъми, цIыхуу укъэнэжын хуейщ. Пэжщ, гупым урaунафэщIу ущытыным къалэн пыухыкIа гуэрхэри къыпхуегъэув. Ахэр зэфIэпхыфу щытын хуейщ. Къэралым дзыхь къуигъэзу пщэрылъ къыпщищIа IэнатIэм емыкIу къыщыпхь хъунукъым. А Iуэхур ипэкIэ бгъэкIуэтэну, купщIэ зыхэлъ лэжьыгъэ тэмэм къепхьэлIэну уи къалэнщ. Гупыр унафэщIым къуэмытмэ, утыкум къинэнкIэ зэрыхъунур зыми хуэIуакъым. Сэ къысщохъу сызыхэта гупым сыкъэзыгъэщIэхъу къахэмыкIауэ. СхужыIэнукъым IэнатIэм си хьэлыр ихъуэжауэ, зызгъэпагэу си щхьэр лъагэу щысIэта къэхъуауэ.

Си адэ-анэм сыт щыгъуи къызжаIэу щытащ: «Дэнэ ущыIэми, цIыхум

пщIэ хуэщI. ЦIыху нэхъ лъапIэ щыIэкъым, цIыхуфIым и сэбэп фIэкIа и зэран къокIынукъым». А псалъэхэр зэрыпэжым шэч къытесхьэркъым, хьэкъыу ар спхыкIауи сыкъокIуэкI.

***– Нобэрей щIалэгъуалэм я гупэр анэдэлъхубзэм нэхъ хуэгъэзауэ щытын щхьэкIэ, сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэр лэжьыпхъэу къэплъытэрэ?***



– «Унэм зыщыгъаси, хасэм кIуэ», – жиIащ пасэрейм. ИпэжыпIэкIэ мы псалъэхэр гъащIэм къыхэкIащ, мыхьэнэ кууи яIэщ. «Адыгэбзэм КъалэкIыхьым нэсщ уздынигъэсынур» жызыIэ адэ-анэхэр щоуэ. Уи анэдэлъхубзэр умыщIэмэ, укъызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм, и культурэм ущымыгъуазэмэ, абы шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым, – умыхьэнэншэу аращ. Ар сыадыгэщ жызыIэ дэтхэнэ зы цIыхуми къыгурыIуэн хуейуэ къысщохъу. Уи лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр уэ умыгъэлъапIэмэ, хамэр къакIуэу пхуигъэлъэпIэну? Хьэмэрэ нэхъыжьхэм къыбгурагъэIуэну я къалэнкъэ уи бзэр умыщIэжмэ, лъэпкъкIуэдыр къызэрыпхуэкIуэнур?

Псом япэрауэ, адыгэ унагъуэхэм бзэр щызекIуэн хуейщ. ЕтIуанэрауэ, дэ тхуэдэ лъэпкъхэм бзэр лъахэм щагъэлэжьэн хуейщ. Ещанэрауэ, ди школхэм адыгэбзэр кIэрыдзэну щIыщытын щыIэкъым. НэгъуэщIыбзэхэри зэбгъэщIэн зэрыхуейм уи анэдэлъхубзэр къыдигуэ хъунукъым. Бзэ нэхъыбэ пщIэху нэхъ къулей, лъэщ ухъунущ, уи къэухьыр, щIэныгъэм и къэухьыр нэхъ ин ищIынущ. И щхьэ течауэ жыIэпхъэщ зи бзэм елъэпауэр, зи лъэпкъыр зыгъэикIэр, гува-щIэхами, езыр икIэ зэрыхъунур. Ар псоми къыдгурыIуэн хуейщ.

Куэдрэ сигу къохьэ гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм теухуауэ схузэфIэкI псомкIи цIыхухэм садэгуэшащэрэт, сахуэщхьэпарэт жысIэу. Егъэлеяуэ сфIэфIщ цIыхум фIы къехъулIэну, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм. ЩIэблэр и IэпкълъэпкъкIи и гупсысэкIи мыузыншэмэ, лъэпкъыр узыншэкъым.

Зэманыр Iейщ, жаIэ. Зэманым зыри и лажьэкъым – гъэсэныгъэр бгъунлъауэ аращ. Адэ-анэр «губгъуэм» итщ, бэзэрхэм тетщ, быныр зэрегуакIуэу уэрамым дэтщ, къезыгъэзэн ягъуэтыркъым. Дыпсэун хуей-

къэ жаIэнущ. Лэжьыгъэ щымыIэу, лэжьапIэ ямыгъуэту жаIэ. Iэщ епхи гъашхэ. Джэдкъаз гъэхъу. ЩIым елэжь. Ар хэкIыпIэкъэ? Псалъэм папщIэ, ди унагъуэр къэсщтэнщи, ди адэ-анэм бынибгъу дапIащ къуажэми дэмыкIыу, нэгъуэщIыпIи лэжьапIэ къыщамылъыхъуэу. ДапIа къудейкъым – драгъэджащ, щIэныгъэ ищхьэ зимыIэ къытхэмыту. Абыхэм зыми зыри къратакъым, жэщ, махуэ ямыIэу лэжьауэ аращ. Iэщ ягъэшхащ, щIым елэжьащ. Джэдкъаз ягъэхъуащ. Дэри зэхэдмыщIыкIыу къэнакъым адэ-анэр гугъу къызэрыддехьар.

***– Любэ, къуажэдэс, къалэдэс сабийхэр сыткIэ зэщхьэщыкIыу къэплъытэрэ адыгэбзэм зэрахущыт елъытакIэ?***

– Езы сабийхэр апхуэдэу зэхэбдз хъуну къыщIэкIынкъым, ауэ къалэдэс унагъуэхэм я нэхъыбэм адыгэбзэр къыщагъэсэбэпыркъым. Къуажэдэс сабийхэм къаIурыщэщу зи гугъу ящIхэм щымыгъуазэххэ къалэдэсхэм яхэтщ. Куэд иIыгъщ укъэзыухъуреихь дунейми. Къапщтэмэ, ди сабийхэм уэрамым, унагъуэм анэдэлъхубзэу щызэхахыр мащIэ дыдэщ. Уэрамым удыхьамэ, лэжьапIэ-IуэхущIапIэ, тыкуэнхэм я цIэхэр абыхэм сыт хуэдэбзэкIи тетхащ, адыгэбзэм къищынэмыщIауэ. АбыкIэ ерыщыр Налшык и закъуэкъым, атIэ я нэхъ къуажэ пхыдза дыдэхэми ар я мыхьэмышхкъым.

Къэралыбзэу ябж адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зэрымылажьэм укъигъэуIэбжь къудейкъым, атIэ икIи укъегъэгубжь. Бзищри – адыгэбзэри, балъкъэрыбзэри, урысыбзэри – зэдэлэжьамэ, хъарзынэтэкъэ?

***– «АдыгэбзэкIэ къыпхуэмыIуэтэн гупсысэ щхьэм къэкIыркъым», итхыгъащ псоми фIыуэ тлъагъуу щыта IутIыж Борис. Уриакъылэгъу уэ абы?***

– Ауэ сытми сриакъылэгъу! Ауэ, пэжым ухуеймэ, адыгэбзэр зэзымыпэсыж гуэрхэри щыIэщ, зи бзэкIэ псалъэхэр гъащIэм къыкIэрыхуауэ, нобэрей зэманым емыкIуу къэзылъытэхэри мащIэкъым. Ауэ ахэм я нэхъыбэр щыгъуазэкъым гупсысэ гуэр къыщаIуэтэнум деж, япэ щIыкIэ а зрамыпэсыж бзэмкIэ я гупсысэр зэрызэрагъэзахуэм, итIанэщ зыхуей бзэмкIэ къыщапсэлъыр.

ИщхьэмкIи къызэрыхэзгъэщащи, бзэ нэхъыбэ пщIэным сэбэпынагъ фIэкIа зэраныгъэ лъэпкъ къишэнукъым. Ар сэбэп мэхъу лъэпкъхэр нэхъ зэпэгъунэгъуу зэшэлIэнымкIи. Ауэ, иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIауи ирехъуи – цIыхум дежкIэ бзэуэ щыIэм я нэхъыщхьэр, я лъабжьэр езым и анэдэлъхубзэрщ.

Сэ си щхьэкIэ сфIэзахуэкъым махуэ къэсыхукIэ «ди бзэр мэкIуэд, ди бзэр мэкIуэд» жызыIэу кIийхэр. Къэсщтэнщи, Бахъсэн куейм и закъуэ адыгэбзэкIэ лэжьыгъэу щызэфIэтхым фIэкIа емыкIуэкIми, сэ къысщохъу ди бзэр игъащIэкIэ мыкIуэдыжыну. ЕджакIуэхэри егъэджакIуэхэри гурэ псэкIэ хэтщ абы хуэунэтIа Iуэхугъуэхэм. Ди щэнхабзэм телажьэхэм я усэхэр гъэхуащ, я псалъэхэр шэрыуэщ, я пшынэр мэбзэрабзэ, я къафэм и дамэр шэщIащ. А псом сыщыкIуэцIрыплъкIэ, гум фIэщхъуныгъэр къыщоблэ, мыпхуэдэу жиIэу: «Мыр зи щIэблэ къабзагъым ди бзэр дэкIуэдыжын хуейкъым». ИкIи дыкIуэдыжынкъым, Тхьэм жиIэмэ, сыту жыпIэмэ, дэ нобэ ди куэдыкIейщ анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр къызыгурыIуэхэмрэ ар зыгъэлъапIэхэмрэ. Мыбдежым къыщысхьыну сыхуейт абыхэм ящыщ Мыкъуэжь Анатолэ и зы едзыгъуэ:

*Бзэ къэсыхукIэ – лъэпкъщи, сфIэфIщ щызэхуагъадэр,*
*Сэ итIани щыIэщ зылъызгъэс пщIэ лей:*

*Сянэм и гукъеуэр къызэрысхуиIуатэ*
*Бзэм нэхъ лъапIэ теткъым сэркIэ мы дунейм.*

***– Любэ, ди псалъэмакъым и кIэухыу абы къыпызыщэ зыкъомкIэ сыноупщIынут. Ахэр пфIэкъабылмэ, кIэщI дыдэу жэуап къытхует.***

***– Хэт пщIэ зыхуэпщIыр?***

– ГъащIэм екIуу дунейм тет дэтхэнэми. Къэзанокъуэ Жэбагъы жиIащ: «Зэманым декIур лIыфIщ». А гупсысэр сигу ирохь.

***– Сыт фIыуэ умылъагъур?***

– ЩIыкIейхэмрэ зыкъызыфIэщIыжахэмрэ.

***– Сытым уигъэгуфIэрэ?***

– ГуфIэу къыспежажьэ сабийхэм дэрэжэгъуэ къызат. Къыздалъхуахэм я ехъулIэныгъэхэм сагъэгуфIэ.

***– Сытым уигъэнэщхъейрэ?***

– Си анэм и нэгур зэIуауэ слъагъумэ… ЦIыхум сызэхимыщIыкIмэ…

***– ЦIыху дахэр хэт?***

– Гъэсэныгъэ тэмэм зиIэращ.

***– Упсэу, си гуапэщ уи мурад псори къохъулIэну.***

Хъуэжэ и Куэбжэ

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий

## Къербэч и пщэдейхэр

Ей, щхьэ бзаджэ егъэджакIуэр?
Къербэч и щхьэр егъэуз,
Зи мыувыIэу еджэн Iуэхур
Къыхуепсэлъри егъэгыз.

Ар Советым и «лIы пашэщ»,
Къуажэ Iуэхум щIигъэнащ,
Нобэ зыкIи уемыпсалъэт:
Нэху щыхункIэ ар ефащ.

Тынш уи гугъэ жэщ щысыныр?
Ар зэфIэлъу нэху къекIащ.
Модэ еплъыт, пIэ къыфIэщIри
ТхапIэ стIолым тежеящ.

Ягъэ кIынкъым, тIэкIу жеинщи,
Пщэдей жьыуэ ар лэжьэнщ,
И щхьэр хъужмэ, жан хъужынщи,
Iуэху пэщылъхэм «елэжьынщ».

Фадэ Iэнэм ар бгъэдэсмэ,
Iуэхур псори зэфIэкIащ...
Хъуахъуэу, ефэу, и пшынауэр
Къыщхьэщытмэ, Iуэхур хъуащ.

Сыхьэтмыгъуи егъэджакIуэр,
Къербэч махуэу хущIыхьэн?
Жэщи махуи жей зимыIэм
Уи еджапIи фIэIуэхун?

Къербэч цIыкIум сыт и лажьэ,
Махуэ псори и пщэдейщ,
ЕгъэджакIуэм пIалъэу хуищIыр
Сыхьэт къэскIэ зы «пщэдейщ».

Къербэч и нэр, аргъуей щIыкIэу,
Жэщхэм фIыуэ зэтырех.

И уэрэдхэр игъэдахэу
ДэнкIи ефэр щызэIуех.

Еджэн Iуэхукlэ тхылъ къахьыхукIэ,
Къербэч и нэм щIоIуэтыхь,
Щхьэ уэндэгъур игъэсысу
И мылицэм ар тошхыхь:

«ЩIэхыу кIуэи, Мусэ къашэ!
Партэ къутахэр егъэщIыж,
Бжэ, щхьэгъубжэу зыхуэныкъуэр,
ФIыуэ еплъи, хегъэлъхьэж.

Ар дэмысмэ, пщэдей жьыуэ
Сэ еджапIэм селэжьынщ,
ЕгъэджакIуэр зыхуэныкъуэу
ЩыIэ псори къэзгъуэтынщ…

Хьэуэ, аркъым… ауэ тщIынкъым,
А еджапIэр сэ си Iуэхущ;
Мо си тхакIуэм нобэ кIуэи
Пхъэ къыхуэши ар нэхъыфIщ.

ЕгъэджакIуэм яхуэпщIэхукIэ,
ЩокIри ди щхьэм къыдокIуей.
Зы хуэсщIэнкъым, зэрегуакIуэщ,
ФIэфIыхункIэ дыреуей», —

ЖиIэу хъуэщIэу, щIопщ тIуащIэр
И Iэм илъу зэхекIухь,
Хущхьэ-щатэу, зеукъуэдийри,
ЩIокIри лафкIэм зырегъэхь.

И еджапIэр ныкъуэу щытми,
Къербэч тхъэжмэ ирикъунщ.
«Пщэдей» пIалъэу егъэджакIуэм
Иритыфмэ, зэфIэкIынщ.

*1932 гъэ*

НАЛО Заур

# Ныр Мызэ и хъыбарищ

## ШЫЩIЭР ЗЫШХ БЛЭЖЬЫР

— Уи фIэщ мыхъун бжесIэнщ сэ: зауэм и пэкIэ ди адэр шыбзыхъуэу Къущхьэхъу щыIэти, йоуэри, зы махуэ гуэрым тIэкIу зигъэпсэхуну къыдохьэж аби, мыпхуэдэу жеIэ:

— Мызэ, сэ тIэкIу зызгъэпсэхуну сыкъэкIуэжащи, уэ си пIэкIэ кIуэи си гъусэхэм ядэIэпыкъу, арыншэмэ къатехьэлъэнщ! И шыр къызет: — мыри къыпщхьэпэжынщ! — жи, Iэдакъэсэ емынэ гуэр иIэти, ари къызет.

Сэри сошэсри, Къущхьэхъум сокIуэ. СыздэкIуам къысщыгуфIыкIыу срагъэблагъэри, гъуэгу утетащ жыхуаIэу, зы махуи зызагъэгъэпсэху. Махуэм и ужькIэ я нэхъыжьым унафэ ещI сэри шы згъэхъун хуейуэ.

Арати, пщыIэм сытекIын щыхъум, сыкъегъэувыIэри и IэшхуитIыр си дамащхьэ зырызым къытрелъхьэ аби, си нэм къыщIэплъэурэ, мыри къызжеIэ:

— Иджы, щIалэ, уэ дызэрыпщыгугъыр шы бгъэхъуным и закъуэкъым. Мы хакIуапщIэм зы шыбз гуэр хэтщ псэфуи, хуэсакъ: а шыбзым къилъхур алъп лъэпкъщ, алъп лъэпкъым я лъым нэхърэ нэхъ IэфI щыIэкъым. Мис абы щхьэкIэ зы хьэпщхупщ емынэ гуэр къеуэсащи, шыбзыр лъхуэху, къилъхуар тфIешх. Ар иумыгъэшхыу къытхуэпхужмэ, лIыгъэжьыр уиIэу къэтлъытэнт.

— Деплъынкъэ а хьэпщхупщри зыхуэдэм! — жызоIэри, соуэ аби, шыбзыр тызоху.

Сымыбэлэрыгъыу шыбз псэфым сыкIэлъоплъ. СыкIэлъоплъ зы махуэ, сыкIэлъоплъ махуитI; ещанэ махуэм сызэрыщхьэукъуар сымыщIэжу сыщхьэукъуэщ аби, абы ирихьэлIэу шыбзыр лъхуэри, къилъхуар кIуэдауэ сыкъызэщыужащ. Шыбз тхьэмыщкIэм щтэIэщтаблэу, пIейтейуэ зиплъыхьырт, гужьеяуэ, и пIэ имытыжыфу апхуэдэт. Сыт сщIэнт? ШыщIэр схуэмыхъумами, шыбз гуартэр пщыIэм къытесхуэжын хуейти, къытесхуэжащ. ПщыIэ тхьэмадэр ныспежьа щхьэкIэ, шыбзым шыщIэр зэрыщIымыгъур щилъагъум, нэщхъей къэхъуауэ пщыIэм сыщIишэжащ. Сэри ахьмакъыу сыкъызэрыщIэкIам сытеукIытыхьыжауэ, сыкIуэри сыгъуэлъыжащ. Сыгъуэлъыжа щхьэкIэ, жейм сезэгъакъым.

Нэху дыкъекIри, пщэдджыжьым жыыуэ сыкъэтэджщ, си шы-уанэ зэтеслъхьэри, шыщIэлъыхъуэ сежьащ. Куэдрэ сылъыхъуа-мащIэрэ сылъыхъуа, сытми, зы зэман зэ блэ ин гуэр и лъэужь сытехьащ. Лъагъуэм

срикIуэурэ блэ абрагъуэ гуэрым сришэлIащ. Тылифон пкъо хуэдиз зи гъумагъ блэжьым шыщIэр ихьауэ ишхыу, шхын имыухауэ къэслъэгъуащ. Ар щыслъагъум, си фоч зэгуэтыжьыр зыпщIэхэсхщ аби, тезгъэпсащ, сеуэу сыукIын си гугъэу. АрщхьэкIэ абдеж кIий макъ гуэр къоIу:

— Ей, щIалэ, пщIэну уи гугъэр сыт? — жери къоджэ зы лIыжь цIыкIу гуэр; хэтми сщIэркъым, сцIыхуркъым.

— Уэлэхьи, мы блэжьыр сыукIын си мураду армэ, — жызоIэ.

— А блэр фочкIэ пхуэукIынукъым, а уи гугъэм хуэдэу, — жи лIыжь цIыкIум. — Абы и укIыкIэ хъунуращ: езым шхэн иухмэ, жейр къытеуэнурэ и гъуэм ипщхьэжынущ; ипщхьэжа нэужь, жэщищ-махуищкIэ жеинущ. И жеин зэрырикъуарауэ, пщэдджыжьым дыгъэр къыщыщIэкI дакъикъэм къипщыжынурэ, щэ хущхьэнущ, и жьэр иущIурэ. Абдежым блэм и нэр дыгъэм щIрегъэукъуанцIэри игъаплъэркъым. Мис а дакъикъэм урихьэлIэу и жьэ ущIам ужьэдэуэмэ, блэм уи насып текIуэри уукIащ. Ауэ абдежым укъилъагъумэ, блэм и насып къыптекIуэри уишхащ. Иджы арыншауэ уеуэми, уи шэр нартыху пIэнкIым хуэдэу къигъэлъеижыну мыхъумэ, зыри пхуещIэнукъым; абы и фэр, темланкIэм хуэдэу, быдэщ!

Арати, сыт сщIэнт, си жагъуэ хъури, пщыIэм къэзгъэзэжащ, ауэ, къэзгъэзэжыным ипэкIэ, лIыжь цIыкIум берычэт бесын жесIэнщ, жысIэри, сыщыбакъуэм, дэнэ кIуами сымыщIэу, лIыжь цIыкIур уэм хэбзэхэжащ. Алыхьым ещIэ, жин хужь жыхуаIэм хуэдэ хъунт! Арати, пщыIэм къэзгъэзэжри, тIэкIу седзакъэщ аби, шыбзыр тезгъэкIащ. Махуищыр дэкIыху сеплъэкIуащ блэжьым и гъуэм. Ещанэ махуэр къэсри, пщэдджыжьым дыгъэр къыщыщIэкIым хуэзэу, блэжьыр гъуэм къипщри, хущхьэу щIидзащ. Зэ хущхьэри, хъуаскIэр къыIурихащ, етIуанэу хущхьэри, мафIэ бзийр къыжьэдихащ. Ещанэу щыхущхьэм ирихьэлIэу дыгъэр си щIыбу сиувыкIщ, си фоч зэгуэтыр тезубыдэри, шэ пIащэр и жьэ ущIам жьэдэхуэу, блэм сеуащ. Блэм зэуэ зиупцIри зыщхьэпридзащ, итIанэ зиIуантIэ-зишантIэурэ махуэ псом щылъри, дыгъэр щыкъухьэм ирихьэлIэу, кIыхьу зиукъуэдийри, и псэр хэкIащ. И кIэ къинамэ метр щитхурэ щэ ныкъуэрэ хъунт а цIапIэжьым и кIыхьагъыр!

Блэм и псэр зэрыхэкIыу сеувалIэри, си адэм и Iэдакъэсэр къисхщ аби, блэм и фэр тесхащ: ар тесхыу къэзмыхьамэ, хэт и фIэщ хъунт ар сэ сыукIауэ? Сытми, арати, блэм и фэр тесхри, пщыIэм къэслъэфащ, пщIэнтIэпсыр къызэлъэлъэхыу. ПщыIэ тхьэмадэм ар щилъагъум:

— Афэрым! — жиIащ.

Абдежым цIыхуми я фIэщ хъуащ гъэ къэс алъп шыщIэр къащIэзымыгъахъуэу щыта блэжьыр зэрызукIар!

Блафэр Къущхьэхъу щыIэ Iэхъуэ-шыхъуэм хэт гуэншэрыкъ ищIащ,

хэт лъэгущIыхьу щIидащ, хэти лъей къыхихащ, хэти ехъуапсэри кIапсэшхуэ къыгуихащ... Щхьэж зыхуэныкъуэ ищIащ. Сэ лъэгущIыхьитI къыхэсхри фэдэнкIэ щIэздэжати, илъэсипщIкIэ схуэгъэлэжьакъым. ИкIэм-икIэжым сыужэгъури, мэлыхъуэхьэхэм яхуэздзыжати, яхуэшхакъым; мафIэм пэрыздзати исакъым. Щымыхъужым, щыкъуейуэ зэпызупщIщ аби, псым хэздзэжащ. Уэлахьи, ар фэ фи фIэщ мыхъункIи хъунщ, ауэ блафэр зэрытесха Iэдакъэсэр иджыри ди унэ щIэлъкIэ, пIастэ кърыгуагъэжу.

Абы иужькIэ шыбзыжьым шыщIэу къилъхуа псори къэхъухэри, алъп хъуащ, приз Iэджи Европэми, АмрыкIми, Тыркуми къыщахьащ.

## МАРУСЭ ДАХЭ

Еуэри, зауэм и гуащIэгъуэу екIуэкIырт. Сэри, уэ ухэмыту дауэ хъун жари, фронтым сашауэ Вэсточнэ Прус жыхуаIэм и зы мэз гуэрым дыщIэст. Зы инэрал накIуэри хэплъыхьауэ зы гуп дыкъыхишщ полъкуми, дисанту драгъэджэну дашащ.

Дыздашам куэд дэмыкIыу цIыхубз инструктыр къытхуагъакIуэ, лъагъугъуафIэрэ набдзэ зытелъым я нэхъ дахэу: псы щефэкIэ и джиймм ежэх псыр плъагъурт; и лыр уэздыгъэм хуэдэу нэхути, къупщхьэ хэлъыр плъагъурт. Урыс хъыджэбзт иджы ари, сеуэри зыкъыпезгъэхыу щIэздзащ. Езыр ауи къызэплъыртэкъым, сыкъилъагъуртэкъым; дыщигъасэкIэ сэ нэхъ къыстрикъуззэурэ нэхъ гугъу сригъэхьырт.

ЦIыхубзым и дахагъэм хуэдэт и IэкIуэлъакIуагъэри, и Iэзагъэри.

Арати, дригъаджэм-дигъасэурэ къэсащ парэшуткIэ дыкъыщелъэну махуэри. Дыдрахьейурэ зэи-тIэуи дыкърагъэлъаи, арщхьэкIэ Марусэ дахэр зикI арэзы хъуртэкъым. Еуэри, аргуэру зыкъомрэ дригъэджэжа-дигъэсэжа иужь, ещанэу дыкъелъэн хуейуэ долъатэ. Си гъусэхэр къригъалъэм-къакIэлъыплъурэ, псори кърегъалъэри, иужьрей елъэгъуэр сэ къыслъос. Си япэкIэ къелъахэм зэрахуэшхыдар, арэзы къызэрамыщIар зэхэсхати, сэ нэхъыфIу сыкъелъэнщи, мыр нэлейкIэ зэзгъэплъынщ жысIэри, ар си гуращэу зызгъэхьэзыращ. Зызогъэхьэзырри, си чэзур къыщыскIэ, соуэри сыкъолъэ. Хьэуам сыкъыхэлъа къудейт, Марусэ дахэм:

— Стоймй! — жиIэу ныщыджэм…

Сыт сщIэнт, стой щыжиIэкIэ? Кэмандир кэмандэщ жысIэри, сыкъ жиIэу сыкъэувыIащ. СыкъыщыувыIэм, Марусэр неIэбыхри сыкъыдрилъэфеижащ.

— Апхуэдэукъым зэрелъэр, Ныр и къуэ! Зэрелъэ ухуеймэ, мис мыпхуэдэущ зэрелъэр! — жиIэри езыр къелъащ.

Си гъащIэм слъэгъуатэкъым абы нэхърэ нэхъ къелъэкIэ дахэ!

Ислъэмей ищIу фIэкIа пщIэнтэкъым ар къыщехым! Мис арыххэурэ къехщ аби, япэм къелъахэр гупу зэхуэсыжати, а гупым и курыкупсэм кIуэри хэтIысхьащ, и парэшутыр, джэдкъурт дамэм хуэдэу, ятриубгъуэри.

Ар апхуэдэу щIищIар къыбгурыIуа? Езыр къыщелъэм ирихьэлIэу нэмыцэ сэмэлот къащхьэщыхьати аращ. Нэмыцэ сэмэлотым бомбэ иридзыхыну зигъэхьэзыру щыслъагъум, си кIэрахъуэр къиспхъуэтщ аби, сеуэри лотчик фэрэкI напэжьыр сыукIащ, и нэзэрыхъэм тезгъахуэри. АрщхьэкIэ, си шэр темыхуэ щIыкIэ, бомбэр къиутIыпщауэ къыщIокI. Бомбэр къыкIэщIэхуауэ щыслъагъум, «Марусэ дахэ мыгъуэр сфIеукI» — жысIэри, сыгужьейщ аби, сыкъыкIэлъелъэри, бомбэри къехым, сэри сыкъеIэурэ, гъуэгум и зэхуэдитIыр къикIуа-къимыкIуауэ сылъэIэсри къэзубыдащ. Къэзубыда нэужь, си парэшутыр жьауэм хуэдэу зэIусхри, сымыпIащIэу бомбэм и сэмпалыр къисIуэнтIыкIщ аби, зы псышхуэ къежэхырти, а псышхуэм хэздзащ. Ар уи нэгу щIэмыкIамэ, сыткIэ уи фIэщ хъун? НтIэ, Уэлэхьир Алыхьым и цIэщ, мо Днепыр псышхуэр псыщхьэрэ псыкIэу зэкIэщIихущ аби, ди зы дивизэ псо икIыхукIэ зэгуэмыхьэжа! Сэ бомбэр сIыгъыу сыкъетIысэхри, Марусэ дахэм сыкъыбгъурытIысхьащ. А дакъикъэм ирихьэлIэу нэмыцэ сэмэлотри къехуэхщ аби, къэуэжри, нэмыцэ танкищэ къакIуэрт ди дежкIэ къаутIыпщауи, танкищэри щIиващ, зы танк къыщIэмыкIыжыфу.

Марусэ дахэм сэ сIыгъ бомбэ фIыцIэжьыр щилъагъум, гужьейри, бомбэр сIэщIипхъуэтщ аби, ныбэкIэ тегъуалъхьэри, кэмандэ къитащ:

— Фызэбгрыж, тэварищи! Щхьэж и занщIэр и гъуэгуу фызэбгрыж! — жиIэри.

Дисантыр зэбгрыжри игъуэлъыкIащ.

— Зэбгрыж, тэварыш Ныров! — жиIэурэ, зэрыкIийм хуэдэурэ, сеIэбыхщ аби, къэсIэтыжащ. — УсфIеукI мыгъуэри сонэхъу, Мызэ-а-а!.. — жиIэри, Марусэ дахэ гъыуэ щыщIидзэм, езгъэлъэгъуащ бомбэм сэмпал зэримылъыжыр:

— Умышынэ, тэварыш инструктыр, мыбы и сэмпалыр къисIуэнтIыкIри псым хэздзащ, — жысIэри.

— А сымыгъуэщ! — жиIэри зэкуэфэуащ. — Догуэ, а нетIэ Днепрыжь псыкIэрэ псыщхьэу зэкIэщIэзыхуар арат?

— Арат.

— Тобэ Iэстофрилэхь, сыту гушхуи пкIуэцIылъ, сытуи лIыгъэшхуэ пхэлъ! Аракъэ адыгэлI щIыжаIэжари! — жиIэщ аби, щIач жиIэу, ба къысхуищIри, си щхьэр игъэкIэрэхъуат.

Абы иужькIэ илъэс енкIэ дыздэзэуащ Марусэ дахэ дэрэ, итIани а хъыджэбзыр къэлэнджауэ слъэгъуакъым. Сыт и лъэныкъуэкIи цIыхубз зэкIэлъыкIуэт — и Iуданэ-мастэкIи, и пщэфIэкIэкIи, и дуней тетыкIэкIи! Арати, дигу зэкIэрыпщIэри, псалъэ зэттащ зауэр зэриухыу дызэрышэну.

— Уащхъуэ-мыващхъуэ кIанэ, уэ упсэууэ мы дунейм утету сэ нэгъуэщIым сыдэмыкIуэн! — жиIэри тхьэ къысхуиIуащ.

Сэри КъурIэным сытеIэбэри тхьэ сIуащ:

— Мы фIыцIагъэ лъапIэр згъэпцIащ, уэ упсэууэ мы дунейм утету сэ нэгъуэщI фыз къасшэм, — жысIэри.

АрщхьэкIэ сэ а махуэ дыдэм уIэгъэ сыхъури госпиталым сашащ. Марусэ къэкIуэнщи къысщIэупщIэнщ жысIэурэ тхьэмахуэкIэ сыпэплъащ. КъыщымыкIуэм письмо хуэстхащ, уи напэлъагъум сыщIобэг, жысIэри. Жэуап къызитыжакъым. «Мы дунейм псэууэ утет, си дуней нэху?» — жызоIэри тылиджрам хузогъэхь. Жэуап къызитыжыркъым. Нарочнэ согъакIуэри къигъэзэжыркъым. «Уэлэхьи, мыбы зы бэлыхь къэхъуауэ къыщIэкIынум!» — жызоIэ, сымаджэщым сыкъыщIокIуэсыкIри, ди частым сыкъокIуэж.

— ДэнщыIэ Марусэ дахэ? — жызоIэри си ныбжьэгъухэр согъэсыс.

— Уэлэхьир Алыхьым и цIэщ, уэ уIэгъэ узэрыхъурэ дытемыплъакIэ абы! — жаIэ.

Полкым и дзэпщым деж сокIуэри — и цIэ зэхимыхыххауэ къыщIокI. Дивизым и штабым сокIуэри — зыри хащIыкIыркъым. Армэм и штабым сожэри — Марусэ дахэ и цIэ зэхахакъым: фронтым и штабым кIуэ жаIэ. Фронтым и штабым Жукуфыр щIэсщ, зы пэлэщтоф и пащхьэм иту:

— КъэтIыс, — жи, — тэварыщ Ныруф, си закъуэ сефэфыркъым.

— Уэлэхьи, сэ уи ефэ си мыIуэху иджыпсту, — жызоIэ. — Сэ Iуэхушхуэ сыхэтщ.

— Сыт къэхъуар?

— Марусэ дахэ кIуэдащи згъуэтыжыркъым.

— Марусэ дахэ жыхуэпIэр хэт?

— Сыт щхьэкIэ, зиунагъуэрэ, парашутисту дызыгъэса хъыджэбзыр-щэ?

Штабыр зэхуешэсри яхоупщIыхь — зыми зыри ищIэркъым.

— Дахэу мо си сэмэлотым итIысхьи Сталиным деж кIуэ! — жи Жукуфым. — Аращ псоми щыгъуазэри, аращ ар къыпхуэзыгъуэтынури.

Жукуфым и сэмэлотымкIэ Мэзкуу сокIуэри нэкIуэпакIуэу Сталиным деж сыщIохьэ. Сталиным Черчыл деж письмо итхыу щыст, и щхьэр къеIэтри къызоплъ:

— Сыт бэлыхь, — жи, — уэ фронтым укъыIуишу мыбы укъэзышар?

— Марусэ дахэ кIуэдащи згъуэтыжыркъым. Дивизэми, армэми, фронтми зыри хащIыкIыркъым. Иджы, Алыхьым и ужькIэ, уэращ гугъапIэу къысхуэнэр — къыздэIэпыкъу!

— А Марусэ дахэ жыхуэпIэр хэт хъуну езыр?

— Парашутисту дызыгъэса хъыджэбзыращ.

— Алыхьым удихыжи уэ бабникыжьыр! — жери Сталиныр къысщо-

дыхьэшх. — Зы матушкIэ цIыкIу щхьэкIэ фронтыр къэбгъанэу мыбы нэс укъэкIуа?

— Ар матушкIэ къызэрыгуэкIкъым, Иосиф Высэрионович. Абырэ дэрэ дызэрышэну Уащхъуэ-мыващхъуэ кIанэкIэ тхьэ зэхуэтIуащ.

Сталиныр генштабым псэлъащ, разведуправленэм псэлъащ, НКВД-м псэлъащ — зыми зыри хащIыкIыркъым.

Арати, Сталиным зыхуэзгъэгусэщ аби, сыкъыщIэкIыжщ, Жукуфым и сэмэлотри къысщыгъупщэри, маршынэтедзэкIэ фронтым сыкъэкIуэжащ. ЕтIуанэ махуэм Жукуфым и сэмэлотыр ядыгъуауэ нэху къекIащ. ИтIани, уэлэхьэ, псалъэ жимыIа. Сэмэлот и мащIэт абы?!

Си Марусэ дахэр нэмыцэм яIэщIэкIуэдауэ аращ, жысIэри, си шыплIэпылимотыжьыр къызэфIэдзэщ аби, хьэлэч-псэлэчыр яхэслъхьащ фашистыдзэм. Си шыплIэпылимотыр, дэпым хуэдэу, плъыжьу къэплъауэ Берлин сыдэлъэдащ. Куэд мыщIэу зауэр увыIащ. Рихстагым сызэрынэсар къыщащIэм, псоми я Iэщэр хыфIадзэри, я Iэр Iэтауэ къыдэлъэдащ уэрамым.

— Пэбедэ! Пэбедэ! — жаIэу цIыхур зэрыгъэкIийуэ щIадзауэ я фочхэр, Iэфтэматхэр драгъуей щыхъум, сэри си шыплIэпылимотыр псым хэсщIэщ аби згъэупщIыIури, пIэтIрон минипщI къысхуэнэжати, зы пIэтIрон къэзмыгъанэу дэзгъэуеящ. СымыщIэххэу зы вагъуэ цIыкIу къезудыхат, выгу шэрхъ хуэдиз хъууи, страхри музейм щIалъхьауэ щIэлъщ.

Си шыплIэпылимотыр гъэуэн сыухщ, къабзэу зызгъэпскIщ, си испэлыкъыр, ордин къомыр зэрыхэлъу, щыстIагъэри, Гилътр къыщикIухьу щыта уэрам дахэм сыкъыдыхьащ, си шырыкъуитIыр цIууэ. ТIаркъсыркъ, тIаркъ-сыркъ жезгъэIэу сыздэкIуэм, сымыщIэххэу си нэр техуэри, Марусэ дахэр къэслъэгъуащ, къэзакъ кIэрэфыжь цIыкIу гуэрым и Iэблэр иIыгъыу къехыу…

«Хуэзакъэ ар ф…гу нацэ!» — жызоIэ, хуэмурэ сокIуэ, езыхэми гу къыслъамытэурэ къох. Абдежым Марусэ дахэ гу къыслъетэри, къэхь КъурIэн, мо жэгундэ гъэвам хуэдэу, плъыжь хъуатэкIэ. Насып яIэти, уэрэмдэкI цIыкIу гуэр хуэзэри, кIэбгъу защIри абы дыхьащ. Марусэ и кIэр иудэу, къэзакъ кIэрэфыжь цIыкIур гузавэурэ къызэплъэкIыу загъэбзэхыжащ…

Уэлэхьи, арам цIыхубзым я нэхъыфIми укъызэригъэпэжынур! Аууей, мыдэ къащти, зы тутын дегъафэ, абы нэхърэ!

## «ФОКУЖЬЫМ» И КIУЭДЫКIАР

Еуэри, бжьыхьэхуегъэзэкIи хъуауэ, бийри ди щIыналъэм итхужыну тедгъэнэцIыхьауэ апхуэдэт. Апхуэдэ зы махуэу бгыщхьэ гуэр къэдубыдыжауэ зыдгъэпсэхуу дытест. Дытести, йоуэри, приказ къытIэрохьэ: «Бийм фебгъэрыкIуи, и Iэбэронэр фкъутэ!» — жиIэу иту.

Уи къару илъмэ, ар куэдрэ: зыкъыдоIэтри Iэтакэм докIуэ.

Дежьа щхьэкIэ, куэд дымыкIуауэ, «Фоку» жыхуаIэ нэмыцэ истрибитилым хуэдэ зым дыкъегъэунэху. Дыкъегъэунэхури, пылимоткIэ къытхэуэурэ хьэлэч дыкъищI щыхъум, сыт тщIэнт — ди пэзицэм къэдгъэзэжащ. Бгы нэпкъ дызэрысым пхъэхуей ин тетт и щхьэкIэр инрэ баринэу, лъагэрэ пшэм хэту. Мы ди щIыпIэхэм къыщыкIыркъым апхуэдэ жыгышхуэ! Апхуэдэ нэхъ къыщыкIыр Урысей пхащIэрщ. Илъэсищэм щIигъуа хъунт а пхъэхуеижьыр! «Фокужьым» зыщыдгъэпщкIун хуей щыхъукIэ, абы и щIагъым дыщIэтIысхьэрти дыщIэст. Сэмэлотыми дыкъилъагъуртэкъым, къеухми, жыг щхьэкIэ Iувым шэр къыпхыкIтэкъым... УщIэсыну хуэдэ щыIэтэкъым, ауэ жыг щIагъым дыкъызэрыщIэкIараузэ, къыздикIари-къыздихуари дымыщIэу, истрибитилыр къэсти, шэ къэуэжкIэ къытхэуэурэ, дыкъыщIихуэжырт. Жыгыр къилъэтыхьурэ дыщIимыгъэкIыу диIыгът. Приказыр срив хъункIэ Iэпаснэ мэхъу. Сэри сызэгуоп. Сызэгуопри кэмэндирым деж сокIуэри жызоIэ:

— Тэварыш кэмэндир, Iэлъпинистхэр бгы лъагэ бгы задэхэм дэкIыу плъэгъуакъэ?

— Слъэгъуащ, — жи. — Сыт-тIэ иджы нэхъ узыхуейр абы щхьэкIэ?

— Сызыхуейрат, тэварыш кэмэндир, а Iэлъпинистхэр бгы задэм щыдэкIкIэ кIапсэ быдэ зэраIыгъыр пщIэркъэ?

— СощIэ.

— НтIэ, пщIэмэ, кхъыIэ, апхуэдэ кIапсэ метрэ щитI хуэдиз къысхуэгъуэт! — жызоIэри солъэIу.

— Сыт зэрыпщIынур?

— Плъагъунщ!

Йоуэри, кэмэндирыр йожьэри, къысхуегъуэт апхуэдэ кIапсэ быдэ: «мыр зэрищIынур сыт мыбы, и натIэ иримыукIэнумэ?» — жиIэурэ, гъумэтIымэурэ, къехьри къызет. Арати, мо кIапсэ быдэм и кIапэ лъэныкъуэр аркъэным хуэдэу зэрызодзэ, адрей кIапэ лъэныкъуэр пхъэхуей лъэдийм щызогъэлъадэ. Щызогъэлъадэ быдэуи, «Фокум» сежьэу сотIысыж. СщIэр къагурымыIуэу, сэлэтхэри ней-нейуэ къызоплъ. Сэмэлотри къакIуэркъыми сызэгуоп. Щымыхъужым, сокIуэри кэмэндирым солъэIу:

— ИIэт, дыгъакIуэт Iэтакэ! — жызоIэри.

Кэмэндирым мыарэзы-мыарэзыуэрэ кэмандэ етри, Iэтакэ докIуэ. Жыг щIагъым дыкъызэрыщIэкIыххэу истрибитилыр къос. Къосри, шэ къэуэжкIэ къытхэуэу щыщIидзэм, кэмэндирым «Нэзат!» — жеIэри къыдегъэгъэзэж.

«Фокум», зэрихабзэжьти, ди жыгыр къиуфэрэзыхьурэ, бгъэм ещхьу, пикировэть ищIу щIидзащ. Сэри абы пикировэть щищIым ирезгъэхьэлIэри, си аркъэныр згъэкIэрахъуэщ-згъэкIэрахъуэри, здзыщ аби, сэмэлот етам и пэм фIэзгъэхуащ. Нэмыцэ лотчикым ар къыщилъагъум, «ыI, саубыд!» — жеIэри, зиIэтыжыну хуожьэ, арщхьэкIэ пхъэхуейм епхащи игъакIуэркъым: еIэху кIапсэр нэхъри щолъадэ. ИтIанэ жыгыр иричынкIэ

хъуну Iуэхур абы щынэсым, «Алыхьыр согъэпцI, апхуэдэ жыг дыщэр сеплъу мо бзаджэнаджэм ирезгъэчым!» — жысIэри, кIапсэр сыубыдщ аби, сыкъекъум-сшыхьым, сыкъекъум-сшыхьурэ, «Фокужьу» плъагъур къеслъэфэхри, дахэ цIыкIуу къэзгъэтIысащ.

Кэмэндирыр гуфIэнтэкъэ?! Къысщытхъури, апхуэдэ смекалкэ узэриIэм щхьэкIэ орденышхуэ къуезгъэтынщ жиIэри, тхылъ итхащ. Итха щхьэкIэ, мо зауэ гуащIэм тхылъыр здэкIуар Алыхьым ещIэ — кIуэдащ. КIуэдами, ягъэ кIынкъым: апхуэдэ Iэджэ хэкIуэдащ зауэм. Дэ дыщIэзэуар ординтэкъым —дыщIэзэуар ди щIыр тхъумэжыну арати — тхъумэжащ...

... НтIэ, арати, «Фокужьыр» ямыIэж щыхъум, нэмыцэр щтэри икIуэтыжащ: бетэмал, ди «Фокужь» мыгъуэр диIэжамэ, сыт хъунт, жаIэурэ.

◈ ◈ ◈



*ГушыIэ сурэтыр зыщIар*
**КъуэщIысокъуэ Владимирщ**

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къиштэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие). Электронный адрес: e-mail: oshhamaho@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.

11 Заказ № 120





## Адыгэ щэнхабзэм псэемыблэжу хуэлэжьащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым культурэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэу щыта Къуэдзокъуэ Хьэсэн Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1935 гъэм февралым и 18-м мэкъумэшыщӀэ унагъуэм къыщалъхуащ.

И ныбжьыр илъэс зыщыплӀым фӀэмыкӀауэ, и адэ-анэр фӀокӀуэд. Зеиншэу къэна щӀалэ цӀыкӀур 1945 гъэ пщӀондэ щыӀащ и адэ къуэшым деж. А гъэ дыдэм Хьэсэн сабийхэм я унэм (детдомым) ират. 1950 гъэм абы классиблыр къыщеух, иужькӀэ еджэным щыпещэ республиканскэ школ-интернатым. 1953-1958 гъэхэм Хьэсэн щоджэ артистхэр щагъэхьэзыру Луначарскэм и цӀэкӀэ Мэзкуу дэт къэрал институтым и актерскэ факультетым.

Налшык къигъэзэжа нэужь, ар щолажьэ Къэбэрдей театрым. 1961-1962 гъэхэм Хьэсэн щэнхабзэмкӀэ министерствэм и инспектор нэхъыщхьэу ягъэув. 1962 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехыжыху (1996 гъэ) Хьэсэн ироложьэ гурэ псэкӀэ езыр сыт щыгъуи дызыхьэхыу щыта журналист ӀэщӀагъэм: 1962-1969 гъэхэм «Советская молодежь» газетым, 1969-1996 гъэхэм телевиденэм.

Мис абыхэм яужькӀэ зи гупсысэри зи къалэмри жан хъуа Къуэдзокъуэр нэхъри тогушхуэ куэд щӀауэ фӀыуэ илъагъу художественнэ творчествэм псэемыблэжу бгъэдэтыну. ИкӀи ар щымыуауэ къыщӀокӀ: тхылъ щхьэхуэурэ къыдэкӀ мэхъу абы и рассказхэр, повестхэр, усыгъэхэр.

Хьэсэн зыкъигъэлъэгъуащ зэдзэкӀакӀуэ Ӏэзэуи. Абы зэридзэкӀа пьесэхэм ящыщщ: Шекспир и «Отелло», Мольер и «Жорж Данден»-р, Лопе де Вега и «Овечий источник»-р, О Нил и «Последняя остановка»-р, нэгъуэщӀхэри.

НэгъуэщӀ бзэхэмкӀэ ятхахэр адыгэбзэкӀэ зэридзэкӀ къудейм къыщымынэу, Хьэсэн адыгэ тхакӀуэхэм, усакӀуэхэм я ӀэдакъэщӀэкӀхэри урысыбзэкӀэ зэридзэкӀащ. Абыхэм ящыщщ ӀутӀыж Борис и «Тыргъэтауэр», КъардэнгъущӀ Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», Мысачэ Петр, Елгъэр Кашиф сымэ я тхыгъэхэр.

Хьэсэн и очерк хьэлэмэтхэр куэдрэ газетхэм, журналхэм къытехуащ, тхылъ щхьэхуэу къыдэкӀащ. Мис ахэращ Къуэдзокъуэ Хьэсэн и цӀэр ди щэнхабзэм фӀыкӀэ къыщӀыхэнар.

10 Заказ № 84